

**Sei Tichitenda
Zvatinotenda
Bhuku 1 & 2**

**Na
J.C. Choate**

**Rakabudiswa ne
World Evangelism Publications
Winona, MS**

© Copyright 2006 World Evangelism Publications

Rakashongedzwa kunze kwaro, Betty Burton Choate
Rakarongwa manzwi, naEulene Ramsey
Rakashongedzwa nekurongedzwa zvakanaka na, Barbara Ann Oliver

This printing, 5000 copies - 2023 - **Shona**

**Rikashongedzwa nekurongwa zvakanaka mururimi rweShona
na:**

Shane Fisher

Rakazonyorwa mururimi rwechishona naTomson Mlawuzi
Email: tomsonmlawuzi@gmail.com
(+263) 772941890
Hatcliffe church of Christ Harare

Rakatsikiswa na:

Tawanda Godwin Marandure:
(+263) 772625642
Manyame Park church of Christ
Box ZG 4
Zengeza
Chitungwiza

manyamepchurchofchrist@gmail.com
godwinkuda@gmail.com

Rakatsikiswa ne:

World Evangelism Publications

Ziviso

Chimwe chemaropafadzo andakavaniswa mumakore makumi maviri akadarika kumashure uko kuva mumwe vevatauri ndichitepfenyura paredhiyo munehurongwa vaitepfenyurirwa kumhuri dzekuIndia. Mamwe maropafadzo ndeekuti mwana komana vangu, Steve akashanda semutauriri vangu mune urongwa vose uyu vekutepfenyura. Kuitwa kwemharidzo idzi dzakaitirwa nekunyorwa kuNew Delhi uye dzikatsikiswa muguta iri muna 1986. Mukufamba kwenguva dzakashandurwa kuiswa mururimi rwerudzi rwekuIndonesia rikadhindiswa kuJakarta, muIndonesia. Zvino rave kutsikiswa muno muU.S.A. Kubva muno richatumirwa pasi rose nehofisi yedu uye nevadzidzisi veWorld Bible School.

Munguva ino izere nedzidziso dzezvitendero zvizhinji, zvizhinji zvacho zviri zvenhema, tinosvika pakubvunzwa kuti sei tichitenda zvatintenda. Mharidzo dzebhuku rino inosvika pakupindura mubvunzo uyu. Rakanyorewa rakanangama neavo vanoshandisa chirungu serurimi rwavo rwechipiri, asi rinokwanisa zvakare kushandiswa nevanhu vose pasi rose sezvo richibatsira mukunzwisisa Bhaibheri. Munamato vangu kuti mharidzo idzi dzicharamba dzichibatsira mukutungamira mweya mizhinji kuna Kritsu.

Ndinoda kutenda mukadzi vangu, Betty, Hanzvadzi dzangu dzinoti Eulene Ramsey naBarbara Oliver, kubudikidza nekutibatsira kugadzirisa mharidzo idzi kuti dzikwanise kudhindwa.

J.C. Choate
Winona, MS
Chikumi 26, 1996

ZVIRIMUKATI

Chidzidzo	1	Sei Tichitenda muna Mwari	6
Chidzidzo	2	Sei Tichitenda Muna Kritsu	9
Chidzidzo	3	Sei Tichitenda muMweya Mutsvene	12
Chidzidzo	4	Sei Tichitenda KuBhaibheri	16
Chidzidzo	5	Sei Tisiri Pasi peMurayiro	19
Chidzidzo	6	Sei Tichida Kuponeswa	23
Chidzidzo	7	Sei Evhangeri Riri Simba raMwari ReKuponesa	26
Chidzidzo	8	Sei Kutenda Kwakakosha	30
Chidzidzo	9	Sei Kutendeuka kwakakosha	34
Chidzidzo	10	Sei Takabhapatidzwa	37
Chidzidzo	11	Sei Tichitenda Mukuteerera	41
Chidzidzo	12	Sei Tiri Nhengo Dzekereke YaKritsu	45
Chidzidzo	13	Sei Tiri MaKritsu	48
Chidzidzo	14	Sei Tichitenda Mukubatana	51
Chidzidzo	15	Sei Kritsu Akafa Rufu Rwepamuchinjikwa	54
Chidzidzo	16	Sei Tichitenda Kuti Kritsu Akamuka Kubva Muguva	58
Chidzidzo	17	Sei Tichitenda Kuti Kritsu Achadzokazve	61
Chidzidzo	18	Sei Chikirisitu Chichidikanwa Nhasi	65
Chidzidzo	19	Sei Muine Simba Muropa RaIshe.....	68
Chidzidzo	20	Sei Mavambo Akanyanya Kukosha.....	72
Chidzidzo	21	Sei Tichidzidzisa Kuzvarwa Kutsva.....	75
Chidzidzo	22	Sei Nhasi Kune Rubhabhatidzo Rumwe.....	79
Chidzidzo	23	Sei Tisingagamuchiri Mifungo Yedu Semicherechedzo Yakanaka.....	83
Chidzidzo	24.	Sei Tichidana Kuzita RaIshe.....	86
Chidzidzo	25.	Sei Muraramiro Wakanaka Usina Kunyatsokwana Pakumubatira.....	90
Chidzidzo	26.	Sei Tichiungana Pakunamata.....	93
Chidzidzo	27.	Sei Tichiungana Nemusi Wekutanga Wevhiki.....	97
Chidzidzo	28.	Sei Tichitora Tafura YaShe.....	100
Chidzidzo	29.	Sei Tichiimba Tisingaridzi Mukunamata Kwedu.....	103
Chidzidzo	30.	Sei Tichitenda Kumunyengerero.....	107
Chidzidzo	31.	Sei Kuine Nzira Imwechete Yekuenda Kudenga.....	110
Chidzidzo	32.	Sei Tichitenda Huvapo HwaSatani.....	114
Chidzidzo	33.	Sei Tichitenda Kunedenga.....	117

Chidzidzo 34. Sei Tichitenda Kuti Kune Kugehena.....	121
Chidzidzo 35. Sei Tichitenda Kuzuva Rekutongwa.....	125
Chidzidzo 36. Sei Chikristu Chakasiyana.....	129

Chidzidzo 1

Sei Tichitenda MunaMwari

Nyika nhasi yazara nekupesana. Nokumwe kutaura, mune vanhu vasingatendi kuti kuna Mwari. Vanoramba uhwepo hwaMwari. Vanotaura kuti nyika yakaer-ekana yangovepo, uye kuti munhu akabva kumhuka. Vanhu ava havatendi kuti vari asi pemumwe angava ari pamusoro pavo kunze kwemunhu pachake. Nokune rimwe rutivi, tine vamwe vanhu vanotenda kuti ariko umwechete kana vazhinji vanamwari panyika zuva ranhasi. Vazbinji vevatendi ava vanenge vaine vaine zviumbwa nemifanidzo inomirira vanamwari vavo. Umire papi panyaya iyi? Chii chaunotenda?

Mdiri Mukritsu nhengo yekereke yaKritsu. Hama pakutenda neni tinotenda muna Mwari. Tinotenda kuti ariko asi mumwechete vezvokwadi anova musiki vezvinhu zvose, ane masimba, anoziva zvose, uye anoona zvose. Tinotenda kuti ane hupenyu usingaperi, ndiMweya, uye ari kwose. Tinoda kukukurudzira kuti utendewo maari.

Pada ungavanekunetseka kuti sei tichitenda muna Mwari. Une bvumo yekudakunzwisisa kutenda kwedu. Zvino maizvozvo tinoda kukupa zvimwe zvezvikodzero zvinoita kuti titende kuna Mwari.

Chekutanga, tinotenda munaMwari nokuti zvakafanira kutenda kuti ariko uye anorarama zvakare ari musiki vezvinhu zvose. Chokwadi chekuti nyika iripo, uye nezvinhu zvinorarama zviri mairi zvinoratidza kuti pane mumwe akaita kuti pane munhu akaita hurongwa uyu. Sezvakaita bhuku rinemunyoru, imba ine muvaki, mota ine mugadziri, zvimweche nenyika nezvinhu zviri mairi. Mumanzwi ekutanga eBhaibheri, tinoverenga, “Pakutanga Mwari akasika denga nenyika” (Genesisi 1:1).

Chechipiri, tinotenda muna Mwari vedenga, musiki vezvinhu zvose, nokuda kwehupenyu hwakasikwa zvinehuchenjeri vatinoona panyika. Kwete nyika bedzi inorarama, pamwe nezvirimwa nehupenyu vemhuka, asi munhu zvakare anogara panyika uye anova kakakosha kana tichienzanisa nezvinhu zvose zvinorarama panyika. Vanhu vanokwanisa kufunga nekupa chikonzero. Kwete izvozvi bedzi, asi kuti munhu anoramba achikura muruzivo mukufamba kunenge kuchiita nguva. Zvoreva kuti anemukana vekudzidza nekuteedzera ruzivo rwevakuru. Zvereva kuti pane ruzivo rwemusiki anova akasika munhu. Zvakanga zvakangodara kubva zvazvaiva kubva pakutanga. Zvoreva musiki vakachenjera akaisa hupenyu hwemhuka, nezvimwe zvinhu panyika kuitira kuti vanhu vasandise. Kana tikaverenga Bhaibheri muna Genesisi 1, tinoudzwa kuti Mwari vakasika denga nenyika uye nemazuva akatevera akasika zvinhu zvose mairi, zvinosanganisira nezvinhu izvo zvinokambaira panyika, nezvinobhururuka mumwepo, nehove dzegungwa. Mukupedzisira akazosika

mukadzi nemurume. Tinoverenga, “Mwari akavaropafadza, Mwari akati kwavari: Berekai, muwande, muzadze nyika, mubate ushe pairi; muve nesimba pamusoro pe-hove dzegungwa, napamusoro peshiri dzedenga, napamusoro pezvipenyu zvose zvinokambaira panyika” (Genesisi 1:28).

Chechitatu, tinotenda kuti Mwari musiku vemunhu nokuti munhu anorarama muhuviri. Ane hupenyu hwenyama nehupenyu hwepamweya anorarama. Takaudzwa kuti “Mwari akasika munhu nomufananidzo waMwari; akavasika murume nomukadzi” (Genesisi 1:27). Zvakare, tinoverenga, “Jehovha Mwari akaumba munhu neguruva revhu, akafuridzira mweya woupenyu mumhino dzake; munhu akava mweya mupenyu” (Genesisi 2:7). Kuti tinzwisise izvi tinofanirwa kuziva kuti Mwari Mweya (Johane 4:24), uye apo rinoti munhu akasikwa nemufananidzo Vake zvoreva kuti Mwari akapa munhu chinhu chakada kufanana naye Akaisa maari munhu vemukati, mweya pamuviri vake, uye usingazofi. Kuttaura pamusoro pemuviri nemweya, murume vaive nehuchenjeri, Solomoni, anoti “guruva risati radzokera kuvhu, sezvarakanga rakaita; uye mweya usati wadzokera kuna Mwari akaupa” (Muparidzi 12:7). Izvi zvinotaura kune muviri venyama unofa uchizodzokera kuguruva repanyika, apo mweya vemunhu vaairarama navo panyika unodzokera kumaMwari akaupa. Nokudaro ndizvo zvimwe zvezvikurudziro zvinoita kiti munhu atende kuna Mwari. Ndiani unoda kufa nokudaro anobva ava magumo ezvinhu zvose? Kune avo vanoramba Mwari, izvi ndizvo munhu anofanirwa kitarisira. Asi kune uyo unotenda kuna Mwari, haana hupenyu uyu bedzi vekurarama, asi kuti mushure mekufa uku kwepanyama. Asi kune uyo unotenda kuna Mwari, haana hupenyu uyu bedzi vekurarama, asi mushure mekunge afa panyama mweya vake unorarama nokusingaperi. Kritsu anoti, “Musashamiswa naizvozvo; nokuti nguva inovuya, nayo vose vari mumabwirowachanzwa inzwi rake, vachabuda; avo vakaita zvakanaka, kukumuka kwovupenyu avo vakaita zvakaipa, kukumuka kwokurashiwa” (Johane 5:28,29).

Chechina tinotenda munaMwari nokuda kwekubatana kwezvisikwa zvake. Tikatarisa mwaka yegore, hupenyu hwezvirimwa, hupenyu hwezvemvura, uye kunyangwe hupenyu hwemunhu, zvose zvinorarama zvakabatana munyika chimwe nechimwe chichiyamura chimwe. Chimwe nechimwe chichirarama kubudikidza nechimwe. Asi tingati kudii pamusoro pezuva, mwedzi, nenyeredzi? Zvose zvakaitswa kunzvimbo inehurebu hwakafanira. Nokumwekuttaura, dai zuva rakaiswa pedyo, nyika yaiparadzwa nekupisa kwakaomarara. Zvakare dai zuva rakaiswa nehekure kwakanyanya nyika yaisvika pakuoma nechando. Zvinoshamisa zvakadii mukuona kusika kwaMwari kwakadai! Munguva yekare yakapfuura, Munyori vePisarema David, “Kudenga-denga kunoparidzira kubwinya kwaMwari; Uye denga rinoratidza basa ramaoko ake. Musi mumwe unotaurira mumwe musu, Uye usiku humwe hunop-

upurira humwe usiku njere. Hapana kutaura, kana mashoko; inzwi razvo harinzwiki. Rwonzi rwokuyera rwazvo rwakasvika kunyika yose, Namashoko azvo kumugumo wenyika. Akagadzirira zuva tende mukati mazvo. Iro rakafanana nechikomba chinobuda mumba macho, Rinofara semhare kumhanya nenzira yaro” (Mapisarema 19:1-5).

Chechishanu, tinotenda muhvepo hwaMwari nokuti Bhaibheri rinodzidzisa kudaro, uye Bhaibheri rinova inzwi raMwari, bhuku rakakosha kudarika mamwe mabhuku pasi rose. Bhuku rino rinomirira Mwari ariye akagadzira zvinhu zvose (Zvirevo 26:10), kuva Mwari unemasimba ose, Baba vanogara nokusingaperi (Isaya 9:6), ari Mwari vechokwadi mupenyu (Jeremia 10:10), ari Mweya (Johane 4:24), aei mumwechete ane rudo (1 Johane 4:1). Zvinotaurwa kuti Mwari haatendi zvinooonekwa zvemunhu (VaRoma 2:11), uye haanyengerwi (Jakobho 1:13). Zvimwe zvezvinhu zvinemazana zvinotaurwa pamusoro paMwari mukutizivisa kwaari uye kutiita kuti tikwanise kuona kuti anoshandidzana sei nezvisikwa zvake.

Chechitanhatu, tinotenda muna Mwari nokuti anotaura kuti mumwechete. Nokudaro, hakuna umwe kunze kwake. Pauro anotaura muna VaEfeso 4:6, “NaMwari mumwe, naBaba vavose, uri pamsoro pavose, unobata navose, uri mukati menyu mose”. Mwari ndiMwari anegodo uye haatendere zvisikwa zvake kuti zvigwadamire kuzvifananidzo zvisina hupenyu kana kuzviumbwa. Munguva dzakadarika kumashure uko zvakataurwa kuti, “nokuti usapfugamira vamwe vamwari, nokuti Jehovha, ane zita rinonzi Anegodo, ndiMwari anegodo” (Ekisodho 34:14). Zvakare, tinovenga, “Usazviitira vamwari vakaumbwa” (Ekisodho 34:17). Mune chimwe chiiitiko anoti, “Usazviitira mufananidzo wakavezwa, kana uri mufananidzo wechinhu chiri kudenga kumusoro, kana wechiri panyika pasi, kana wechiri mumvura pasi penyika. Usapfugamira izvozvo, kana kuzvishumira; nokuti ini Jehovha, Mwari wako, ndiri Mwari ane godo; ndinorova vana nokuda kwezvivi zvamadzibaba avo, kusvikira kurudzi rwechitatu norwechina rwavanondivenga; ndichaitira nyasha vane zviuru zvamazana vanondida, vanochengeta mirairo yangu” (Ekisodho 20:4-6). Zvinyorwa zvinotaridza upenzi vekunamata kunoitwa zvifananidzo nenyaya yemunhu anodimbura muti. Chimwe chidimbu chemuti anochishandisa kubatidza moto kuti abike sadza, chimwe chidimbu anoshandsa kudziya muto kuti adzirwe munguva yechando, mukupedzisira anoshandisa chimwe chidimbu kuveza chidhori kuitira kuti agopota achichinamata (Isaya 44:15,16).

Chechinomwe, tinotenda kunaMwari nokuda kwekuti akavedzera tsitsi dzake kwatiri, kubudikidza nekutumira Mwanakomana vake, Jesu Kritsu, kuti afe mokuwanda kwedu kuti tisvike pakuponeswa nekuva netariro yehupenyu husingaperi (Johane 3:16,17; VaRoma 5:8; VaRoma 2:8,9).10

Zvakare mukupedzisira, tinotenda muna Mwari nokuti chinhu chimwechete chingadai chasara ndechekuramba huvepo hwaMwari nehupenyu husinhaperi uye nekutendera pfungwa dzekuti zvinhu zvose zvakangoyerekana zvavapo uye kuti munhu akabva kumhuka dzakaita semakufu. Iyi inongova pfungwa, nedzimwenguva dzinenge dzisina kana kuva nehumbo kana kuratidza kufunga mazviri. Mumanzwi emunyorori vepisarema Davidi: “Benzi rakati mumoyo maro, Mwari haako. Vakaora, vakabata mabasa anonyangadza; Hapana anoita zvakanaka” (Mapisarema 14:1). Avo vanoramba Mwari varinyore kuita sokudaro, asi takaudzwa kuti: “.....Nokuti kwakanyorwa, kuchinzi: Novupenyu bwangu ndizvo zvinoreva Ishe ibvi rimwe nerimwe richandifugamira, Rurimi rumwe norumwe ruchakudza Mwari. Naizvozvo mumwe nomumwe we du uchazvidavirira kunaMwari” (VaRoma 14:11,12).

Unotenda here muna Mwari? Kana usati ndapota cherechedza zvakakosha zvatataura. Kana ukatenda munaMwari neMwanakomana vake, votendeuka kubva muvhivi, nekupupura Kritisu kuti Mwanakomana vaMwari kubudikidza nemuromo vako, kana vakadaro unobhapatidzwa mumvura kuti ukwanise kusukwa zvivi zvako, Ishe vanikuponesa nekukuvedzera mukereke yake. Munamoto vedu kuna Mwari ndevekusi uite sekudaro.

Chidzidzo 2

Sei Tichitenda Muna Kritisu

Kana munhu akatenda munechimwechinhu anofanirwa kuva ane chinangwa chinoita kuti atende machiri. Ichi chinova chokwadi kwandiri uye nehama sezvo tiri Makritisu uye nhengo dzemhuri yaMwari, inova Kereke yaKritisu.

Ndakupai chikonzero kare kuti sei tichitenda muna Mwari uye zvino ndakuda kukuudzai kuti sei tichitenda muna Jesu Kritisu seMwanakomana vaMwari mupenyu. Chekutanga pazvose, regai nditsanangure kwamuri kuti Jesu ainge asingori mumwe munhu zvake. Ainge asiri mudzidzisi venhema. Kana kufa akasararamazve. Chechipiri, kunyangwe Kritisu ainge aina Mwari kubva pakutanga Genesisi 1:1, uye kubudikidza naye uye naye zvinhu zvose zvakasikwa Johane 1:1-3, aisataura saBaba asi seMwanakomana vaMwari. Batisisai mupfungwa dzenyu kuti vuMwari hwake, sezvaunodanwa muna Mabasa 17:29, VaRoma 1:20, uye Vakorose 2:9, muhutatu: Mwari Baba, Kritisu Mwanakomana, uye neMweya Mutsvene unopa Inzwi kana kuti anova Munyorori veZvinyorwa VaEfeso 4:1-6. Zvakare zvinyorwa zvinotaura pamusoro paMwari uyo anova mumwechete muhutatu sezvakataurwa muna 1 Timoti 2:5 uye Johane 17. Vamwe vanoona izvi zvakaoma kunzwisisa. Mukuzama kuzvitsanangura, kune avo vanotaura kuti Jesu ndiMwari uye kuti Jesu ndiMweya Mutsvene asi Zvin-

yorwa zvinovatsanangura kuva muhutatu unobudisa munhu umwechete, uchitaurirana, uchishandidzana (Mateo 17:5; Johane 16:13). Uye kune avo vanopikisa kuti dai Kritsu aive Mwanakomana vaMwari, zvinoreva kuti Mwari aifanira kunge akarooro. Mukuita uku vanenge vachizama kuisa umunhu nemitemo kuzvinhu zveumwari, asi izvi hazvishande. Kritsu anotaurwa seMwanakomana uyo aive naMwari kubva pakutanga, akafanana naMwari pakutanga, asi akazvininipisa kuuya panyika ino, kuzozvarwa nemukadzi, nekufira kuzvivi zvenyika ino kuti munhu akwanise kuponeswa nekuva netariro yehupenyu husingaperi. Kunyangwe hazvo tisinganzwisise Mwari muvuMwari mukuzara kwavo, hazvina kukodzera kuti tive neruzivo rwose pamusoro pezvinhu izvi. Hatingazvinzwisisi sevanhu venyama, kuti Mwari anorarama sei nguva dzose uye kuti anorarama nokusingaperi, asi tinozvitenda kubudikidza nokutenda. Zvimwechete ichokwadi nekuva KwaKritsu Mwanakomana vaMwari.

Ngatiendererei mberi ndichikupai zvimwe zvikonzero kuti sei tichitenda muna Jesu, Mwanakomana vaMwari, uye Ishe uyo vakamuka kubva mukufa, akadzokera kuna Baba kudenga uku akandoitwa muponesu vedu. Zvoreva kuti tinoona Kritsu ari mukuru kudarika vaporopfitu nevadzidzisi, asi semunhu anotida zvakananyanya akazvipira kufa nokuda kwedu kuti tiwaniswe ruponeso munyika ino uye munyika inouya. Tinotenda munaKritsu nokuti anorarama nguva dzose. Aiwe naMwari kubva pakutanga maringe na Genesisi 1:1. Muna Johane 1:1,2, inotaura pamusoro paKritsu, tinoverenga pamusoro pake: “Pakutanga Shoko rakanga riripo, Shoko rakanga riri kunaMwari, Shoko rakanga riri Mwari. Ireri pakutanga rakanga riri kunaMwari.” Tinotenda muna Kritsu nokuti nokuda kwake zvinhu zvose zvakasikwa. Aivepo mukutaura kweInzwi mukusikwa kwenyika munaGenesisi 1:1. Muna Genesisi 1:26,27 ainge ari pamwechete naMwari mukusikwa kwemunhu. Muna Johane 1:3 tinoudzwa: “Zvinhu zvose zvakaitwa naye; kunze kwake hakuna kuitwa kunyange chinhu chimwe chakaitwa.” Zvoreva kuti patinotarisa zvakatikomberedza zvinorarama tinosvika pakupedzisa kuona kuti zvose izvi zvine kwazvakabva. Asi ndekupi kwazvakabva? Tinoudzwa kuti zvakasikwa. Nani? NaKritsu. Kana ichi chiri chokwadi, apo patinoona zvinhu zvose izvi zvakatipoteredza, kana pose patinozvibvunza pamusoro pezvinhu izvi, tinorangaridzwa nezvaKritsu. Zvino tinotadza sei kutenda maari? Pauro anonyora pamusoro paKritsu: “Watinedzikinuro maari, ndiko kukanganwirwa kwezvivi zvedu. Ndiye mufananidzo waMwari usingavonekwi, dangwe rezvisikwa zvose; nokuti maari zvinhu zvose zvakasikwa, zviri kudenga napanyika, zvinovonekwa nezvisingavonekwi, kana zviri zvigaro zvo vushe kana vushe, kana vabati, kana masimba; zvinhu zvose zvakasikwa naye, zviripo nokuda kwake. Ndiye unotangira zvose, zvose zvakabatana maari”, (Vakorose 1:14-17).

Tinotenda munaKritsu nokuti zvakanenge zvakaporofitwa kuti achauya, uye

chiporofita ichi chakazadziswa uye zviporofita izvi zvakazadziswa mukuuya kwake. Mushure mekutadza kwemunhu mubindu reEdeni, uye munhu akaparadzaniwa naMwari, zvinotaurwa kuti Kritisu achazouya kuzoponesa munhu, Genesisi 3:15. Vaporofita kazhinji vaiporofita nezvekuuya kwaMesiya. Mukutaura kwavo kwose vainongedzera zvinhu zvizhinji maringe nekuuya kwake: aizozvarirwa kupi, aizotiziswa sei kuendiswa kuEgypita uko aizotizira kutiza mukutsamwa kwamambo, kuzotengeswa kwaaizoitwa nemumwe pakati pewaaidya nawo, zvakare nekuzoroverwa mhaka isiri yake, azoroverwa pamuchinjikwa, kuvigwa muguva, uye nezuva rechitatu aizomutsva, uye nekuzodzokere kuna Baba kudenga. Somuenzaniso, Isaya 53 inotaura nezvaKritisu uye muna Mabasa 8 tinoverenga kuti Firipi akadzidzisa murume wekuEthiopia pamusoro paKritisu kubudikidza nekuverenga mundima imwechete yemuTestamente Yekare. Zvirokwazvo izvi hazvina kungoitika zvega.

Tinotenda muna Kritisu nekuti akazvarwa zvinechishamiso mukuuya kwake panyika ino. Vaporofita vekare vakati: “Naizvozvo Ishe amene achakupai chiratidzo. Tarirai, mhandara ichava napamuviri, ichabereka mwanakomana, ichamutumidza Imanueri” Isaya 7:14. Maererano nekuzadziswa kwaro zvinyorwa zvinoti: “Kuberekwa kwaJesu Kristu kwaiva kudai, Maria mai vake, wakati anyengwa naJosefa, vasati vasangana, wakavonekwa ava nemimba noMweya Mutsvene. Zvino Josefa murume wake zvaakanga ari munhu wakarurama, asingadi kumunyadzisa, wakafunga kumurega chinyararire. Zvino wakati acharangarira izvozvo, tarira mutumwa washe akazviratidza kwaari pakurota akati, Josefa mwanakomana waDhavhidhi, usatya kutora Maria, mukadzi wako, nokuti icho chakagamuchidzwa mukati make ndechoMweya Mutsvene. Iye uchazvara Mwanakomana, ugomutumidza zita rinonzi Jesu, nokuti ndiye uchaponesa vanhu vake pazvivi zvavo. Tarira mhandara ichava nemimba, ichazvara Mwanakomana, vachamutumidza zita rinonzi Emanueri, ndokuti kana zvichishandurwa, Mwari unesu. Zvino Josefa akamuka pahope dzake, akaita sezvaakarairwa nomutumwa waShe, akatora mukadzi wake. Akasamuziva kusvikira azvara mwanakomana wake wedangwe, ndokumutumidza zita rinonzi Jesu” Mateo 1:18-25. Zvoreva kuti Kritisu haana baba vepanyika asi kuti akabva kuna Baba vake vari kudenga. Zvino tingati here Kritisu akazvarwa sevamwe vanhu, vana baba namai vepanyika, kana kuti haakwanise kuva muponesi wevanhu, sezvo aive munhuwo zvake Tinotenda zvatinotenda nokuti akaita zvishamiso mukuzviratidza kuti akabva kuna Mwari. Akaporesa vairwara, akapa meso kune mapofu, zvimumumu zvikataura, matisi dzikanzwa, uye zviroma zvikafamba. Akashandura mvura kuita waini pamuchato, akanyaradza dutu regungwa, akafamba pamusoro pemvura, uye nekumutsa wakafa. Mabhuku emuTestamente Itsva anoti Mateo, Mako, Ruka naJohane anotsanangura pamusoro pezvishamiso izvi. Zvino ngativerenga: “Zvino nguva yaakanga ari Jeru-

sarema pamutambo wepaseka, vazhinji vakatenda kuzita rake, vachivona zviratidzo zvaaita” (Johane 2:23). Nikodhimasi, verudzi rwechiJudha, anoti kwaari: “Iye akavuya kwaari vusiku, akati kwaari: Rabhi, tinoziva kuti muri Mudzidzisi wakabva kunaMwari; nokuti hakuna munhu unogona kuita zviratidzo izvozvo zvamunoita, kana Mwari asinaye” Johane 3:2. Mukupedzisira, tinoverenga: “Zvino Jesu wakaita zvimwe zviratidzo zvizhinji pamberi pavadzidzi vake, zvisina kunyorwa mubhuku iyi; asi izvi zvakanyorwa, kuti mutende kuti Jesu ndiye Kristu, Mwanakomana waMwari; vuye kuti, muchitenda, muve novupenyu muzita rake” (Johane 20:30,31).

Tinotenda munaKritsu, vaApostora, uye nevamwe vose-kunyangwe nevavengi nanadhiyahurosi-vanopupura kumuita Mwanakomana vaMwari. Mushure mekubwinya kwaKritsu, Mwari akataura kubva kudenga, akati: “Wakati achataura navo, tarira, gore rinobwinya rikavafukidza; inzwi rikabva mugore, richiti: Uyu Mwanakomana wangu unodikanwa, wandinofarira mumunzwei” (Mateo 17:5). Mune chimwe chiitiko, Petro naJohane vanopupura Kritsu seMwanakomana vaMwari, Mateo 16:16-18. Zvirokwazvo ivo nevamwe vaipupura vaive nechinangwa chakanaka uye kukosha kwaivatuma kupupura uku.

Tinotenda muna Kritsu nokuti akararama hupenyu husina kutadza, akafa kuti munhu akwanise kuvana ruponeso, akabudiswa kubva muguva. Petro anobva ati mainge musina chivi maari, (1 Petro 2:22). Pauro anotaurawo kuti apo pataive vata-dzi, Kritsu akatifira, (VaRoma 5:8). Asi akativimbisa ruregerero, Kritsu akakunda nekumuka mubwiro kuti ave muponesi wedu uye tarisiro yedu kuhupenyu husingaperi, (1 Vakorinte 15:1-4).

Unotenda here muna Kritsu? Unotenda here kuti Mwanakomana vaMwari? Kritsu anotaura kuti kana tichitenda munaMwari takafanirwa kutendawo zvakare maari, (Johane 14:1). Kritsu anoti tikamupupura iye pamberi pevanhu, iye anozotipupurawo pamberi paBaba vari kudenga, (Mateo 10: 32,33). Naizvozvo ruponesu rwedu runomira nokutenda muna Kritsu.

Regai ndikukurudzirei kutenda muna Kritsu, mutendeuke zvivi zvenyu, kuti mupupure Jesu seMwanakomana vaMwari, uye nekubhabhatidzwa kana kuti kuvigwa mumvura kuti mukanganirwe zvivi zvenyu. Kana ukaita sokudaro Ishe vanokuponesa nekukuvedzera mukereke yake, (Mako 16:16; Mabasa 2:47).

Chidzidzo 3

Sei Tichitenda MuMweya Mutsvene

Zvirokwazvo ndine tsigiro rwechokwadi rwekutenda kwandinoita uye ndinoda kugovana newe zvinhu izvi kuitira kuti kana usiri mutendi ugokwanisa kuva mumwe

vevanotenda. Zvakare handisi ndoga mukutenda kwandinoita. Ndine dzimwe hama dzandiinadzo pasi rino rose vanekutenda mukutenda uku kwandiinako. Tine kutenda kumwe nokuti ndinotenda kuna Mwari mumwechete, Kritisu mumwechete, Mweya mumwechete uye zvose izvi zvinomira padzidziso dzeshoko raMwari sezvazvakan-yorwa muBhaibheri.

Muchidzidzo chedu chenguva ino tinoda kukuzivisai kuti sei tichitenda muMweya Mutsvene uye nemabasa aunoita. Mweya Mutsvene ndiye munhu vechitatu muvuMwari. Pauro unoraira muna vaEfeso 4:4-6 inoti kuna Mwari mumwechete, Ishe mumwechete, uye Mweya mumwechete. Achitaura pamusoro paKritisu, anoti: “Nokuti isu tose tinopinda naiye noMweya mumwe kunaBaba” (Ephesians 2:18). Zvakare vutatu hwemuvuMwari unotaurwa umwe noumwe. Muna Mateo 3:13-17, tine nyaya yekubhabhatidzwa kwaJesu naJohane mubhabhatidzi. Ngativerengei: “Zvino Jesu wakabva Garirea akavika paJoridhani kuna Johane kuzobhabhatidzwa naye. Asi Johane wakaidza kumudzivisa akati, ndini ndinofanira kubhabhatidzwa nemi, ko movuya kwandiri sei? Asi Jesu wakapindura akati kwaari, chirega hako zvino nokuti saizvozvo zvakafanira kuti tizadzise kururama kwose. Ipapo akamurega. Jesu wakati abhabhatidzwa, Pakarepo akabuda mumvura. Zvino tarira denga rakamuzarurirwa akavona Mweya waMwari achiburuka senjiva. Akavuya pamusoro pake. Zvino tarira inzwi rakabva kudenga richiti, Uyu ndiye Mwanakomana wangu unodikanwa wandinofarira!.” Asi zivai kuti muhurongwa uyu tina Kritisu achitobhabhatidzwa, Mweya Mutsvene ukaburukira pamusoro pake senjiva, ipapo Mwari akataura ari kudenga mukuratidza kutendera kwake Mwanakomana vake. Zvoreva kuti kana tichitenda kunaMwari, uye kuna Kritisu seMwanakomana tinofanirwa zvakare kutenda kuMweya. Zvakare tinoverenga: “Nokuti vatatu vanopupura kudenga Baba, Shoko naMweya Mutsvene, ava vatatu ndimumwe” 1 Johane 5:7. Inzwi rakataura raitaridza kuna Kritisu, Johane 1:1. Zvinotaridzwa zvakare kuti Mweya Mutsvene anova Kritisu neMweya Mutsvene chinhu chimwechete mumwechete. Ukasanzwisisa izvi zvinosvika pakukukanganisa mukudzidza kwako.

Tinotenda muMweya Mutsvene nokuti nokuda kweMweya Mutsvene Mariya akava nepamuviri akazvara Jesu. Tinoverenga: “Kuberekwa kwaJesu Kristu kwaiva kudai, Maria mai vake, wakati anyengwa naJosefa, vasati vasangana, wakavonekwa ava nemimba noMweya Mutsvene” (Mateo 1:18). Mutumwa vaIshe akaudza Josefa kuti asatye kutora Mariya semudzimai vake, “nokuti icho chakagamuchidzwa mukati make ndechoMweya Mutsvene” (Mateo 1:20). Apo Mariya ayishushikana nokuda kuziva kuti zvainge zvafamba sei kuti aite pamuviri sezvo ndisina kumbobvira asangana nemurume “...Mutumwa akapindura, akati kwaari: Mweya Mutsvene uchavuya pamusoro pako, nesimba roWokumusorosoro richakufukidza; saka icho chitsvene

chichaberekwa chichanzi: Mwanakomana waMwari (Ruka 1:35). Munemamwe Mazwi, kubudikidza nekushanda kweMweya Mutsvene, vakaita kuti Mariya aite pamuviri nekuva nedangwe reMweya Mutsvene Jesu Kritsu, Mwanakomana vaMwari.

Tinotenda muMweya Mutsvene nekuti Zvinyorwa sezvazviri zvinomirira kutaura kweMweya, kana mashoko eMweya. Munguva yemakore anemazana nemazana, Mweya Mutsvene vakatungamira vanhu vakasiyana siyana kuti vanyore chido chaMwari kumunhu. Ndosaka tichiverenga kuti: “Rugwaro rwose rwakafuridzirwa naMwari, runobatsira pakudzidzisa, nokuraira, nokururamisa, nokuranga kuri mukuru-rama, kuti munhu waMwari akwane, agadzirirwa kwazvo mabasa ose akanaka” (2 Timoti 3:16,17). Inzwi Mweya uye hupenyu; rinosunungura; rinomirira chokwadi, (Johane 8:32; Johane 8:32; Johane 17:17).

Tinotenda kuMweya Mutsvene uye nebasa ravo nokuda nemashandiro avakaita munguva yaKritsu nemunguva yevaApostora. Kritsu anotaurwa kuti ane Mweya usina magumo. Tinoverenga: “Nokuti wakatumwa naMwari, ndiye unotaura mashoko aMwari; nokuti haapi Mweya achiyera” (Johane 3:34). Zvoreva kuti Mweya Mutsvene unogara muna Kritsu haana zvaanokundikana mukushanda neMweya. Asi kana Ishe vakagamuchidzwa Mweya usina mupimo zvoreva kuti vamwe vakagamuchidzwa Mweya Mutsvene une mupimo.

Kritsu akavimbisa vadzidzi vake ushe, kana kuti kereke, yaizouya nesimba, (Mako 9:1). Izvi zvinonongedzera kuti kereke yaizouya nesimba reMweya Mutsvene. Mukufamba kwenguva Kritsu akavimbisa kuzovatumira Munyaradzi kana Mweya Mutsvene pamusoro pavo. Aiziva kuti muchinguva chiduku achazoenda. Aiziva zvakare kuti vaApostora vaivavo vanhu, vaikwanisawo kukanganisa kana kukanganwa. Naizvozvo akavimbisa kutumira Mweya Mutsvene kuti ugovarangeridza zvinhu zvose zvaainge akavaraira paaive navo, Mweya Mutsvene waizovatumirira muzvokwadi yose, nekuzovapa simba rekutaura nedzimwe ndimi uye nekuita zvishamiso. Muna Johane 15:26 Kritsu anotaridza kuneMweya ari Munyaradzi uye muna Johane 16:13 anotaurwa ari Mweya vezvokwadi. Nokudaro, kubudikidza noruchengeto rweMweya Mutsvene zvinhu zvose zvinoitwa zvakanaka, uye shoko raizozadziwa kubudikidza nezvishamiso nezviratidzo, zvaiunza kutenda muhana.

Mushure mekufa kwaIshe, kuvigwa, nekumuka, uye asati adzokera kuna Baba vake vari kudenga, anoti kuvaApostora: “Zvino munhu uyu wakatenga munda nomubairo wezvisakarurama, akawira pasi nechiso, akaparuka napakati, vura bwake bwukabuda bwose” (Mabasa 1:8). Zvino muna Mabasa 2:1-4, tinoverenga: “Zvino zuva rePentekosta rakati rasvika, vakanga vakavungana vose nomoyo mumwe panzvimbo imwe. Pakarepo kutinhira sokwemhepo inovhuvhuta nesimba kwakabva kudenga, kukazadza imba yose mavakanga vagere. Vakavona vo ndimi dzichiparadza-

na, dzinenge dzomoto; ndokumhara pamusoro womumwe nomumwe wavo. Vose vakazadzwa noMweya Mutsvene, vakatanga kutaura nedzimwe ndimi, pavakapiwa napo noMweya kureva.” Vanhu ava vakakatyamadzwa kuti vaApostora vaikwanisa kutaura nerurimi rwavo. Pakutanga vakafunga kuti vainge vakadhakwa, asi Petro anovatsanangurira kwavari kuti ichi ndicho chaiva chiporofita chamuporofita Joeri, kuti mumazuva ekupedzisira Ishe vachaduririra Mweya vavo pamusoro penyama yose. Zvinyorwa zvinoenderera mberi kutaura kuti zvishamiso nezviratidzo zvizhinji zvakatanga kuitwa nevaApostora, Mabasa 2:43. Asi kunani uko Mwari akavimbisa simba reMweya mutsvene? KuvaApotsora zvirokwazvo. Naizvozvo vakabhapatidzwa noMweya Kana kuti Mweya vakavepo pamisoro pavo kuti vakwanise kuita zvinhu izvi. Nokuda kwezvinhu zvakaitika izvi, uye mukunzwa evhangeri raiparidzwa nawo, vanosvika 3,000 vakaterera Ishe mukubudikidza nokutenda kwaari, nekutendeuka zvivi zvavo vakabhabhatidzwa mukukanganirwa zvivi zvavo, Mukuita kudaro, Ishe akavaponesa, akavapa Mweya Mutsvene, uye nekuvawedzera mukereke, Mabasa 2:38, 40,47. Asi vaApostora waisakwanisa kuita basa rose pachezvavo, zvino Ishe akavaterera kuti vakwanise kuisa maoko kune vanhu vashoma vaisarudzwa, nokudaro vanhu ava vaipihwa simba rekutaura nendimi dzemamwe marudzi, pamwe nekuita zvishamiso kuti vakwanise kuratidza simba rechokwadi raMwari, kuti vanhu vakwanise kutenda kuti vainge vabva kunaMwari, (Mabasa 6:1-8). Kunze kwevaApostora neavo vavakaisa maoko pamisoro, vose avo vakagamuchidzwa chiero cheMweya Mutsvene chainge chakasiyana echaKritsu muna Mabasa 10 na11. Konoriyasi nevagari vemumba make vakapihwa rubhapatidzo rweMweya Mutsvene mukuratidza kuti Vahedheni vainge vagamuchirwa naIshe, pamwe chete nemaJudha.

Mukupedzisira vaApostora, neavo wavakaisa maoko pamusoro, wakasvika pakufa vose. Munguva iyi Mweya Mutsvene vakatungamira vanyori veshoko raIshe mukunyorwa kwaro, uye mukubva muzuva iro kusvika nhasi kutenda kwakauyiswa muhana yemunhu kubudikidza nekuverenga nekunzwa shoko raMwari richiparidzwa, uye vose vanoteerera Ishe vanoponeswa uye vanopihwa chipo cheMweya Mutsvene asi kwete chekuita zvishamiso. Zviratidzo, zvishamiso, neminana, hazvichadiikanwa, uye izvi zvinosanganisira kutaura nedzimwe ndimi kana mutauro, sezvo shoko rakazadziswa. Nokudaro, Mweya hauchashanda nemunhu nhasi mukuita zvishamiso. Kana munhu akasatenda shoko reMweya, sezvazvarakanyorwa mushoko raMwari. Asi kana Mweya Mutsvene usingatiite kuti tiite zvishamiso, Tingaziva sei kuti tine Mweya, uye chii chakakoshera Mweya unogara matiri? Zvimwechete zvinokwanisika kubvunzwa pamusoro paMwari naKritsu. Tinotenda kuzvipupuriro, zveMweya sekuratidzwa kwazvinoitwa muBhaibheri. Kana tikatenda Ishe uye kuteerera kuda kwake, anotiponesa uye tinopihwa Mweya Mutsvene vake, anotiponesa nokutipa

Mweya Mutsvene, (Mabasa 2:38). Zvino Mweya Mutsvene unotitungamira noku-da kweshoko, (VaRoma 8:1). Takaudzwa uye tinoudzwa kuti Mweya unotipupurira kuMweya vedu kuti tiri vana VaMwari, VaRoma 8:16, kuti Mweya unotikumbirira, uye Mweya ndivo unotitungamira mukuchengetedzwa kwemoyo yedu mukuenda ku-ruponeso VaEfeso:14, uye kuti Shoko raMwari ibakatwa reMweya, (VaEfeso 6:17). Kune mweya mizhinji yemanyepo asi kune umwechete unova vaMwari vechokwadi, nova Mweya Mutsvene. Unotenda here maari? Uye anogara newe mauri here? Anogara newe here? Kana usina Mweya, zvoreva kuti hausi vekwaMwari.

Kana uchitenda muna Ishe, tendeuka muzvivi zvako, pupura Kritsu kuva Mwanakomana vaMwari, ipapo Ishe vanokuponesa, nekukupa Mweya Mutsvene, nekukuedzera mukereke yake. Kana usina usati vaita chinhu tinonamata kuti ukwanise kuita sokudaro.

Chidzidzo 4

Sei Tichitenda Bhaibheri

Bhaibheri ibhuku rakanyorwa munguva dzekare. Rakatora makore ane maza-na nemazana mukunyorwa kwaro. Nevanyori vakasiyana siyana. Asi zvose zvinyorwa zvakaiswa pamwechete zvinobudisa bhuku rimwechete, rine dingindira rimwechete, uye harina kupikisana. Rinotanga nemavambo ekusikwa kwenyika uye ropedzesera ekuparadzwa kwenyika nezvinhu zvose zvirimo. Rinotaura nyaya yemunhu nekumu-pa zvinhi zviviri zvainge zvakanaka nezviviri zvakashata zvakanafana, zvimoratidza kuda kwake muponesi. Bhaibheri zvinoreva “Bhuku.” Rakaumbwa muzvikamu zvi-viri: zvinoti Testamente Yekare neTestamente Itsva. Testamente Yekare ine mabhuku makumi matatu nemapfumbamwe uye Testamente Itsva ine mabhuku makumi maviri nemanomwe, zvinova zvinobva zvaita kuti rive bhuku rine mabhuku makumi matanhatu nematanhatu kana achinge abatanidzwa pamwechete. Riri muzvikamu zvitatu zvemitemo zvinoenderana nenguva yakasiyana yakararamwa. Nguva yeku-tanga inguva yemadzibaba. Zvinotangira pana Adhamu zvichienda kusvika panguva yaMosesi, rinobata zvemakore anosvika 2,500. Munguva iyi Mwari aitaura nemadzi-baba ndivo vaizoenda nazvo kumhuri dzavo kundotisvitsa zvido zvaMwari. Chechip-iri yaive mitemo yaipihwa munguva yaMosesi kana kuti yemadzibaba. Yakatanga naMosesi ikaenderera mberi kusvika munguva yaKritsu, yaakaumba kwemakore 1,500. Munguva iyi Mwari aitaura kubudikidza nekunyora mumahwendefa. Mite-mo inotsanangurwa semitemo yaMosesi. Chechitatu mitemo yeMakritsu, inotanga nokufa kwaKritsu mukusvika mukudzoka kwake. Nguva iyi yakutozvika zvemakore 2000 uye hakuna anoziva kuti icharamba ichienderera kusvika rini anongova Mwari

bedzi. Mumwe munhu akatsanangura nguva iyi sokuti: nguva yemutemo yemadzi-baba senguva yemwenje venyeredzi. Nguva yemitemo yaMosesi senguva yemwenje vemwedzi, uye nguva yeMakritsu senguva yemwenje vezuva. Pfungwa iyi inoratidza nguva imwe neimwe ine chiedza chinenge chichiratidzwa mukukuvedzera menje, uye Nguva yeZuva inoratidza iri nguva inenge yane chiedza chakakwana.

Sezvo paine matestamente maviri mubhaibheri tinoda kunzwisisa musiyano iripo pakati pavo ari maviri. Chekutanga, Mwari akaratidza chido chake kuvanhu vake uye izvi zvakaenderera mberi munguva yeMadzibaba nenguva yaMosesi. Ipapo Mwari akaisa murayiro mutsva kuvanhu vake. Murayiro uyu vakapihwa kubudikidza naKritsu uye unoramba ndiwo urikushanda kunyangwe nazvino. Apo Mwari akaratidza chido chake chitsva, ndipo pakatangwa testamende yekutanga. Nokudaro testamende yekutanga haicharamba ichishanda semurairo. Zvino yawekushanda senhorondo, ichipa somuenzaniso kuti Mwari anoropafadza sei vanoterera achipa mutongo kune vasingaterere, uye yakazadzwa nehunhu vakanaka vekuti tose tinovanirwa kururama mauri, asi haichashanda semutemo. Mirayiro inoshanda munguva yatiri ndeiyo inovanikwa muTestamente Itsva. Apo Kritsu anofa pamuchinjiko, anobvisa mutemo vekare kuti akwanise kuisa mutemo mutsva. Ngatinzwei Manzwi emunyori vaVaHeberu: “Nokuti apo pane testamente, panofanira kuvapo vo rufu rwaiye wakaiita. Nokuti testamente inesimba kana vanhu vafa; nokuti haitongovi nesimba kana wakaiita achiri mupenyu” (VaHeberu 9:16:17). Anoenderera mberi: “Ndokuzoti: Tarirai, ndinovuya kuzoita kuda kwenyu imi Mwari. Unobvisa chokutanga kuti amise chechipiri. Nokuda ikoku takaitwa vatsvene nechibayiro chomuviri waJesu Kristu, chakabayirwa kamwe” (vaHeberu 10:9,10).

Cherechedza zvinotevera, sei iri risina kuita rimwe remabhuku enhorondo kana nganonyorwa? Chokwadi, ndiro bhuku renhorondo, uye zvakare bhuku reJogirafi, bhuku resainzi, nebasa guru remabhuku, asi riri pamusoro pozvose izvi. Tinotenda Bhaibheri kuva rakafuridzirwa naMwari, Bhuku rinova rine shoko raMwari. Rinotaura kuva Shoko raIshe Jeremaya 14:1, uye Pauro ane izvi zvekutaura pamusoro paro: “Rugwaro rwose rwakafuridzirwa naMwari, runobatsira pakudzidzisa, nokuraira, nokururamisa, nokuranga kuri mukururama, kuti munhu waMwari akwane, agadzirirwa kwazvo mabasa ose akanaka” (2 Timoti 3:16,17). Petro anoraira: “Muchiziva pakutanga, kuti hakunovuporofita bworugwaro bwunongodudzirwa nomunhu; nokuti hakunovuporofita bwakatongovuya nokuda kwomunhu, asi vanhu vatswene vaMwari vakataura, vachimutswa noMweya Mutsvene” (2 Peter 1:20,21).

Tinotenda Bhaibheri nekuti rinodanwa kunzi Inzwi raMwari, kana kuti Inzwi raIshe. Kritsu anonamata kuna Baba, “Muvaite vatsvene muzvokwadi; shoko renyu izvokwadi” (Johane 17:17). Pauro anonyora: “Shoko raKristu ngarigare mukati menyu

riwande; nokuchenjera kwose mudzidzisane, nokurairana namapisarema, nenziyo, nezviimbo zvomweya, muimbire Mwari nenyasha mumoyo menyu”, (Vakorose 3:16). Zvakare anoti, “Naizvozvo kutenda kunovuya nokunzwa, nokunzwa kunovuya neshoko raMwari”, (VaRoma 10:17). Munzwe zvakare: “Paridza shoko; ramba uchidaro nenguva yakafanira, kunyange isakafanira; raira, tuka, ranga nomoyo murefu zvikuru nokudzidzisa”, (2 Timoti 4:2). Jakobho anoti, “Asi ivai vaiti veshoko, musava vanzwi voga, muchizvinyengera” (Jakobho 1:22). Bhaibheri rinodanwa kuti inzwi raMwari, inzwi raIshe, inzwi raKritsu, inzwi, zvinyorwa, mirayiro yaMwari, chokwadi, uye tinotenda kuti ndiro.

Tinotenda mubhaibheri nokuti rinoratidza hupenyu venguva nezvinhu zveamararamiro zvakaita muhurongwa hwe akiyoroji, nhorondo, jogirafi, saenzi, nedzimwe nzvimbo dzekudzidza. Somuenzaniso, makore anemazana, zvinyorwa zvizhinji zveakiyoroji zvisati zvavanikwa, Bhaibheri rainge ratotaura nezvezvinhu izvi kare. Zvimwe zvezvinhu munhorondo dzezvinyorwa zvakawanikwa zvakaita sekuwanikwa kwezvinyorwa zveDead Sea. Zvisati zvavanikwa Testamente yekare yainge yatove nezvinyorwa zvainge zvakafanana nezvakazovanikwa zvayidyidzana nezviwanikwa zvakawanikwa muna A.D. 900 kusvika 1000. Zviwanikwa zveDead Sea, zvinowanikwa muzvikamu zveabhuku ose eTestamente Yekare kunze kwebhuku raEsiteri rinova rakanyorwa pakati pa 200 B.C. na A.D. 68. Zvinyorwa izvi zvinotibatsira kutiratidza kuti Zvinyorwa ZveTestamete Itsva ndezvechokwadi. Maererano nenhorondo, nyaya dzemunharaunda neBhaibheri zvinobvumirana. Mujogirafi, maguta, nzizi, nemakungwa nemakomo ayo atinonyanyoziva mukumaona nhasi zvakabudira kwatiri nokuda kweshoko raMwari Bhaibheri. Vamwe vanofunga kuti Bhaibheri nesainzi hazvidyidzane aya anova manyepo. Inzwi rekuti “sainzi” rinobva papfungwa yezvinhu zvechokwadi, uye Bhaibheri rinovenga manyepo. Zvinyorwa nesainzi dzemanypo kana pfungwa dzevanhu, kazhinji zvinosvika pakurwisana. Mumwe muenzaniso mumwechete veBhaibheri nesainzi mukubvumirana kwaro ndepokuti nyika ndeye denderedzwa, Isaya 40:22; Jobho 26:7. Tine mimwe mienzaniso mizhinji yatingadai takupai kana tikavana nguva

Tinotenda Bhaibheri kuva inzwi raMwari nokuda kwezviporofita zvose zvarakataura uye kuti zvakazadziswa sei. Chekutanga ndechekuti aizozvarwa nemhandara, Isaya 7:14. Kuzadziswa kwechiporofita ichi kunovanikwa muna Mateo 1 apo mhandara Mariya inozvara Kritsu. Muna Joere 2:28,29, makaporofitwa kuti Mweya vaIshe vaizodururirwa panyama yose uye tinoona zvichizadziswa munaMabasa 2. Tinokwanisa kuramba tichienderera mberi nezviporofita zvakawanda nekutaridza kuti zvakazozadziswa sei.

Tinotenda Bhaibheri mokuti rinopindura mibvunzo mikuru yehupenyu. Rino-

tiudza kuti munhu akabva kupi, sei munhu ari pano, uye kuti arikukumboenda kupi. Rinopindura mubvunzo vekuti: “Ndingaita sei kuti ndiponeswe?”, (Mabasa 2:37,38; Mabasa 16:30-33).

Tinotenda Bhaibheri nekuda kwesimba raro rukuru pamusoro pemunhu munezvakanaka. Rinovenga chivi nekukurudzira kurarama hupenyu vakarurama. Nyika yakaitirwa zvirinane nokuda kwaro.

Tinotenda Bhaibheri nokuda kwekuti inzwi raMwari hariparare. Kritsu anota taura kuti: “Denga nenyika zvichapfuvura asi mashoko angu haangatongopfuvuri” (Mateo 24:35). Petro anotiudza kuti inzwi raMwari rinorarama uye rinogara nokusingaperi 1 Petro 1:23. Kritsu anota taura kuti tichatongwa nenzwi muzuva rekupedzisira, (Johane 12:48).

Ichokwadi, Bhaibheri rakave uye rine vavengi vakawandisa asi vakauya vakakaparara asi Bhaibheri richingori kurarama nazvino. Chii chaunokoshesa pabhuku iri? Unoritenda here? Vazhinji vanotenda. Nokumwe kutaura, ndiro bhuku rakaturikirwa zvakananyanya munyika uye bhuku rakatengeswa zvakananyanya zvemhando yepamusoro pasi rose.

Ndinokukurudzira kuti uverenge Bhaibheri. Kritsu anoti, “Nzverai Magwaro”, (Johane 5:39). Pauro anotikurudzira kudzidza kuti tizviratidze takakodzera kuna Mwari, (2 Timoti 2:15). Zvakare, Kritsu anoti: “Asi wakapindura akati, kwakanyorwa kuchinzi, munhu haangarami nechingwa bedzi, asi namashoko ose anobuda muromomo maMwari” (Mateo 4:4). Johane anonyora: “Wakaropafadzwa uyo unorava, navanonzwa mashoko okuporofita, uku vachichengeta zvakanyorwa imomo, nokuti nguva yava pedo” (Zvakazarurwa 1:3).

Kana vakaverenga nekudzidza inzwi raMwari, ritende nekuteerera dzidziso dzaro kubudikidza nekutenda munaMwari uye kutenda munaKritsu seMwanakomana vaMwari, votendeuka zvivi zvako, pupura kutenda kwako muna Kritsu, nekubhabhatidzwa, kunova kuvigwa mumvura, kuti ukanganirwe zvivi, Ishe anokuponesa nekukuvedzera mukereke yake, Mako 16:16; Mabasa 2:38,47.

Chidzidzo 5

Sei Tisiri Pasi peMutemo

Muchidzidzo chedu pamusoro peBhaibheri taona kuti rakapatsanurwa sei kuiswa muzvikamu zvitatu munguva dzemitemo. Yekutanga yaive mitemo kuMadzibaba, Yechipiri yaive mitemo yaMosesi, iye zvino tawekurarama pasi pemutemo vaKritsu. Bhaibheri rinotibatsira kusiyana pakati pemitemo iyi mukubudikidza nekupatsanura mukuriisa muTestamente Yekare neTestamente Itsva. Mutemo veMadzi-

baba neyaMosisi inovanikwa muTestamente Yekare apo mutemo vaKritsu unovanikwa muchikamu cheTestamente Itsva muBhaibheri. Mariri rinotibatsira kunzwisisa kuti mutemo veTestamente Yekare hauchisina simba kwatiri, asi kuti mutemo veTestamente Itsva ndivo vane simba, munguva yanhasi uye ucharamba uine simba kusvikira nguva yakwana. Ticharatidzwa izvi muMagwaro apo tichange tichienderera mberi nezvidzidzo zvedu.

Kunyangwe uchizviziva kana kusazviziva, kune zvitendero zvitatu pasirose nhasi zvinoenda kuTestamente Yekare uko zvinotorera kutenda kwazvo. Vanotenda kuti vachiri vakasungwa pasi payo uye vanotsvaka kusunga vamwe pasi pavo. Tinoratidzwa mubhaibheri kuti vakarasika. Regai nditsanangure zvino kuti testamende inotaridza kuchibvumirano. Somuenzaniso, tataura nezvechibvumirano chama testamente yemunhu uyu kana uyo. Vazhinji vanhasi vanoita chibvumirano pamusoro pemafambisirwo emari kana pfuma yavo kana vachizenge vafa. Zvinogoneka kuti vasati vafa vaite zvibvumirano zvinodarika chimwechete. Zvinokwanisika nokuti mukufamba kwenguva vanogona kuzofunga kusada chibvumirano chekutanga, nokudaro vanoita chimwe chitsva. Chinoramba chichirangarirwa mukurarama kwake kwose, vanokwanisa kugadzira zvibvumirano zvavanoda zvingave zvizhinji sei zvavangasarudza. Vanoita zvose zva vangada kuita nepfuma yavo. Asi pavanofa, chibvumirano chekutanga hachinasimba pane chekupedzisira, uye ndichi chinenge chiri chibvumirano chiri pamutemo, mari nemudziyo zvinofanirwa kugoverwa sezvinodiwa nechibvumirano.

Zvimwechetezvo, Mwari akaita testamente kana kuti chibvumirano nevanhu vake chinoenderera mberi kwemakore anosvika mazana. Mumakore aya chainge chakasunga. Asi zuva rakasvika iro Mwari akaita testamente kana chibvumirano chitsva. Apo akapa chibvumirano, uye chakasimbiswa nekufa kwaKritsu, testamente yekutanga ikava yekare. Ndizvo saka tichidzokera kuTestamente Yekare neTestamente Itsva. Zvimwechete nekuti munhu haangararame mumitemo yenyika sekurarama kwayaiita kwemakore zana akadarika, kana kuti tingadzokera kuTestamente Yekare kuzvinhu zvatinoita muzita rechitendero. Asi, vanhu venguva yanhasi vanofanirwa kurarama nemutemo yenguva yanhasi uye zvimwechetezvo kune avo vanorarama nhasi vanofanirwa kugutsikana nekutungamirwa nemitemo yaKritsu sezvinotaurwa neTestamente Itsva.

Zvino ngatidzokere kuMgwaro kuti tione kana zvirizvo zvazvinodzidzisa. Ngativhurei tose mubhuku raZvirevo muTestamente Itsva. Ipapo munyori anoti, mukutaura pamusoro paKritsu: “Nemhaka iyo, iye ndiMurevereri wesungano itsva, kuti, rufu zvarwakasvika kuzodzikinura avo vakadarika pasungano yokutanga, vakadanwa vagopiwa chipikirwa chenhaka isingaperi. Nokuti apo pane testamente, panofanira kuvapo vo rufu rwaiye wakaiita. Nokuti testamente inesimba kana vanhu vafa; no-

kuti haitongovi nesimba kana wakaiita achiri mupenyu” (VaHeberu 9:15-17). Zvakare cherechedza apo Kritisu akafa pamuchinjikwa, akaita kuti zvikwanisike kune avo vainge vakatendeka pasi petestamente yekutanga kuti vaponeswe, asi apo akafa akatsiva Testamente yekutanga neTestamente Itsva. Cherechedza zvakare kuti akati Testamente inova nesimba kana muiti vayo achinge afa.

Mukuenderera mberi nechidzidzo, munyori veHeberu anoenderera mberi kuti: “Nokuti murairo zvaunomumvuri wezvinhu zvakanaka zvino vuya usati uri mufananidzo chaiwo wezvinhu izvozvo, haungatongogoni kukwanisa avo vanoswedera gore rimwe nerimwe naizvozvo zvibayiro zvavanoramba vachibayira Mwari. dai zvakananga zvakadaro, zvingadai zvisina kupera kubayirwa here? Nokuti vanonamata, kana vakanga vanatswa kamwe chete, vangadai vasina kuzoyevudzwa zvivi zvavo. Asi nezvibayiro izvozvo vanoyevudzirwa zvivi gore rimwe nerimwe. Nokuti ropa renzombe nerembudzi haritongogoni kubvisa zvivi. saka pakusvika kwake panyika, unoti: Chibayiro nechipo makazviramba, Asi makandigadzirira muviri; hamuna kuda zvibayiro zvinopiswa, nezvibayiro zvezvivi; Zvino ndikati: Tarirai, ndavuya, (Murugwaro makanyorwa pamsoro pangu) Kutu ndiite kuda kwenyu, imi Mwari. Zvaanoti pakutanga: Zvibayiro nezvipo, nezvibayiro zvinopiswa, nezvibayiro zvezvivi hamuna kuzvida, hamuna kufadzwa nazvo) zviri izvo zvinobayirwa Mwari sezvinozve murairo), Ndokuzoti: Tarirai, ndinovuya kuzoita kuda kwenyu imi Mwari. Unobvisa chokutanga kuti amise chechipiri. Nokuda ikoku takaitwa vatsvene nechibayiro chomuviri waJesu Kristu, chakabayirwa kamwe” VaHeberu 10:1-10. Cherechedza kuti munyori arikutaridza kuti mutemo sekuunzwa kwayakaitwa muTestamente Yekare vaingove mufananidzo kuzvinhu zvaizouya. Anoenderera mberi kuratidza kuti zvibayiro zvaitwa zvaisakwanisa kubvisa chivi sezvo kwaive nekurangarirwa kwezvivi izvi gore negore. Zvino anosvika pakutaridza maitiro akaita Kritisu sechibayiro kamwe kuzvivi zvevanhu vose uye kuti apo akauya nekusvipa pachake nokuda kwezvivi zvevanhu, ndipo paakabvisa yekutanga, inova Testamente Yekare, kuti akwanise kuisa yechipiri, inova iyo, Testamente Itsva.

Zvino ndiani anoda kudzokera kune Chibvumirano Chekare kana kuMutemo Vekare, kunyangwe zvakanzi zviitike? Zvirokwazvo hapana angada kuita sokudaro kana achinge achinzwisisa kukosha kwerufu rwaKritisu pamuchinjikwa uye kuti takasvitsva sei pasi pemutemo urinani.

Kritisu pachezvake akararama akararama hupenyu hwepanyika pasi pemutemo vaMosesi semamiriro azvainge zvakaita muTestamente Yekare, asi akatora nguva yake mukudzidzisa chokwadi uye nekupa musimbati vaizo vaizosungwa pasi peTestamente Itsva yaizoshanda mushure mekunge afa. Naizvozvo, apo Kritisu akararama, akachengetedza mutemo nekukurudzira vamwe kuti vaite sokudaro. Anotsanangura:

“Musafunga kuti ndakavuya kuparadza murairo kana vaporofita. Handina kuvuya kuparadza asi kuzadzisa. Nokuti zvirokwazvo ndinoti kwamuri, kusvikira denga napasi zvichipfuvura, yota imwe kana tsanga imwe yomurairo hazvingatongopfuvuri, zvisati zvaitika zvose” (Mateo 5:17,18). Pano Kritisu anota kuti mutemo hauna kuparadzwa asi kuti vakazadziswa. Chii chinoitika kwauri kana uchinge vazadzisa? Zvinotarisisirwa kuti unodarika kana kuti unenge usisina masimba akutanga.

Apo Kritisu akafa pamuchijikwa, chidzitiro chetembere chinonzi chakabvaruka, kubva kumusoro kusvika kuzasi, (Mateo 27:51). Ichi chinova chinoratidzo chinoratidza pfungwa yekuti temberi nezvinhu zvayo zvose zvemitemo yekare zvainge zvaabviswa uye kuti zvainge hazvisisina masimba pamusoro pemunhu.

Muna 2 Vakorinte 3:6, Pauro anoti takaitwa: “Iye wakati kwanisa kuti tive vashumiri vesungano itsva, isati iri yezvakanyorwa asi yoMweya; nokuti zvakanyorwa zvinovuraya, asi Mweya unopa vupenyu.” Mundima iyi, uye nendima inotevera, Pauro unoenzanisa pakati pemutemo, murayiro yakanyorwa, padombo, nemutemo veMweya kana mutemo vaKritisu. Anoratidza kuti mutemo unouraya sei, kuti ushumiri inoendesa kurufu, asi mutemo vaKritisu unounza kuupenyu.

MuApostora Pauro anonyorera kuMakritisu epaGaratiya nekuvataurira musiyano uripo pakati pemutemo vaMosesi nemutemo vaKritisu. Anoti: “Naizvozvo murairo chinyiko? Wakazowedzerwa nokuda kwezvivi, kusvikira mwana wakapikirwa izvozvo achizovuya; iwo wakarairwa navatumwa noruvoko rwomurevereri. Zvino murevereri haazi womumwe chete, asi Mwari ndomumwe. Ko murairo unorwisana nezvipikirwa zvaMwari here? Haisva! Nokuti dai vakanga vapiwa murairo waigona kuraramisa, zvirokwazvo Kururamiswa kungadai kwakabva kumurairo. Asi Rugwaro rwakapfigira zvose pasi pezvivi, kuti chipikirwa chinobva pakutenda munaJesu Krisitu chipiwe vanotenda. Asi kutenda kusati kwasvika, taichengetwa pasi pomurairo, takapfigirwa nokuda kwokutenda kwaizoratidzwa. Saizvozvo murairo wakanga uri muperekedzi wedu, kutiisa kunaKristu kuti tiruramiswe nokutenda. Zvino kutenda zvakwasvika, hatichiri pasi pomuperekedzi. Nokuti imi mose muri vana vaMwari nokutenda munaKristu Jesu; nokuti vose pakati penyu, vakabhabhatidzwa munaKristu, makafuka Kristu. Hakuchina muJudha kana muGiriki, hakuchina wakasungwa kana wakasunguka, hakuchina munhurume kana munhukadzi; nokuti imi mose muri vamwe munaKristu Jesu. Zvino kana muri vaKristu, muri vana vaAbhurahamu, vadyi venhaka sezvamakapikirwa” (VaGaratia 3:19-29). Pauro airatidza vanhu ava kuti mutemo vakavaunza kuna Kritisu uye kuti apo vakasvika, havachisiri pasi pemutemo. Muperekedzi anomirira mutemo uye kutenda kunomirira Kritisu. Nemamwe manzwi, mutemo vakazadisa chinangwa chavo uye vakasvika pakubviswa. Zvino tave vamwechete munaKritisu, kana tichinge tamuteerera.

Mune dzimwe ndima dzemagwaro dzinotaridza kuti hatichiri pasi pemutemo yaMosesi, kana kuti pasi pemutemo veTestamente Yekare, asi kuti tava pasi pemutemo vaKritsu. Kuropafadzwa kwakadii kuva pasi pemutemo urinani, mutemo vakarurama.

Shamwari yangu Kritsu akafa nokuda kwako, kuti ukwanise kuponeswa. Kana ukatenda maari, nekutendeuka zvivi zvako, nekumupupura semwanakomana vaMwari, nekubhabhatidzwa mukukanganirwa zvivi zvako, anokuponesa nekukuvedzera mukereke yake.

Chidzidzo 6

Sei Tichida Kuponeswa

Kusvika panguva ino tadzidza zvidzidzo zvakafanana nekuti sei tichitenda kunaMwari, kunaKritsu, kuMweya Mutsvene, neBhaibheri. Muchidzidzo chatapedzisira tataura kuti sei tisiri pasi pemutemo, inova mitemo yaMosesi kana mitemo yeTestamete Yekare. Zvinyorwa zvinopa zvikonzero kuti hazvigone kuti uponeswe pasi pemutemo, nokuti panenge pasisina chikonzero chekuuya kwaKritsu. Chokwadi chaicho icho ndechekuuya kwaKritsu unova umboo unoratidza kuti mutemo hauponeswe munhu zvino. Sezvo tirikutaura kuti sei tichifanirwa kuponeswa, zvinoreva kuti munhu akarasika, uye ichi chinova chokwadi. MuApostora Pauro anonyora: “Nokuti vose vakatadza vakasavika pakubwinya kwaMwari” (VaRoma 3:23). Zvakare tinoverenga: “sezvazvakanyorwa, zvichinzi: Hakuna wakarurama, kunyange nomumwe” (VaRoma 3:10). Kutaura uku kunosanganisirwa vana kana vacheche here? Kwete, sezvo vatadzi vachitsanganurwa muna VaRoma 3, seavo vanotaura manyepo, vanoita zvituko, vanouraya, nevanopikisa Mwari. Apa panotsanganurwa avo vanenge vakura zvekukwanisa kuziva chakanaka nechakaipa. Vacheche nevana vasati vasvika mizera vekuzvidairira ndiwo varikuratidzwa mumagwaro sevanhu wakachena vasina mhosva.

Jesu anodzidzisa kuti vanhu venguva yake vanofanirwa kuva sevana vadiki kuti vakwanise kupinda vushe vaMwari, (Mateo 18:1-6). Vatadzi vanodariku chimiro ichi chekusava nemhosva. Vanenge vasvika makore ekuziva zvakakanaka nezvakaipa. Panguva iyi vanenge vakukwanisa kuzvimirira mukuita kwavo. Naizvozvo vatadzi vanotaurwa kuva avo vanenge vasina kururama, avo vanenge vabva pakubwinya kwaMwari, uye avo vanenge vasina umwari. Mukuenderera mberi mukutsanangura vatadzi Johane anoti: “Mumwe nomumwe unoita zvivi, unodarika nomurairo vo; zvivi ndiko kudarika murairo” (1 Johane 3:4).

Asi ngatidzokere kumavambo, kuti tikwanise kuona kuti chivi chakatanga sei kuti munhu agova mutadzi. Apo Mwari akasika mukadzi nemurume ndokuva isa mubin-

du reEdheni vaininge vasina chivi. Basa ravo raive rekuchengetedza nekurima zvirimwa mubindu. Mwari zvakare akavaudza kuti vaikwanisa kudya michero yose yemiti yaive mubindu. Kunze kwemuchero vekuziva zvakanaka nezvakaipa. Anovaraira kuti musi vavanodya muti uyu zvirokwazvo vaizofa. Ngatitarisei muna Genesisi 3 nekuverenga kuti tikwanise kuona kuti chii chakaitika: “Zvino nyoka yakanga ina mano kupfuura mhuka dzose dzesango dzakanga dzaitwa naJehovha Mwari. Ikati kumukadzi, Nhai, ndizvo here kuti Mwari akati, ‘Regai kudya miti yose yomunda?’ Mukadzi akati kunyoka, Tingadya hedu michero yemiti pamunda, asi kana iri michero yomuti uri pakati pomunda, Mwari akati, ‘Regai kuudya, kana kuubata, kuti murege kufa.’ Nyoka ikati kumukadzi, Hamungafi zviro kwazvo, nokuti Mwari anoziva kuti nomusi wamunoudya nawo, meso enyu achasvinudzwa, mukava saMwari, muchiziva zvakanaka nezvakaipa. Zvino mukadzi akati achiona kuti muti wakanaka kudyiwa, uye kuti unofadza meso, uye kuti muti unodikanwa kungwadza munhu, akatora muchero yawo, akadya, akapawo murume wake, akadya naiyewo. Ipapo meso avo, ivo vaviri, akasvinudzwa, vakaziva kuti havana kusimira; vakasonanidza mashizha omuonde, vakazviitira nguvo” (Genesisi 3:1-7). Adhamu anopa mhosva Eva uyuwo Eva anopa mhosva kunyoka. Zvino Mwari anovabudisira kwavari pachena kuti vaifanirwa kuzotambudzika zvakaomarara nokuda kwekusaterera kwavo. Kusanganisira nenyoka, kana kuti Satani, zvakare. Kunyan-gwe vaininge vakaudzwa kuti nezuva iro rawaizatora muchero uyu vaizofa zvirokwazvo, uye vakasvika pakufa paMweya, nokuda kwechivi, chivi chakava pakati pavo naMwari, vakaparadzaniswa naMwari, nekuitwa vavengi vaMwari. Bhaibheri rinodzidzisa kuti Mwari haana chivi, kureva kuti akarurama, Mutsvene. Magwaro anoenderera mberi kutiudza kuti Mwari haanyepi, VaHeberu 6:18 uye haaedzi munhu, (Jakobho 1:13). Tinoudzwa zvakare kuti Kritsu, Mwanakomana vake, ainge asina chivi, (1 Petro 2:22). Zvose izvi kutaura kuti sezvo Mwari akarurama, uye achivenga chivi, asi munhu akava mutadzi, zvino hazvibviri kuti munhu ayanane naMwari kana achiri muchivi. Muporofita vaMwari anoti: “Tarirai, ruoko rwaJehovha haruna kupfupiswa, kuti rukoniwe kuponesa, nzeve yake haina kuremerwa, kuti ikoniwe kunzwa; asi zvakaipa zvenyu zvakakuparadzanisai naMwari wenyu, zvivi zvenyu zvakakuvanzirai chiso chake, kuti arege kunzwa” (Isaya 59:1,2). Zvakare tinoverenga: “Nokuti meso aShe ari pamusoro pavakarurama, Nenzeve dzake pakukumbira kwavo. Asi chiso chaShe chiri pamusoro pavanoita zvakaipa” (1 Petro 3:12).

Munguva yeTestamente Yekare Mwari aida kuti munhu achinge atadza azviyananisire kuchivi chake kubudikidza nekuita chibayiro. Kunze kweizvi, chivi chemunhu chairangarirwa gore rega rega zvoreva kuti chibayiro chechivi chaitwa gore negore, naizvozvo zvibayiro zvairamba zvichiitwa. Izvi zvichireva kutiropa rembudzi nemombe haraibvisa zvivi zvemunhu zvachose VaHeberu 10:1-4. Mukupedzisira

Mwari akatumira Mwanakomana wake mumwechete munyika kuti ave chibairo charurama kamwechete uye kunavose kuchivi chevanhu, VaHeberu 10:5-10. Petro anoti: “Nokuti makadanirwa izvozvo, Kristu zvaakakutambudzikirai vo, akakusiyirai mufananidzo, kuti mutevere makwara ake; iye usina kuita zvivi, nokunyengera hakuna kuvonekwa mumuromo make; iye wakati achitukwa, haanakutuka zve; wakati achitambudzika, haana kutyisidzira; asi wakaisa mhaka yake kunaiye unotonga zvakarurama; iye wakatakura amene zvivi zvedu mumuviri wake pamuti, kuti isu, kana tafa kuzvivi, tiraramire zvakarurama; iye wamakaporeswa namavanga ake” (1 Petro 2:21-24). Saka munhu ainge akarasika. Ainge ari muchivi, asina humwari, nekusarurama. Aisaponeswa nekururama kwake kana mukuita basa rakanaka. Aisaponeswa nemute-mo. Pauro anobva ati: “Wakatiponesa, asingazviiti nokuda kwamabasa akarurama, atakanga taita isu, asi nokuda kwenyasha dzake, nenzira yokushambidzwa kwokuberekwa kutsva nokuvandudzwa noMweya Mutsvene” (Tito 3:5). Zvakare anoti: “nokuti makaponeswa nenyasha, nokutenda; izvo zvisingabvi kwamuri, asi chipo chaMwari; hazvibvi pamabasa, kuti kurege kuva nomunhu unozvikudza VaEfeso 2:8,9. Naizvozvo, apo Kritisu akafa, pamuchinjikwa, semunhu akarurama, uye zvakare sechibayiro, akava muponesi vevanhu netariro. Zvino tinoverenga: “Nokuti Mwari wakada nyika nokudaro, kuti wakapa Mwanakomana wake wakaberekwa mumwe woga, kuti aninani unotenda kwaari, arege kuparara, asi ave novupenyu bwusingaperi. Nokuti Mwari haana kutumira Mwanakomana wake panyika, kuti arashe nyika, asi kuti nyika iponeswe naye” (Johane 3:16,17).

Zvakare, tinoverenga kuti kubudikidza nekufa kwaKritisu ropa rake rakaverera uye nokuda kweropa rake zvivi zvedu zvakakanganirwa. Pauro anoti: “Uyo watine dzikinuro maari neropa rake, iko kukanganwirwa kwokudarika kwedu, nokuwanda kwenyasha dzake” (VaEfeso 1:7). Kritisu pachezvake anoti: “Nokuti ichi iropa rangu resungano itsva, rakadururirwa vazhinji kuti vakanganwirwe zvivi” (Mateo 26:28). Asi kuti ropa raKritisu rikanganire zvivi zvemunhu, munhu iyeye anofanirwa kudzisa zvinhu zvinodikanwa naKritisu. Kritisu akataura kuti tinofanirwa kutenda kuti Mwanakomana vaMwari, Johane 14:1; Mabasa 8:37. Anotiudza kuti titendeuke kuzvivi zvedu, Ruka 13:3. Akataura kuti zvakakodzera kuti timupupure pamberi pevanhu Mateo 10:32. Uye pakupedzisira, anorayira rubhabhatidzo. Petro anoudza boka ravanhu, mushure mekunge vada kunzwa kuti vangaitesei, kuti vakwanise kutendeuka kubva muzvivi zvavo nekubhabhatidzwa muzita raJesu Kritisu kuti vakanganirwe zvivi zvayo Mabasa 2:38. Zvivi zvemunhu zvinoregererwa bedzi kana munhu achinge aterera Ishe uye ndiyo nzira inomuita kuti munhu akwanise kuenda pamberi paMwari seshamwari yake uye semwana. Uye kana munhu akaramba akatendeka, ropa raJesu Kritisu rinochenesa munhu akadai kubva kuzvivi zvake, (1 Johane 1:7).

Nokumwe kutaura, kunyangwe munhu ari mutadzi, zvivi zvake zvakavigwa kubva kuchiso chaMwari kubudikidza kubudikidza neropa raKritsu, ndokuti, kana achinge akazama kuisa mabasa ake sezvinoda Mwari. Zvino munhu anokwanisa here kutadza nebhoni kana kupikisa Mwari nekutadza zvakare zvivi zvizhinji zvinouya pakati pake naMwari. Kana zvadai inzira imwechete inoita kuti munhu akwanise kudzokera kuna Mwari, kuva mwana vaMwari asina kutendeka, unofanirwa kutendeuka muzvivi izvi, nekureurura mhosva dzako, nekukumbira Mwari ruregerero, (Jakobho 5:16). Apo Kritsu akafa kufira munhu, akava murevereri vemunhu, muyanansi vake, mumiriri vake, uye Mupirisita mukuru mukuzama kutiunza kutidzosa kuna Mwari uye kumumiririra kuna Baba, (1 Timoti, 2:5; VaEfeso 2:16; 1 Johane 2:1; VaHeberu 8:1; VaHeberu 10:21). Shamwari dzangu, tiri vatadzi, mweya yakarasika. Hatikwanise kuzviponesa pachedu kane mumwe munhu kana mitemo yavanhu kana sangano ringatiponesa. Hatikwanise kuita kupa chioko muhomwe kuti munhu avane nzira yekuenda kudenga. Asi kuti tiri pasi petsitsi dzaIshe. Hatisi panzvimbo yekuchema chema naye. Tinofanirwa kuzvipira kwaari, nekumukumbira kuti atinzwire tsitsi pamusoro pemweya yedu. Asi teerera kune shoko rakanaka kwatiri. Kritsu akatifira kuti tiponeswe, tiyananiswe naMwari, uye nerimwe remazuva kundogara naMwari kudenga zvachose. Asi sezvataurwa kumashure, kune maitirwo. Mwari anoda kuona kuti tinotenda sei kwaari, tirikudii chinoratidza kuti tinoshuvira kuponeswa. Kwete izvi hazvingaite kuti tikwanise kuvana roponeso. Hatikwanise kumuitira zvakamukwanira mukubhadhara zvose Mwari anotira. Asi anongoda kuti titende maari, nekubva muzvivi zvedu mukumutevera, nekumupupura seMwanakomana vaMwari, nekubhabhatidzwa, kana kuti kuvigwa mibvura, kuti tiyanane neropa raKritsu uye nekusukwa zvivi zvedu mukukanganirwa kwazvo, (Mako 16:16; Mabasa 2:38; Mateo 10:32; VaRoma 6). Mukuita kudaro, Ishe anotiregerera, anotiponesa, anotisuka zvivi zvedu zvose, anotivedzera mukereke yake umo tinomushandira nekuzadziwa naye mukusvikira mukufa kuitira kuti tikwanise kuenda tose kudenga rimwe ramazuva, uko tinondogara naye nekusingaperi.

Chidzidzo 7

Sei Evhangeri Riri Simba RaMwari Reкупonesa

Sei munhu vese achifanirwa kuponeswa? Kutaura kuti munhu anofanirwa kuponeswa zvinoreva kuti anenge akarasika, ari monjodzi, anoda kubatsirwa kubudiswa, munhu anenge asina kukwana maari pachake. Kunokwanisa kuve nevanhu vazhinji vanokwanisa kurangarira kufunga uku kwakadai. Asi ava ndivo vanhu vanenge vari muchimiro chisina kumira mushe zvachose. Zvakaoma zvakanyanya

kuva vakarasika, uye kuziva kuti vakarasika, kunyanya kana usingazive kuti ungaponeswa sei, asi kana vakarasika usingazivi kuti vakarasika, kunyanya usingazive kuti ungaitesei kuti uponeswe, asi kana vakarasika usingazivi kuti vakarasika, kana kuti uzingabvume kuti vakarasika, ungabatsirika sei? Kune vazhinji vakarasika, asi vano-funga kuti vakaponeswa, uye kuti vari muchimiro chekuponeswa. Vanhu ava vanoda rubatsiro asi vanonetsa kusvika kwavari.

Asi mukudzokera shure mumubvunzo, sei munhu achirasika? Munhu anorasika nokuti ari muchivi, uye saka mutadzi. Chivi kudarika murayiro 1 Johane 3:4 uye kusarurama kwose chivi, (1 Johane 5:17). Saka chivi chinoitwa kana munhu aita chakai-pa kana kukanganisa, kana kutyora mutemo vaMwari. Johane anoti: “Uyo, unoita zvivi, ndowaDhiabhorosi, nokuti Dhiabhorosi unoita zvivi kubva pakutanga. Mwanakomana vaMwari wakavoneswa nemhaka iyi kuti aparadze mabasa aDiaborosi” (1 Johane 3:8). Pairo anoti, vose vakatadza uye hapana vakanaka, (VaRoma 3:23; VaRoma 3:10). Zvirokwazvo, aitura kune avo vanokwanisa kuzvipindurira mukuita kwavo. Jakobho anoti: “Naizvozvo uyo, unoziva kuita zvakanaka, akasazviita, iye un-ezvivi” (Jakobho 4:17).

Kana munhu ari muchivi nekurasika, anofanirwa kuita sei kuti azvibvise mu-chivi? Haakwanise kuzviponesa pachezvake, pachokwadi. Vamwe vatadzi havak-wanise kumuponesa, mabasa akanaka ega haakwanise kumuponesa. Ipapo, panenge pachiri netariro here? Ehe, tariro inenge ichiripo. Pane tariro sezvo pane mumwe anotida uye anoda kugadzira nzira yekubuda nayo kwatiri.

Kwemakore ane mazana Mwari aida kuti vanhu vabaire mhuka mukuyanandise zvivi zvavo. Asi zvaisareva kuti chivi chemunhy chaibva chapera zvachose, sezvo zvivi zvake zvaizoramba zvichirangarirwa gore negore, (VaHeberu 10:1-4). Nokudaro, Mwari akaita chibayiro chikuru kubudikidza nekutumira Mwanakomana vake kuti ait-we chibairo pamuchinjikwa, kamwe uye kunavose nokuda kwezvivi zvenyika, (Johane 3:16; VaRoma 5:8). Munyori veVaHeberu anoti, pamusoro paKritsu: “Asi murume uyu wakati abayira chibayiro kamwe chete pamusoro pezvivi, akagara nokusingaperi kurudyi rwaMwari; kubva zvino achimirira kusvikira vavengi vake waitwa chitsiko chetsoka dzake. Nokuti nechibayiro chimwe chete wakakwanisa nokusingaperi avo vanoitwa vatsvene” (VaHeberu 10:12-14).

Apo Kritsu akatifira pamuchinjikwa nekuda kwezvivi zvemunhu, uye mushure mekuvigwa kwake, akamuka, chinowa chiratidzo chaizadzisa kubva kwake kuna Mwari nokuwa Mwanakomana vaMwari, zvakare Muponesi, iri ishoko rakanaka. Shoko rakanaka nokuti zvino munhu vose akukwaniswa kuponeswa uye nekuva ne-tariro yehupenyu husingaperi. Ndiro shoko rakanaka kana munhu achinge aritenda uye nekuriisa muhupenyu hwake.

Pauro anonyora: “Nokuti aninani unodana kuzita raShe, uchaponeswa. Zvino vachagodana seiko kunaiye, wavasina kutenda kwaari? Vachatenda seiko kunaiye, wavasina kunzwa? Vachanzwa seiko kana kusunomuparidzi? Vachaparidza seiko, kana vasingatumwi? Sezvazvakanyorwa, zvichinzi: Dzakanaka sei tsoka dzavanoparidza Evhangeri yorugare, namashoko omufaro ezvinhu zvakanaka!” (VaRoma 10:13-15).

Zvakare Pauro anoti: “Nokuti handidi, hama dzangu, kuti murege kuziva kuti madzibaba edu ose akanga ari pasi pegore, vuye kuti vose vakayambuka gungwa; vose vakabhabhatidzwa munaMosesi mugore nomugungwa; vose vakadya zvokudya zvimwe zomweya; vose vakanwa zvokunwa padombo romweya rakavatevera; dombo iro rakanga riri Kristu” (1 Vakorinte 10:1-4).

Asi mifungo yavanhu inoponesa here? Ko kuparidza kunomuponesa here? Kana kuti munhu akatenda kwaari anopineswa here? Ngaticherechedzei tione kuti magwaro anotii. Mushure mekufa kwaIshe, kuvigwa nokumuka asati adzokera kuna Baba kudenga, akataura kuvaApotsora: “Akati kwavari: Endai munyika yose muparidzire zvisikwa zvose Evhangeri. Unotenda, akabhabhatidzwa, uchaponeswa; asi usingatendi uchatongwa” (Mako 16:15,16). Mateo anonyora mashoko aShe vedu sokudai: “Zvino Jesu akati kwavari, musatya endai mundovudza hama dzangu kuti vaende Garirea vagondivonako. Muvadzidzise kuchengeta zvose zvandakakurairai imi. Tari-rai ndinemi mazuva ose, kusvikira pakuguma kwenyika” (Mateo 28:10,20). Ruka mukunyora kwake anoti: “Akati kwavari: Ndizvo zvakanyorwa, kuti Kristu uchatambudzika, agomuka kuvakafa nezuva retatu; kuti marudzi ose aparidzirwe nezita rake kutendevuka nokukangamwirwa zvivi, vachitanga paJerusarema” (Ruka 24:46,47).

Mukutaura kwose kuri kutatu, Kritisu anoudza vaApotsora kuti vaifanirwa kuenda kunyika dzose, kunyangwe kumunhu umwe neumwe, kundoparidza evhangeri. Mukuparidza evhangeri vaifanorwa kunge vari vanotaura shoko rakanaka rekufa kwaIshe. Kuvigwa, nekumuka. Asi izvi yaive mufungo yavanhu. Hakuna here chimwe chinoparidzwa? Ishe vakaraira vaApostora kuti vadzidzise zvimwe here? Hongu vaifanirwa kuparidza pamusoro perubhabhatidzo uye vaifanirwa kubhabhatidza vatendi muzita raBaba, neroMwanakomana neroMweya Mutsvene. Asi izvi zvinei nechekuita nekufa, kumuka, uye kumuka kwaKritisu? Patinenge tichidzidza kubudikidza nebhu-ku raMabasa, tinoona kuti panezvose izvi zvehurukuro, pane kuparidzwa kwaKritisu, kana kuti evhangeri, kana shoko rakanaka iro vanhu vanonzwa nekurizwisisa. Zvichiteverwa nekuritenda, uye kupupura kutenda kwavo muna Kritisu seMwanakomana vaMwari, zvakare mukupedzisira vanofanirwa kubhabhatidzwa. Zvakare zvose izvi zvinei nechekuita nekufa, kuvigwa, nekumuka kwaKritisu? Zvinongoreva kuti Kritisu haana kungofa bedzi kuti munhu aponeswe, asi pakaitwa zvinhu zvaitarisirwa kuti vano vakwanise kupineswa pasati pavaniswa ruponeso rwacho. Mwanakomana vaM-

wari, mumwechete akafira pamuchinjiko kuti vanhu vaponeswe, akapihwa masimba ose kudenga nepanyika, aine masimba ose okuraira munhu kuita mukuitwa kwezvinhu. Aitaura muchidimbu kuti kana munhu achinge ada kuponeswa, anofanirwa kutenda. Anofanirwa kutenda muna Mwari uye anofanirwa kutenda muna Kritisu. Anofanirwa kutendeuka kubva kuzvivi kana kutendeuka kubva kuzvose zvakaipa. Chimwe chinhu, anofanirwa kupupura Kritisu seMwanakomana vaMwari. Uye mukupedzisira, anofanirwa kubhabhatidzwa, kuvigwa mumvura, kuti zvivi zvake zvikwanisike kusukwa mukukanganirwa. Zvino kana achinge aita sokudaro, anofanirwa kuratidza kuna Jesu kuti anotenda kwaari uye kuti anoda kuponeswa. Pauro anobva ati munesimba muevhangeri, nokuti, Ishe vanoshanda kubudikidza nekufa, kuvigwa, uye nerumuko. Iye anoti: “Nokuti handinyari pamusoro peEvhangeri; nokuti isimba raMwari rokuponesa mumwe nomumwe unotenda, kutanga muJudha, vuye muGiriki vo. Nokuti mairi kururama kwaMwari kunoratidzwa kunobva pakutenda kuchienda kukutenda; sezvazvakanyorwa, zvichinzi: Wakarurama uchararama nokutenda” (VaRoma 1:16,17).

Muna VaRoma 6 Pauro anoratidza kuti Kritisu akafa, akavigwa, uye ndokumuka kubva muguva. Anoenderera mberi nekuratidza kuti munhu mumwe nemumwe kana achiteerera Ishe anofanira kusangana nekufa, kuvigwa nekumuka kubva mubwiro remvura, kubudikidza nokuita kwake. Nemamwe manzwi, munhu anotenda kuna Kritisu, anotendeuka kubva muzvivi zvake, kana kufa kuzvivi, zvinova chipupuro chekufa kwaKritisu. Mukupedzisira, semumhu paanobuda kunze kwemvura semunhu mutsva, munhu anenge aregererwa uye nekuva akasununga kubva pazvivi zvake zvekare, zvinotarisirwa maringe nekumuka kwaIshe. Cherechedza manzwi aya kubudikidza naPauro: “Ko hamuzivi here kuti isu takabhabhatidzwa muna Kristu Jesu, takabhabhatidzwa murufu rwake? Naizvozvo pakubhabhatidzwa takavigwa pamwe chete naye murufu; kuti saiye Kristu akamutswa kuvakafa nokubwinya kwaBaba, saizvozvo nesuvo tifambe novupenyu hwutsva. Nokuti kana takava vamwe naye pakufanana naye, parufu rwake, tichadaro vo pakumuka kwake; tichiziva izvi, kuti munhu wedu wekare wakaroverwa pamuchinjikwa pamwe chete naye, kuti muviri wezvivi ushaiswe simba, tirege kuzova varanda vezvivi” (VaRoma 6:3-6). Anoenderera mberi kutaura: “Asi Mwari ngaavongwe, nokuti imi maiva varanda vezvivi, mukazoterera nomoyo rudzi urwu rwedzidziso yamakaiswa kwairi. Makasunungurwa pazvivi, mukava varanda vokururama” (VaRoma 6:17,18). Dzidziso kufa, kuvigwa, nekumuka kwaKritisu. Chimiro chekuteerera chinobuda apa chinoraidza kuteerera kwedzidziso. Sezvataurwa kare, vairatidza mufananidzo verufu, kuvigwa, uye kumuka kubudikidza nekufa kuzvivi, nokuva vanovigwa mumvura yerubhabhatidzo, uye nekubuda mumvura, ndiku kunova kumuka kubva mubwiro remvura mukufam-

ba muhupenyu hutsva, kuva chisikwa chitsva, nekuva muteveri vaKritsu mutariro yehupenyu husingaperi husina magumo. Muna 2 VaTesaronika 1:7-9, Pauro anotaura kuti Ishe vachadzoka rimwe ramazuva kuzoranga avo vasigateereri evhangeri. Zvakare Petro anotaura kuti avo vasingateereri mushoko raMwari vanosvika pakurasika 1 Petro 4:17. Saka evhangeri harisi chinhu chekuti munhu anongotenda bedzi, asi kuti rinova zvakare iro munhu anofanirwa kuteerera. Kana munhu akaritenda nekuriteerera, Ishe anomuponesa nekumuvedzera mukereke yake.

Evhangeri rakanyorwa muMagwaro. Pauro anoti: “Nokuti kana ndichiparidza evhangeri, handina chandingazvirumbidza nacho, nokuti ndinoroveverwa; ndinenhamo, kana ndisingaparidzi Evhangeri” (1 Vakorinte 9:16). anotaura zvakare kuti chituko chaMwari chiri pamusoro pake munhu uyo kana achinge aparidza rimwe evhangeri VaGaratia 1:6-9. Munemamwe manzwi, aifanirwa kuparidza evhangeri, asi aisafanirwa kuparidza imwe evhangeri yakasiyana neevhangeri yekutanga imwechete yechikwadi, sezvo pasina rimwe Evhangeri kunze kwerimwechete rakaparidzwa.

Shamwari yangu, vakamboteerera here evhangeri yaKritsu? Vakatenda kwairi here? Unotenda here nhasi? Ndinonamata kuti uteerere nekuritenda. Ishe haana imwe nzira yekukuponesa iwe kunze kwekutenda.

Chidzidzo 8

Sei Kutenda Kwakanyanyo Kukosha.

Chii chinombonzi kutenda? Tine here imwe nzira yatingatsanangura nayo kutenda? Ngatiende kuna VaHeberu 11:1 umo munyori anoti: “Zvino kutenda ndirwo rusimbiso rwezvinhu zvatinotaririra, umbowo hwezvinhu zvatingavoni.” Mukutsanangura ndichienzansira ndinotenda kuti varume vakaita sanaAbrahamu, Mosesi, Davita, Elija nevamwe vakararama asi handina kubvira ndambowaona. Tine umboo nerutsigiro zvakasara zvinotiratidza kuti vanhu ava vakararama. Nyaya dzavo dzakanyorwa muBhaibheri. Handina chikonzero chekusavimba neBhaibheri. Nokudaro ndinobvuma rupopuriro urwu, uye nekubudikidza nekuvimba kwangu muMagwaro, ndinotenda kuti vanhu ava vakararama. Zvimwechete ndinekutenda kuti Kritsu, Pauro, Peter, uye nevamwe vakararama mumakore zana ekutanga. Munyaya iyi, zvakaita seapo Pauro anonyora muna VaRoma 10:17 anoti: “Naizvozvo kutenda kunovuya nokunzwa, nokunzwa kunovuya neshoko raMwari.”

Tine vatungamiri vazhinji vakuru vakuru venyika vandisati ndasangana navo, asi ndine kutenda kuti variko vanorarama. Pane umboo vunoita kuti ndiwe nekutenda kuvepo kwavo. Pane kutaurwa kunoitwa pamisoro pavo uye mifananidzo yavo mumapepa nhau. Ndakavaona mumasaisai uye ndikanzwa inzwi rawo mukutepfenyura.

Nokuti vose humboo uyu ndicho chokwadi ichi chinobva kunezvinhu zvinovimbika zvinoita kuti nditende kuti vatungamiri ava variko.

Zvimwechete, handisati ndamboona Mwari, asi handisi ndega ndisati ndamuona. Johane anoti: “Hakuno munhu wakambovona Mwari; kana tichidana, Mwari unogara matiri, norudo rwake runokwaniswa matiri” (1 Johane 4:12). Asi kunyan-gwe ndisina kuona Mwari, ndichingori nokutenda kuti anorarama. Sei ndichitenda? Nokuda kweumboo uzhinji vaanondiratidza unondipa chivimbo chekuti ariko. Kune kusikwa kwose kwakaitwa, Genesisi 1:1, Bhaibheri rinotitaurira nezvake 2 Timoti 3:16,17, uye kukosha kwake kwatiri Jeremiya 10:23. Munyori veHeberu anoti: “Kana kusina kutenda hazvibviri kumufadza; nokuti unovuya kunaMwari, unofanira kutenda kuti iye uripo, vuye kuti unopa vanomutsvaka mubairo wavo” (VaHeberu 11:6).

Zvimwe tine kutenda kwakapofomara kana kutenda kusina maturo, Ishe anotaura nesu kuti tikwanise kumuziva kunyanya chido chake pamusoro pemunhu. Akataura nesu kubidikidza neMwanakoma. Pakubwinya kwaKritsu, Mwari akataura kubva kudenga: “Wakati achataura navo, tarira, gore rinobwinya rikavafukidza; inzwi rikabva mugore, richiti: Uyu Mwanakomana wangu unodikanwa, wandinofarira mumunzwei” (Mateo 17:5). Munyori veHeberu anoti: “Mwari wakataura kare kunamadzibaba muvaporofita nemigove mizhinji, vuye nemitovo mizhinji, zvino pakupedzisira kwamazuva ano wakataura kwatiri muMwanakomana wake, waakaita muddyi wenhaka yezvinhu zvose, waakaita vo naye nyika” (VaHeberu 1:1,2). Ko nhasi Mwari anotaura kwatiri nemutowo upi? Kubudikidza naKritsu, zvirokwazvo uye nemumanzwi akanyorwa mumagwaro. Jakobho anotaura nezvazvo semutemo verusununguko, Jakobho 1:25. Pauro anoti: “Rugwaro rwose rwakafuridzirwa naMwari, runobatsira pakudzidzisa, nokuraira, nokururamisa, nokuranga kuri mukururama, kuti munhu waMwari akwane, agadzirirwa kwazvo mabasa ose akanaka” (2 Timoti 3:16,17). Petro anoti: “Nokuti ivo, kana nenzira yokuziva Ishe, Muponesi Jesu Kristu, vambotiza havo zvinosvibisa zvenyika, kana vakabatwa nokukundwa zve nazvo, kuguma kwavo kwaipa kupfuvura kutanga kwavo. Nokuti zvaiva nani kwavari kana vasaiziva nzira yokururama, pakuti vadzoke pamurairo mutsvene wavakapiwa, wavakanga vambouziva havo” (2 Petro 2:20,21). Anotaura mune chimwe chiitiko, “Zvamakanatsa mweya yenyu muchiterera zvokwadi Mumweya, kuti mude hama nokusanyengera, munofanira kudana zvikuru nomoyo wose; nokuti makaberekwa kutsva, zvisingabvi pambeu inovora, asi pane isingavori, neshoko raMwari benyu rinogara nokusingaperi. Nokuti, Nyama yose yakaita sovuswa, Nokunaka kwose seruva rovuswa, Vuswa bwunosvava, neruva rinowira pasi; Asi shoko raShe rinogara nokusingaperi. Ndireri shoko romufaro ramakaparidzirwa” (1 Petro 1:22-25).

Zvino kana Ishe akataura kwatiri, seizvo zvakanyorwa muBhaibheri, zvino zva-

va kuneve neni kuti tiverenge nekudzidza inzwi raMwari kuti tikwanise kuziva kuti Mwari anodei kwatiri nhasi. Pauro anoti tinofanirwa kudzidza 2 Timoti 2:15, uye Kritsu anoti tinofanirwa kunzvera magwaro Johane 5:39. Asi sei tichifanira kuverenga nekudzidza shoko raMwari? Zvakare, kuti tikwanise kuziva kuda kwaMwari, nekutenda izvo anenge ataura nekumuteerera.

Tine nzira mbiri dzatinokwanisa kurasika nadzo kana tisina kunzwisisa kuti Mwari anorarama uye kuti akatiratidza zvaanoda kwatiri. Chekutanga, tinokwanisa kuramba kutenda muna Mwari zvisinei neizvo akataura. Chechipiri, Tinokwanisa kubvuma pfungwa yekuti Mwari anorarama, kuti Kritsu Mwanakomana, uye kuti Bhaibheri rine inzwi rake, asi torega kusarudza kuteerera Ishe. Kune vazhinji vazere munyika nhasi vanopupura kuti kutenda kwoga kunopoesa. Vanonongedzera kuzvinyorwa zvemumagwaro zvakaita saJohane 3:16 apo panenge pachitaurwa nhau yekutenda bedzi. Asi mubvunzo unoti: kana tichitenda kuna Ishe, hatingaite here zvaanotiudza kuti tiite? Kana tichinge tatadza kuteerera kudzidzisa kwake, tingati tine mhando yekutenda yaanofadzwa nayo here?

Jakobho unokurukura pamusoro pekukosha kwekutenda, apo anoti: “Zvinobatsirei hama dzangu, kana munhu achiti: Ndinokutenda, asi asinamabasa? Ko kutenda uko kungamuponesa here? Kana kunehama, murume kana mukadzi, asina zvokufuka, unoshaiwa zvokudya zuva rimwe nerimwe, mumwe wenyu akati kwavari: Endai henyu nomufaro, mudziyirwe, mugute, musingavapi izvo zvinodikanwa nomuviri, zvinogobatsirei? Saizvozvo, vo, nokutenda kana kusinamabasa, kwakafa hako. Asi mumwe ungati: iwe unokutenda, neni ndinamabasa; ndiratidze kutenda kwako kusina mabasa, neni ndigokuratidza namabasa angu kutenda kwangu. Iwe unotenda kuti Mwari ndiye mumwe chete; unoita zvakanaka; mweya yakaipa inotenda vo izvozvo, ichidedera. Zvino iwe munhu wovupenzi, unoda kuziva here kuti kutenda kusinamabasa kwakafa? Ko Abhurahamu, baba vedu, haana kururamiswa namabasa here, nguva yaakabayira mwanakomana wake Isaka paaritari? Unovona kuti kutenda kwake kwakabata pamwe chete namabasa ake, vuye kuti kutenda kwake kwakakwaniswa namabasa; rugwaro rukaitika, runoti: Abhurahamu wakatenda Mwari, kukanzi kwaari ndiko kururama; akanzi hama yaMwari. Munovona kuti munhu unoruramiswa namabasa, haaruramiswi nokutenda bedzi. Saizvozvo vo, Rakabhi, chifeve, haana kururamiswa here namabasa, nguva yaakachingamidza nhume, nokuvaendisa neimwe nzira? Nokuti somuviri usinomweya wakafa, saizvozvo kutenda kusinamabasa kwakafa vo” (Jakobho 2:14-26). Sekutsanangura kwaJakobho, kutaura kuti kuve nekutenda, zvakatosiyana nekutaridza kutenda kwacho. Chii chinokwaniswa kuitwa nokutenda bedzi? Kana kuti kwakakosherei? Sekutaura kwaJakobho, kwakafa. Kutenda kunehupenyu kutenda kune mabasa.

Asi kana kutenda kuine mabasa kunoteverwa neruponeso rwunovanikwa nenyasha. Pauro anoti: “Nokuti makaponeswa nenyasha, nokutenda; izvo zvisingabvi kwamuri, asi chipo chaMwari; hazvibvi pamabasa, kuti kurege kuva nomunhu unozvikudza” (VaEfeso 2:8,9). Zvirokwazvo munhu haangaite mabasa akanaka akakwana asiri munaMwari kana kusaita zvinodikanwa kuti aponeswe nekuenda kudenga. Kana kuti munhu angaponeswa nekuchengeta mutemo vaMosesi. Zvakare Pauro anotaure kuti kune zvinhu izvo munhu unopikisa. Anotsanangura pano kuti nokuda kwenyasha dzaMwari Takaponeswa kubudikidza nokutenda. Izvi zvinorevei? Zvinoreva kuti nyasha dzinimirira Mwari asi kutenda kunimirira munhu. Mwari akatipa ruponeso kubudikidza nenyasha dzake, asi zvakunedungamunhu kuti akwanise kubvuma ruponeso kubudikidza nokutenda kwake. Asi kana Mwari akatipa, asi isu tikaramba kugamuchira, zvirokwazvo hatिंगaponeswa. Kana Mwari atipa tikagamuchira, anotiponesa. Asi tingagashira sei? Kubudikidza nekutenda izvo zvaanenge ataura nekuita izvo anenge atiudza kuti tiite. Asi kana tine zvatinenge taita, hazvirevi here kuti ruponeso harichipo nokuda kwenyasha? Kwete zvachose. Hatizvike patingati tateerera Mwari pakusvika pachidano chekuti tave neruponeso.

Kana tikavhura mubhuku raMabasa nekuverenga nyaya dzekutendeuka dzakanyorwa mariri, tinoona kuti munezviitiko zvose evhangeri, kana kuti kuda kwaIshe, kwairatidzwa kune avo vaida kuponeswa. Kubudikidza nokunzwa shoko raMwari, vaiita vatendi. Asi zvaisareva kuti vaibva vaponeswa apa. Asi, nokuda kwehwaro dzekutenda kwavo vaienderera mberi mukutendeuka kubva muzvivi zvavo, mukupupura Kritisu seMwanakomana vaMwari, nekubhabhatidzwa mukukanganirwa zvivi zvavo. Pakarepo pawakaita sokudaro, Ishe akavaponesa nekuvavedzera mukereke yake. Verenga Mabasa muzvitsauko zvinoti, 2,8,9,10 ne16 dzose dzakadaro. Asi vangave vakaponeswa nekutenda bedzi? Kwete hakuna kana mumwechete. Zvinokwanisika bedzi kana kutenda kwavo kwakasimba kuvatungamira kuteerera Ishe kuti vaponeswe. Ichi ichokwadi. Kritisu anoti munhu anofanirwa kutenda uye kubhabhatidzwa kuti aponeswe, Mako 16:16. Tomboti munhu atenda asi haasi kuda kubhabhatidzwa? Anoponeswa here? Maringe na Mako 16:16 hazviite. Michiitiko chakaita seichi anenge ari muboka revanhu vasingatendi, uye Kritisu anotaure kuti kana munhu asingatendi, anokarasika. Asi kana tichitenda munaIshe, tinoita izvo anotaure nguva dzose asi tiine kutenda.

Kutenda kwemhando yakadii kwauinako? Kutenda kwako kutenda kunemabasa here? Unoda kuita sokutenda kwako here? Kana ukatenda Mwari anokuponesa nekukavedzera mukereke yake.

Chidzidzo 9

Sei Kutendeuka Kwakakodzera

Kutendeuka chidzidzo chemuBhaibheri. Zvonoreva kuva neshanduko mupfungwa, kuchinja kwemararamiro kunotungamira mukushanduka kwehupenyu. Panguva imwechete kutendeuka chinhu chikuru kudarika kungoitwa kwekukumbira ruregerero kwechinhu chinenge chaitwa. Kusuwa kunofanirwa kuvepo mukutendeuka asi munhu kazhinji anokumbira ruregerero kuzvivi zvake nokuti anenge abatwa. Muchiitiko chakadai, anenge achiri kutarisirwa kutendeuka kana kusiya kuita zvinhu izvi zvinova zvakaipa kana kukanganisika muhupenyu hwake. MuApostora Pauro anoti: “Nokuti kuchema sezvinoda Mwari kunovuyisa kutendeuka, kunoisa kukuponeswa kusingazvidyi moyo; asi kuchema kwenyika kunovuyisa rufu” (2 Vakorinte 7:10).

Ishe vanotsanangura kutendeuka munyaya yemunhu ainge ane vanakomana vaviri. Tinoverenga: “Zvino munofungeiko? Mumwe munhu wakanga anavana vaviri; akaenda kunowokutanga, akati: Mwana, enda nhasi kundobata mumunda wangu wemizambiringa. Iye akapindura akati: Handidi; asi pashure akazvidya moyo, akenda. Akaenda kunowechipiri, akataura saizvozvo. Iye akapindura, akati: Ndinoenda, Ishe; akasaenda. Ndoupiko kunaivavo vaviri wakaita kuda kwababa vake? Vakati: Wokutanga. Jesu akati kwavari: Zvirokwazvo ndinoti kwamuri: Vateresi nezvifeve vanokutangirai kupinda muvushewaMwari. Nokuti Johane wakavuya kwamuri nenzira yokururama, mukasamutenda, asi vateresi nezvifeve vakamutenda. Imi makati muchivona izvozvo, hamuna kuzozvidya moyo mukamutenda” (Mateo 21:28-32).

Apa Jesu aitura nemapirisita makuru uye nevatariri venguva yake panyika. Nokumwe kutaura, vaive vanhu vezvitendero. Asi vaiwe vari vakarasika muzvitendero. Jesu zvino ainge achivataurira kuti vaifanirwa kutendeuka. Uye anovatsanangurira kuti zvinorevei kutendeuka. Anoti munhu anenge atendeuka ndeuyu ainge amboti haadi asi akazoshanduka mufungo vake akazoonza achifanirwa kuita zvainge zvarehwa nababa vake Mumwe mwanakomana akabvuma kuti aigoenda kundoshanda mumunda vababa vake vemudzambiringa asi haana kuzoenda. Kritsu anobvunza vanhu vaimuteerera ndeupi Mwana akaita kuda kwababa. Vanoti vekutanga, uyo akatanga aramba asi akazoonza zvakakodzera kuti aende. Ishe akati vanyori nepfambi dzenguva iyoyo vaikwanisa kupinda muvushewaMwari kukunda vanhu vaizviti vatendi munguva iyi, nokuti vanyori nepfambi vainge vatendeuka, asi vapirisita nevatariri vainge vasina.

Asi sei kutendeuka kwakakodzera? Nokuti nyika yakazara nezvivi, kusarurama, kusavane humwari, unzenza, uye nemabasa enyama. Hazvinei kuti chivi chiri mupfungwa, mukutaura kunoita munhu, kana muhupenyu vemunhu, chivi chivi

chinouraya. Pauro unotaura kuti: “Nokuti mubairo wezvivi ndirwo rufu; asi chipo chokungopiwa chaMwari ndibwo vupenyu bwusingaperi munaKristu Jesu, Ishe wedu” (VaRoma 6:23). Zvakare, anoti: “Musanyengerwa; Mwari haasekwi; nokuti izvo zvinodzvara munhu, ndizvo zvaanocheka zve. Nokuti unodzvarira nyama yake, uchacheka kuvora, kunobva panyama; asi unodzvarira mweya, uchacheka vupenyu bwusingaperi, bwunobva kumweya” (VaGaratia 6:7,8).

Kana chivi chichiparadza, uye kuti chiri munyika ino, ndiyani anofanirwa kutendeuka kana kubva machiri? Vanhu vose vakukwanisa kuziva chakanaka nechakaipa, sezvo vose vanoziwa chakanaka kana chakaipa vorega kuita vanenge vachitadza, (VaRoma 3:23). Vanenge vaputsa mutemo vaMwari kana kusiya kuita kuda kwaIshe.

Tikadzokera munguva ye Testamente Yekare nyika yakave nehuipe zvekuti kunyanzwe Mwari vakazvidemba pamusoro pemunhu. Zvichireva kuti akasvika kudemba kuti ainge akasikirei zvake munhu nokuda kwehuipe hwake. Zvino Mwari akatumira Noah, murume aive akarurama, kuti azoparidza kutendeuka kuvanhu uye nekuvaraira kuti kana vakasatendeuka vaizovika pakuparadzwa nemafashamo emvura huru. Vakateerera here, vakatendeuka here kubva mukuipa kwavo, vaizovika pakuregererwa mukunzvirwa tsitsi. Asi havana kuteerera, nokuda kwekusateerera kwavo vakaparadzwa vose nemvura kunze kwaNoah, nemudzimai vake, nevanakomana vake vatatu nemadzimai avo vakasvika pakuponeswa mukuparadzwa nemvura, Genesisi 6-8.

Zvichida unorangerira nyaya yaJona. Tinoverenga: “Zvino shoko raJehovha rakasvika kuna Jona mwanakomana waAmitai, richiti, Simuka, uende Ninivhe, riya guta guru, undoriparidzira, nokuti kuipa kwavo kwakwira pamberi pangu. Asi Jona akasimuka achida kutizira Tashishi abve pamberi paJehovha; akaburukira Jopa, akawana chikepe chakanga choenda Tashishi, akabudisa mari yacho yokufamba, ndokupinda mukati macho, kuti aende navo Tashishi abve pamberi paJehovha” (Jona 1:1-3). Chinorwa chinoenderera mberi kutsanangura kuti sei kwakaita mafungu mugungwa, uye vaivemo, vakaona kuti Jona ainge ariye aikonzeresa, vakamutora pakerepo ndokumukandidzira mugungwa. Asi Ishe vakaita hove huru kuti imumedze, uye akagaramo mudumbu rehove iyi kwemazuva matatu nehuisiku hutatu. Zvino Ishe vakaita hove indomurutsira kumahombekombe egungwa.. Mukuverenga muchinyorwa chinoti: “Zvino shoko raJehovha rakasvika rwechipiri kuna Jona, richiti, Simuka, uende Ninivhe, riya guta guru, undoriparidzira zvandichakuraira kuti uparidze. Ipapo Jona akasimuka, akaenda Ninivhe, sezvaakarairwa neshoko raJehovha. Zvino Ninivhe raiva guta guru-guru, rwendo rwamazuva matatu kupfuura nomo. Jona akatanga kupinda muguta, achifamba rwendo rwezuya rimwe, akadana, achiti, Kwasara mazuva makumi mana, ipapo Ninivhe richaparadzwa. Vanhu veNinivhe vakatenda Mwari, vakatara nguva yokuzvinyima zvokudya, vakafuka masaga, kubva kuvakuru pakati

pavo kusvikira kuvaduku pakati pavo. Shoko rikasvika kuna mambo weNinivhe, akasimuka pachigaro chake choushe, akabvisa nguo yake, akafuka saga, nokugara mumadota. Akaraira, akaparidza muNinivhe rose chirevo chamambo nechavakuru vake achiti, Vanhu kana zvipfuwo, kana mombe kana makwai, ngazvirege kutongoravira chinhu, ngazvirege kufura kana kunwa mvura; asi vanhu nezvipfuwo ngazvifukidzwe masaga, ngavadane kuna Mwari nesimba; ngavatendeuke mumwe nomumwe panzira yake yakaipa napakuita nesimba namaoko ake. Ndianiko angaziva, zvimwe Mwari ungadzoka akazvidemba, akadzoka pakutsamwa kwake kukuru, tikarega kuparadzwa? Mwari akaona zvavakaita, kuti vakatendeuka panzira yavo yakaipa, Mwari akazvidemba pamusoro pezvakaipa zvaakati ndichavaitira; akasazviita” (Jona 3). Unoona kuti Jona akatendeuka mukubva mukuzama kutiza pamberi paMwari nebasa raainge apihwa, asi paakazoenda kunoparidza kuNinevha guta guru rakatendeuka rikabva mukutadza kwaro. Mukupedzisira, Mwari akashandura pfungwa dzake dzekuda kuparadza Nenevha asi akainzwira tsitsi nokuti vanhu vemuguta rose vainge vatenda kutendeuka. Tinoona izvi apo inzwi raMwari rinoparidzwa, uye kana richinge rabudisa kutendeuka, zvinova zvinoita kuti Mwari anzwire tsitsi nekusaparadza vanhu vake. Asi dai kutendeuka kusina kuitika zvose izvi zvimwe dai zvakaparadzwa.

Munguva yeTestamente Yekare Mwari anokumbira kumaIsraeri nguva nenguva kuti vabve mukuipa nekufamba maringe nekuraira kwake. Anovavimbisa kuti kana vachinge vaita sokudaro anova Mwari vavo, nekuzovarwira hondo dzavo, uye nekuvaropafadza mukuropafadza kusina kubvira kwamboropafadzwa nako. Asi vaIsraeri vakaramba vachitsauka, vachitevera zvimwari zvainge zvakavapoterredza uye nekufamba munzira dzakaipa. Zvinova zvakakonzeresa kuti Mwari avape mutongo, mukusvika pakutendera muvengi agovatape kuvaisa muhutapwa kwechinguva. Zvose izvi zvaikonzerwa nekutadza kutendeuka kwavo. Munhu akachengerwa anoti: “Kururama kunokurisa rudzi; Asi zvivi zvinonyadzisa kurudzi rupi norupi” (Zvirevo 14:34).

Tinoverenga muna Mateo 3:1-3, kuti Johane mubhabhatidzi akauya kuzoparidza: “Ndinokuvudzai: Kwete; asi kana musingatendevuki, nemi mose muchaparara saizvozvo.” Kritsu anotsamangura kuvanhu venguva yaakararama panyika kuti kana vakatadza kutendeuka vanosvika pakuparadzwa, 13:3. Apo Petro nevamwe vaApostora vakaparidza kuruzhinji rwevanhu nomusi vePendekotsi muguta reJerusarema, vamwe vaivepo vainge vaine nechekuita mukuroverwa kwaKritsu, vakabatikana pamoyo nokuda kwezvinhu zvavakanzwa, zvekuti vakabva vada kuva vatendi nokuda kuziva kuti vaifanirwa kuita sei. “Petro akati kwavari: Tendevukai, mumwe nomumwe wenyu abhabhatidzwe nezita raJesu, kuti mukanganwirwe zvivi, mupiwe chipiwa choMweya Mutsvene” Mabasa 2:38. Zvinoona zvoni kuti zvainge zvakakodzera kwavari kuti vatendeuke kubva muzvivi zvavo, kana kuti kusiya kutadza, kana vachinge

vachida kuregererwa zvivi zvavo. Zvinoenderera mberi kuratidza kuti kutendeuka ndeimwe yenzira yekuregera. Zvichida, pamwe vanenge vasingadi kutendeuka. Zvoneva kuti vanenge vasina kuponeswa kunyangwe vainge vakatenda munaKritsu pamwe nekubhabhatidzwa. Nokumwe kutaura kutendeuka bedzi hakwaivaponesa. Kuti vaponeswe vaifanirwa kunzwa chokwadi chaMwari, kutenda muna Kritsu, kutendeuka kana kusiya zvakaipa zvavo, kupupura Kritsu kuva Mwanakomana vaMwari, nekubhabhatidzwa mukukanganirwa zvivi zvavo, (Mabasa 2:37,38; Mabasa 8:36-39). Muna Mabasa 17:30 tinoverenga: “Naizvozvo Mwari wakarega hake kurangarira nguva dzokusaziva; asi zvino unoraira vanhu vose kwose-kwose kuti vatendevuke.”

Arikutaura kuti nedzimwe nguva Mwari vakaita sevasingaone zvimwe zvinhu, kana kuti vanokwanisa vakabvumira zvimwe zvinhu, asi anoti, zvino Mwari anoraira munhu vose kwose kwose kuti atendeuke. Zvakare muna Mabasa 17:31 anotaura kuti zuva richauya iro tose tichatongwa naiye vakamutswa kuvakafa. Nokudaro mukugadzirira kundosangana naye tinofanirwa kutendeuka kana kuti kusiya zvakaipa zvatinoita, kuti tikwanise kuita zvinhu zvose Ishe anoda kuti tikwanise kuponeswa munyika ino nemunyika inouya. Kochii chichaitika kuMakritsu anoita zvivi? Zvioneva kuti chivi chinovanza chiso chaIshe kumunhu 1 Petro 3:12, uye nzira imwechete inoita kuti chivi chisvike pakuregererwa kutendeuka kwemutadzi kuzvivi, kupupura kukanganisa kwake, nekukumbira Baba ruregerero, (Mabasa 8:14-25; Jakobho 5:16).

Zvino iwe vakamirasei? Vakatendeuka here kana kusiya zvakaipa zvavaiita? Yeuka kuti izvi zvinofanirwa kuitwa. Kana uchinge vateerera Mwari, kubudikidza nokutenda munaKritsu, tendeuka kubva kuzvivi zvautekuita, pupura Kritsu kuva mwanakomana vaMwari, uye unobva vabhabhatidzwa mukusukwa zvivi zvako, uye unosvika pakuva nehupenyu hwakanaka, uye nekurarama hupenyu une humwari, unosvika kuva munhu anova neshanduko muhupenyu hwako, hunowa urinani, unepfuma nekugara unemufaro. Kana zvichinge zvakakwana ita chinhu ichi, vose vakakupoterredza vachatanga kushandoka munezvakanaka. Zvizame uone kana zvisingashande.

Chidzidzo 10

Sei Tichibhabhatidzwa

Rubhabhatidzo chidzidzo chirimo muBhaibheri. Tinofanirwa kuenda muBhaibheri kundozvitarisira kuti tione kuti chimbori chii, chingave chinangwa cheyi, uye zvakakosherei.

Tikaenda mumagwaro, tinotanga kuverenga nezvemurume anonzi Johane aifamba achibhabhatidza. Johane akabhabhatidza vazhinji aiziikanwa nokuti Johane

Mubhabhatidzi. Muna Mateo 3:1 tinoverenga: “Namazuva iwayo Johane Mubhabhatidzi wakavuya achiparidza parenje reJudhea, achiti, tendevukai nokuti vushe hwokudenga hwaswewera pedo. Nokuti uyu ndiwakarebwa nomuporofita Isaya achiti, Inzwi rounodana murenje, gadzirai nzira yaShe, ruramisai migwagwa yake. Iye Johane waiva nenguvo yamakushe ekamera nebhanhire reganda pachivuno chake zvokudya zvake zvaiva mhashu novuchi bwebundo. Zvino veJerusarema neJudhea rose vakabudira kwaari nenyika yose yakapoteredza Jorodhani. Vakabhabhatidzwa naye murwizi rwaJoridhani vachizvirevurura zvivi zvavo.” Zvakare tinoverenga: “Na-Johane wakanga achibhabhatidza vo paAinoni, pedo neSarimi, nokuti kwaiva nemvura zhinji ipapo; vakavuya, vakabhabhatidzwa” (Johane 3:23).

Mukuenderera mberi mukucherechedza basa raJohane, tinoverenga kunyan-gwe apo anobhabhatidza Kritisu. Zvinyorwa zvinoti: “Zvino Jesu wakabva Garirea akasvika paJoridhani kuna Johane kuzobhabhatidzwa naye. Asi Johane wakaidza kumudzivisa akati, ndini ndinofanira kubhabhatidzwa nemi, ko movuya kwandiri sei? Asi Jesu wakapindura akati kwaari, chirega hako zvino nokuti saizvozvo zvakafanira kuti tizadzise kururama kwose. Ipapo akamurega. Jesu wakati abhabhatidzwa, Pakarepo akabuda mumvura. Zvino tarira denga rakamuzarurirwa akavona Mweya waMwari achiburuka senjiva. Akavuya pamusoro pake. Zvino tarira inzwi rakabva kudenga richiti, Uyu ndiye Mwanakomana wangu unodikanwa wandinofarira” (Mateo 3:13-17).

Zvino chii chainge chakakosha parubhabhatidzo rwaJohane? Johane aive akatanga kuuya Kritisu asati auya, anova akatumirwa kuzogadzirira nzira yaIshe. Ainge akapihwa basa rekuzivisa rubhabhatidzo kuvanhu venguva yaakararama, zvakava zvakaita kuti zvive nyore kuna Kritisu pamwe nevaApotsora pavakauyavo vachidzidzisa rubhabhatidzo. Asi rubhabhatidzo rwaiparidzwa naJohane ndoraitwa kubudikidza neku-tendeuka, rwaive rwekunyikwa mumvura, uye rwaive rwekukanganwirwa zvivi. Rwa-saitwa muzita raKritisu uye rwaisatakura chipikirwa cheMweya Mutsvene. Naizvozvo, apo Pauro akataura neboka revanhu vainge vakaungana paEfeso vainge vakabhabhatidzwa maringe nerubhabhatidzo rwaJohane, asi vasina chavaiziva nezveMweya Mutsvene, mushure mekunge vaenderera mberi nekudzidziswa chokwadi pamusoro pezvinhu Kritisu aida kuti vaite, vakabhabhatidzwa muzita raIshe Jesu, (Mabasa 19:1-5). Zvinor-eva izvo kuti rubhabhatidzo rwaJohane rwakararama mukusvikira mukufa kwaKritisu, uye rwakatsiwiva nerubhabhatidzo urwo Kritisu akadzidzisa.

Mushure mekufa kwaKritisu, mushure mekudzokera kunaBaba vake kuden-ga, akataura kuvaApostora kuti: “... Endai munyika yose muparidzire zvisikwa zvose Evhangeri. Unotenda, akabhabhatidzwa, uchaponeswa; asi usingatendi uchatongwa” (Mako 16:15,16). Kunyora kwaMateo kunotaura kudai: “Endai naizvozvo mudzid-

zise marudzi ose, muvabhabhatidze muzita raBaba nero Mwanakomana neroMweya Mutsvene. Muvadzidzise kuchengeta zvole zvandakakurairai imi. Tarirai ndinemi mazuva ose, kusvikira pakuguma kwenyika” (Mateo 28:19,20). Munendima dziri-mumagwaro dzinotikurudzira kutora evhangeri kuendanaro kunyika dzose, rinova, shoko rakanaka rekuti Kritisu akafa, akavigwa, uye akazomuka. Kune zvinhu zvai-fanirwa kuparidzwa, zvinoti kutenda munaKritisu nekubhabhatidzwa. Kubudikidza bedzi nekuteerera mirayiro iyi munhu anosvika pakuponeswa, cherechedza kuti Krit-su akati: “Unotenda, akabhabhatidzwa, uchaponeswa; asi usingatendi uchatongwa” (Mako 16:16).

Zvoreva kuti rubhabhatidzo ndiyo imwe yezvinhu zvinounza ruponeso. Tinoudz-wa muna 1 Petro 3:21 kuti rubhabhatidzo rinoponesa asi hapana kutaurwa, kana kuona imwe ndima mumagwaro inodzidzisa kuti rubhabhatidzo rwega runoponesa. Kubhabhatidzwa ndicho chinhu chekupedzisira kuteedzerwa munhu asati aponeswa.

Patinenge tichiverenga mubhuku raMabasa tinoona nguva nenguva apo vanhu vanenge vachiteerera Ishe. Muchiitiko choga choga zvairatidzwa pachena kuti van-hu ava waitanga vanzwa shoko raMwari paraiparidzwa, vaisvika pakuritenda, uye vaibhabhatidzwa. Munezviitiko zvizhinji izvi, zvaikwanisa kubva zwaitwa kana ku-zoitwa, kuti avo vainge vateerera Ishe pamwe nekutendeuka kubva kuzvivi zvavo, uye kupupura Kritisu kuva Mwanakomana vaMwari. Mukuisa zvole izvi pamwechete, tine zvinyorwa zvinodzidzisa kuti shoko raMwari rinofanirwa kuparidzwa kuti pave nekutenda. Verenga Mabasa 2 uone kuti Petro nevaApostora vaiparidza sei evhangeri kuruzhinji revanhu uye mushure mekunge vanzwa chokwadi chaMwari vakasvika pakuteerera Ishe here? Ipapo tinoverenga munaMabasa 16:31, mushure mekunge mabvunzwa mubvunzo: “Vatenzi, ndinofanira kuitei kuti ndiponeswe?”, Pauro naSi-lasi vanotaurira musungwa aivemo kuti aifanirwa kutenda kuna Ishe Jesu Kritisu. Asi murume uyu aisaziva pamusoro paKritisu vaainzi atende kwaari. Mhinduro yaive yekuparidzira kwaari nekumhuri yake. Apo izvi zvazvakaitwa vakava vatendi vaka-tenda muna Kritisu vakasvika mukubhabhatidzwa. Chinotevera tinochiverenga mu-naMabasa 2:38 kuti vanhu vakada kuziva kuti vangaitei. Vakarairwa kutendeuka nekubhabhatidzwa kuti vagokanganirwa zvivi zvavo kuti vakwanise kuzokamuchid-zwa chipo chemweya mutsvene Mabasa 2:28. Vainge vanzwa kare evhangeri ichi-paridzwa ndokuyenda mairi Mabasa 2:37, asi vaidza kuziva kuti ndechipi chimwe chavangaita. Vanoudzwa kuti panguva iyi chaidiwa kutendeuka nekubhabhatidz-wa. Chinotevera. Muna Mabasa 8:29-39 tine nyaya yekutendeutsa kwemurume vekuEthopiya. Magwaro anotaura maparidziro akaita Firipi Kritisu kwaari. Apo vak-asvika painge pane dziva remvura, muranda akakumbira kuteerera Ishe kubudikidza nerubhabhatidzo. Firipi anomutsanangurira kuti zvaizoitwa sokudaro kana achinge

atenda nemoyo vake vose. Apo tinoverenga, Firipo akati: “Kana uchitenda nomoyo wako wose, zvingaitwa. Akapindura, akati: Ndinotenda kuti Jesu ndiye Mwanakomana waMwari” (Mabasa 8:37). Ipapo Firipo akaburukira naye mumvura ndokumubhabhatidza. Uye mukupedzisira, muzviitiko zvose izvi zvekutendeukwa mubhuku raMabasa, zvakanyatsotaridzwa kuti muchiitiko chose munhu kana vanhu vanenge vachida kuteerera Ishe vaifanirwa kubhabhatidzwa. Tinoverenga muna Mabasa 2:38 kuti vanhu vanoudzwa kuti: “Tendevukai, mumwe nomumwe wenyu abhabhatidzwe nezita raJesu, kuti mukanganwirwe zvivi, mupiwe chipiwa choMweya Mutsvene.” Muna Mabasa 8 tinoverenga kuti Firipo akabhabhatidza muranda. Muna Mabasa 10 Konoriyasi nemhuri yake vakabhabhatidzwa. Muna Mabasa 9 ne22 zvinyorwa zvinotiudza pamusoro paSauro achiteerera Ishe, uye mukuita sokudaro anorayirwa kuti asimuke nekuenda kunobhabhatidzwa kuti zvivi zvake zvisukwe. Muna Mabasa 16 musungwa nemhuri yake vakabhabhatidzwa husiku humwechete nemhuri yake. Takaudzwa kuti rubhabhatidzo kuvigwa. Ngatinzwei Pauro achitaira: “Makavigwa pamwe chete naye pakubhabhatidzwa, pamakamutswa vo pamwe chete naye nokutenda kwenyu simba raMwari wakamumutsa kuvakafa” (Vakorose 2:12). Zvakare verenga VaRoma 6:3,4. Zvinyorwa zvinoti rubhabhatidzo kuvigwa mumvura. Apo Firipi akabhabhatidza murume vekuEthopia, akaburukira naye mumvura ndokumubhabhatidza uye anonzi akamusimudza kumubudisa kubva mumvura (Mabasa 8:29-39). Rubhabhatidzo runounza munhu muna Kritsu VaRoma 6:3,4; VaGaratia 3:26,27 uye rinounza munhu mukereke 1 Vakorinte 12:13. Tinoverenga muna Johane 3:3-5 kuti munhu anofanirwa kuzvarwa nemvura neMweya kuti akwanise kupinda muUshe hwaMwari. Mvura apa inomirira rubhabhatidzo uye Ushe hwaMwari unotaura pamusoro pekereke yaIshe. Munguva iyi Ushe, kana Kereke, zvainge zvisati zvavabwa, nokudaro munhu aisakwanisa kupinda mairi, asi Kritsu aitaura icho chaine chavapedyo kuuya. Nhasi, zvirokwazvo, munhu anofanirwa kuzvarwa nemvura neMweya kuti akwanise kupinda mukereke uye ndiko kuti munhu anofanirwa kuteerera murayiro vevhangeri kuti aponeswe nekukwanisa kuvedzerwa mukereke maringe neshoko reMweya, rinova Bhaibheri.

Sei tichibhabhatidzwa? Tinobhabhatidzwa nekuti Kritsu akaraira kuti tiite sekudaro kuti tigoponeswa, kuti tive muna Kritsu nemukereke, chiratidzo chekufa kwaIshe, kuvigwa, uye nekumuka mukuteerera sezvakanyorwa muna VaRoma 6. Ndiko kuti, Kritsu akafa pamuchinjiko uye tinofanirwa kufa kuzvivi zvedu. Kritsu akavigwa mubwiro chairo asi isu tinosvika pakuvigwa mumvura dzerubhabhatidzo. Kritisu akamuka kubva kuvakafa, nemuguva, akakunda gehena, rufu, uye guva uye apo patinobudakubva mumvura tinenge tichimuka muguva remvura tiine kuregererwa kwezvivi zvedu, nekuitwa chisikwa chitsva, uye ndiko kufamba muhupenyu kana

kurarama hupenyu hwechiKritsu. Saka mukuteerera munaIshe mukubhabhatidzwa tinenge tichireva kuti tinotenda mukufa, mukuvigwa, nemukumuka kwaKritsu, nguva dzose ukaona munhu achibhabhatidzwa maringe nedzidziso dzemuBhaibheri, anenge achidzidziswa pamusoro pekufa kwaIshe, kuvigwa, uye kumuka pamwechete nekuziviswa kuti Kritsu achiri kurara mazvino iye mdoye Ishe namuponesi.

Vakabhabhatidzwa here maringe nedzidziso dzemuBhaibheri? Kana usina, tinonamata kuti urambe uchienderera mberi nekudzidza zvidzidzo izvi, uye ndine tari-siro yekuti uchaita sarudzo yekuteerera Ishe nokuchimbidza.

Chidzidzo 11

Sei Tichitenda Mukuteerera

Kuteerera chidzidzo chakakosha zvakanyanya kudzidza uye ndinovimba ucha-funga zvakakomba pamusoro pezvinhu zvichasvika pakutaurwa. Munguva apo vanhu vazhinji vainge vaine kutenda kushoma munemasimba, vaivepo vainge vasina kuteerera kuhurumende, zvinotipa kutura befu kana tikaverenga muBhaibheri apo Mwari asingangodi bedzi kuti vanhu vateerera, asi kuti aipa mubairo kune avo vaisvika pakuteerera. Munguva iyo apo vanhu vazhinji muzvitendero munyika vaiisimbirira kuoma musoro mukuita zvinhu zvaivafadza iwo, kunova kukwiridzira dzidziso dzevanhu, zvinofadza kuona kuti muzvinyorwa kohomedzo inoshandiswa kuti tigove vaiti veshoko uye nekufamba munzira dzakarurama uye kumanikidzika dzinova dzinosvitsa kudenga.

Handei tose zvino muBhaibheri pachezvaro kuti tione kuti Mwari airopafadza sei avo vaimuteerera uye kutonga avo vaisamuteerera. MuApotsora Pauro aive neizvi mupfungwa apo anoti: “Zvino tarira vunyoro nokukasharara kunavakawa, asi kwauri vunyoro bwaMwari, kana uchigara pavunyoro bwake;kana zvisakadaro, newe uchatemwa vo” (VaRoma 11:22).

Chekutanga, tinocherechedza mimwe mienzaniso yeavo vakasvika pakuteerera Mwari. Mumwe vemuenzaniso vakanaka unozikanwa muTestamente Yekare ndeuyo vaNoah. Akavaka ngarava kuti azviponese nemhuri yake apo Ishe vakatumira mafashamu kuzoparadza vatadzi panyika. Bhaibheri rinoti: “Zvino Jehovha wakaona kuti kuipa kwavanhu kwakanga kuri kukuru panyika, nendangariro dzokufunga kwemoyo yavo dzakanga dzakaipa bedzi nguva dzose. Jehovha akazvidemba pamusoro pokuita kwake vanhu panyika, akava neshungu pamoyo pake. Jehovha akati, Ndichaparadza vanhu vandakasika ndivabvise panyika vanhu, nemhuka, nezvinokambaira, neshiri dzedenga; nokuti ndinozvidemba kuti ndakazviita. Asi Noa wakawana tsitsi pamberi paJhovha” (Genesisi 6:5-8). Zvinyorwa zvinoenderera mberi mukutaridza

maitiro aMwari mukuratidza kuna Noa chinangwa chake chekutumira mafashamo kuzoparadza vatadzi. Panguva imwechete, Mwari akarayira Noah kuwaka ngarava, ndokumupa hurongwa hwose, kuitira kuti iye nemudzimai vake nevanakomana vake vatatu nemadzimai avo, pamwechete nemhuka muhuwandu vaakaudzwa dziponeswe mumafashamo emvura. Ipapo zvinyorwa zvichiti: “Noa akaita saizvozvo; sezvaakarairwa naMwari, wakaita zvole saizvozvo” (Genesisi 6:22). Mumugumisiro, Noa nezvole zvaive mungarava zvakaponeswa kubva mumafashamo, asi vole vatadzi nevaisateerera vakasvika pakuparadzwa nemafashamo.

Muna 2 Madzimambo 5 mune nyaya yaNaamani, tinoverenga: “Zvino Naamani, mukuru wehondo dzamambo weSiria, waiva munhu mukuru kuna tenzi wake, nomunhu waikudzwa; nokuti Jehovha wakanga akundisa vaSiria naye; uye waiva munhu wesimba noumhare, asi wakanga ana maperembudzi” (2 Madzimambo 5:1). Ichokwadi, aive nemaperembudzi uye munguva iyi raive dambudziko rukuru. Sezvavakazoziiikanwa, apo Syria yainge yaenda kundorwisa Israeri, vakadzoka nemurandakadzi vechiduku uye ndokumirira kune mukadzi vaNaamani. Rimwe ramazuva akataura pfungwa kuna tenzikadzi vake: “Akati kuna tenzikadzi wake, Dai ishe wangu aiva kumuporofita ari paSamaria, ungadai akavaporesa maperembudzi ake” 2 Madzimambo 5:3. Mumwe munhu akaenda nemashoko aya kuna Naamani uye mambo akamutendera kutumira tsamba kuna Mambo veIsraeri, pamwechete nezvipo. Asi Mambo veIsraeri akatsamwa nazvo zvakanyanya nokuti aifunga kuti Syria yaizoshandisa izvi sechikonzero chekupa mutongo kwaari uye sezvo Israeri yainge yatadza kupedza chirwere chaNaamani chemaperembudzi aya. Asi Elisha, muporofita vaMwari, akanzwa nezvazvo ndokutumira shoko kuna Mambo veIsraeri kuti aifanira kutumira Naamani kwaari, zvino Naamani akauya kumukova vake, asi Elisha akatumira nhumwe kunze kumusovo kwaaiva, kuti inondomuudza kuti andoende kundogezwa murwizi rweJordhani kanokwana kanomwe, uye mukuita sokudaro muviri vake vakadzoreredzwa kwaari, uye akasvika pakucheneswa. Izvo zvinova zvakasvika pakutsamwisa Naamani zvakanyanya, sezvo muporofita ainge asina kuratidza rukudzo rwekuuya kuzosangana naye. Zvakare, aifunga kuti muporofita aizobuda kwaaive nekuzofana kuna Ishe vake kuti agoporesa muchirwere ichi chemaperembudzi. Anenderera mberi mukuda kupapfungwa dzekuwenani kwemarwizi ekuDamasikasi anoti Abana nePharpara aive nani pane mvura dzekuJordani. Saka akasvika pakutendeuka ndokudzokera mukutsamwa. Asi muranda vake akatanga kuonesana naye, akasvika mukumubvunza kana muporofita ainge amuudza chinhu chakaoma, haangazame here kuita sokuudzwa kwaita kuti zvimwe angaponeswa. Mushure mekufunga nezvazvo, pakarepo akananga kuJordani ndokundozvinyika murwizi rweJordani kamwe, kepiri, kusvika asvika kechinomwe, ndokubuda kunze kwemvura, zvinyorwa zvino-

ti: “Ipapo akaburuka, akandonyura muna Jorodhani kanomwe, sezvakanga zvataura munhu waMwari; nyama yake ikadzoka, ikafanana nenyama yomwana muduku, akava wakanaka” 2 Madzimambo 5:14. Zvino ndiani akaporesa Naamani? Mwari vakamuponesa? Mushure mekunge akwanisa kuita zvainge zvarehwa nemuporofita. Ko dai ainge asina kuteedzera chii chaitika? Dai ainge asina kuponeswa. Kuteerera kukaitwa kwakanaka uye kunounza zvakanaka muupenyu.

Tinokwanisa kuratidza mimwe mifananidzo inokwanisa kutiratidza kuti pose pane kuteerera maropafadzo aMwari anotevera. Asi kune mimwe mienzaniso yevanhu vazhinji vakasvika pakusateerera Mwari uye nekurangwa kwavakaitwa. Unorangira here nyaya yaAdamu naEve, uye kutie vakateerera sei kunyoka ndokusvika pakusateerera Mwari mukubudikidza nekutora mukudya muchero vainge vakarambidzwa kudyiwa? Kubudikidza nokusateerera uku vakasvika pakufa pamweya zuva iroro uye nekupihwa murango vepanyama, unosanganisira rufu rwepanyama neku-marudzi ose Genesisi 3. Muna 1 Sameri 15, Mambo veIsraeri vanosvika pakuparadza maAmereki, dzaive mhandu dzevanhu vaMwari. Sauro akaunganidza mauto ake ndokuenda pamberi paIshe mukundomurumbidza. Asi agarega kuuraya Agagi: “Ipapo akaburuka, akandonyura muna Jorodhani kanomwe, sezvakanga zvataura munhu waMwari; nyama yake ikadzoka, ikafanana nenyama yomwana muduku, akava wakanaka” (1 Sameri 15:9). Pakarepo vakeenda kumba. Mukuverenga muzvinyorwa zvinoti: “Samueri akasvika kuna Sauro, Sauro akati kwaari, Jehovha ngaakuropafadze; ndaita sezvandakarairirwa naJhovha. Samueri akati, Ko kuchema uku kwamakwai munzeve dzangu nokukuma kwemombe kwandinonzwa kunoti kudiniko?” (1 Samuel 15:13,14). Sauro unotsamangura kuti vanhu vainge vasina kuuraya makwai nemombe dzainge dzakanaka kuitira kuzodzibaira kunaIshe. Mushure mekuenderera mberi nekukurukura, tinoverenga: “Samueri akati, Ko Jehovha ungafarira zvipiriso zvinopiswa nezvibayiro, sezvaanofarira kuteerera inzwi raJhovha here? Tariira, kuteerera kunokunda zvibayiro, nokunzwa kunokunda mafuta amakondohwe” (1 Sameri 15:22). Zvino Sauro unopupura kuti akatadza asi ainge atotadza nokuda kwekusaterera, Sauro akarabwa naIshe kuita Mambo vemaIsraeri. Zvaiva nyoresei kuti aterere Ishe, asi kuti magumo acho anorwadza ndeekusateerera.

Kana vanhu vakasateerera Ishe, vanosvika pakusangana nemagumisiro anorwadza. Sezvatiri kuita, Pauro unodzokera kutestamente Yekare mukupa mimwe mifananidzo yekuti Mwari aishanda sei nevanhu venguva iyoyo, seapo anoti: “Nokuti zvose zvakananyorwa kare, zakanyorwa kuti isu tidzidze kuti tive netariro inobva pakut-sungirira napakunyaradza kwaMagwaro” (VaRoma 15:4). Ichokwadhi, tinofanirwa kudzidza zvidzidzo zvakanakosha kubva munenyaya idzi dzeTestamende yekare.

Asi pamusoro paKritsu pachezvake, tinoverenga pamusoro pake: “Kunyange

aiva Mwanakomana, wakadzidza kuterera nezvaakatambudzika; akati akwaniswa, akazova muvambi wokuponeswa kusingaperi kunavose vanomuterera” (VaHeberu 5:8,9). Saizvozvo, saKritsu akateerera Mwari muzvinhu zvose, naizvozvo anotarisa kuteererwa kunobva kwatiri uye kubva kuzvisikwa zvose. Verenga kubudikidza muhupenyu hwaKritsu, sezvakanyorwa muna Mateo, Mako, Ruka naJohane muTestamente Itsva, ugotarisa kuti Ishe vanotarisa zvakadii kuteererwa kune avo vanofa kuenda kwavari. Inova nzira yekutarisa kutenda kwavo maari, muchokwadi chavo nekuzvinipisa. Hapana kana paunoono muenzaniso mumwechete Ishe anopa mapafadzo ake kune vanhu vanoramba kumuteerera.

Kritsu akati: “Havazi vose vanoti kwandiri Ishe, Ishe vachapinda muvushu hwokudenga. Asi unoita kuda kwaBaba vangu vari kudenga” (Mateo 7:21). Zvakare, akati: “Naizvozvo mumwe nomumwe unonzwa mashoko angu awa, akaaita ungafananidzwa nomurume wakachenjera. Wakavaka imba yake paruware...” (Mateo 7:24). Jakobho akati: “Asi ivai vaiti veshoko, musava vanzwi voga, muchizvinyengera” (Jakobho 1:22). Petro akati tinochenesa mweya yedu kubudikidza nekutenda chokwadi (1 Petro 1:22). Pauro anotaura kwatiri kuti kana tikakundikana kuteerera evhangeri Ishe unouya otona kutsiva kwatiri (2 VaTesaronika 1:7-9). Kritsu anotivimbisa kuti kana tichinge taita murayiro yake nekuramba takatendeka mukusvikira mukufa tinopihwa korona yehupenyu (Zvakazarurwa 22:14; Zvakazarurwa 2:10).

Chikonzero vanhu varikurasika kuda kwekuti varikusarudza kusateerera Ishe. Munhu haangazviponeswa kana kuti angaponeswe mukuita zvinhu munzira dzake, kunyangwe mungave mukuita muzvitendero. Munhu anokwanisa kutenda sezvaanoda, kubudikidza nekuita nhengo yemakereke akatangwa navanhu, nekupfeka mazita avanhu, nekunamata Mwari munzira dzake dzaanonzwa kuda, asi haangavike pakuponeswa kana kuenda kudenga nemuitiro vakadai. Kana achinge achida kuponeswa anofanirwa kuita Ishe anoda kuti aite. Hapana kupa zvikonzero.

Vakateerera Ishe here? Unokwanisa kumuteerera here? Kritsu anoti: “Akati kwavari: Endai munyika yose muparidzire zvisikwa zvose Evhangeri. Unotenda, akabhabhatidzwa, uchaponeswa; asi usingatendi uchatongwa” (Mako 16:15,16). Kana ukaverenga mubhuku raMabasa muTestamente Itsva, unoono kubva munechiitiko chimwe nechimwe chekutendeuka kuti vanhu vose vaiita chinhu chimwechete. Vose vainzwa evhangeri, vaitenda munaKritsu, vaitendeuka muzvivi zvavo, vaipupura Kritsu seMwanakomana VaMwari, uye vaibhabhatidzwa mukukanganirwa zvivi zvavo. Apo pavanenge vaita sokudaro Mwari aivaponeswa nekuvavedzera mukereke yake. Hakuna chimwe chikonzero chingapihwa mukupiwa.

Chidzidzo 12

Sei Tiri Nhengo dzeKereke yaKritsu

Inzwi rekuti Kereke rakabva painzwi rechiGiriki rinonzi ekklesia uye rinoreva “Vakadanwa” Mukutaura uku Kritsu akadana vanhu kubva munyika kuti vamutevere. Mukutaura nevateveri vake, Kritsu akati: “Ini ndakavapa shoko renyu, nyika ikavaven-ga, nokuti havazi venyika, seni ndisi wenyika” (Johane 17:14). Munguva iyo Kritsu aiendeswa muubatwa umo akaedzwa nekuzoroverwa, akataura kune avo vainge vak-agara vakamupoterredza: “Vushe bwangu habwuzi bwenyika ino; dai vushe bwangu bwaiva bwenyika ino, varanda vangu vangadai vairwa, kuti ndirege kuiswa kuvaJudha; asi zvino vushe bwangu hahwuzi bwapano” (Johane 18:36). Vushe uyo Kritsu aitura pano aitura kereke. Yainge isati yavepo asi yainge yave pedyo (Mateo 3:1).

Kereke sekuratidzwa kwainoitwa muBhaibheri inotaurwa mupfungwa dzemu-nharaunda, sechiro chekereke yepaKorinte (1 Vakorinte 1:2), kereke yepaTesa-ronika (1 VaTesaronika 1:1), zvichisanganisira nedzimwe dzatisina kutaura. Zvakare inotaurwa mupfungwa yepasi rose. Muchiitiko ichi, makereke ose ayo emunharaun-da nemasangano akabatanidzwa anoumba kereke imwechete, kereke yaKritsu, kana kereke (Mateo 16:18; VaRoma 16:16). Nokudaro, kunyangwe kereke yemunharaun-da kana pasirose kereke imwechete. Kereke yaKritsu inotaurwa mumagwaro sevushe vaMwari (Ruka 21:31), vushe vaKritsu (VaEfeso 5:5), vushe hwekudenga (Mateo 5:19), kereke yaMwari (Mabasa 20:28), makereke aKritsu (VaRoma 16:16), muviri vaKritsu (1 Vakorinte 12:27), imba yaMwari (1 Timoti 3:15), zvichiendamberi. Shoko raIshe zvakare rinotaura kereke kuva midzimai vaKritsu (Johane 3:29), boka remak-wai (Johane 10:1-18), uye muti vemudzambiringa nematavi (Johane 15:1-8). Imwe nzira yekuiratidza nayo, kereke muviri vaKritsu veMweya (1 Vakorinte 12), inoumb-wa neMakritsu (Mabasa 11:26), uye avo vanenge vakaponeswa (Mabasa 2:47).

Kereke yaKritsu imwechete uye kereke imwe bedzi yaunoverenga mumagwaro. Kune mifananidzo, mamwe ose makereke akavambwa nevanhu, asi kune imwe chete kereke yezvokwadi.

Zvino ndinoda kukuzivisa kuti sei ini nehamadzangu mukutenda tiri nhengo dzekereke yaKritsu kwete mamwe maKereke

Tiri nhengo dzekereke yaKritsu nekuti yakataurwa nezvayo muzviporofita. Isaya akataura kuti Ishe vachagadzira vushe, kana imba yavo muJerusarema (Isaya 2:1-3). Joeri anobva ati uchauya nesimba (Joeri 2:28,29). Daneri akati hauzomboparadzwi asi kuti, unomira nokusingaperi Daneri 2:44. Zviporofita zvose izvi zvakazadziiswa mukutangwa kwevushe, kana kereke, sezvakataurwa muna Mabasa 2.

Tirinhengo dzekereke yaKritsu nokuti Kritsu akavimbisa kuivaka. Kritsu akati

yaisouya nesimba muhupenyu mevamwe vairarama munguva iyoyo (Mako 9:1). Zvakare, mushure mekunge vaApostora vapupura Kritisu kuwa Mwanakomana vaMwari, vanopindura mukutaura kuti: “Neni ndinoti kwauri ndiwe Petro, pamusoro poruware urwu ndichavaka kereke yangu, masuvo eHedhesi haangaikundi” (Mateo 16:18). Kereke yainge isina kutangwa, asi yainge ichitarisirwa huvepo hwayo munguva yaizotevera. Kana munhu akakwanisa kuva nhengu anokwamisa kuvana sei kereke ingava irinani kudarika iyo Kritisu akati aizovaka?

Tiri nhengo dzekereke yaKritisu nokuti yakatangira muJerusarema muna A.D. 30/33. Ndiyo imwechete yaitaurwa nevaporofita uye imwechete yakavimbiswa naKritisu pachake. Izvi zvakaitika muzuva rePentekotsi, raiva zuva remaJudha remabiko. Apo vaJudha vauungana pamwechete, kubva mumativi ose enyika, Ishe vakarisarudza kuva zuva ravakazowaka kereke. Ndiro zvakare zuva apo VaApostora vanobatanidzwa mukuitwa mekuti vataure nendimi dzevanhu nekuita zvishamiso kuri kuvaita kuti vatende kuti vainge vabva kuna Mwari. Zvino mushure mekuperidzirwa Kritisu pakawe nevanhu vanosvika kana kupfura zviuru zvitatu vakatenda kuteerera Mwari kubudikidza nokutenda munaKritisu, mukutendeuka zvivi zvavo, nekusvika mukubhabhatidzwa mukukanganirwa zvivi zvavo kuti vakwanise kupiwa chipo cheMweya Mutsvene. Ndimba inoenderera mberi mukutaura kuti Ishe anovedzera avo vakaponeswa kukereke yake. Zvose izvi zvinotaurwa muna Mabasa 2. Zvino kana ichi chiri chokwadi, uye ichokwadi, zvoreva kuti kereke yese inowanikwa isina mawambo ayo muJerusarema mugore raA.D 30/33 haingava kereke yaIshe. Munyaya iyi unokwanisa kududzira uchiti kereke yedu ndiyo yoga kereke inova yaKritisu. Kwete hatisi kutaura pamusoro pekereke yedu. Asi kuti tirikutaira nezvekereke yaIshe. Hatina Kereke. Kana kereke yakava kereke yedu kunenge kuri kutamba nenguva kuva nechekuita nayo. Asi tirikutaura kuti kereke ndeyaKritisu uye inoziikana nekuve yakatangira kuJerusarema muzuva rePentakotsi, muna A.D 30/33. Kereke yakave inoraramba kubva panguva iyoyo, uye ndiyo imwechete kereke yaKritisu. Zvitarisire uzvionere.

Tiri nhengo dzekereke yaKritisu nokuda kwekuti yakavakwa munaKritisu. Zvakare apo Petro nevaApostora, vakapupura Kritisu, seMwanakomana vaMwari, vakataura kuti vaizovaka kereke yake pamusoro peruware urwu, kana kuti pamusoro pepfungwa yekuti Mwanakomana vaMwari (Mateo 16:18). Uye kereke yakagara pamusoro pechokwadi ichi kunyangwe muzuva ranhasi. Kana dai zvisina kusimbiswa kuti Kritisu Haasi Mwanakomana vaMwari, ingadai kereke yakaparara kare kare. Pauro akati: “Nokuti hakunomumwe ungaronga dzimwe nheyo, asi idzo dzakarongwa kare, ndiye Jesu Kristu” (1 Vakorinte 3:11). Petro anotsanangura Kritisu seibwe rinokosha repakona munheyo (1 Petro 2:4-8). Dzimwe nheyo dziri kunze kwaKritisu hadzigare (Mateo 7:24-27). Nokuti kereke yakagara panaKritisu, kereke naizvozvo imbiru nehwaro yechokwadi

1 Timoti 3:15. Nokuti kereke yakavakwa pana Kritisu nekuda kweizvi kereke inokwanisa kuva nechokwadi kana kuparidza chokwadi kunyika.

Tiri nhengo dzekereke yaKritisu nokuti yakatengwa neropa raKritisu. Pauro akati kune vatariri vekereke yepaEfeso: “Zvichenjererei imi, neboka rose ramakaitwa vatariri varo noMweya Mutsene, kuti mufudze kereke yaMwari, yaakatenga neropa rake” (Mabasa 20:28). Pauro anotaura munaVaEfeso 5:25 kuti Kritisu akazvipa kwairi. Zvinoreva kuti akaifira. Muna Mateo 16:18 Kritisu akati aizovaka kereke yake, neku-ti yaizova yake. Imwenzira yekuitsanangura nayo, Kritisu akafa pamuchinjikwa kuti akwanise kuponesa munhu kubva muzvivi. Apo mumwe kana vazhinji vakamuteerera anovaponesa nokuvavedzera kune vamwe vanenge vasukwa kubudikidza noku-da kwekudeuka kweropa rake. Zvakare, akafira pamuchinjiko, akabhadhara muripo nohupenyu hwake, kuti munhu asvike pakuponeswa uye vose vanenge vaponeswa pamwechete vanodanwa kuti kereke. Tinoverenga Mabasa 2:47 kuti vakaponeswa vakavedzerwa mukereke. Zvino, kana kereke yainge yakakosha zvekuti Kritisu akaona zvakakodzera kuifira, kudeura ropa rake nokuda kwayo, zvirokwazvo zvinoratidza kukosha kwekereke.

Tiri nhengo dzekereke yaKritisu nokuti yakapfeka zita rake. Kritisu akati ndeyake uye kuti ndiye muponesi vemuviri, inova kereke (Mateo 16:18; VaEfeso 5:23). Kuti iwe yechokwadi, inofanirwa kuziikanwa nomuridzi, uye kana munhu ari miridzi vechinhu, chinofanirwa kuva muzita rake. Mune muzhinji munoratidza izvi mumagwaro, zvakaita sepanonzi makereke aKritisu, mukutaura masangano emakereke (VaRoma 16:16), muviri vaKritisu (1 Vakorinte 12:27) vushe veMwanakomana vake anodikanwa Vakorose 1:13, zvose izvi zvirikungonongedzera kukereke yaKritisu. Kwete izvozvo bedzi, asi kuti nhengo dzayo dzose dzinofanirwa kupfeka zita raKritisu, vanova vanodanwa kuti Makritisu (Mabasa 11:26; 1 Petro 4:16). Petro anorayira kuti ruponeso rwuri muzita raKritisu (Mabasa 4:12).

Tiri nhengo dzesangano raKritisu nokuti Kritisu muponesi varo (VaEfeso 5:23), musoro vayo (VaKorose 1:8), uye iripo asi imwechete (VaEfeso 4:4; VaEfeso 1:22,23). Uri nhengo yekereke iyi here? Uri nhengo yechero kereke here? Ngazvive mupfungwa dzako kuti Kritisu ane, asi imwechete kereke, uye ndiyo kereke yaunofanirwa kunamata uri mairi. Kana uchinge uchitenda muna Kritisu, tendeuka kubva kuzvivi zvako, pupura Kritisu seMwanakomana vaMwari, uye unofanirwa kubhabhadzirwa mukukanganirwa zvivi, Ishe wanokuponesa uye vanokuvedzera mukereke yake (Mako 16:16; Mabasa 2:38,47). Kereke haiponese, asi Kritisu ndiye muponesi vekereke. Naizvozvo, tinofanirwa kuva nhengo dzekereke kuti tikwanise kuponeswa, uye kurarama hupenyu hwekereke. Mukupedzisira, Ishe vachadzoka rimwe ramazuva kuzoigamuchira nokuitora kuenda nayo kudenga.

Chidzidzo 13

Sei Tiri Makritsu Bedzi

Sezvaunoziva, kune mamiriyoni evanhu vakapoteredza nyika vanoparidza kuti vanotenda munaKritsu asi vasina kupfeka zita rake. Asi vanenge vakapfeka mazita avanhu, mazita edzidziso kana zvavanotenda, kana mazita emazita emazuva evhiki. Tinotenda kuti izvi zvinopikisana nedzidziso dzeBhaibheri. Munguva imwechete, Tine mamiriyoni evanhu vakapoteredza nyika vanoramba dzidziso nemazita evanhu. Tinotenda kuti, kana tikava vatendi munaKritsu, uye tikateerera dzidziso dzake, ndizvo zvinotiita Makritsu uye Makritsu bedzi asina rimwe zita.

Tikaenda kushoko raMwari tinoudzwa kuti ruponeso rwuri muzita raKritsu. Tinoverenga “Nokuti hakuna kuponeswa kunomumwe; nokuti hakunerimwe zita pasi pedenga, rakapiwa pakati pavanhu, ratingaponeswa naro” Mabasa 4:12. Chokwadi, kune vamwe vanhu vanerukudzo munyika nhasi. Tinovakudza nekuvaremekedza nekuda nezvavanenge vari. Vanogara vari vanhu vanoremekedzwa, uye hapa na anopokana nazvo vanoremekedzwa kusvikira muhupenyu hwavo vose. Asi hakuna munhu mukuru, akakakosha kana kukura zvekuti tinosvika pakumupa rukudzo kubudikidza nekupfeka zita rake. Nokuti hakuna munhu anokwanisa kutiponesa. Asi Kritsu bedzi woga ndiye anokwanisa kutiponesa, uye seumboo kuti ndiye muponesi vedu, uye tinofanirwa kupfeka zita rake.

Bhaibheri rinodzisa kuti apo patinotenda munaKritsu nekumuteerera kubudikidza nekutendeuka muzvivi zvedu, nekumupupura kuva Mwanakomana vaMwari, uye nekubhabhatidzwa kuti tisukwe zvivi zvedu, nekutiponesa, nekutivedzera mukereke yake, zvinoreva kuti tiri vanhu vake, vatinopfeka zita rake kureva kuti ndiye muridzi vayo. Kritsu akati: “Unotenda, akabhabhatidzwa, uchaponeswa; asi usingatendi uchatongwa” (Mako 16:16). Zvino tinoverenga boka revanhu richigamuchira inzwi rake vakasvika pakubhabhatidzwa (Mabasa 2:47). Nokudaro tinoverenga, “Vachirumbidza Mwari, vachidikanwa navanhu vose. Ishe akawedzera kukereke zuva rimwe nerimwe avo vaifanira kuponeswa” (Mabasa 2:47). Asi ikereke yani vaivedzerwa mairi muchiitiko ichi? Vaivedzerwa mukereke yaKritsu. Akataura kuti aizovaka kereke yake Mateo 16:18, uye iyi ndiyo yaive kereke yacho. Zvakare tikaverenga muna Mabasa 20:28 tinoona kuti Kritsu akatenga kereke neropa rake; kureva iko kuti, akaibhadhara nemutengo vainge vakakodzera kuti mweya ikwanise kuponeswa, uye vose vanenge vaponeswa pamwechete ndivo vanoumba kereke. Muna VaEfeso 5:23 Pauro anoti Kritsu ndiye Muponesi vemuviri, kana kuti kereke. Asi zvose izvi zvinenge zvichitsanangura pfungwa yekuti avo vose vanenge vaponeswa, neavo vanenge vavedzerwa mukereke, ndevaKritsu sezvo ariye muponesi vekereke. Zvoreva izvo kuti kana Kritsu

ari muponesi uye muponesi vekereke, zvoreva kuti tinofanira kupfeka zita raKritsu sedungamunhu uye sekereke kuratidza kuti tiri vaKritsu. Asi kana tisiri vaKritsu zviripachena kuti hatina kodzero yekupfeka zita rake. Kana tikapfeka mazita evamwe zvoreva kuti hatisi vaKritsu. Munoono, kana chinhu chiri changu chinenge chiine zita rangu, chinopfeka zita rangu. Kana ndikava nepfuma yangu inosanganisira midziyo yakaita semba, inonyorwa muzita rangu. Kana ndine mukadzi anondiremekedza kubudikidza nekutakura kana kupfeka zita rangu. Kana ndiine vana kuratidza kuti vana ndevangu vzvinooneka kuti ndiribaba vavo kubudikidza nekupfeka kana kutakura zita rangu. Kana izvi uye nezvimwe zvinhu, zvikava mumazita evamwe, ndingasvike pakuva neumbo kana kutenda sei kuti ndezvangu? Izvi zvimwechete chinova chokwadi kunaKritsu nevanhu vake. Ndosaka muchiona takapfeka zita raKritsu, uye kuti sei tiri Makritsu bedzi asina imwe mitupo.

Inzwi rekuti Mukritsu rinobuda kanokwana katatu muTestamente Itsva. Pati-notanga kuriona richibuda ndemuna Mabasa 11:26, "...Ipapo vakavungana nekereke gore rose, vakadzidzisa vanhu vazhinji-zhinji; paAntiokia vadzidzi vakatanga kunzi Vakristu". Vainge varipi munguva dzakadarika? Vainge zvakare vari Makritsu, kana vateedzeri vaKritsu, asi vanhu vaIshe vakatanga kudanwa kunzi MaKritsu, muAntioki. Chimwe chinyorwa kuzita rekuti Makritsu chinowanikwa muna Mabasa 26:28. Muchiitiko ichi Pauro aidzidzisa mambo Agrippa, pamwe nekudakuziva pamusoro pekutenda kwavo, tinoverenga, Agrippa akati kuna Pauro: "Unenge unoda kundii-ta mukristu nenguva duku." Vamwe ndivo vanoti mambo vaiseka pfungwa yekuve Mukritsu. Asi kunyangwe aive nechokwadi kana kusavanechokwadi, asi aiziva hake pamusoro pezita rekuti Chikritsu kunyangwe mushure mekusangana na Pauro. Nokuda kwekuti Pauro ainge ari mutirongo panguva iyi uye kuti muchinguva aitarisirwa kutumirwa kuRoma kundotongeswa naKesari nokuda kwokuti ainge ari Mukritsu uye aiparidza Kritsu kwose kwaaienda. Mambo Agrippa zvinoratidzika kuti vanenge vaiziva zvakananyanya nezveMakritsu enguva yavo yavakararama, asi kana zvisizvo, zvirokwazvo Pauro ainge akavaudza nezvaKritsu, uye zvaafanirwa kuita kuti agove Mukritsu. Cherechedza zvakare kuti kana dai vateedzeri vaKritsu vakapfeka rimwe zita remamwe mazita aiveko munguva iyi, ingadai mambo Agrippa vakataura nezvaro. Asi sezvo akataura pamusoro pezita rekuti Mukritsu bedzi, tinofanirwa kupedzisa tichiti vateedzeri vaKritsu vaiziikanwa kuti MaKritsu muna 1 Petro 4:16. Anoti: "Asi kana munhu achitambudzika nokuda kwokuti mukristu, ngaarege kunyadziswa; asi ngaakudze Mwari; nezita iri." Apa Petro aibudisa pfungwa yemusiyano vekutam-budzika nokuda kwechivi uye kutambudzika nekuda kwekupfeka zita rekuti Mukritsu. Anotaridza kuti zvinokwanisa kuva manyadzo kutambudzika nokuda kwezvinhu zvakaipa kana nekutadza, uye kazhinji kunyanya kana munhu aine mhosva, asi kana

munhu akatambura nokuda kwezita rekuti Mukritsu, hakuna chinhu chaanofanirwa kuva anonyara nokuda kwechinhu ichi. Ndiani Mukritsu? Muteveri vaKritsu, munhu anoita saKritsu. Munhu ane humwari, munhu akavimbika, munhu anozama kuita zvakanaka nguva dzose. Chii chingava chakaipa mukuita sokudaro? Hapana. Naizvozvo munhu hafanirwe kuva ari anonyara kana kutya kutambura kunoundzwa nokuda kwezita rekuti Mukritsu, asi kuti unofanirwa kufara nekukudza Mwari nokuda kwekuvaniswa mukana uyu nekuve unotambudzika nokuda kwezita iri rakakosha. Kunyangwe Jakobho asina kutaura zita rekuti Mukritsu, hazvina nharo kuti aitaridza kuzita iri apo anotaura maringe nevavengi vaKritsu: “Ko havazi ivo vanomhura zita rakanaka ramunotumidzwa naro here?” (Jakobho 2:7). Munyori uyu akafuridzirwa vaitaura pamusoro pezita rakakosha, zita iro vana vaMwari vakadanwa. Nderipi zita rikuru ravangave vangapfeka kunze kwezita raKritsu, kunze kwezita rekuti Makritsu? Asi munhu haasikungotora zita rekuti Mukritsu kana achinge ateerera Ishe, asi kuti munhu uyu anofanirwa kuratidza nehupenyu hwake kuti Mukritsu, ndizvo kuratidza kuti anorarama saKritsu, nekuva muteveri vaKritsu akatendeka munezvose zvaanoita nokutaura. Nokudaro Pauro anonyprera kuMakritsu enguva yake: “Vuye zvose zvamunoita, kana zviru zveshoko kana basa, itai zvose nezita raShe Jesu, muchivonga Mwari Baba naye” (Vakorose 3:17).

Tiri Makritsu bedzi asina umwe mutupo nokuda kwezvinodzidziswa neBhaibheri. Zvinyorwa zvinotiudza kuti apo munhu anoita mutendi muna Kritsu nekuteerera Ishe Kritsu anomuponesa iye nokuda kwekuita uku anopfeka zita raKritsu, zita rekuti Mukritsu, kuratidza kuti anokudza uyu anova vaanotevera. Munhu angapfeka sei rimwe zita kumunhu asiri muridzi? Angapfeka sei zita rakagadzirwa navanhu asi achikudza Kritsu?

Tiri Makritsu nokuti tinotevera Kritsu bedzi. Kritsu ndiye Ishe vedu naTenzi. Tinokokwa kuuya kwaari Mateo 11:28-30 uye tinopindura kudana kwake. Anotiraira kuti titende kwaari uye kumuteererera, nokudaro tinoita saizvozvo Mako 16:15,16.

Tiri Makritsu nokuti tiri nengo dzemhuri yake, inova kereke. Semhuri imwechete tinopfeka zita remhuri VaEfeso 3:14,15.

Tiri Makritsu nokuda kwekuti tinorarama hupenyu hweChikritsu. Tinosangana zuva rimwe nerimwe rekutanga kwevhiki kuzonamata. Mabasa 20:7, uye tinoshingaira zuva rimwe nerimwe kutevera Kritsu (Ruka 9:23). Zvino rega ndikubvunzei chimwe chinhu. Uri mutendi muna Kritsu here? Uri Mukritsu asina mimwe mitupo here? Kana uri nhengo yekereke yausina kubvira vamboverenga nezvayo muBhaibheri, uye kuti vakapfekazita rakagadzirwa navanhu, haisi muKritsu kunyangwe uchisviti uri Mukritsu. Vazhinji vanozviti Makritsu iwo vasiri. Kana uri Mukritsu unokwanisa kuenda kushoko raMwari nekupa bhuku, chikamu nendima kuti uratid-

ze zvavakaita kuti ukwanise kuva Mukritsu uye nekuratidza kuti sei uri muKritsu. Kana usiri Mukritsu, tinokukurudzira kuti uve mumwe wevaKritsu. Kana uchitenda muna Kritsu, tendeuka zvivi zvako, pupura Kritsu kuva Mwanakomana vaMwari, mukuita izvi Ishe anokuponesa nekukuvadzera mukereke yake Mako 16:16; Maba-sa 2:38,47. Senhengo yemhuri yaIshe, kereke yake, sedungamunhu mumhuri unova Mukritsu. Zvinova nyore kuita uye zvinofadza kuziva kuti vave Mukritsu sezvainge zvakaita vana Petro, Pauro, Johane nevamwe vose vaiveko mumakore zana ekutanga. Kana kwaive neMakritsu bedzi pakutanga, unifanirwa kungovawo Mukritsu bedzi. Sei tichida mamwe kuvedzera mazita kana kubvisa? Hama chingova Ishe anoda kuti uite, izvozvo bedzi zvinova zvakarirana.

Chidzidzo 14

Sei Tichitenda Mukubatana

Hakuna chimwe chinhu chakanyanya kukosha muchitendero kunze kwekubatana. Pane kubatana pakati paMwari, Kritsu, neMweya Mutsvene. Pane kubatana muzvinyorwa. Pane kubatana pakati pevatendi, pakati pemhuri yaMwari, inova kereke. Pane kubatana muhupenyu hweMakritsu pakati pemunhu naIshe.

Kubatana zvinoreva humwechete, kuzara kwose, nekukwaniswa. Zvichireva kutenderana kubatana, kuyamurana, nekukwaniswa kushandidzana.

Isu sevanhu vaIshe, kereke yaIshe vedu, tinotenda mukubatana nokuti pakashaikwa kubatana panova nekupesana. Tisati tatanga kuenderera mberi kufunga pamusoro pekubatana, ngatitarisei tinzwe kuti shoko raMwari rinoti kudii pamusoro pekupesana, kunomirirei kana kuratidzei kusatenda, uye kuti kunokonzeresei, tika-ziva izvi tinova vatungamiri vemhando vanosimudzira kubatana. Murume vainge vakachengerwa Solomoni akati chimwe chechinhu chakavengwa naIshe ndecheuyo anoita: “Chapupu chinonyengera chinoreva nhema, Uye anokusha kupesana pakati pehama” (Zvitevo 6:19). Zvairatidza kumunhu uyo anopesanisa. MuApostora Pauro anonyorera kuMakritsu aive kuRoma: “Zvino ndinokumbira zvikuru kwamuri, hama dzangu, kuti mucherekedze avo vanopesanisa, navanogumbusa, vachiita zvinopesana nedzidziso yamakadzidziswa imi; muvanzvenge. Nokuti vakadaro havabatiri Ishe wedu Jesu Kristu, asi dumbu ravo; vanonyengera moyo yavasina mano namashoko avo akanaka, nokubata kumeso” (VaRoma 16:17,18). Ngatibatei apa, aivasimbisa kuti acherechedze avo vanoda kukonzeresa kupesana nekupa mhaka. Anoenderera mberi achisimbisa kuti vanhu ava vanofanirwa kucherechedzwa nokuti vanoita nokudzidzisa zvinhu zvinopesana nedzidziso, kana kupesana nezvinhu zvavainge vakadzidziswa, uye izvi ndizvo zvimwe zvezvinhu zvaakataura kuti zvinokonzeresa kupesana. Pauro

unoti nokuda kwekuita uku vanofanirwa kudziviswa nokuti vanenge vasingashandire Ishe. Asi kuti vanenge vachishandira dumbu ravo, zvinoreva izvo kuti vanenge vachii-ta chinhu ichi nokuda kwekuzvivanira zvavanoda ivo kwete ruzhinji. Mukupedzisira, anovaraira pamusoro pavo nokuti vanonyengera nemashoko avo akanaka nekutaura kunokwezvera. Akanyatsobudisa pachena apa, kunyepa here? Uye zvokwadi zvaka-kodzera kucherechedza vanhu ava, vazhinji vavo vasati vapinza ruzhinji mukuraswa.

Muna 1 Vakorinte 1:11-17 Pauro anonyorera kuMakritsu aive paKorinte: “Nokuti ndakavudzwa pamusoro penyu, hama dzangu, navari vokwaKroe, kuti kunegaka-va pakati penyu. Zvandinoreva ndizvo, kuti mumwe nomumwe wenyu unoti: Ini ndiri waPauro, ini waAporo, ini waKefasi, ini waKristu. Ko Pauro wakaroverwa pamuchin-jikwa nokuda kwenyu here? Ko makabhabhatidzwa muzita raPauro here? Ndino-vonga Mwari, kuti handina kubhabhatidza mumwe wenyu, asi Krispo naGayo; kuti kurege kuva nomunhu ungati, makabhabhatidzwa muzita rangu. Ndakabhabhatidza vo veimba yaStefana; asi vamwe, handizivi kana ndakabhabhatidza mumwe. Nokuti Kristu haana kundituma kubhabhatidza, asi kuti ndiparidze Evhangeri; ndisingaiti nenjere dzamashoko, kuti muchinjikwa waKrsitu urege kukoneswa.”

Mukuenderera mberi tinoona kuti Pauro anoona kuti paive nekupesana pakati peMakritsu paKorinte. Dzimwe nhengo dzainge dzakutozviita dzekwaPauro, vamwe kwaApollosi, vamwe kuna Petro, nevamwe kuna Kritsu. Mukuvabatsira Pauro kuratidza kuti izvi handizvo, Pauro anovabvunza mibvunzo mitatu: Ko Kritsu akapesaniswa here? Ko Pauro naApollosi kana Petro vakaroverwa nokuda kwenyu here? Uye Mukupedzisi-ra, Makabhabhatidzwa muzita raPauro, Apollosi kana Petro here? Zvirokwazvo vaiziva kuti Kritsu haana kupesaniswa, asi kuti Kritsu ainge akaroverwa nokuda kwavo, nekuzi-va kuti vainge vakabhabhatidzwa muzita raKritsu. Chaiva chokwadi, kwaitove kupenga kwavo kutevera Pauro nevamwe vanhu. Sezvo Kritsu ainge asina kupesaniswa, asi kuti ainge akaroverwa nokuda kwavo, uye kuti vainge vakabhabhatidzwa muzita raKritsu, vaifanirwa kutevera Kritsu, uye Kritsu bedzi. Mukuita sekudaaro vaifanirwa kuita vak-abatana sekubatanidzwa kwavakaitwa naKritsu. Asi nokuda kwechimiro chaive paKo-rinte, Pauro unotaura kuti iye aifara kuti ainge asina kubhabhatidza vazhinji pakatipawo asi aikatyamadzwa kuti vaizama kumutevera. Anoti kunyangwe ainge akabhabhatidza veimba ya Stefanasi neyaKirisipasi naGeinzi. Asi anoenderera mberi kutaura kuti Ishe vainge vasina kumutumira kubhabhatidza asi kuparidza evhangeri. Tinoziva kuti aisa-taura kuti rubhabhatidzo harina kukosha, kana kuti aisafanirwa kusabhabhatidza, asi kuti aitaura kuti ainge asina kuzotumirwa kubhabhatidza bedzi, asi chinangwa chainge akatumirwa kuparidza evhangeri. Zvakanyorwa kuti kana evhangeri rikaparidzwa, panoita avo vanenge vachinzwa kuda kuteerera evhangeri, zvinhu zvinova zvakakosha zvinotarisirwa kuti vabhabhatidzwe. Asi anotaura kuti chinhu chekutanga ndicho chi-

nofanirwa kutangwa.

Ndofunga kuti tinokwanisa kuzvicherechedza muzvinyorwa zvakasiyana siyana zvakataurwa, uye munyaya yeMakritsu aive paKorinte. Mwari haafadzwe nekupesana, asi kuti anotopikisa nekushoora kiita uku. Ichi chinova chokwadi ngationei kuti zvinyorwa zvinoti kudii pamusoro pekubatana. Mukudzokera pakereke yepaKorinte, Pauro unonyorera kuMakritsu aivepo: “Zvino ndinokumbira zvikuru kwamuri, hama dzangu, nezita raShe wedu, Jesu Kristu, kuti imi mose mutaure chinhu chimwe, kuti pakati penyu kurege kuva nokupesana; asi kuti musonganiswe zvakanaka pamurangariro mumwe nokufunga kumwe” (1 VaKorinte 1:10). Sezvauri kuona, kupesana kunoshorwa asi kubatana kunokurudzirwa.

Muna Johane 17 Ishe vakanamata kuna Baba nokuda kwevaApotsora, uye kune vose vanotenda vaizoteera: “Handinyengetereri ava bedzi, asi naivo vachatendavo kwandiri neshoko ravo. kuti vose vave vamwe; semi Baba muri mandiri, neni mamuri; kuti naivo vave matiri, kuti nyika itende kuti makandituma. Neni ndakavapa kubwinya kwamakandipa; kuti vave vamwe, nesu tiri vamwe; ini mavari, nemi mandiri, vakwaniswe kuva vamwe; kuti nyika izive kuti makandituma, vuye kuti makavada, sezvamakandida ini” (Johane 17:20-23). Cherechedza chinhu ichi, Kritsu anoti ainamatira kune avo vaitenda kwaari kubudikidza nemashomo avo, ndiko kuti, kuparidzwa kwevhangeri sekunyorwa kwazvakaitwa muna Mako 16:15,16, uye kuti vose vave vamwechete. Zvirokwazvo, kana vaapostora vose vaiparidza shoko rimwechete, uye vose vaitenda kwariri, vose vaitenda chinhu chimwe, vaiita chinhu chimwe, uye vose vaive nehumwechete. Uye Kritsu ainamatira kuti vose vave vamwechete sezvo iye naBaba vainge vari vamwechete. Uku ndiku kunonzii kubatana kwakakwana. Chimwe chikonzero chaainamatira kuti vave vamwe kwaive kuratidza nyika kuti itende kuti Baba vainge vakamutuma. Aiziva kuti kana vose vakange vakapesana nekushorana pachavo zvaisvika pakuvapesanisa nyika ikavaseka. Rangarira kuti kubatana imba yakasimba muzvinhu zvakanaka asi kupesana kunoparadza.

VaEfeso 4:1-6 muApostora Pauro anopa hwaro yekubatana. Anoti: “Naizvozvo ini musungwa munaShe, ndinokumbira zvikuru kuti mufambe zvakafanira kudanwa kwamakadanwa nako, nokuzvinipisa kwose novunoro, nomoyo murefu, muchiitirana moyo murefu murudo; muchishingaira kuchengeta vumwe bwoMweya muchisungo chorugare. Ishe mumwe, nokutenda kumwe, norubhabhatidzo rumwe, naMwari mumwe, naBaba vavose, uri pamsoro pavose, unobata navose, uri mukati menyu mose.” Cheredza kuti Pauro anoita chikumbiro chekubatana hwaro dzekuti kuna Mwari mumwechete, Ishe Umwechete, Mweya mumwechete, kutenda kumwechete, rubhabhatidzo rumwe, muviri mumwe, kana kereke uye kutenda kumwe. Nokumwe kutaura, arikuti kuna Mwari mumwechete kana Baba vakaratidza kuda kwavo

kwatiri kubudikidza neMweya Mutsvene, Ishe mumwe namuponesu Jesu Kritisu, uye tese tikatenda kudzidzisa kumwe nekutenda Ishe mumwechete murubhabhatidzo, kunova kuvigwa mumvura, Ishe anotivedzera tose mumuviri mumwe inova kereke uye mukereke tese tine tarisiro yehupenyu husingaperi. Shamwari yangu tingapesana sei isu tose tichitenda nokuteerera Ishe mumwechete? Zvinova zvisingafanirwe kutipesanisa asi kutibatanidza. Kare kare, munyori vepisarema Davidi akati: “Tarirai, kunaka kwazvo nokufadza kwazvo Kana hama dzichigara pamwechete norugare” (Mapisarema 133:1).

Hamadzangu, tinoziva kuti kune kupesana kuzhinji muzvitendero nhasi pakati pevanhu vanoti vanotevera Kritisu. Izvi zvinosuwisa nekusiririsa, asi usape mhosva Kritisu nedzidziso dzake. Pane kuti, vanhu vave nemutoro uyu nokuti vazhinji havade kuita zvido zvinoteva Ishe. Ndapota usatendera chinhu ichi kuti chikunyengere. Enda kunaKritisu neshoko rake kuchokwadi. Tenda kwazviri nekuteerera mukuita kudai unozvipa pakuponeswa nekuvedzerwa mukereke imwechete, kereke yaIshe, yatinoverenga nezvayo muBhauibheri. Sokuti, unosvika pakubatanidzwa nevamwe vese vakasvika pakuteerera Ishe memoyo vose. Zvirokwazvo, kuva nemhando yekubatana iyo Kritisu akanamatira. Kana tikada kuponeswa nekuenda kudenga tinofanirwa kuteerera.

Uri Mukritisu here kana kuti nengo yekereke yaKritisu? Kana usiri tinonamatira kuti uwe mumwe venhengo dzaKritisu. Unokwanisa kuita sokudaro kubudikidza nekutenda munaKritisu, kutendeuka zvivi zvako, nekubhabhatidzwa mukuregererwa kwezvivi, pupura kutenda kwako kuna Kritisu, nekusvika pakubhabhatidzwa mukukanganirwa zvivi. Ishe anokuponesa nokukuvedzera mukereke kuitira kuti tive vamwe munaKritisu Jesu. Kwete kudaro kwoga, asi kuti unechisimbiso chekuti Ishe haakanaganise. Anoziva pose paunomukudza zvakare kuti ndeipi kereke yaangakuvedzera, kereke, imwechete yoga inova yaKritisu.

Chidzidzo 15

Sei Kritisu Akafa Pamuchinjiko

Pakutanga apo Mwari akasika murume nemukadzi vange vakakwana vasi-na chivi. Asi havana kugara muchimiro ichi chekuve wakachena kwenguva varefu. Muchinguva chiduku vakatadzira Mwari vakafa pamweya, vakasvika pakudzvingwa mubhindu reEdeni, kuti vasvike mukutambura nokuda kwemhosva yavo yekuita chivi, sekuti varume akanzi aifanirwa kuvana nduramo kana pundutso yake kubudikidza nekuda kwekuziya rake mukushanda zvakaomarara uye mudzimai aizofanirwa kutambudzika nekurwadziva kukuru kwazvo mukutakura mimba nemukupona mwana, uye nekusvika pakufa panyama Genesisi 1-3. Munhu zvino akasvika pakuva

muvegi vaMwari kubudikidza nechivi chakaiswa pakati avo.

Sezvo Munhu asisakwanise kuzvidzoreredza chimiro chekutanga chakakwana asati atadza, uye kunyangwe mhuka hadzina kukwanisa kubvisa chivi chemunhu, kusvikira Mwari akatumira Mwanakomana vake, Jesu Kritsu, kuti ave chibayiro chakakwana chekubayira zvivi zvenyika, uye kushanda nemumiriri nemutauriri vedu pakati paMwari nemunhu, unova vakazviita nyore kuti munhu akwanise kudzokera kunaMwari (VaHeberu10:4; Genesisi 3:15). Nokudaro munguva yakafanira Mwari akatumira Mwanakomana vake kuti agozvarwa nemhandara Mariya. Ngirozi yaMwari inouya kunaJosefa ainge ari murume aida kuwana Mariya, ikati kwaari: “Iye uchazvara Mwanakomana, ugomutumidza zita rinonzi Jesu, nokuti ndiye uchaponesa vanhu vake pazvivi zvavo” (Mateo 1:21).

Takaudzwa kuti Kritsu akauya panyika ino sekuvimbiswa kwazvainge zvakaitwa uye kuuya kwake kwainge kwakataurwa nemaporofita. Zvinoshamisa, asi Mwari vakamutumira kuti azofa. Tinoverenga: “Nokuti Mwari wakada nyika nokudaro, kuti wakapa Mwanakomana wake wakaberekwa mumwe woga, kuti aninani unotenda kwaari, arege kuparara, asi ave novupenyu bwusingaperi. Nokuti Mwari haana kutumira Mwanakomana wake panyika, kuti arashe nyika, asi kuti nyika iponeswe naye” (Johane 3:16,17). Haana kuzongomutumira kufa bedzi, asi akatumirwa kufira vatadzi, vasingadi Mwari. Pauro, akati: “Nokuti tichiri pakushaiwa simba, Kristu panguva yakafanira wakafira vasingadi Mwari. Nokuti zvinorema kuti munhu afire wakarurama; nokuti zvimwe mumwe ungatsunga kufira wakanaka Asi Mwari unoratidza rudo rwake kwatiri pakuti Kristu wakatifira, tichiri vatadzi. Zvino, zvatakaruramiswa muropa rake, tichaponeswa zvikuru sei naye pakutsamwa” (VaRoma 5:6-9). Kritsu akati kuvateveri vake: “Uyu ndiwo murairo wangu, kuti mudane, seni ndakakudai imi. Hakunomunhu unorudo rukuru kunourwu, kuti munhu arashire hama dzake vupenyu bwake. Imi muri hama dzangu, kana muchiita chipi nechipi chandokurairai” (Johane 15:12-14). Johane akanyora: “Rudo rwaMwari rwakaradidzwa kwatiri nechinhu ichi, kuti Mwari wakatuma Mwanakomana wake, wakaberekwa ari mumwe chete, munyika, kuti tive novupenyu naye. Rudo ruri pachinhu ichi, kuti hatizisu takada Mwari, asi kuti ndiye wakatida, akatuma Mwanakomana wake kuti ave rudzikinuro rwezvivi zvedu” (1 Johane 4:9,10).

Apo Kritsu aive Panyika, vaiita zvakanaka. Airapa zvirwere, aipa kuona kumapofu, aimutsa vakafa nekuita zvimwe zvishamiso kuti akwanise kuratidza kuti ainge akatumwa kubva KunaMwari. Johane akanyora: “Zvino Jesu wakaita zvimwe zviratidzo zvizhinji pamberi pavadzidzi vake, zvisina kunyorwa mubhuku iyi; asi izvi zvakanyorwa, kuti mutende kuti Jesu ndiye Kristu, Mwanakomana waMwari; vuye kuti, muchitenda, muve novupenyu muzita rake” (Johane 20:30,31).

Jesu aive munhu ainge akanaka; ainge asina chivi. Pauro akati pamisoro paMwari achitaura nezvaKritsu: “Uyo, wakanga asingazivi zvivi, wakamuita kuti ave zvivi nokuda kwedu; kuti isu tive kururama kwaMwari maari” (2 Vakorinte 5:21). Petro akati ainge asina chivi maari, kunyangwe kunyengera kwaivanikwa paari (1 Petro 2:22).

Uye tinoudzwa kuti munhu uyu vakanaka aifamba achiita zvinhu zvakanaka, uyu vainge asina chivi, Mwanakomana waidiswa naMwari mumwechete voga, akafa pamuchinjikwa nokuda kwezvivi zvenyika. Pauro akati: “Akati awanikwa anomufananidzo womunhu, akazvininipisa, akaterera kusvikira parufu, irwo rufu rwomuchinjikwa” (VaFiripi 2:8). Petro anoraira, “Nokuti makadanirwa izvozvo, Kristu zvaakakutambudzikirai vo, akakusiyirai mufananidzo, kuti mutevere makwara ake; iye usina kuita zvivi, nokunyengera hakuna kuvonekwa mumuromo make; iye wakati achitukwa, haanakutuka zve; wakati achitambudzika, haana kutyisidzira; asi wakaisa mhaka yake kunaiye unotonga zvakarurama; iye wakatakura amene zvivi zvedu mumuviri wake pamuti, kuti isu, kana tafa kuzvivi, tiraramire zvakarurama; iye wamakaporeswa namavanga ake” (1 Petro 2:21-24). Pauro akati Kritsu akafira zvivi zvedu maringe nezvainge zvakanyorwa 1 Vakorinte 15:3.

Asi sei Kritsu akaroverwa, kuti neiko, sei munhu akada kuisa munhu akanaka murufu? Kunyangwe ainge akauya kuzoponesa munhu, aifanirwa kurwa nemunhu vekutadza. Kunyangwe neavo vaofanirwa kuve wanomirira Mwari, vakaita semapirisita, vanyori, Vafarise, Masadhusi, nevamee vakadaro, vakasvika pakudzidzisa dzidziso maringe nekuraira nomudzodzisa kwavanhu, nokudaro vainge vakazadzwa nogodo, neshanje uye zvakaipa. Takaudzwa kuti: “Wakavuya kunezvake, asi vanhu vake havana kumugamuchira” (Johane 1:11). Zvakare anoti: “Asi hamudi kuvuya kwandiri, kuti muve novupenyu” (Johane 5:40). Mukutaura nevanhu vezvitendero izvi muzuva rePentekotsi, munguva iyo kereke yaIshe yakatangwa, petro akati: “Varume vaIsraeri, donzwai mashoko awa: Jesu weNazareta, murume wakaraidzwa naMwari kwamuri namabasa esimba, nezvishamiso, nezviratidzo zvakaitwa naMwari pakati penyu naye, sezvamunoziva imi mumene; iye, wakaiswa kwamuri nomutemo nokuziva zviri mberi kwaMwari, imi makamutora namavoko akaipa mukamurovera pamuchinjikwa mukamuvuraya; iye wakamutswa naMwari, amusunungura pakurwadziwa kworufu; nokuti zvakanga zvisingabviri kuti abatwe narwo” (Mabasa 2:22-24). Panguva imwechete Kritsu anoendeswa pamberi paPirato kuti anotongwa, zvinyorwa zvinoti Pirato aiziva kuti vakuru vemapirisita vainge vamuunza kwaari nokuda kweruvengo (Mako 15:10). Nokuti Kritsu ainge achipomerwa mhaka isiriyake asi manyepo nekutongerwa rufu rwepamuchinjikwa. Nevanhu vekutadza, zvakare vakamurova, vakamuseka, vakamushoora, vakamurovera pamuchinjikwa, vakamuisa pakati pembavha mbiri, ndokumusiya ipapo kuti afe. Akazobviswa pamuchinjikwa, akaputirwa, akaiswa mub-

wiro rakavharwa nedombo hombe pamusuwo. Asi Jesu ainge akavimbisa kuti kana achinge azofa zuva retatu aizomukazve (Johane 14:10). Uye nezuva retatu akabuda kubva muguva saIshe. Mumangwanani ezuva rechitatu, apo madzimai akauya kutotsvaira pabwiro, ngirozi yakazviratidza ndokuti: “Haapo pano nokuti wakamuka sezvaakareva. Vuyai muvone pakanga pavete Ishe” (Mateo 28:6). Mushure mekuzviratidza pamberi pevadzidzi vake, uye nekuruzhinji sevanhu mazana mashanu panechimwe chiitiko, akazokwira achidzokera kunaBaba kudenga kundogara humambo, samambo vemadzimambo naIshe vemadziShe (1 Vakorinte 15:1-8; Mabasa 1:1-11), uko anotonga ari kusvika nazvino.

Zvakare, sei Kritisu akafa pamuchinjiko? Kune zvikonzero zvizhinji, asi chikuru chacho ndechekuti munhu akwaniswe kuponeswa. Asi Kritisu zvakare akafa rufu rwemuchinjiko kuzadzisa chiporofita chaitaura pamusoro pekufa kwake (Isaya 53; Mabasa 8), kubvisa mutemo yekare nekuisa mutemo mutsva (Vakorose 2:14; Johane 1:17; Mateo 26:28), akadeura ropa rake kuti munhu akwanise kukanganirwa zvivi zvake (VaEfeso 1:7, Mabasa 22:16), kutanga kereke (VaEfeso 5:25), nekupa vakaoneswa tariro yehupenyu husingaperi (2 VaTesaronika 2:16).

Asi kunyangwe nokuziva kuti Kritisu akafira pamuchinjiko kuti aponese nyika, vanhu vazhinji vakarasika. Nokuda kweyi? Kune zvikonzero zvizhinji. Vazhinji havana hanya nekuraira kwaMwari. Pauro akati asati ave muKritisu aitambudza kereke mukusaziva (1 Timoti 1:13). Vamwe ndivo vanovimba nechimiro chavo kana kuti kuva nehupenyu unehunhu kuvaponesa. Asi tikatarisa Koneriyasi nemhuri yake vaive vanhu vainge vakanaka pahunhu, asi Pauro anovaraira kuti zvainge zvakakosha zvakare kuti vateerere Ishe kuti vaponeswe Mabasa 10. Kune vamwe vanoda kurumbidzwa kwevanhu kudarika kurumbidzwa kwaMwari. Kritisu akataura pamusoro pevamwe waitenda mawari asi vasina kumupupura nokutya kuti vanozosvika pakurambwa nevatungamiri vezvitendero venguva iyoyo. Anotsanangura kuti sei vaisamupupura: “Nokuti vakanga vachida kukudzwa navanhu kupfuvura kukudzwa naMwari” (Johan 12:43). Zvorokwazvo, kune vazhinji vakaita seava kunyangwe mumazuva anhasi. Kune mashoko evanhu vanonyengera muzvitendero. Johane akanyora: “Vadikanwa, musatenda mweya yose, asi muidze mweya, kuti muvone kana yakabva kunaMwari; nokuti vaporofita vazhinji venhema vakabudira munyika” (1 Johane 4:1). Sezvo kuine vadzidzisi vazhinji venhema, kunyangwe nazvino, vazhinji varikutungamirwa mukurashwa nevadzidzisi ava. Mukupedzisira, vazhinji vachafarira nyika nekuva vanofarira mabasa enyama. Dambudziko rimwechete rinozovanikwa apa nderekuti Ishe vakatiudza kuti tisada nyika (1 Johane 2:15) uye kuti mabasa enyama anotungamira murufu (VaGaratia 5; VaRoma 6:23).

Unoziva here shamwari yangu kuti Kritisu akafira iwe kuti ukwanise kuponeswa?

Usasvika pakumuramba kana kumusiya iye ariye nzira imwechete yakaita kuti ukwanise kuponeswa uye mumwechete anokwanisa kukupa tariro. Kana uchinge vaitenda maari, nekutendeuka kubva muzvivi zvako, nekumupupura ari Mwanakomana vaMwari, nekusvika pakubhabhatidzwa mukukanganirwa zvivi zvako, anokuponesa nokukuvedzera mukereke yake uye ukaramba vakatendeka kwaari, nerimwe ramazuva achakupa imba kudenga (Mako 16:16; Mateo 10:32; Mabasa 2:38, 47; Zvakazarurwa 2:10).

Chidzidzo 16

Sei Tichitenda kuti Kritsu Akamuka Kubva Muguva

Zvirokwazvo tose tinoziva chokwadi chekuti Jesu Kritsu akararama nekuzouraiwa pamuchinjikwa zvevakore anokwanisa kusvika kana kudarika zviuru zviviri zvakadarika. Asi achiri kurarama mupfungwa dzevanhu nemuhupenyu vezviuru kana mamiriyoni evanhu varipanyika. Sei zvakadaro? Chikonzero chingava chirinyore kunzwisisa ndechekuti akaroverwa pamuchinjikwa mukuita kweutsinye, akavigwa nezuva retatu akamuka kubva muguva. Saizvozvo tinoparidza kunyangwe nazvino kuti Kritsu haana kufa bedzi asi kuti akamukazve kubva kuvakafa. Nokuda kwekudaro tinotaura kubudikidza nemunyorori veHeberu kuti: “Jesu Kristu unogara akadaro zuro, nanhasi, nokusingaperi” (VaHeberu 13:8).

Kunyangwe apo Kritsu akararama panyika vaivimbisa kuti vaizomuka kubva mukufa. Akati kwawari: “Putsai tembere iyi, ini ndichaimutsa zve namazuva matatu. Zvino vaJudha vakati: Tembere iyi yakavakwa namakore anamakumi mana namatanhatu, zvino iwe ungaimutsa namazuva matatu here? Asi iye wakanga achireva tembere yomuviri wake” (Johane 2:19-21). Tinoverenga zvakare: “Kubva panguva iyo Jesu wakatanga kuratidza vadzidzi vake kuti unofanira kuenda Jerusarema, kundotambudzwa zvizhinji navakuru navaPirisita vakuru navanyori, nokuvurawa nokumutswazve nezuva retatu” (Mateo 16:21). Munguva iyo vadzidzi vaisanzwisisa kukosha kwekutura uku, asi zuva rakazosvika iro vakazova zvapupu zvekuti Kritsu aive Ishe vainge vamuka, uye nekurangarira nepakusvika pakunzwisisa izvo zvaainge ataura.

Mushure mekunge Kritsu apihwa mhosva yenhema, akaroverwa pamichinjiko, ndokufa rufu runorwadza, zvinyorwa zvinoti: “Zvino ava madeko kukasvika mumwe mufumi weArimatea wainzi Josefa. Wakanga ari mudzidzi waJesu amene. Akaenda kunaPirato akakumbira mutumbu waJesu. Pirato akaraira kuti apiwe. Josefa akatoramutumbu, akaputira nomucheka muchena. Akauviga mubwiro hwake hwutsva, hwaakanga achera mubwe. Akakungurusira ibwe guru pamuromo webwiro akabva. Maria Magadrane nomumwe Maria vakanga varipo vagere vakatarisana nobwiro”

(Mateo 27:57-61). Munguva iyi zvaitaridzika sekunge ndivo aive magumo aJesu. Kunyangwe vadzidzi vake, kunyangwe vainge vachiri mukukahadzika, vanoonekwa vachinge vaive nekudakubvuma zvinhu izvi, uye vakatanga kunyangwe kufunga kudzokera kudzimba dzavo dzekutanga. Kunyangwe vavenge nevatambudzi vaJesu vainge vasina kukanganwa zvaainge akataura pamusoro pekataura kwake kwaainge akavaudza kuti aizomuka kubva muguva. Tinoverenga: “Fume mangwana ndiro zuva raitevera zuva roKugadzirira VaPirisita vakuru navaFarise vakavungana kunaPirato, vakati Ishe tinorangarira kuti munyengeri uyu achiri mupenyu akati, mazuva matatu apfuvura ndichamuka. Saka rairai kuti bwiro bwuchengetwe kusvikira nezuva retatu kuti vadzidzi vake varege kuvuya vusiku vakamuba. Vagoti kuvanhu, wakamutswa kuvakafa. Kurashika kokupedzisira kukazopfuvura kokutanga. Pirato akati kwavari, imi munavarindi, endai mubwuchengete sezvamunoziva. Vakaenda, vakandochengeta bwiro. Vakaisa chiratidzo chokusimbisa pabwe, varindi vanavo” (Mateo 27:62-66).

Asi vaive nekusatenda kuti Kritsu aizomuka kubva mukuva, asi kuti vaitya kuti zvimwe vadzidzi vake vaizouya kuzomuba kuenda naye, uye kuti kana zvichinge zvaita sokudaro mbiri yake yaizoenda kure nekuziikanwa kutodarika kuziikanwa kwaitwa pakutanga. Mukuda kuva nechokwadi kuti zvaisazoitika vakaenda kuguva kuti vanyatsoona kuti rakanyatsovharwa here, nekusiya vachengeti vavo varume vaviri kuti vagorichengetedza.

Zvino ngatiendererei mberi kuverenga. Zvinonzi: “Nokupera kwesabata kwoedza, nomusi wokutanga kwevhiki. Maria Magadarene nomumwe Maria vakavuya kuzovona bwiro. Zvino kukavapo kudengenyeka kukuru kwenyika nokuti mutumwa waShe wakaburuka kudenga, akavuya, akakungurusa ibwe ndokugara pamusoro paro. Kuvonekwa kwake kwakanga kwakaita semheni nezvokufuka zvake zvaiva zvichena sechando. Zvino varindi vakadedera vachimutya vakaita savakafa. Zvino mutumwa akapindura akati kuvakadzi, musatya imi nokuti ndinoziva kuti munotsvaka Jesu wakanga akaroverwa pamuchinjikwa. Haapo pano nokuti wakamuka sezvaakareva. Vuyai muvone pakanga pavete Ishe. Kurumidzai muende mundovudza vadzidzi vake kuti wamuka kuvakafa. Tarirai unokutungamirirai Garirea, muchando muvonapo. Tarirai ndakuvudzai. Zvino vakakurumidza kubva pabwiro vachitya nokufara zvikuru. Vakamhanyira kunovudza vadzidzi vake. Zvino vakati vachienda kundovudza vadzidzi vake, tarira Jesu wakasangana navo akati, Kwaziwai! Vakavuya vakabata tsoka dzake vakamunamata. Zvino Jesu akati kwavari, musatya endai mundovudza hama dzangu kuti vaende Garirea vagondivonako” (Mateo 28:1-10). Asi izvi hazvitaridzike sekunge vadzidzi vainge vakarangana kumashure kuzouya kuzoba mutumbi vaJesu, zvingava izvo here? Asi kuti zvinotoratidzika sokunge vaitova nekushamisika sekushamiswa kwakaitwavo varindi. Kunyangwe vamwe pakati pevaApostora vaive

nekusatenda kumuka kwake pakutanga.

Mukuverenga, ngationei kuti varindi vakabata sei nyaya yekumuka kwake. Takaudzwa kuti: “Zvino vachiri munzira, vamwe varindi vakasvika muguta, vakavudza vaPirisita vakuru zvose zvakaitwa. Vakati vavungana navakuru vakarangana, vakapa varwi mari zhinji, vachiti taurai muchiti, vadzidzi vake vakavuya vusiku vakamuba isu tivete. Kana zvikanzwikwa nomubati tichamutendisa, imi murege kusundirwa mhosva. Zvino vakatora mari vakaita sezvavakadzidziswa. Shoko iri rikaparidzirwa pakati pavaJudha kusvikira zuva ranhasi” (Mateo 28:11-15). Zvino funga pamusoro pezvakaikita apa. Patinenge tichiverenga mune dzimwe ndima.

Patinenge tichiverenga mune dzimwe ndima dzekumashure, avo vakatumwa kundomema kuguva vanonyatsoziva zvakaikita. Apo ngirozi yakazviratidza ikasundidzira dombo raive rakavhara bwiro, kutya kukuru kwakavepo pamusoro pavo, vakadedera, vakanyepera kuita sevakafa. Uye mushure mechiitiko ichi, vakamhanyira muguta kunoudza muperisita mukuru zvainge zvaitika. Kunze kwekuti vave vakatendeka nokubvuma nekuva nekubvuma pakatipavo kuti Jesu ainge amuka zvechokwadi kubva muguva, vakaunganidzana pachavo nevakuru, kuti vakurukure nezvenyaya iyi, uye mari zhinji yakapihwa kuvarume ava, uye ndokurairwa kuti vafambise shoko rekuti vadzidzi vaJesu vainge vauya kuzomuba manheru apo vainge vabatwa nehope. Zvoreva izvo kuti vakapihwa chioko muhomwe kuti vanyepe. Izvi zvakaikita sokudaro zveshuva here, vaisafanira kunge vakapihwa mari, iye vatariri vaisafanitwa kunyepa. Kunyangwe hazvo zvakaikita sokudaro, asi zvingaita sei kuti varindi kana mauto angabvumwe kuti vadzidzi vaKritsu vakauya kuzovabira apo vavete? Muzviitiko zvizhinji zvakaikita sezvizvi mauto akaonekwa aine mhosva yekurara pabasa vanosvika pakubhadhara mhosva yakadai nehupenyu hwavo. Nokudaro vatariri vaitarisira kuti varume ava kana vakazobvunzwa nagavhuna vaizotsanangura mukutaura kudaro vaisvika pakuba vakachengetedzeka.

Kunyangwe nanhasi, kuchiri nevamwe vanhu vachinekutenda kuti Jesu haana kufa pamuchinjiko uye, naizvozvo, mushure mekunge aiswa mubwiro munguva dzemanheru vadzidzi vake vakamuba vakaenda naye. Uku ndiko kunova kufunga kwemipengo. Zvinyorwa zvaMateo, Mako, Ruka naJohane pamwechete neBhaibheri rose, rinopupura kuti Kritsu akamuka kubva muguva. Kwete kudaro bedzi, asi kuti ruponeso, rubhabhatidzo, kereke, Ishe, Tafura yaIshe, neChikritsu pachezvacho vose vanotenda mukumuka kwaKritsu. Kune vamwe vanotaura kuti Bhaibheri rakashandurwa kuti rikwanise kudzidzisa zvinhu izvi. Asi ndiani akarishandura? Kwete vaJudha, nokuti vakange vasati vave vatendi vaitenda munaKritsu panguva iyi. Munguva imwechete zvinyorwa pazvakanyorwa vaHedheni mukuzara kwavo vaiverengwa sevanhu vasingatendi. Mukuenderera mberi, tine zvinyorwa zvemubhaibheri, kunyan-

ya mundima dzemu Testamente Yekare, mukudzokera mugore ra200 B.C. zvirokwazvo, Bhaibheri rinomirira chokwadi, shoko raMwari ritsvene, zvakare rinodzidzisa kuti Kritsu akamuka kubva muguva.

Pauro akanyora: “Zvino, hama dzangu, ndinokuzivisai Evhangeri yandakakuparidzirai, iyo yamagamuchira vo, neyamunomira vo mairi; iyo yamunoponeswa vo nayo, kana muchiibatisa nomutovo wandakaiparidza kwamuri, kana musina kutenda pasina. Nokuti pakutanga ndakakupai izvo zvandakagamuchira vo, kuti Kristu wakafira zvivi zvedu, sezvakanyorwa paMagwaro; vuye kuti wakavigwa, akamutswa nezuva retatu, sezvakanyorwa paMagwaro; akazviratidza kunaKefasi, ipapo kunavanegumi navaviri; ipapo akazviratidza kuhama dzinopfuvura mazana mashanu kamwe-vazhinji vavo vapenyu kusvikira zvino, asi vamwe vavata. Ipapo akazviratidza kunaJakobho; ipapo kunavaapostora vose. pakupedzisira akazviratidza kwandiri vo, sokunowakazvarwa nguva isati yasvika” (1 Vakorinte 15:1-8).

Zvino ndiani vainzi Pauro? Asati ava Mukritsu aiziikanwa nokuti Sauro. Aive muJudha, akadzidziswa pasi petsoka dzaGamalio, muFarise, uye vaive vaishingaira muchitendero chake (VaFiripi 3:4-7). Mokuda kwokudaro aive mutambudzi mukuru vekereke; munguva iyoyo kusvikita Ishe vazviratidza kwaari nekumushandura kumuisa KunaKritsu (Mabasa 9:22). Ipapo akaenda achiparidza Kritsu kuva Mwa-makomana vaMwari nekupariza kumuka kwake (Mabasa 9:20; 17:18). Kutendeuka kwekukurudzirwa kwakadai kunoshamisa kubva kumunhu ange asingatendi kunovandzo kubva kwakaoma dai ainge asinz kuona Kritsu. Akanzwisisa kuti Kritsu zvirokwazvo aive Ishe akamuka.

Ko iwe? Unotenda here kuti Kritsu akamuka kubva muguva? Unotenda here kuti anorarama nhasi uye rimwe ramazuva achadzoka kuvamhu vake, kereke? Kana usiri mutendi tinonamata kuti uve mumwe. Kana uchitemda muna Kritsu, tendeuka kubva muzvivi zvako, Ishe anokuponesa nekukuvedzera mukereke yake (Mako 16:16; Mabasa 2:47).

Chidzidzo 17

Sei Tichitenda Kutu Kritsu Achadzokazve

Tinotenda kuti Jesu Kritsu Mwanakomana vaMwari uye kuti akamuka kubva mukufa. Muna 1 Vakorinte 15, Pauro anotaura kufa, kuvigwa nekumuka kwaKritsu achipa umboo vekumuka kwake. Anotaura vanhu vakativandei kuva zvapupu zvinot-sigira kumuka kwaKritsu kubva kurufu. Zvakare anoti: “Zvino kana Kristu achiparidzwa, kuti wakamutswa kuvakafa, vamwe pakati penyu vanoreva seiko, kuti hakuna kumuka kwavakafa? Zvino, dai pasina kumuka kwavakafa, naKristu ungadai asina

kumutswa vo; vuye, dai Kristu asina kumutswa, kuparidza kwedu kungadai kuchiva pasina, nokutenda kwenyu kungadai kuchiva vo pasina. Nesu taiwanikwa tiri zvapupu zvaMwari zvenhema; nokuti takapupura kuti Mwari wakamutsa Kristu, iye waasina kumutsa, kana zviri izvo kuti vakafa havamutswi. Nokuti kana vakafa vasingamutswi, naKristu, haana kumutswa vo; kana Kristu asinakumutswa, kutenda kwenyu hakuna maturo; muchiri muzvivi zvenyu. Zvino naivo vakafa munaKristu vakarashika vo. Kana tinetariro kunaKristu pavupenyu bwuno bedzi, tinonzwisa vurombo kukunda vanhu vose. Nokuti zvino Kristu wakamutswa kuvakafa, akava chibereko chokutanga chavavata” (1 Vakorinte 15:12-20). Nokuda kwekuti tinotenda mukumuka kwaKritsu, tinotenda zvakare kuti Kritsu achadzoka zvakare. Kritsu mbune akavimbisa kuti achadzoka. Kritsu akati: “Moyo yenyu irege kumanikidzwa; tendai kunaMwari, mutende vo kwandiri. Mumba maBaba vangu munenzvimbo zhinji dzokugara; dai kusaiva kudaro, ndingadai ndaikuvudzai; nokuti ndinoenda kundokugadzirirai pokugara. Kana ndaenda kundokugadzirirai pokugara, ndinozovuya zve, ndikugamuchirei kwandiri; kuti apo pandiri, nemi mugovapo vo” (Johane 14:1-3).

Panguva iyo Ishe vakadzokera kuna Baba vavo kudenga, zvinyorwa zvinoti: “Zvino wakati areva izvozvi, akakwidzwa, vachitarira; gore rikamubvisa, vakasazomuvona, Zvino vachitarisisa kudenga, iye achikwira, tarira, varume vaviri vamire navo vakafuka nguvo chena; ivo wakati: Imi varume veGarirea, makamirireiko makatarira kudenga? Uyu Jesu, wakabva kwamuri, akakwidzwa kudenga, uchavuya saizvozvo, sezvamamuvona achienda kudenga” (Mabasa 1:9-11). Kune vanotaura kuti Jesu achadzoka rimwe ramazuva uye kuti achavaka vushe vake muJerusarema uye imomo achatonga nevakarurama kwemakore anokwana churu chimwechete. Asi ukacherechedza kuti varume vaviri vainge vakapfeka zvichena, uye vari ngirodzi dzaMwari, dzakati Kritsu aizodzoka zvakare muchimiro chakaita sokuenda kwainge aita, asi hakuna zvakataurwa pamusoro pake achiuya panyika ino semauyiro ekutanga asi sekuenda kwaakaita, kana kutaurwa pamusoro pake achigadzira umambo hwepanyika ino apo anozotonga kwemakore anosvika churu. Pakutanga, Ishe akati aizogadzira vushe hwake munguva iyo vadzidzi vake vainge vachiri vapenyu Mako 9:1. Chechipiri, Jesu akati rufu haraizokwanisa kumudzivisa kuvaka kereke kana ushe vake (Mateo 16:18,19). Chechitatu, muna Mabasa 2 tinoverenga nezvekutanga kwekereke mushure maizvozvo tinoverenga nezvevusha vaMwari kana vushe vaKritsu uchinge vakurarama (Mabasa 8:12; Vakorose 1:13). Muna vaHeberu 12:28 munyori anotaura kuti takagamuchira vushe vaMwari. Uye mukupedzisira, zvinyorwa zvinotiudza kuti Kritsu parizvino arikutonga saMambo vemadzimambo uye naIshe vemadzishe (1 Timoti 6:15). Ixvi zvose zvinoratidza kuti vushe nekereke zvimwechete, zvakatanga zvatovepo, nekuti Kritsu parizvino mupenyu arikutonga pamusoro pevusha vake.

Kana ichi chiri chokwadi, uye ndicho zvachitori, zvoreva izvoni kuti Kritsu haasi kudzoka kuzoisa vushe kana kuzotonga pauri kwemakore anechuru chimwechete. Kana asiri kuzoita sokudaro, zvino achange achiita zvekudii?

Petro unotaura, pamusoro pekudzoka kwaIshe: “Asi zuva raShe richavuya sembavha; vusiku naro denga richapfuvura nokutinhira kukuru, nezvedenga zvichaparadzwa zvichipiswa, nenyika namabasa ari mairi achapiswa. Izvi zvose zvazvichaparadzwa saizvozvo, imi munofanira kuva vanhu vakadiniko pamufambire wenyu mutsvene nokunamata Mwari, imi munotarira nokushuva vo kwazvo kuvuya kwezvava raMwari; naro denga richaparadzwa nokutsva, nezvedenga zvichanyauka zvichipiswa. Asi sezvaakapikira, tinotarira denga idzva nenyika itsva, munogara kururama mazviri. Saka vadikanwa, zvamunotarira zvinhu izvi, shingairai kuti muwanikwe naye munorugare, musinoruvira, musinemhosva” (2 Petro 3:10-14).

Pauro anonyora: “Zvino, hama dzangu, hatidi kuti mushaiwe kuziva pamusoro pavavete, kuti murege kuchema savamwe vasetariro. Nokuti kana tichitenda kuti Jesu wakafa, akamuka zve, saizvozvo vo avo vakavata munaJesu, Mwari uchavavuyisa pamwe chete naye. Nokuti tinokuvudzai neshoko raShe, kuti isu vapenyu, vakasara kusvikira pakuvuya kwaShe, hatingatongotangiri vakavata. Nokuti Ishe amene uchaburuka kudenga nokudanidzira, nenzwi romutumwa mukuru, nehwananda yaMwari; vakafa munaKristu vachatanga kumuka; zvino isu vapenyu, vakasara, tichatorwa pamwe chete navo mumakore, kuti tichingamidze Ishe mudenga; naizvozvo tichava naShe nguva dzose. Naizvozvo nyaradzana namashoko awa” (1 VaTesaronika 4:13-18).

Paanoenderera mberi, Pauro anoti: “Nemi munotambudzwa, kuti mupiwe kuzorora pamwe chete nesu pakuvonekwa kwaShe Jesu, kana achibva kudenga navatumwa vesimba rake, mumoto unopfuta, achitsiva avo vasingazivi Mwari, navasingateereri Evhangeri yaShe wedu, Jesu Kristu; ivo vacharobwa nokuparadzwa kusingaperi, kuti vabve pamberi paShe, napakubwinya kwesimba rake” (2 VaTesaronika 1:7-9).

KuMakritsu epaKorinte Pauro anonyora: “Ipapo kuguma kunosvika, panguva yaachazopa Mwari, Baba, vushe panguva yaachaparadza kubata kwose, novushe bwose, nesimba” (1 Vakorinte 15:20).

Zvino ngatichipedzesai izvo zvakataurwa muzvinyorwa zvakataurwa izvo zvatingangobva kuverenga:

Chekutanga, Kritsu akavimbisa kuti achadzoka zvakare.

Chechipiri, achadzoka sekudzokera kwaakaita, ndiko kuti, achadzoka nemumakore.

Chechitatu, achadzoka sembavha manheru, zvichireva izvo kuti achadzoka zvisina kuzivisa kana anoziva.

Chechina, munguva yekuuya kwake zvinhu zvose zvichaparadzwa, zvinosana-

ganisira denga nenyika nezvinhu zvose zvinenge zvirimo.

Chechishanu, munguva yekuuya kwaKritsu vakarurama vakafira munaKritsu vachatanga kumutsva. Iwo neavo vapenyu vakarurama vachatorwa pamwechete mumakore kundosangana naye mudenga nekuzondogara naIshe kwehupenyu hwose.

Chechitanhatu, munguva yekuuya kwake Ishe vachatorera kutsiva kune avo vasina kuziva Mwari nekuteerera evhangeri. Kritsu haagamuchire kusaziva sechikum-biro chekusamuziva, kana kuponesa avo vasina kuteera evhangeri yake. Kritsu akati: “Akati kwavari: Endai munyika yose muparidzire zvisikwa zvose Evhangeri. Unotenda, akabhabhatidzwa, uchaponeswa; asi usingatendi uchatongwa” (Mako 16:15,16).

Avo vanoteerera evhangeri vanoponeswa, asi avo vanokundikana kuteerera evhangeri, zvisinei nechikonzero chavangapa, vanosvika pakuraswa. Hatina patinorairwa muzvinyorwa kuti Ishe vanozoshandura zvavakareva mushoko ravo muzuva rekutongwa. Kritsu akati: “Unondiramba, asingagamuchiri mashoko angu, unomumwe, unomutonga; shoko randakareva ndiro richamutonga nezuva rokupedzisira” (Johane 12:48). Munyori veHeberu anoti: “Vuye vanhu zvavakatemerwa kuti vafe kamwe chete, kutongeswa kugotevera” (VaHeberu 9:27). Zvakare Kritsu achataura kune avo vachauya pamberi pake muzuva rekutongwa, vose vakaita nevakarurama: “Ava vachaenda kukurobwa; asi vakarurama kuvupenyu bwusingaperi” (Mateo 25:46).

Chechinomwe, munguva yekuuya kwaIshe watadzi vachabviswa muvusha kana kuti mukereke vokandidzirwa mugehena (Mateo 13:41), uye vusha kana kereke zvinimirira kururama nekutendeka, vachaendeswa kudenga kuna Mwari uko kwavachanzogara naIshe. Kritsu akati: “Musashamiswa naizvozvo; nokuti nguva inovuya, nayo vose vari mumabwiro vachanzwa inzwi rake, vachabuda; avo vakaita zvakanaka, kukumuka kwovupenyu avo vakaita zvakaipa, kukumuka kwokurashiwa” (Johane 5:28,29).

Tinotenda kuti Kritsu achadzoka zvakare. Ishe vakatiraira, akatipa zvinyorwa zvake zvinotivanisa ruponeso, nokutipa mukana vekuzvigamuchira. Zviri kwatiri kumuteerera nekuzvigadzirira kuuya kwake kwechipiri.

Unotenda muna Kritsu here? Unomuteerera here? Vagadzirira kusangana naye here? Kana zvirizvo, zvinotendwa nokuti zvakanaka. Kana usati vagadzirira kusangana naye, unofanirwa kutenda muna Kritsu, wotendeuka zvivi zvako, wopupura Kritsu kuva Mwanakomana vaMwari, votenda muna Kritsu? Uye wobhabhatidzwa kuti ukwanise kukanganirwa zvivi. Kana uchinge vaita sokudaro. Ishe vanokuponesa nokukuvedzera mukereke yake (Mako 16:16; Mabasa 2:38,47). Zvino kana ukamira uri Mukritsu akatendeka kusvikira mukufa Ishe vanomupa korona yehupenyu husingaperi (Zvakazarurwa 2:10).

Chidzidzo 18

Sei Chikritsu Chichidikanwa Nhasi

Kune zvitendero zvizhinji munyika nhasi zvinomirira zvitendero zvakasiyana siyana. Kunze kweizvozvo, hakuna chimwe chitendero chakaita seChikritsu. Chikritsu chinomira papfungwa yekuti Jesu Kritsu Mwanakomana vaMwari. Chakabva munaKritsu. Chinoitwa neavo vanoteerera dzidziso dzaKritsu. Tinotenda muChikritsu kana kuparidza chitendero chaKritsu, asi chakanyanya kukosha kuita zvachinoreva. Jakobho akati: “Asi ivai vaiti veshoko, musava vanzwi voga, muchizvinyengera” (Jakobho 1:22). Zvakare, Jakobho anoti: “Asi munhu unocherekedza murairo wakakwana, iwo murairo wokusunungurwa, akaramba achidaro, asati ari munzwi, unokanganwa, asi muiti webasa, iye ucharopafadzwa panezvaanoita” (Jakobho 1:25). Mukuenderera mberi nokuverenga anoti: “Kana munhu pakati penyuru achiti ndinonamata Mwari, asingadzori rurimi rwake, asi achinyengera moyo wake, kutenda kwaiyeyo munhu hakunamaturu. Kunamata, kwakarurama, kusine mhosva pamberi paMwari wedu naBaba, ndiko kufambira nherera nechirikadzi pakutambudzika kwavo, nokuzvichengeta, kuti arege kusvibiswa nenyika” (Jakobho 1:26,27).

Zvirokwazvo tose tinoziva maipiro akaita nyika mazuvano. Hunhu vasvika pakudzikisirwa. Kushaikwa kwerukudzo kumasimba kurikungoonekwa kwese kwese. Chioko muhomwe nekusavimbika ndivo atove mararamiro emazuvano. Nemamiriro aita zvinhu, ko remangwana nyika ichazovei? Zvirokwazvo tirikuda shanduko. Asi chii chingashandura nyika kuita kuti iwe nani? Haungakatyamadzwi kani ndikati ndinotenda kuti nyika irikuda kururama kweChikritsu cheTetsamente Itsva, chinova chitendero chezvokwadhi yaJesu Kritsu. Iyi ndiyo inova tariro yemunhu. Kana takatarisa muchimiro chekuti akazama zvitendero zvizhinji. Akazama masimba emauto. Akafamba mukutsvaka mafaro akatevera zvinhu zvinobatika nyika yakazvizama zvose. Asi izvi zvakanatsa nyika kuti iwe nani here? Munhu anemufaro here? Kwete, kwete zvachose. Chinhu chimwe chete changosara kuti chishandure zvinhu kuti zvimire parinani ndiMwari, Kritsu, uye ChiKritsu. Izvi zvinopa munhu chinangwa chaangaramire uye chinhu chaangafire kunyangwe mukati menyika yechizvino.

Munyaya dzemweya, Chikritsu ndicho chinova chakakosha muhupenyu hwe-munhu. Kwete Chikritsu mupfungwa dzezvitendero zvese, asi chitendero chimwechete chaKritsu sekurafidzwa kwachiboitwa muBhaibheri. Chinomira nekutenda muna Kritsu, kuteerera evhangeri imwechete, kuva nhengo dzekereke imwechete, kudanwa nezita rimwechete kana kupfeka zita rimwechete, kunamata zvakafanana, kudzisa zvinhu zvimwechete, kushandidzana pamwechete, uye nekuva netariro imwechete. Kritsu akanamatira kuti tive vamwe Johane 17. Kupesana hakudikanwe muB-

haibheri VaRoma 16:17. Kwete kudaro bedzi, asi kuti dzidziso dzevanhu dzinopikisana nedzidziso dzemuzvinyorwa sezvo zvichikonzeresa kupesana Mateo 7:21-23.

Avo vanoita zvinodikanwa muChikritsu mukugadzira vagari. Vaitenda muku-teerera mitemo yenyika yawo. MuApostsora Paulo akati: “Munhu mumwe nomumwe ngaazviise pasi pamasimba makuru; nokuti hakune simba risina kubva kunaMwari; masimba aripo akaiswapo naMwari. Saka unoramba simba, unodzivisa zvakaishwapo naMwari; zvino ivo vanodzivisa, vanozvitorera mhosva. Nokuti vabati havatyisi unobata basa rakanaka, asi rakaipa. Unoda kusatya simba here? Ita zvakanaka, ugurumbidzwa navo; nokuti ndiye mushumiri waMwari kwauri, kuti akuiitire zvakanaka. Asi kana uchiita zvakaipa, chitya; nokuti iye haabati munondo pasina; nokuti ndiye mushumiri waMwari, mutsvi wokutsamwa kune unoita zvakaipa. Naizvozvo munofanira kuzviisa pasi pavo, musingadaro nokuda kwokutsamwa bedzi, asi nokuda kwehanavo” (VaRoma 13:1-5). Makritsu anotemba zvakare mukupa uye nekubhadara muripo vavo vakafanira. Paulo anoenderera mberi: “Nokuti nemhaka iyo munoripa vo mutero; nokuti ndivo varanda vaMwari vanoramba vachingobatira chinhu icho. Ripirai vose zvavanofanira kuripirwa: Mutero kunavanofanira kutererwa; muripo kunavanofanira kuripirwa; kutya kunavanofanira kutyiwa; kukudza kunavanofanira kukudzwa” (VaRoma 13:6,7). Makritsu anotenda mukupa rukudzo kevatungamiri vavo. Petro anotirangaridza kuti tinofanirwa: “Kudzai vanhu vose. Idai hama dzose. Ityai Mwari. Kudzai mambo” (1 Petro 2:1). Zvimwechetezvo tinofanirwa kuda nyika yedu. Kana tisingadi zvole zvatinoona, nezvole zvatinoita, zvakare tozama kushandira zvinhu kuzviita zvakanaka. Nokudaro hachisi Chikritsu kushanda tichipikisana nevakuru vedu, kuramba kuremekedza masimba, kutadza kubhadhara mitero, nezvimwevo zvakangodaro. Vamwe vanoda zvole zvavangavane munyika yavo, kana hutungamiri vavo, asi vanenge vasingadhe kudzoseravo. SeChikritsu chakakura munyika, naizvozvo ndiko kukuravo kwerukudzo, pamusoro pemasimba, nekuteerera mitemo yenyika, nekubatsira nyika yedu kuti ibudirire.

Avo vanoita tsika dzeChikritsu vanopikiswa nemagariro emunharaunda. muzvinhu zvinosanganisira kubvisa pamuviri, kutamba, kunwa zvinodhakwa zvakaite sedoro, kubhema mbanje, kurambana uye kurora zvakare nokuda kuroora nokuda kwechikonzero, njuga, ngochani, huori, uye uye nezvimwevo. Paulo anot: “Ko hamuzivi kuti vasakarama havangagari nhaka yovushe bwaMwari here? Musarashika; nokuti mhombwe, kana vanonamata zvifananidzo, kana vanofeva, kana vakapata, kana vanoita zvakaipa navarume, kana mbavha, kana vanoruchiva, kana vanosinwadoro, kana vatuki, kana makororo, havangagari nhaka yovushe hwaMwari” (1 Vakorinte 6:9,10). Funga nezvechitendero chine zvinhu zvakaite seizvi zvatataura mazvisingaitwe? Zvimwe zvitendero zvinokurudzira zvinhu zvechivi mukuitwa kwezvinhu

zvinetsika dzakashata. Zvisiri Chikritsu. Chikritsu chinounza zvakanaka muvanhu. Kana pane vanozviita Makritsu asi ivo vachiita zvinhu zvakaipa, izvozvo hazvirevi kuti ChiKritsu chakaipa. Asi zvinoreva kuti vanhu vanenge vachiita zvinhu izvi ndiwo vanenge vachitadza uye varimuchivi. Zvakare Pauro akati: “Zvino mabasa enyama anovonekwa, anoti: Vupombwe, netsvina, novutere, nokunamata zvifananidzo, novuroyi, nokuvengana, negakava, negodo, nokutsamwa, nokupesana, nokuparadzana, nedzidziso dzakatsauka, nokugodorana, nokuvuraya nokubatwa, nokutamba kwakaipa, nezvinhu zvakadai; izvo zvandinokuvudzai zvino, sezvandakambokuvudzai kare, kuti vanoita zvakadai havangadyi nhaka yovushe bwaMwari” (VaGaratia 5:19-21).

Apo inotaura kuti vose vanoita chivi hawavane kana kuva vadyi venhaka muvusha vaMwari, zvinoreva kuti pavanoramba vachiita chinhu ichi, havangaponeswa, zvirokwazvo havangapindi kereke yaIshe. Nokudaro kana vachinge vatendeuka nekuteerera Ishe, Ishe anovaponesa nokuvawedzera mukereke (Mako 16:16; Mabasa 2:47). Zvino semaMukritsu nhengo yekereke yaKritsu, vanofanirwa kutiza nekutendeuka mukubva muhunu vakachena nekushingaira kurarama hupenyu hwakachena nehupenyu hunoraramwa muumwari muna Kritsu Jesu.

Avo vanorarama muChikritsu vanofanirwa kugadzirisa hupenyu hwavo. Vanofanirwa kutenda mukuva nemuviri yakachena uye nenhumbi dzakachena nedzimba dzakashambidzwa. Vanozama kupa vana vavo dzidzo. Vanhu vanoshanda uye vanoza kuva vakavimbika kune vanhu vose. Pauro anoti: “Musava nechikwerete nomunhu, asi chokudana; nokuti unoda mumwe, wazadzisa murairo” (VaRoma 13:8). Zvakare, anotaura kuti: “Rudo ngarurege kuva nokunyengera. Vengai zvakaipa; namatirai zvakanaka. Kana ruri rudo pakati pavatendi, danai norudo rukuru; pakukudzana tungamiriranai. Regai kuva novusimbe pakushingaira; pisai pamweya; batirai Ishe; farai patairo; tsungirirai pakutambudzika; rambai muchinyengetera; govanai navatsvene pakushaiwa kwavo; itirai vaeni rudo. Ropafadzai vanokutambudzai; ropafadzai, musatuka. Farai navanofara; chemai navanochema. Musatsiva munhu chakaipa kana akakuitirai chakaipa. Tsvakai zvakarurama pamberu pavanhu vose. Kana zwichibvira, pamunogona napo, ivai norugare navanhu vose. Musatsiva, vadikanwa, asi munzvenge kutsamwa; nokuti kwakanyorwa, kuchinzi: kutsiva ndokwangu, ini ndicharipira ndizvo zvinoreva Ishe. Asi kana muvengi wako aziya, umupe kudya; kana afa nenyota, umupe kunwa; nokuti kana uchiita izvozvo, uchatutira mazimbe omoto pamusoro wake. Usakundwa nezvakaipa, asi ukunde zvakaipa nezvakanaka” (VaRoma 12:9-21).

Avo vanoita hupenyu hweChikritsu vanotenda mukuita mabasa akanaka pakati pavo. Zvinosanganisira kubatsira varombo, kubatsira nherera neshirikadzi nezvimwe zvingadiikanwa mukurarama. Kritsu akati: “Saizvozvo chiedza chenyu nga-

chivhenekere pamberi pavanhu kuti vavone mabasa enyu akanaka, vakudze Baba venyu vari kukdenga” (Mateo 5:16).

Zvino kana mhando iyi yechitendero yakateedzerwa munyika ino, kana dzimwe nyika, vanhu vose pasi rose vanosvika pakubatsirika. Mukuvedzeredza, ruzhinji neruzhinji rakatanga kutendera Chikritsu mavari, nekuita zvachinoreva. Nyika inosvika pakuva inobudirira. Chikritsu chinovika pakushandura zvinhu, uye chinochinja mararamiro nezvinhu zvinokwanisika bedzi kushandurwa kana chichinge chashandiswa nemazvo maringe nedzidziso dzeBhaibheri. Vose vanoita sokudaro vanosvika pakushandurwa mukuiswa pakanaka.

Zvino mubvinzo unoti totangir papi? Ngazvitange neve. Kana usiri MuKritsu, iva Mukritsu. Apo unenge uchidzidzira Chikritsu kurudzira vamwe kuti vaite sarudzo yakanaka seyavakaita.

Kana uchitenda muna Jesu Kritsu, tendeuika kubva muzvivi zvako, pupura kutenda muna Kritsu, nekubhabhatidzwa mumvura kuti ukanganirwe zvivi, Isha vanokuponesa nokukuvedzera mukereke. Verenga nyaya dzose idzi dzeketendeuka mubhuku raMabasa unoona kuti ndizvo zvomene zvakaitwa nevaitendeuka. Kana ukaita zvimwechetezvo Ishe vanokuponesa (Verengaako 16:16; Mateo 10:32; Mabasa 2:47).

Chidzidzo 19

Sei Muine Simba MuroparaIshe

Ropa rinogona richinyangadza mumifungo yevamwe vanhu. Rinogona kutaura kuchekeka, chironda kana rufu. Vamwewo muzvitendero zvepasi rose vakaedza kubvisa izwi iri mumaduramazwi avo.

Munguva yeTestamente yekare Mwari vaidza zvipiriso zvemhuka, kana zvipiriso zveropa kuripira zvivi zvemunhu. Ropa rainge rakakosha nekuti raimirira hupenyu, nekuti hupenyu hwaiva muropa. Nekuda kwechikonzero ichi, kudyiwa kwerope kwa-karambidzwa. Tinoverenga: “Nokuti upenyu hwenyama huri muropa; ndakakupai iro paaritari, kuti riyananisire mweya yenyu; nokuti iropa rinoyananisira nokuda kwoupenyu hurimo. Naizvozvo ndakati kuvana vaIsiraeri, `Kurege kuva nomumwe wenyu uchadya ropa, kana mutorwa upi noupi ugere pakati penyu, ngaarege kudyu ropa” (Revhitiko 17:11,12).

Kunyangwe Sungano dzekare dzainge dzakasimbiswa neropa. Munyori wev-aHebheru akati: “Nokuti zvirevo zvose zvakati zvataurwa kuvanhu vose naMosesi sezvakareva murairo, iye akatora ropa remhuru nerembudzi, pamwe chete nemvura namakushe matsuku, nehisopi, akasasa bhuku imene navanhu vose, achiti: Iri iropa resungano, yamakarairwa naMwari. Vuye zve, wakasasa saizvozvo neropa tabhernakeri

nemidziyo yose yokushumira nayo. Zvirokwazvo tingati pamurairo zvinhu zvinenge zvose zvinonatswa neropa; vuye kana kusineropa rinotevurwa, hakunekanganwiwo.” (VaHebheru 9:29-22). Munyori wevaHebheru anotizve muPurisita mukuru akaenda munzvimbo tsvene kamwe pagore neropa: “asi muneyechipiri muPirisita mukuru waipinda ari oga, kamwe chete negore, asingapindi asineropa, raaizvibayirira iye nezvivi zvavanhu” (vaHebheru 9:7). Nokudaro munyori wevaHebheru anopedzisa achiti: “Nokuti ropa renzombe nerembudzi haritongogoni kubvisa zvivi” (VaHebheru 10:4).

Kunyangwe mhuka dzaifanira kupihwa dzaifanira kuva dzakanaka pakati pedzimwe uye dzisina chipomerwa, dzaingova mhuka. Chipiriso chakaisvonaka ndicho chaidiwa. Ropa remhuka ndiro raingomirira iro ropa rechipiriso chakanaka. Asi nekuda kwekuti mhuka hadzigoni kupedza zvivi, uye munhu pachezvake aive mutadzi uye haaigona kuzviponesa kana kuponesa vamwe, saka ndiyani aizomira sechibayiro chakanaka. Paive nemumwe anova Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari mupenyu. Kristu akararama asina chivi. Petro anoti haana kutadza (1 Petro 2:22). Nekuda kwekuti akararama asina chivi, achichengeta mutemo sezvairi, uye asingapindi mukuyedzwa, nekudaro aigona kufa pamuchinjiko achifira zvivi zvepasi rose.

Tinoimba dzimwe dzimbo dzinosimbisa ropa raKristu. Tinoimba imwe inoti, “Mune Simba muropa.” Rwumwe rwacho rwunoti, “Chii chingachenesa matadzo angu? Hapana kunze kweropa raJesu.” Ichokwadi chakadini chirimumazwi aya.

Kune zvinhu zvizhinji zvisingagoni kuponesa. Sezvataurwa kare, ropa remhuka harigoni kutiponesa. Kana mitemo haugoni kuponesa. Wakangounza vanhu kunaKristu. Pauro anoti, “Asi Rugwaro rwakapfigira zvose pasi pezvivi, kuti chipikirwa chinobva pakutenda munaJesu Krisitu chipiwe vanotenda. Asi kutenda kusati kwasvika, taichengetwa pasi pomurairo, takapfigirwa nokuda kwokutenda kwaizoratidzwa. Saizvozvo murairo wakanga uri muperekedzi wedu, kutiisa kunaKristu kuti tiruramiswe nokutenda. Zvino kutenda zvakwakasvika, hatichiri pasi pomuperekedzi” (VaGaratia 3:22-25). Hapasi pose patinogona kuponeswa nemabasa emurairo, asi hatigoni kuponeswa nemabasa edu akanaka. Pauro anonyora zvekare pamusoro pazvo achiti, “Nokuti nesu vo kare taiva vokusafunga, tisingatereri, takarashika, tiri varanda vokuchiva kuzhinji navezvose zvinofadza, tigere mukati mokushata negodo, tichivengwa, tichivengana. Asi vunyoro bwaMwari, Muponesi wedu, norudo rwake kuvanhu, zvakati zvavonekwa, wakatiponesa, asingazviiti nokuda kwamabasa akarurama, atakanga taita isu, asi nokuda kwenyasha dzake, nenzira yokushambidzwa kwokuberekwa kutsva nokuvandudzwa noMweya Mutsvene, waakadurura achiwanza pamusoro pedu, naJesu Kristu Muponesi wedu, kuti isu, taruramiswa nenyasha dzake, tiitwe vadyi venhaka nokuda kwetariro yovupenyu bwusingaperi” (Titus 3:3-7).

Petro anoti zvekare hatina kusunungurwa kana kuponesa nesiriveri kana ndara-

ma. Munzwei, “muchiziva kuti hamuna kudzikinurwa nezvinovora, nesirivheri kana ndarama, pamufambire wenyu usinamaturu, wamakasiyirwa namadzibaba enyu; asi neropa raKristu, seregwaiana risina charingapomerwa, risinoruvara” (1 Petro 1:18,19). Munhu anogona kutenga kana kuita chioko muhomwe munzira dzake dzehupenyu, asi haagani kutenga ruponeso kana kuita chioko muhomwe kunaIshe kuti vamuponese. Nekudaro tinofanirwa kuva takachenjera kusavimba nezvinobatika. Pekudzisira zvintendero zvevanhu uye kuteedzera dzidziso nemutemo yevanhu hazviendesesi munhu kudenga. Kristu anoti, “Asi vanondinamata pasina, vachidzidzisa dzidziso iri mirairo yavanhu” (Mateo 15:9). Johane anoti kana tikazvitsvakira vadzidzisi venhema, zvoreva kuti tiri vaiti vezvakaipa zvavanoita, 2 Johane 11. Zvekare Pauro anonyora kuti avo vanokonzera kupesana havabatiri Ishe Jesu Kristu (VaRoma 16:17,18).

Kuva vatadzi panongova nenzira imwchete yekuponeswa Inova kuzvipira kwaJesu Kristu nekudeuka kweropa rake. Pane zvakanyorwa zvizhinji mumagwaro zvinosimbisa kukosha kweropa raKristu. Pauro akati takaswededzwa pedyo naMwari, kana kuti tinokwananisa kuita shamwari dzaMwari kubudikidza neropa raKristu. Anoti, “Nokuti Baba vakafara nazvo, kuti kuzara kwose kugare maari, kuti naye ayananise zvinhu zvose kwaari, amboita rugare neropa romuchinjikwa wake; naiye, kunyange zviripanyika, kunyange zvirikudenga” (Vakorose 1:19,20). Pauro anonyora kumaKristu aive paEfeso achiti vaive kure naMwari, asi vakaunzwa pedyo naye neropa raKristu. Akaratidza kuti vose maJudha nevaHedheni vakanga vave vamwe munaKristu, uye kuti zvaive kubudikidza nerufu rwake kuti Hondo yekupesana yakabviswa, ndokuti, mutemo wekare wakabviswa uyo waivapesanisa (VaEfeso 2:13-17).

Tichitaura zvaKristu neropa rake, Pauro anonyora kumaKristu epaEfeso, “uyo watine dzikinuro maari neropa rake, iko kukanganwirwa kwokudarika kwedu, nokuwanda kwenyasha dzake” (VaEfeso 1:7). KuMakristu epaKorose akati, “watinedzikinuro maari, ndiko kukanganwirwa kwezvivi zvedu” (VaKorose 1:14). Kristu akataura achipa tafura yaShe, “Nokuti ichi iropa rangu resungano itsva, rakadururirwa vazhinji kuti vakanganwirwe zvivi” (Mateo 26:28). Avo vakaponeswa nekuda kweropa raKristu vakawedzerwa mukereke yaIshe (Mabasa 2:47), uye Pauro anotaura kuvakuru vekerereke yepaEfeso, “Zvichenjererei imi, neboka rose ramakaitwa vatariri varo noMweya Mutsene, kuti mufudze kereke yaMwari, yaakatenga neropa rake” (Mabasa 20:28). Tinoudzwa munaEfeso 5:25 kuti Kristu akafira muviri kana kereke, ndokuti, akadeura ropa nekuda kwayo kana kuti akaitenga neropa rake. Imwe nzira yekuzvitsanangura, akabhadhara mutengo wangawakafanira kuti kereke ivepo. Nokudaro, maKristu takacheneswa neropa raKristu. Johane anonyora: “asi kana tichifamba muchiedza, saiye ari pachiedza, tinoyanana isu; neropa raJesu Kristu, Mwanakomana wake, rinotinatsa pazvivi zvose” (1 Johane 1:7). Pakupedzisira, seMakristu tinoungana nemusi wekutan-

ga wevhiki tichimedura chingwa tichirangarira muviri neropa raKristu (Mabasa 20:7). Pauro anotsanangura kuMakristu epaKorinte achiti vaifanira kutora chingwa vachirangarira muviri wake uye, “Nokuti ini ndakagamuchira kunaShe icho chandakakupai vo, kuti Ishe Jesu novusiku bwaakapandukirwa, wakatora chingwa; akati avonga, akachimedura, akati: torai mudye. Ichi ndiwo muviri wangu unomedurirwa imi; itai izvi muchindirangarira” (1 VaKorinte 11:23-29).

Zvizhinji zvinogona kutaurwa pamusoro peropa raKristu, sei rakadeurwa, uye nesimba ririmariri, regai tibatanidze zvataverenga mumagwaro.

1. Kristu aive chibairo chakanaka, akafa pamuchinjiko, akadeura ropa nekuda kwezvivi zvemunhu.

2. Nekuda kweropa raKristu rakadeuka, mitemo yekare yakabviswa uye Testamente Itsva ikasimbiswa neropa rake.

3. Takaponeswa neropa raKristu. Tinosvika paropa iroro nekuda kwekuteerera. Nekumwe kutaura Kristu akataura akati kuti munhu aponeswe anofanira kutenda kwaari, nekutendeuka kuzvivi zvake, opupura kuti ndiye mwanakomana waMwari uye nebhabhatidzwa (kuvigwa mumvura) kuti aponeswe kana kubviswa kwezvivi (Marko 16:16, Mabasa 2:38). Kana mumwe kubudikudza nekuteerera Ishe, akauya kuropa raKristu kubudikudza nemvura yeruombeko, anogamuchira zvakakanaka zverufu rwaIshe. Ndokuti, kugezwa kwezvivi kubudikitsa neropa raKristu. Tinogona kuzviverenga kunavaRoma

6. Uye Sauro paakanzi asimuke abhabhatidzwe, mushure mekunge atenda, akatendeuka pazvivi zvake, akagamuchira Ishe akanzwisisa kuti chokwadi zvivi zvake zvaizochenesa. Tinoverenga mashoko mamwe iwayo, “Zvino uchanonokereiko? Simuka, ubhabhatidzwe, usukwe zvivi zvako, udane zita raShe” (Mabasa 22:16). Uyezve Kristu akati ropa rake rakadeuka kuti munhu akanganwirwe zvivi (Mateo 26:28, VaEfeso 1:7). Muna Mabasa 2:38 Petro anoudza vanhu vakawanda vakanga vatenda kuna Kristu kuti zvivi zvavo zvaizobviswa kana vachinge vatendeuka vobhabharidzwa muzita raKristu. Vakaita sokudaro naIshe akavaponesa akavawedzera mukereke yake (Mabasa 2:47). Saka kana munhu achida kuponesa anofanira kutenda, otendeuka, opupura Kristu nekubhabhatidzwa, akaita sokudaro anoswadera pedyo neropa raKristu zvivi zvake zvoregererwa.

4. Kereke yaIshe yakatengwa neropa raKristu. Nokudaro yakatengwa neropa saka inofanirwa kukosheswa. Tinofanira kuva vamwe mukereke kuti tigova vaKristu.

5. Ropa raKristu rinoenderera mberi richichenesa muKristu paanofamba muchiedza chaKristu kana sekuda kwake, ndokuti, kuva wakatendeka kwaari.

6. Sevanhu vaKristu tinofanira kutora tafura yaIshe zuva rekutanga roga roga revhiki, kumedura chingwa tichirangarira muviri waKristu, uye nekutora mukombe kana muto womuzambiringa tichirangarira ropa raKristu. Izvi zvinotibatsira kurarangarira kuzvi-

pira kwakaitwa naKristu kuti tiponeswe.

Hama dzangu Kristu akafira imi. Akadeura ropa rake kuti nuregererwe zvivi zvenyu. Munotenda here kwaari? Makambomuteerera here? Kana mangamusina tinokukurudzirai kuite muite saizvozvo. Zvinonyadzisa sei kutadza kugamuchira ruponeso urwo Ishe akapa kwatiri.

Chidzidzo 20

Sei Mavambo Akanyanya Kukosha

Sei zvatinoziva munyika ino yatinorarama, takatarisa kuvakwa kweimba kana chimwewo chimudhuri kana chimwe chinhu chinogona kuvakwa kunzi chimire chakasimba, zvakakosha kuti chivakwe pamavambo anokodzera. Kunyangwe tikada kubudirira mubasa, kana mune zvatakadzidza, tinoziva kuti zvakakosha kuti tigadzirire mari inotikwanira kuti tidzidze nezvazvo. Tikada kuzvitora sezvisina basa kana panguva ino kugadzira ramangwana tinogona kuzvigadzirira nguva inorwadza.

Ishe wedu vanotipa muenzaniso wekuva nechisimbo chekutenda pamweya achienzanisa vavaki vaviri, mumwe akavaka padombo, mumwe wacho akavaka pajecha. Jesu akati, “Naizvozvo mumwe nomumwe unonzwa mashoko angu awa, akaaita ungafananidzwa nomurume wakachenjera. Wakavaka imba yake paruware. Mvura ikanaya, mvura zhinji ikavuya, mitutu ika vhuvhuta, ikarova imba iyo ikasawa nokuti yakanga yakateyiwa paruware. Mumwe nomumwe unonzwa mashoko angu awa, akasaaita, ungafananidzwa nomurume benzi wakavaka imba yake pajecha. Mvura ikanaya, mvura zhinji ikavuya, mitutu ikavhuvhuta, ikarova imba iyo, ikawa. Kuwa kwayo kukava kukuru” (Mateo 7:24-27).

Muenzaniso wapfuura Jesu anoratidza nekubuditsa vavaki vaviri vepanyika kuti ndiani akangwara uye ndiani akapusa. Anoratidza kuti muvaki wakangwara pamweya ndiye uyo anonzwa zvinotaurwa naKristu nekuzviita. Muvaki akachenjera nekuti mukuteera Ishe arikuvaka nheyo pana Kristu. Anosiya tsika nehunhu hwekare, izvo zvenyika kunyangwe nedzidziso dzechitendero dzevanhu, kusvika auya kuna Kristu nedzidziso dzake nenzira dzake ipapo ovaka. Pakupedzisira anenge aine nheyo yakasimba. Ava nechokwadi. Ava naKristu. Ava Mukristu. Ava mumwe weavo vari mukereke yaKristu. Hapana chingamuzunungutsa. Ane paakatirira. Ane tariro yehupenyu husingaperi.

Mumwe anotaurwa naJesu muvaki wakapusa. Anonzwawo zvinotaurwa zvaKristu asi anotadza kuzviita. Pamwe anenge asina kutenda. Anogona kufunga kuti pachine nguva yakawanda. Anogona kufunga kuti akanaka chaizvo. Kana anogona kuenda kudzidziso dzevanhu. Dambudziko ripi neripi, pfungwa chaidzo dziri pakuti watadza kuita zvinodiwa naIshe saka nokudaro zvaavaka zvikwanise kumusimbisa nguva refu.

Anenge arasika kunyangwe kushaya hupenyu husingaperi.

Munguva yekare yapfuura muporofita Isaya anotaura zuva iro Ishe aizova nheyo muZion. Nheyo yaitaurwa ndiKristu uye yaizovakwa muJerusaremu. Asi regai tiverenge chiporofita chacho. Isaya anoti, “naizvozvo Ishe Jehovha anoti, Tarirai, ndinoisa paZiyoni ibwe rive nheyo, riri ibwe rakaedzwa, rinokosha rekona kuita nheyo yakasimba; anotenda haakurumidzi” (Isaya 28:16). Ndikumbira kuti unyatsotarisa kutsanangurwa kunoitwa nheyo iyi. Ichave dombo, dombo rakaedzwa, dombo repakona rinokosha uye nheyo chaiyo. Tinozoonza zvatsanangurwa izvi muTestamente Itsva, zvose zvinonongedza kuna Jesu Kristu. Asi munyori wemapisarema David anotaura zvenheyo iyi paanoti kunaMapisarema 118:22,23, “Ibwe rakaraswa navavaki Ndiro rakazova musoro wekona. Ichi chinhu chakabva kuna Jehovha; Zvinoshamisa kana tichizviona.” Tinozoonza zvekare muTestamente Itsva kuti zvakazozadziswa munaKristu.

Tikadzokera kumazuva aKristu tinoverenga, “Jesu akati kwavari: Hamuna kutongorava here paMagwaro panoti: Ibwe rakarashwa navavaki, Ndiro rakazova musoro wekona; Izvozvo zvakaitwa naShe, Zvinoshamisa pameso edu?” (Mateo 21:42). Kuna Ruka 20:17,18, achitaura nevakuru vemapurisita nevafarise, Jesu anoti, “Wakati avatarisisa, akati: Zvino chinyiko icho chakanyorwa, chinoti: Ibwe rakarashwa navavaki, Ndiro rakazova musoro wekona? Mumwe nomumwe unowira pamusoro pebwe iro, uchavhunikanya; asi warinowira richamukuya akaita upfu.” Chero dombo rinogona kushandisa kuvaka nheyo, asi kana mumwe akarovera pariri kana kudonhera pariri anogona kukuvara kana kufa. Zvakangofanana kana rikadonhera pamunhu anofa. Nekumwe kutaura, rikashandiswa zvakakanaka rinogona kuva chikomborero, asi kana rikashandiswa zvisina kufanira chinogona kuva chinhu chinoparadza. Zvimwe chete ichokwadi padombo remweya anova Jesu Kristu.

Tikaenda kubhuku reMabasa, tina Petro achitaura kumukuru wemaPurisita, vatongi, nevafarise pamusoro pemurume akanga aporeswa, akati, “muzive imi mose, navanhu vose vaIsraeri, kuti nezita raJesu Kristu weNazareta, wamakarovera pamuchinjikwa, iye wakamutswa naMwari kuvakafa, nezita iri munhu uyu umire pano pamberi penyu apora. Iri ndiro ibwe rakarashwa nemi vavaki, rakazova musoro wekona. Nokuti hakuna kuponeswa kunomumwe; nokuti hakunerimwe zita pasi pedenga, rakapiwa pakati pavanhu, ratingaponeswa naro” (Mabasa 4:10-12). Pauro anotaura pamusoro pemaIsaeri kana maJudha, “asi vaIsraeri vakati vachitsvaka murairo wokururama havana kusvika pamurairo wokururama. Neiko? Nokuti havana kutsvaka nokutenda, asi zvinenge namabasa omurairo. Vakagumburwa nebwe rinogumbusa” (VaRoma 9:31, 32). Apa Pauro anonyora kubva kuna Isaya 28:16.

Asi ndiani dombo kana nheyo? Pauro anoti, “Nokuti hakunomumwe ungaronga dzimwe nheyo, asi idzo dzakarongwa kare, ndiye Jesu Kristu” (1 VaKorinte 3:11).

Kuna 1 VaKorinte 10:3,4 Pauro anotaura pamusoro pemaIsraeri kumazuva aMosesi, “vose vakadya zvokudya zvimwe zomweya; vose vakanwa zvokunwa padombo romweya rakavatevera; dombo iro rakanga riri Kristu.”

Achitaura kumaKristu epaEfeso Pauro anonyora, “Naizvozvo, hamuzati muchiri vaeni navatorwa, asi vobwo pamwe chete navatsvene, naveimba yaMwari. Makavakwa pamusoro penheyo dzavaapostora navaporofita, Kristu Jesu amene ari ibwe rapakona. Maari imba yose yakasonganiswa ichikura kuti ive tembere tsvene munaMwari. Maari nemi vo makavakwa pamwe chete, kuti muve vugaro bwaMwari muMweya” (VaEfeso 2:19-22). Apa muapostora aitura pamusoro pemaKristu aya seimba kana mhuri yaMwari, yaiva kereke uye yakavakwa sei nedzidziso dzemaapostora nemaporofita, naJesu Kristu pachezvake ari ibwe repakona. Kwete kuti nheyo ndiyo yoga yakakosha, asi ibwe repakona rakatonyanyokosha, kana kuti chimwe chidimbu chenheyo chakakosha uye anoti Kristu ndiye chidimbu ichocho chenheyo. Pasina nheyo iyoyo, imba yepanyika kana yepamweya haikwanise kumira. Uyezve Pauro anoti, “zvino kana ndikanonoka, ndinoda kuti uzive kuti vanhu vanofanira kufamba sei mumba maMwari, iyo kereke yaMwari muenyu, mbiru nechitsigiro chezvokwadi” (1 Timotio 3:15). NaKristu anova nheyo, ibwe rekona uye kereke kana imba yaMwari ichivakwa pamusoro pake zvoreva kuti kereke inomira sechisimbiso chechokwadi. Nekudaro, kereke kana ichivakwa panheyo yakasimba inokwanisa kumiririra chokwadi uye nekuiparidza kunyika yakarasika.

MuApostora Petro anotaura kumaKristu enguva yake, “Naizvozvo rashai zvakai-pa zvose, nokunyengera kwose, namano, mano negodo, nokuchera kwose, savacheche vachangoberekwa, pangai mukaka womweya, usina kushatiswa, kuti mukure nawo, mugoponeswa; kana makaravira kuti Ishe unomoyo munyoro. Vuyai kwaari, iye ibwe benyu, rakarashwa navanhu, asi rakasanangurwa naMwari, rinokosha. Nemi vo, samabwe mapenyu, muvakwe muve imba yoMweya, muve vuPirisita vutsvene, kuti mubayire zvibayiro zvoMweya, zvinofadza Mwari nokuda kwaJesu Kristu. Nokuti muRugwaro zvirimo, zvinoti: Tarira, ndinoisa muZiyoni ibwe Rekona, rakasanangurwa, Rinokosha; nounotenda kwaari haanganyadziswi. Asi kwamuri imi munotenda, unokosha asi kuna vasingateereri, ibwe rakarabwa navavaki, ndiro rakazova musoro wekona. vuye Ibwe rokugumbusa, Nedombo rokupinganidza; Ndivo avo vanogumburwa neshoko, nokuti havaritereri; ndizvo zvavakaisirwa vo” (1 Petro 2:1-8).

Pamusoro pezvo tinoona munyori achiratidza kuti Kristu akazadzisa sei chiporofita chaIsaya 28:16 nekudaro akava ibwe rekona. Tarisa kuti uyo akarambwa nekute-mwa nemaJudha ndiye akazova kwete nheyo chete asi ibwe rekona chinova chidimbu chakakosha panheyo. Petro anoratidza kuti kune avo vanogamuchira Kristu chikomborero asi kune avo vanomuramba vanozorasika.

Muna Mateo 16:13-19 Kristu anotaura kumapostora zvinofungwa nevanhu

pamusoro pake. maApostora anotsanangura kuti vamwe vanoti muporofita uye vamwe vanofunga kuti mumwe wevaporofita. Asi handizvo Kristu zvaaitsvaka. Haaigona kuvaka kereke yake pamusoro penheyo dzekutenda uku. Anodzokerazve kumaApostora ovabvunza zvavanofunga pamusoro pake. Vanotsanangura kuti vanotenda kuti mwanakomana waMwari. Pakepedzisira Ishe vanopindura vachiti vaizovaka kereke yavo pamusoro pekupupura uku, nekuti vakatenda kuti Mwanakomana waMwari. Kuna Mabasa 2 maApostora vakaparidza Evhangeri yaKristu uye vane zviuru zvitatu vakateera Ishe uye pamusoro pekuvaponesa akavawedzera mukereke yake. Asi akavakira kereke yake pai? Kereke yakavakwa nekuda kwaKristu, nekuda kwekuti aiva mwanakomana waMwari. Kwete nekudaro chete, asi kereke inorambira papfungw iyoyo kusvika nhasi. Dai zvakabuditswa kunzi Kristu haasi mwanakomana waMwari, zvoreva kuti kereke ingadai yakaparara kare uye isisarame. Asi kereke ichiri kurarama uye chinhu choga chaingagona kumira nacho ndechekuti Kristu mwanakomana waMwari, kuti ndiye dombo, ibwe rekona. Sezvinotaurwa naPauro kuti inheyo yechokwadi.

Hama dzangu, murikuvakira pai? Munofona kuvakira panaKristu kana mukanzwa zvaanotaura nekuzviita. Kana ukatenda munaKristu, ukatendeuka kuzvivi zvako, ukapupura Kristu nekutenda kwako uye wobhabhatidzwa kuti zvizvi zvako zvibviswe Ishe vanokuponesa vokuwedzera mukereke yavo, kereke yakavakwa panaKristu (Mabasa 2). Kana urimunhu wakachenjera uchaita izvi. Tichanyengetera kuti uzviite.

Chidzidzo 21

Sei Tichiparidza Kuzvarwa Kutsva

Chii chinonzi kuzvarwa kutsva? Uyu mubvunzo wakanaka. Asiwo mubvunzo uyu wakabvunzwa kakawanda uye mhinduro dzakawanda dzakasiyana siyana dzikapihwa. Asi zvakadaro vanhu zvazhinji varikusara vasingazive kuti zvinorevei.

Hama dzedu dzemumasekete dzinotsangangura kuzvarwa kutsva seshanduko inoitwa neminana muhupenyu hwemunhu kana achinge agamuchira Kristu samuponesi wake. Asiwo pane zvizhinji pamusoro pazvo zvinopfuura izvi.

Tikadzokera kuna Johane 3 tinonzwa Kristu achitaura nezvekuzvarwa kutsva kana kuti munhu anofanira kuzvarwa kutsva. Zvigare mupfungwa kuti izvi zvakadzidziswa Kristu asati afa uye zvisati zvasimbiswa semutemo. Zvakadzidziswa, mukutarisira zvaidzikanwa kana mutemo waKristu kana chiKristu chaziviswa. Zvakadzidziswa zvekare kereke isati yavepo, asi Ishe vaiti kana kereke ichinge yavepo zvinenge zvakakodzera kuti munhu abarwe patsva kuti akwanise kupinda mairi.

Asi regai tiverenge pamusoro pekuzvarwa kutsva. Zvakanyorwa zvinotaura kuti, “Kwaivapo mumwe wavaFarise, wainzi Nikodimo, mukuru wavaJudha. Iye akavuya

kwaari vusiku, akati kwaari: Rabhi, tinoziva kuti muri Mudzidzisi wakabva kunaMwari; nokuti hakuna munhu unogona kuita zviratidzo izvozvo zvamunoita, kana Mwari asinaye. Jesu akapindura, akati kwaari: Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwaari: Kana munhu asingaberekwi kutsva haangavoni vushe bwaMwari. Nikodimo akati kwaari: Munhu ungagoberekwa seiko ava mukuru? Ungapinda zve mudumbu ramai vake rwechipiri, akaberekwa here? Jesu akapindura, akati: Zvirokwazvo zvirokwazvo, ndinoti kwaari: Kana munhu asingaberekwi nemvura noMweya, haangagoni kupinda muvusha bwaMwari. Chakaberekwa nenyama inyama, chakaberekwa noMweya, mweya. Usashamiswa, nokuti ndakati kwaari: Munofanira kuberekwa kutsva? Mhepo inovhuvhuta painoda napo, unonzwa inzwi rayo, asi hauzivi painobva napainoenda; mumwe nomumwe wakaberekwa noMweya wakadaro. Nikodimo akapindura, akati kwaari; Zvinhu izvi zvingagoitwa seiko? Jesu akapindura, akati kwaari: Iwe uri mudzidzisi wavaIsraeri haunzwisisi zvinhu izvozvi here? Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwaari: Tinotaura zvatinoziva tinopupura zvatakavona; asi imi hamugamuchiri kupupura kwedu. Kana ndakakuvudzai zvinhu zvenyika, mukasatenda, mungagotenda seiko, kana ndichikuvudzai zvinhu zvokudenga? Hakuno munhu wakakwira kudenga, asi iye wakaburuka kudenga, iye Mwanakomana womunhu” (Johane 3:1-13).

Kubva pazvakatangira nyatsotarisa marongerwo azvo. Murume anodanwa kunzi Nikodimasi akauya kuna Jesu nehusiku. Vamwe vanofunga kuti akauya nehusiku kunzi kushanya kwake kusazivikanwe nevashinji nokuti waiva muFarise mukuru wemaJudha. Vafarise vaive boka rechitendero chemaJudha. Vaitenda kurumuko uye kuti ngirozi dzinorarama. Nekuda kwekuti aive mutongi kuvaJudha, zvoreva kuti aive mukuru, aine chinzvimbo airemekedzwa. Zvisinei, kuuya kwake kunaJesu zvakaratidza kuti aitenda kwaari, tichitarisa kutaura kwaaiita kwaari achimuidza Rabhi kana mudzidzisi uye akapupura kuti zvaipachena akanga atumwa naMwari nekuti waigona kuita minana nezviratidzo. Zvainge zvakaitwa sezvakarongwa kuti Jesu akazomupindura achiti zvakakodzera kuti munhu abarwe patsva kana achizooka ushe hwaMwari. Izvi zvakashunguridza Nikodimasi nekuti akanga asina kunzwisisa zvakanga zvataurwa naKristu. Zvino akazoda kuziva kuti munhu aizobarwa patsva sei iye akura. Akaenderera mberi mukubvunza kuti munhu aizofanira kudzokera mudumbu ramai vake rwechipiri here achizozvarwa. Asi handizvo uye kuti Jesu aisadzidzisa izvozvo. Kristu aitaura zvekubarwa kwepamweya, asi Nikodimasi aitaura zvekuzvarwa kwepanyama nekuti ndiko kwegwa kwaaiziva nezvako.

Achienderera mberi, Jesu anodzoka kwaari achitsanangura kubarwa kutsva zvakadzikadzika. Akataura nanzwi mazhinji achiedza kutsanangurwa kuti zvakakodzera kuti munhu abarwe patsva nemvura nemweya kuti akwanise kupinda muusha hwaMwari, pasina izvozvo hakuna imwe nzira yaigona kupinda nayo.

Asi regai tinyatsotarisa mazwi aya zvishoma. Kutanga tarisa kuti akati zvakakodzera kuti munhu azvarwe nemvura. Kuzvarwa zvinoreva kuunzwa mumhuri. Kuzvarwa kunotaura hupenyu hutsva. Asi ko mvura iyi? Haina chekuita nekuzvarwa kwepanyama, nekuti Jesu akanga atsangurira Nikodimasi kuti kuzvarwa uku kwakasiyana nekudzokera mudumbu ramai rwepiri kuti barwe patsva. Mumwe mutemo unofanira kugara uri mupfungwa dzedu kana tichifunga zveinzwi rekuti mvura ndechekuti, pane nzvimbo dzose parinoshandiswa kana iri mvura yepamweya irikutariswa inofanira kuva iri mvura inorarama kana kuratidza kuti chimwe chinhu chisingori mvura njee. Nerimwe divi, kune mamwe magwaro izwi rekuti mvura parinoshandiswa zvoreva kuti ingori mvura badzi yatinoziva tose. Asi ko nzira yainoshandiswa nayo apa? Sezvo izwi rokuti mvura richibuda pakawanda saka zvinoreva mvura chaiyo yatinoziva. Toenda pane mumwe mubvunzo: Ndeupi murairo watinoverenga muzvinyorwa unotaura zvemvura? Kana uchinyatsoziva shoko raMwari, inoziva kuti kune murairo mumwe chete unotaura zvemvura unova kubhabhatidza. Muna Mabasa 8:26-39, tinoverenga nezvemurume wekuEtopia achidzidziswa nezva Kristu ndokubva aendeswa kumvura akabhabhatidzwa. Pamusoro pezvo Kristu akati munhu anofanira kuzvarwa nemvura. Munhu angazvarwa sei nemvura? Zvakanaka, kana mvura iine chekuita nerubhabhatidzo, tinofanira kurangarira kuti kubhabhatidzwa mumvura kuvigwa (VaKorose 2:12), uye kana paine kuvigwa mumvura, saka zvoreva kuti kana munhu achinge abuda mumvura anenge amutswa patsva, uye muApostora Pauro anotsananguro kuti ndizvo zvinoitika mukubhabhatidza (VaRoma 6:3,4).

Tichienderera mberi nekufunga nezvekuzvarwa nemvura kana kubhabhatidzwa tinorangaridzwa kuti kana achinge azvarwa patsva, anomukazve kana kuti anorarama hupenyu hutsva. Uyezve izvi zvinoenderana nekubhabhatidzwa nekuda kwekuti muApostora Pauro anotiudza kuna VaRoma 6:3 naVaGaratia 3:26,27 kuti kubhabhatidzwa kunounza munhu kuna Kristu uye avo vari munaKristu vave zvisikwa zvitsva. Pauro anoti, “Saka kana munhu ari munaKristu, wava chisikwa chitsva, zvinhu zvakare zvapfuvura; tarirai, zvose zvava zvitsva” (2 VaKorinte 5:17). Achitaura kumaKristu Petro anoti, “savacheche vachangoberekwa, pangai mukaka womweya, usina kushatiswa, kuti mukure nawo, mugoponeswa” (1 Petro 2:2).

Kechipiri, zezvo Kristu akati munhu anofanira kuzvarwa nemweya. Ndiani Mweya arikutaurwa Pano? Pauro anoti kuna VaEfeso 4:4 kuti kuna mweya mumwe chete. Saka Mweya upi ungadai urikutaurwa? Mweya mutsvene (Johane 14:26, Mabasa 1:8; Mabasa 2:38; 1 VaTesaronika 4:8). Asi basa raMweya Mutsvene raimbova rei? Pachinhu chimwe chete aitungamira maApostora nevamwe kunyora shoko raMwari. Izvi zvisati zvaitika, akabatsira varume vatsvene vekare kunyora shoko raMwari (2 Petro 1:21). Pauro anoti magwaro ose akafuridzirwa namweya mutsvene waMwari

(2 Timotio 3:16,17). Asi chii chakaratidzwa mushoko raMweya Mutsvene kana kuti raIshe? Chokwadi Johane 17:17, Evhangeri yaKristu VaRoma 1:16 kana kuti chii chingaitwa nemunhu kuti aponeswe Mabasa 2:37,38. Kana munhu akatenda shoko raMweya Mutsvene haangaita sezvarinotaura here? Petro anonyora kumaKristu emazuva ake, “Zvamakanatsa mweya yenyu muchiterera zvokwadi Mumweya, kuti mude hama nokusanyengera, munofanira kudana zvikuru nomoyo wose; nokuti makaberekwa kutsva, zvisingabvi pambeu inovora, asi pane isingavori, neshoko raMwari benyu rinogara nokusingaperi. Nokuti, Nyama yose yakaita sovuswa, Nokunaka kwose seruva rovuswa, Vuswa bwunosvava, neruva rinowira pasi; Asi shoko raShe rinogara nokusingaperi.Ndireri shoko romufaro ramakaparidzirwa” (1 Petro 1:22-25). Tarisa kuna Johane 3:5 Kristu anoti, munhu anofanira kuzvarwa nemweya asi kuna 1 Petro 1:23 munhu waMwari akafuridzirwa anoti munhu anozvarwa neshoko raMwari. Asi ndiani akapa shoko? Mweya. Naizvozvo kuzvarwa nemweya nekuzvarwa neshoko chinhu chimwe chete. Asi kutenda kunouya nei? Nekunzwa shoko raMwari VaRoma 10:17. Zvoveva kuti munhu akatenda shoko raMwari anoriita, kana ariita obhabhatidzwa kana kuvigwa mumvura kuti aponeswe (VaKorose 2:12, Mako 16:16). Uye ndizvo zvakarairwa naPetro kuna 1 Petro 1:23 kuti takabarwa patsva nekuteerera chikwadi kubudikudza nemweya kana kuti samweya Mutsvene paanotitungamira pane zvatinoda kuita kubudikudza neshoko raMwari.

Kuzvarwa nemvura nemweya zvinoreva kuti kana munhu achinge anzwa kudzidziswa kweshoko raMwari akatenda kunaKristu, akatendeuka kuzvivi zvake, opupura Kristu kuti mwanakomana waMwari uye obhabhatidzwa mumvura kuti zvivi zvake zvibviswe, Ishe vanoponesa munhu iyeye owedzerwa muUshe hwaMwari kana mukereke. Verenga Mabasa 2 ugoona kuti ndizvo chaizvo zvakaitwa nevanhu paJerusaremu. Hapana chakataurwa nezvekuzvarwa kutsva, kunze kwekushandisa mashoko mamwechete iwayo. Asi tinoziva kuti vakazvarwa patsva nokuti Kristu vakati kana munhu akazvarwa nemvura nemweya: zvinokwanisika kuti munhu iyeye apinde muUshe hwaMwari uye vanhu vekuna Mabasa 2 pavakanzwa Evhangeri ichiparidzwa, vakatenda, vakatendeuka kuzvivi zvavo, uye vakabhabhatidzwa kuti zvivi zvavo zvisukwe, Ishe akavaponesa akavawedzera mukereke yake. Asi tingati kudii pamusoro pehushe hwaMwari nekereke? Hazvisi zvinhu zviviri zvakasiyana here? Kwete, sezvo hushe hwaMwari nekereke zvakanyorwa mumagwaro sechinhu chimwe chete. Kuna VaKorose 1:14, somuenzaniso, Pauro ainyora kusangano repaKorose akati kwavari munhu anosunungurwa kusimba rerima achiiswa muHushe hwemwanakomana waMwari (VaKorose 1:13). Kuna Mabasa 2, vanhu pavakatenda vakabhabhatidzwa, vakaponeswa vakawedzerwa mukereke, asi kuna Mabasa 8, muSamaria pavakatenda Firipi achiparidza zvine chekuita nehushe hwaMwari zvakarairwa kunzi vakabhabhatidzwa vose varume nevakadzi

(Mabasa 8:12). Zvinoreva here kuti vanhu vekuna Mabasa 2 vakava Hama mukereke uye muSamaria akava Hama muUshe hwaMwari uye Aya mapoka maviri akasiyana? Kwete asi vaive vanhu vamwe chete muboka rimwe.

Naizvozvo kana munhu achizvarwa patsva nemvura nemweya, zvinongoreva kuti anzwa shoko raMwari, akatenda kwariri, akatendeuka kuzvivi zvake, opupura kutenda kwake kunaKristu obhabhatidzwa mumvura kuti aponeswe Ishe omuwedzera mukereke yake, zvoreva kuti, apinda muUshe hwaMwari. Sehama muimba yaMwari, sechisikwa chitsva, semuKristu mutsva, achakura osimba pakutenda kuti agova muKristu wakazara. Izvi ndizvo zvatnofanira kuita uye ndizvo zvatnofanira kuparidza kunavose kana pasi rose kana tichida kufadza Ishe uye kana tiine tariro yekuwana hupenyu husingaperi.

Wakazvarwa patsva here? Uri muKristu here? Kana usiri zvino wakarasika uye ucharamba wakarasika kusvika waita izvi. Hakuna imwe nzira yekuzvarwa kutsva, kuponeswa kunyika yakarasika uye kunyika ichauya. Tinonyengetera kuti muchaenderera mberi muchidzidza kusvika manzwisisa zvinodiwa naMwari pane izvi uye kuti muzoita sezvaanotaura.

Chidzidzo 22

Sei Nhasi Kuine Rubhabhatidzo Rumwe Chete

Handizivi kana muchizviziva kana kuti kwete, asi pakati peavo vanoti vanotenda kunaKristu, kune vamwe vanodzidzisa kuti kune rubhabhatidzo rwakasiyana. Mamwe acho anosanganisira rubhabhatidzo rwekunyikwa mumvura, rubhabhatidzo rwekusa-mvura mumusoro wemunhu, rubhabhatidzo rwekudurura mvura mumusoro wemunhu, rubhabhatidzo rwemweya nemamwewo. Pane zvinangwa zvakasiyana pakubhabhatidza kune vanodzidzisa nezvazvo. Vazhinji vvanoti rubhabhatidzo chiratidzo chekuponeswa kwemunhu. Vamwe vanodzidzisa kuti kubhabhatidzwa kubviswa zvivi, kuisa munhu muna Kristu nekereke yake.

Bhaibheri rinotidzidzisa kuti kune rubhabhatidzo rumwe. Pauro akati, “Kuno muviri mumwe, noMweya mumwe, sezvamakadanwa vo mutariro imwe yokudanwa kwenyu; Ishe mumwe, nokutenda kumwe, norubhabhatidzo rumwe, naMwari mumwe, naBaba vavose, uri pamsoro pavose, unobata navose, uri mukati menyu mose.” (VaEfeso 4: 4-6). Ndikumbira kuti mucherechedze kuti uyo wakafuridzirwa naMwari akati kuna Mwari mumwechete, Ishe kana Kristu mumwechete, Mweya mumwechete, kutenda kumwe chete, rubhabhatidzo rumwe chete, muviri mumwe uye netariri imwe. Pakati pezvose izvi, akasimbisa kuti pane rubhabhatidzo rumwe chete. Kana zvichireva kuti Mwari mumwechete, Kristu zvimwechetewo zvoreva kuti rub-

habhatidzo rwumwechete.

Asi rwungava rubhabhatidzo rwupi? Tisingatarisi rubhabhatidzo runotaurwa nevanhu vemazuva ano, kana mumagwaro tinoverenga nzira dzekubhabhatidza dzakawanda. Somuenzaniso Ruka 7:29 tinoverenga vanhu pavanobhabhatidzwa nerubhabhatidzo rwaJohane. Kristu anobvunza boka revanhu vaizama kumuedza, “Rubhabhatidzo rwaJohane rwakabva kudenga here kana kuvanhu? Ndipindurei” (Mako 11:30). Kristu wakabhabhatidzwa naJohane (Mateo 3:13-17). Kunyangwe Kristu wakabhabhatidzwa kuzadzisa kururama, vanhuwo zvavo vaibhabhatidzwa kugadzira kuuya kwehushe hwaMwari, inova kereke. Rainziwo zvekare rubhabhatidzo rwekutendeuka (Ruka 3:3). Pauro anoona vanhu paEfeso vakabhabhatidzwa nerubhabhatidzo rwaJohane, asi vasina kunzwa nezvemweya Mutsvene uyezve mushure mekunge avadzidzisa chinangwa cherubhabhatidzo rwaJohane, “Zvino Pauro akati: Johane wakabhabhatidza norubhabhatidzo rwokutendevuka, achivudza vanhu kuti vatende kunaiye unozovuya shure kwake, iye Jesu Kristu. Vakati vazvinzwa izvozvo, vakabhabhatidzwa muzita raShe Jesu” (Mabasa 19:1-5). Rubhabhatidzo rwaJohane rwaisafanira kuenderera mberi. Rwakakaita basa raro zvikapfuura.

Kuna Mateo 3:11,12 Johane mubhabhatidzi aitura zverubhabhatidzo urwo Kristu aifanira kuita. Tinoverenga, “Ini ndinokubhabhatidzai nemvura mutendevuke, asi unovuya shure kwangu unesimba kupfuvureni, uyo wandisakafanira kutakura shangu dzake, Iye uchakubhabhatidzai noMweya Mutsvene nomoto. Rusero rwake ruri muruvoko rwake, uchanatsa buriro rake kwazvo. Uchavunganidzira zviyo mudura. Asi hundi uchaipisa mumoto usingadzimwi” (Marko 1:9-11; Ruka 3:21-22; Johane 1:31-34). Apa Johane anopa muenzaniso kuti Kristu aishanda sei nevanhu achiratidza mukohwi. Vanhu zuva iri vaiziva nezvekukohwewa kwegorosi. Gorosi yaisarudzwa vachibatsirwa nemhepo uye imwe ichisarudzwa nemishina vachibvisa tsvina. Gorosi yaiunganidzwa yochengeterwa kudya inenge isina basa yaipiswa. Nomuenzaniso mumwechete iwoyo Johane anoti, Kristu waizobhabhatidza neMweya Mutsvene nemoto. Kumberi Kristu anovimbisa maApostora kuti aizotumira munyaradzi, Mweya Mutsvene pamusoro pavo (Johane 15:26; Johane 16:7,13). Kuna Mabasa 1:8 anovimbisa kutumira Mweya Mutsvene pamusoro pavo. Verenga zvekare Ruka 24:49. Kuna Mabasa 2 tinoverenga zvekudururwa kwaMweya Mutsvene pamusoro pemaApostora, achivapa Simba rekurangarira zvavainge vadzidziswa naKristu, kuti vataure nedzimwe ndimi nekuita minana. Kubudikudza naivo vanhu vose vaizoropafadzwa. Asi akati Kristu aizovabhabhatidza nomoto. Izvi zvinoratidza chii? Pane zvaizochengetedzwa gorosi yairatidza kururama asi pane iyo yaizopiswa yairatidza kusarurama. Kristu aizobhabhatidza maApostora neMweya Mutsvene asi vasina kururama vaizobhabhatidzwa nemoto. Tikanzwisisa kuti rubhabhatidzo runoreva kunyikwa zvoreva kuti maApostora vakan-

yikwa kana kuzadzwa nemweya Mutsvene, tinofanira kunzwisisa kuti panonzi Kristu aizobhabhatidza nemoto, zvinoreva kuti vatadzi vaizonyikwa mumoto. Ndepapi mumagwaro patinoverenga vatadzi vachiitwa sezvizvi? Kutanga, tinoudzwa kuti Kristu nerimwe zuva anozotonga nyika uye kuti vakaipa vanozokandwa mugehena (2 Petro 2:4) kana kuti vanochoenda kune kuparadzwa kusingaperi (Mateo 25:46). Uyezve, gehena rinotsanangurwa sedziva remoto (2 Petro 3:7; Judha 7; Zvakazarurwa 20:10,14; 21:8). Zvoreva kuti vatadzi, vasina kururama, avo vakarasika, vachanyikwa kana kubhabhatidzwa mudziva remoto, zvichireva kuparadzwa kusingaperi. Chokwadi hapana angada kubhabhatidzwa nemoto.

Kuna 1 VaKorinte 10:1-4, Pauro anonyora, “Nokuti handidi, hama dzangu, kuti murege kuziva kuti madzibaba edu ose akanga ari pasi pegore, vuye kuti vose vakayambuka gungwa; vose vakabhabhatidzwa munaMosesi mugore nomugungwa; vose vakadya zvokudya zvimwe zomweya; vose vakanwa zvokunwa padombo romweya rakavatevera; dombo iro rakanga riri Kristu.” Kunyangwe kubhabhatidzwa kwakanga kusinganyanyi kufungwa nezvako pamazuva ivayo, asi Pauro paanotarisa kumashure munguva yevana veIsaeri vachipfuura nepakati pegungwa, mvura irimumativi avo ose uye negore pamusoro pavo, anotsanangura izvozvo sekubhabhatidzwa. Nekumwe kutaura vakavigwa kana kunyudzwa mugore nemugungwa.

Apo Mai vevana vaZebbedhi vakakumbira Kristu kuti abvumidze vanakomana vavo kugara kumativi ake ose muhushe hwake, tinoverenga, “Asi Jesu akapindura, akati: Hamuzivi zvamunokumbira. Mungagona kunwira pamukombe pandinozonwira ini, here? Vakati kwaari: tingagona. Akati kwavari: Muchanwira henyu pamukombe wangu, asi kugara kuruvoko rwangu rworudyi, nokuruboshwe, handizini ndinopa, asi ndezvavakazvigadzirirwa izvo naBaba vangu” (Mateo 20:22,23). Uyezve Kristu Wakati, “Ndinorubhabhatidzo rwanichabhabhatidzwa narwo; ndinomanikidzwa sei kusvikira zvichiitika” (Ruka 12:50). Rubhabhatidzo runotaurwa naKristu apa rwunechekuita nekutambudzwa kwake pamuchinjiko, ndokuti akanyudzwa mukutambudzika. Akapindana nezvose izvi kamwe.

Pakupedzisira magwaro anotaurwa zverubhabhatidzo rwevanotenda. Rubhabhatidzo urwu rwaive mumvura (Mabasa 8:26-39), kuvigwa (VaKorose 2:12; VaRoma 6:3,4), kuregererwa kwezvivi (Mabasa 2:38), kubvisa zvivi (Mabasa 22:16), kuponesa (1 Petro 3:21), kuunza munhu kunaKristu (VaGaratia 3:26,27) uye kuisa munhu mukereke (1 VaKorinte 12:13). Zvaizoitwa muzita raKristu (Mabasa 2:38), ndokuti muzita raBaba, neroMwanakomana neroMweya Mutsvene (Mateo 28:19,20). Kristu akati, “Akati kwavari: Endai munyika yose muparidzire zvisikwa zvose Evhangeri. Unotenda, akabhabhatidzwa, uchaponeswa; asi usingatendi uchatongwa” (Mako 16:15,16).

Tikadzokera kuna VaEfeso 4:4-6, rangarira kuti Pauro akati rwaive asi rubhabhatid-

zo rwumwe. Panguva iyoyo akataura izvovo, zvinofungidzirwa kuti raive gore raAD 64. Asi pakubhabhadzwa kwose kwakaverengwa mumagwaro, nderupi rubhabhatidzo chairwo? Mutemo wakanaka kuongorora pane imwe nguva rubhabhatidzo rwaisava rubhabhatidzo rwemvura, kana rubhabhatidzo rwevanotenda, zvaitaurwa pakawanda. Nekumwe kutaura, magwaro anotaura nezverubhabhatidzo rwaMweya Mutsvene nerwemoto, rubhabhatidzo rwaJohane, rubhabhatidzo rwokutambudzika nerubhabhatidzo rwegore negungwa. Naizvozvo kana tichiverenga nezverubhabhatidzo rumwe kuna vaEfeso 4:4-6, tinofanira kuziva kuti rubhabhatidzo rwavanotenda.

Hongu tinonzwa vanhu mazuva ano vachitaura zverubhabhatidzo rweMweya Mutsvene ruchiva rwevanhu venguva yedu, asi rubhabhatidzo urwu rwakavimbiswa naKristu kumaApostora uye ndiye aizoriita. Rubhabhatidzo urwu rwaive nechinangwa charwo uye hakuna mumwe nhasi anobhabhatidzwa nemweya Mutsvene. Kune vamwe vanodzidzisa rubhabhatidzo rwemvura, asi vanoparidza kuti anotenda anoponeswa uye kuti anofanira kubhabhatidzwa kuratidza kuti aponeswa. Zvoreva kuti kana vachiiita zvinodikanwa, munhu iyeye anoponeswa kunze kwaKristu uye kunze kwekereke nekuti shoko raMwari rinoti munhu anofanira kubhabhatidzwa kuti apinde munaKristu uye mukereke (VaGaratia 3:26,27; 1 VaKorinte 12:13). Tinoziva kuti vanhu ivava vanokanganisa panyaya iyi. Munhu hangagone kuponeswa kana asina kuita sezvinodiwa naIshe uye chimwe chazvo rubhabhatidzo rwemumvura.

Tevere zvekusasa nekudurura mvura pakubhabhatidza, zvirikure nedzidziso dzeshoko raMwari. Kusaswa nekudururwa kwemvura mumusoro memunhu hapana pazvinganzi kubhabhatidzwa. Kubhabhatidzwa kuvigwa, kunyudzwa. Kusasa kusasa uye kudurura kudurura hakusi kubhabhatidza. Zviito izvo zvakaiswa nevanhu.

Parizvino mubvunzo ndeunoti: wakagamuchira here rubhabhatidzo rwemuBhaibheri? Kana usina unofanira kudaro. Kana ukaverenga mubhuku raMabasa muTestamente Itsva unoona kuti vose vakaterera Ishe vakanzwa Evhangeri kana mashoko aKristu, vakatenda kunaKristu naMwari, vakatendeuka kuzvivi zvavo, vakapupura Kristu kuti mwanakomana waMwari vakabhabhatidzwa kana kunyudzwa mumvura kuregererwa zvivi. Mwari akavaponesa vakawedzerwa mukereke yake (Mabasa 2:38, 41,47). Kana ukaita zvavakaita, Ishe vanokuponesa vokuisawo mukereke yavo.

Kana wakabhabhatidzwa, kana uchifunga kuti wakabhabhatidzwa asi kwaiva kusaswa kana kudururwa mvura kana kuti rwakaitwa nechinangwa chisiicho hauna kubhabhatidzwa sezvinotaurwa nemagwaro. Unofanira kubhabhatidzwa sezvataurwa kare. Asi unogona kuti kunozova kubhabhatidzwa kaviri. Kwete, kune rubhabhatidzo rumwe uye kana usina kubhabhatidzwa sezvinodzidziswa naIshe hauna kubhabhatidzwa. Kana bedzi wakabhabhatidzwa sezvinotaura magwaro taura hako kuti wakabhabhatidzwa nerubhabhatidzo rumwe rwemuBhaibheri.

Chidzidzo 23

Sei Tisingagamuchire Mifungo Yedu Semicherechedzo Wakanaka?

Izwi rekuti mifungo rine chekuita nehana, pfungwa nemweya wemunhu. Zvinoreva kuti munhu aunganidza huwandu hweruzivo rwunozoshandiswa kuenzanisa nezvimwe zvinhu kuti akwanise kuona kuti arikuita zvakanaka here kana kwete. Ruzivo runogona kushandiswa papfungwa dzakadzama kana kuti runogona kuva rakazenda ma nezvinotaurwa zvenhema. Zvisinei nekuti ichokwadi kana kuti inhema, zvinogona kugamuchirwa sechokwadi zvikashandiswa semicherechedzo wakanaka. Kune vamwe vanofunga kuti mifungo unogona kushanda semicherechedzo wakachengetedzeka. Vamwe vanotaura pamusoro pekuva nemifungo yakanaka uye nekuda kwekuti vane mifungo yakanaka nekuda kwaizvozvo vanoti zvakanaka. Asi pamwe pachokwadi munhu anogona kunge anyengedzwa, asi mukufunga kuti agamuchira chokwadi, anoguma ava nemifungo yakanaka. Mifungo yake yakanaka Haina kuzendama nechokwadi asi pakukanganisa. Ndosaka munhu asingakwanise kubvumidza mifungo yake kuti igova nesimba rekukwanisa kuona chakanaka nechakaipa.

Kuenderera mberi tichipa mienzaniso kuti mifungo inoshanda sei, funga pamusoro pemwana mudiki. Anodzodziswa nevabereki vake kuti zvakaipa kuba kana kutora chimwe chinhu chisiri chake. Anoenderera mberi nekudzodziswa izvi mumakore ake aanogara nevabereki vake. Nekuda kwekuti anovaremekedza uye nekuedza kuchengetedza zvaanodzidziswa nevamwe vakavimbika uye nekuti mutemo unoti kudii anokura achigamuchira izvozvo sechokwadi. Asi nekuda kwekuti rimwe zuva aona chimwe chinhu kumba kweshamwari icho chaanozoda kuva nacho. Anoedzwa kutora ichocho chisiri chake nokudaro anoita saizvozvo. Nekuda kwekuti arikuita zvinopesana nezvaakadzidziswa, zvinozodarika mifungo yake, mifungo yake inomubata zvekufunga kudzosera zvaatora. Asi zvimwe chete zvinogona kutaurwa kune avo vakadzidziswa zvisiizvo. Kunyangwe zvisiizvo, kana kuti zvimwe zvenhema kana zvikadzidziswa kuti ichokwadi zvogamuchirwa sechokwadi, mifungo yemumwe inogona kumubata kana akaita zvinopesana nezvaakadzidziswa sechokwadi.

Naizvozvo kuti mifungo yemumwe igone kuva ichigamuchirika, unofanira kuzendama nechokwadi. Nekumwe kutaura chokwadi, shoko raMwari tinofanira kutungamira mifungo yemunhu. Kana mifungo yemunhu yekazendama nenhema haugoni kuonekwa semucherechedzo wakanaka.

Kana tikadzokera kushoko raMwari, tinoona kuti Sauro ndiye muenzaniso wakanaka wezvaturi kutaura. Chekutanga funga kuti Sauro aiva muJuda, aiva muteveri wechiJudha, ainzwa kuda chitendero chake zvakananyanya uye aiona Chkristu chiri mhandu yechitendero chake. Nekuda kwaizvozvo akafunga kutambudza maKristu. Ti-

noverenga pamusoro pake, “Asi Sauro achingorangarira kutyisa nokuvuraya vadzidzi vaShe, wakaenda kumuPirisita mukuru, akakumbira kwaari magwaro okuenda nawo Dhamaseko kumasinagoge, kuti kana awana vamwe vaiva veNzira iyo, varume kana vakadzi, avuye navo Jerusarema vakasungwa” (Mabasa 9:1,2). Panoenderera mberi nenyaya, Sauro nevaimutevera vaive munzira kuenda Dhamasiko apo Ishe anozviratidza kwaari. Tinoverenga, “akawira pasi, akanzwa inzwi richiti kwaari: Sauro, Sauro, unonditambudzireiko? Iye akati: Ndimi aniko, Ishe? Akati: Nдини Jesu waunotambudza; [zvinokuremera kupfura zvibayiso. Iye achidedera nokutya, akati: Ishe, munoda kuti ndiiteiko? Ishe akati kwaari:] Simuka, uende muguta, uchandovudzwa zvaunofanira kuita” (Mabasa 9:4-6). Zvinyorwa zvinoenderera mberi zvichitaura pamusoro pekuti muparidzi weevhangeri anova Ananiasi akauya sei kwaari, akamuudza kuti asimuke abhabhatidzwe kuti zvivi zvake zvisukwe mukukanganirwa (Mabasa 22:16). Zvino Sauro anodini? Akava mutendi munaKristu, akatendeuka kuzvivi zvake, akaona Kristu saIshe akabhabhatidzwa. Pakuita izvi, zvinonzi akanoparidza Kristu seMwanakomana waMwari (Mabasa 9:20).

Zvino funga pamusoro pemurume uyu. Murume aive pachokwadi, achishingaira pachJudha. Akavenga chiKristu kusvika pakutambudza maKristu, vose vakadzi nevarume. Asi pasina nguva akava mutendi munaKristu uye mukuterera Kristu akamuparidza seMwanakomana waMwari. Kwete kudaro badzi asi akararama hupenyu hwake hwese achishandira Ishe nekuparidza zvatakadzidza.

Asi komakore ayo asati avamuKristu? Aive akavimbika nekuva pachokwadi here pane zvaaiita? Munzwei achitsanangura zvose zvaaiita. Anoti, “Zvino neni ndaiti ndinofanira kuita zvinhu zvizhinji zvinopesana nezita raJesu weNazareta. Ndakazviita vo paJerusarema, ndikapfigira vatsvene vazhinji mutorongo, ndapiwa simba navaPirisita vakuru; vuye kana vaivurawa, neni ndaibvumiravo. Nomumasinagoge ose ndaivatambudza, ndichivaroverera kuti vamhure Mwari; ndikanyanya kuvapengera, ndikavatambudza kusvikira kumaguta ari kure nenyika ino” (Mabasa 26:9-11).

Pamusoro pezvese izvi Sauro aive nemifungo yakanaka kumazuva ayo aitambudza kereke. Aive akavimbika nekuva pachokwadi pane zvaaiita. Hapana chakaipa chaaiona pane zvaaiita. Asi chokwadi ndechekuti, mifungo yake yaisaita yakazendama nezvaaidirwa naMwari kuti aite, asi aiita akazendama nezvaaiifunga kuti zvakanaka. Kunze kwekuti anga adzidza chokwadi akachiita akagamuchirika kuna Mwari.

Mushure mekutendeuka kwaSauro zita rake rakashandurwa kuva Pauro. Mushure meizvozvo akanyora, “Ndinomuvonga iye Kristu Jesu, Ishe wedu, wakandipa simba, nokuti wakati ndakatendeka, akandiisa pabasa rake; kunyange ini ndaimhura Mwari kare, nomutambudza ndichiitira vanhu zvakaipa; asi ndakaitirwa ngoni, nokuti ndakanga ndichizviita nokusaziva pakusatenda; asi nyasha dzaShe wedu dzakawanda

zvikuru nokutenda, norudo ruri munaKristu Jesu. Ishoko razvokwadi, rinofanira kutendwa kwazvo, kuti Kristu Jesu wakavuya panyika kuzoponesa vatadzi; avo, ini ndiri mukuru wavo; asi naizvozvo ndakaitirwa ngoni, kuti Jesu Kristu aratidze moyo wake wose murefu mandiri, ini mukuru wavatadzi, kuti ndive chiratidzo kunavanozotenda kwaari, zvinovaisa kuvupenyu bwusingaperi. Zvino iye Ishe usingaperi, usingafi, usingavonekwi, Mwari woga, wakachenjera ngaave nokukudzwa nokubwinya nokusingaperi-peri. Ameni” (1 Timoti 1:12-17).

Mune mamwe magwaro ndinofunga kuti Pauro anorangaridzwa nguva dzose dz-aakararama aine mifungo yakanaka kuna Mwari (Mabasa 23:1) asi akapedza makore ake kumashure achirwa naMwari neMwanakomana vake, Jesu Kristu uye achitambudza vanhu vaMwari. Paakadzidza chokwadi, nekutevedzera zvinodiwa naMwari kuti ave muKristu akaona tsitsi nenyasha dzaMwari dzakanga dzakanyanya pachokwadi, kana iye, mukuru pazvivi akakwanisa kuponeswa. Haana kukanganwa zveshure asi akazvibvumidza kuti zvimupe simba rekuenda mberi nekuita zvole nesimba rake rose mukuedza kugadzirisa zveshure, nekupa hupenyu hwake kuparidza dzidziso yaKristu.

Shamwari dzangu, kana zviriiivo zvinodikanwa naMwari pamunhu kuti ave nemifungo yakanaka, zvoreva kuti vanhu vanogona kuponeswa sezvavari. Zvinogona kureva kuti vanhu vanogona kuponeswa kana vachitenda kunaIshe kana kwete. Zvinogona kureva kuti munhu anogona kuponeswa nekuda kwekuita hunhu hwakanaka kana kubudikudza nekuita zvakanaka. Zvinogona kuva sezvisina basa kuti munhu muKristu kana kuti haasi, kuti ihama mukereke kana kuti kwete kana kuti munhu aive akatendeka kuna Mwari kana kuti kwete. Vanhu vose vane tsika yekutsigira kufunga kwavo, maitiro avo, chitendero nezvimwewo. Vanogona kushandura mifungo yavo kana kuita zvinopesana naMwari chero zvichingovaitira (1 Timoti 4:1-5). Izvi zvinozoguma zvakubuditsa mifungo yakanaka.

Mifungo yakanaka bedzi, haisi yoga mhinduro. Haigoni kupa munhu ruponeso. Panogona kuonekwa mifungo yemunhu yakanaka inguva yainenge yakazendama neruzivo rwezvinodiwa naMwari, zvoreva kuti zvinofungwa nemunhu, maitiro nehupenyu hwake zvinotungamirwa neshoko raMwari. Mifungo inogona badzi kuva mucherechedzo wakanaka kana uchiita zvinodiwa neshoko raMwari. Kana imwe nzira yatingazvitarisa nazvo, kana munhu achiziva zvinodiwa naMwari, nekuzvitenda kana mifungo yake ikamubata, akapesana nezvinodzidziswa naMwari kana kurarama sezvinotarirwa naIshe, zvoreva kuti mifungo yake inorarama uye yakanaka.

Bhaibheri rakatakura shoko raMwari, ichokwadi uye rakatendeka. Zvino tikararama sezvariri, sekupihwa kwarakaita naMweya Mutsvene zvoreva kuti rakatendeka. Kana Mweya ukaita chapupu kumweya yedu, ndokuti, shoko raMweya rabvuma kuti taita zvinodiwa nedzidziso dzaIshe, toziva kuti tiri vana vaMwari. Ndozvinotaur-

wa naPauro. Munzwei, “Mweya amene unopupurirana nomweya wedu, kuti tiri vana vaMwari” (VaRoma 8:16). Nekumwe kutaura, kana shoko raMweya, shoko raMwari, rikataura chinhu chimwe chete kana kudzidziswa zvimwe chete totadza kuzviita kana kurarama sezvitarisirwa naIshe zvoreva kuti Mweya kubudikidza neshoko raMwari unova chapupu kana kutaura kuti hatisi vana vaMwari kana kuti hatisi kuita Zvinotarisirwa naMwari kuti tiite.

Zvoreva kuti zvatinonzwa zvakanaka, kana kuva nemifungo yakanaka bedzi hazviratidzi kuti takaponeswa kana kuti tiri vana vaMwari. Ndinokumbira kuti musanyengerwa mukufunga kuti munofona kuponeswa neimwe nzira isiri yakataurwa naIshe muahoko Ravo. Ehe, kunyangwe tikaziva zvinodiwa naMwari, totadza kuzviita, zvoreva kuti kana mifungo yedu iri ipenyu, kana zviine basa zvinotaurwa naMwari, mifungo yedu unofanira kutibata uye unofanira kuita saizvozvo. Izvi ndizvo zvinotirangaridza kuti tinofanira kuita zvakanaka kuna Mwari. Tikaita saizvozvo tinoziva kuti tatevedzera zvaanoda, izvi zvinobuditsa kunzwa zvakanaka, mufungo wakanaka asi kana bedzi rakazendama nekuziva zvinodiwa naMwari uye tomuterera. Nekudaro tinofanira kuva nemufungo wakanaka uye tinofanira kugara.

Une mufungo wakanaka here? Unoziva zvinodiwa naMwari here? Kana usina ndinovimba kuti mifungo yako irikukubata uye icharamba ichidaro kusvika watere-ra Ishe. Kana ukazotenda munaKristu, ukatendeuka kuzvivi zvako, wopupura Kristu samwanakomana waMwari wobhabhatidzwa kuregererwa zvivi, Ishe vachakuponesa vokuita mwana wavo nekuva Hama muimba yake, kereke (Mako 16:16; Mabasa 2:38; VaGaratia 3:26,27; Mabasa 2:47). Kana ukaita izvi uchazova nemufungo wakanaka, nekudaro unobva waziva kuti kuda kwaIshe kwauri uye kuti vateerera Ishe uye kuti akuponesa.

Chidzidzo 24

Sei Tichidana Kuzita RaIshe

Magwaro anotaura kakawanda pamusoro pekudana muzita raIshe. Regai titarise mamwe acho. Kare kare Joel akaporofita akati, “Zvino shure kwaizvozvo ndichadurura Mweya wangu pamusoro penyama yose; vanakomana venyu navanasikana venyu vachaporofita, vatana venyu vacharota hope, namajaya enyu achaona zviratidzo; ndichadururawo Mweya wangu pamusoro pavaranda napamusoro pavashandiri namazuva iwayo. Ndicharatidza zvishamiso kudenga napanyika, zvinoti: Ropa nomoto neshongwe dzoutsu. Zuva richashanduka rima, mwedzi uchashanduka ropa, zuva guru raJehovha rinotyisa risati rasvika. Zvino ani naani anodana zita raJehovha acharwirwa; nokuti pagomo reZiyoni napaJerusaremu ndipo pachava navakapukunyuka,

sezvakataura Jehovha, napakati pavakasara ndipo pachava vakadanwa naJehovha” (Joere 2:28-32).

Mushure mekunge Mweya Mutsvene wadururwa pamusoro pemaApostora, vakatanga kutaura nendimi, avo vakanga varipo vakatanga kufunga zvisizvo kuti vakazviita sei. Vamwe vakafunga kuti vakabatwa newaini. Asi zvino tinoverenga, “Zvino Petro amire navanegumi nomumwe, akadanidzira, akaparidza kwavari, achiti: Varume veJudhea, nemi mose mugere Jerusarema, chinhu ichi ngachizikanwe nemi, muterere mashoko angu, nokuti ava havana kubatwa sezvamunofunga imi, zvaichiri nguva yechitanhatu yezuva, asi ichi ndicho chakarebwa nomuporofita Joeri, achiti: Mwari unoti: Namazuva okupedzisira, Ndichadurura zvoMweya wangu pamusoro penyama yose; Vanakomana venyu navanasikana venyu vachaporofita; Majaya enyu achavona zviratidzo, Navatana venyu vacharota hope. Napamusoro pavaranda vangu napamusoro pavashandiri vangu, Ndichadurura zvomweya wangu namazuva iwayo; vachaporofita. Ndichaita zvinoshamisa kudenga kumusoro, Nezviratidzo panyika pasi; Ropa, nomoto, nemhute yovutsi. Zuva richashandurwa rima, Nomwedzi uchashandurwa ropa. Zuva guru raShe rinobwinya risati rasvika. Zvino kuchaitika kuti aninani unodana zita raShe uchaponeswa” (Mabasa 2:14-21).

Muchiporofita chakapihwa naJoere kare uye mukuzadziswa kwacho nezuva rePentekotsi muJerusaremu zvakanga zviripachena kuti chaitaura zverufu rwaKristu, kudururwa kwaMweya Mutsvene nekuuya kweruponeso. Zvose izvi zvakaitika mumazuva ekupedzisira, mazuva iwayo akaitika rufu rwaKristu. Munyori wavaHebheru akati Mwari aizotaura kuvanhu kubudikitsa nemwanakomana wake mumazuva ekupedzisira (VaHebheru 1:1,2), uye Kristu akataura mumazuva iwayo kubudikidza namaApostora asi kubva panguva iyoyo anotaura nesu kubudikidza neshoko sekupihwa kwarakaitwa muTestamende Itsva. Pamusoro pezvakaparidzwa naPauro achiti, “Nokuti handina kuipiwa kana kuidzidziswa nomunhu, asi ndakairatidzwa naJesu Kristu” (VaGaratia 1:12). Pamusoro pezvakaonekwa naJohane nezvapupu zvaJesu Kristu, akati, “Wakaropafadzwa uyo unorava, navanonzwa mashoko okuporofita, uku vachichengeta zvakanyorwa imomo, nokuti nguva yava pedo” (Zvakazarurwa 1:3).

Muna Mabasa 2 tine zvinonyorwa zvinotiudza kuti mushure mekunge Mweya Mutsvene wadururwa pamusoro pemaApostora vakaparidza pamusoro pekuuya kwaKristu, minana yaakaita kuratidza kuti aibva kunaMwari, zverufu rwake, kuvigwa nekumuka uye nekudzokera kwake kuna Baba varikudenga kuti azogara kuruoko rwerudyi rwaMwari kuti atonge saMambo weMadzimambo uye saIshe weMadzishu. Pamusoro pekunzwa izvi vane zviuru zvitatu vakabaiwa pamoyo uye vakada kuziva kuti vangadini. Zvinyorwa zvinoenderera mberi, “Petro akati kwavari: Tendevukai, mumwe nomumwe wenyu abhabhatidzwe nezita raJesu, kuti mukanganwirwe zviwi, mupiwe

chipiwa choMweya Mutsvene. Nokuti chipikirwa ndechenyu, navana venyu, navose vari kure, vanozodanwa naShe, Mwari wedu. Akapupura kwazvo namamwe mashoko mazhinji, akavaraira, achiti: Muzviponese parudzi urwu rwakakombama. Zvino avo vakagamuchira nomufaro shoko rake, vakabhabhatidzwa; nezuva iro vanhu vanenge zvuru zvitatu vakawedzera. Vakatsungirira pakudzidzisa kwavaapostora, napakuyanana kwavo, napakumedura chingwa, napaminyengetero” (Mabasa 2:38-42).

Zvino regai titarise zvimwe zvinhu zvakasiyana. Chekutanga, Petro anotaura zvaIshe achidana vanhu. Aizviita sei? Pauro anoudza maKristu aiva paTesaronika, “Izvo zvaakakudanirai neEvhangei yedu, kuti muwane kubwinya kwaShe wedu Jesu Kristu” (2 Tesaronika 2:14). Nemamwe mazwi vakadanwa kubudikidza nevhangeri iyo Pauro akaparidza. Evhangeri yacho yaive ipi? Kuna vaRoma 10:15 raiva shoko rerufu, kuvigwa nekumuka kwaKristu uye nekuponeswa kwakakwanisika kubudikidza nerufu rwaKristu, kuvigwa nekumuka (1 VaKorinte 15:1-4). Tuchienderera mberi kwaiva nazvaifanira kuitwa pamusoro peevhangeri yavaizosangana nayo kuti vaponeswe. Zvimwe zvinhu zvaifanira kuitwa kuti munhu atende kuna Kristu. Chimwe chacho kuti munhu atendeuke kuzvivi zvake. Chekupedzisira chaive chekuti munhu abhabhatidzwe kuti zvivi zvake zviiregererwe. Zvose izvi zvakaparidzwa kuna Mabasa 2, ndokuti, maApostora akaparidza rufu, kuvigwa nekumuka kwaKristu uye pakatenda vane zviuru zvitatu vakada kuziva kuti vangadini vakaudzwa sevatendi kuti vaifanira kutendeuka kuzvivi zvavo uye kuti vabhabhatidzwe kuti zvivi zvavo zviiregererwe. Kubudikidza nekuparidzwa kweevhangeri, Ishe vaidana kwavari kuti vamuteerere. Sezvataurwa, vane zviuru zvitatu vakapindura kudana kwavo vakaterera Ishe iyewo akavaponesa akavawedzera mukereke yake.

Chepiri, zvakaporofitwa naJoel kuti zuva richauya apo zvinhu zvose zvichadana kuzita raIshe zvichaponeswa. Petro nemamwe maApostora vakataura kuvanhu nezuva rePentakosta kuti chiporofita ichi chaizadziswa. Zvimorevei kudana kuzita raIshe voponeswa. Vazhinji vanoti kudana kuzita raIshe kukumbira ruponeso. Nekumwe kutaura vanokwanisa kunyengetera panzvimbo yekudana zita raIshe. Asi ndepapi pazvakataurwa maererano nemunyengetero kuti unoponesa. Zvisinei Kristu aparidzwa vakabaiwa pamoyo kana kuti vakava vatendi munaKristu, vakada kuziva zvavangaite. Petro akavaudza kuti vanofanira kutendeuka vabhabhatidzwe muzita raJesu Kristu kuti zvivi zvavo zviiregererwe. Zvinyorwa zvinoenderera mberi zvichiti vanezviuru zvitatu vakaita saizvozvo uye Ishe akawedzera avo vakaponeswa mukereke yake. Tinogona kuti kudana kuzita raIshe kuita zvinodiwa naye. Imwe nzira yekuzvitsanangura nazvo, Kristu akavimbisa kuti kana mumwe kana vakawanda vakamuterera achavaponesa (Mako 16:15,16). Naizvozvo mukuita zvinodiwa naIshe munhu anenge achidana muzita raIshe kubudikidza nekuita kwake achimuimbira kuti azadzise chivimbiso chake kuti

amuponese. Izvo agara anozviita.

Chechitatu, zvakaporofitwa kuti zuva raizouya Apo Mweya Mutsvene waizodururwa panyama yose. Akazadzisa chivimbiso ichocho, uye ndinogona kuteedzera kuti acharamba achizadzisa chivimbiso ichocho. Nezuva rePentecost akadurura Mweya wake, kana kuti akabhabhatidza maApostora neMweya Mutsvene uye kubudikidza nayo nyika yose icharopafadzwa nekuparidza kwavo, uye mukunyorwa kweshoko raMwari vachitungamirwa naMweya Mutsvene. Vose vakaterera Ishe nekuda kwekuparidza kwavo havana kuponeswa badzi, asi vakapihwawo Mweya Mutsvene. Izvi zvaisava zvevainge varipo pazuva rePentecost chete, asi nevana vavo kana nemarudzi ose aizouya kana nevamwe vaive kure naMwari vaHedheni. Chinguva chipfupi Konerio nemhuri yake vakabhabhatidzwa neMweya Mutsvene kuratidza kuti vaHedheni vaigamuchirwawo naMwari sezvaiitwa maJudha. Tichiwedzera pane maApostora naKonerio nemhuri yake vachigamuchira rubhabhatidzo rwaMweya Mutsvene, MaApostora vakapihwa Simba naMwari rekuturika maoko avo kune vanenge vasarudzwa kuti vakwanise kupihwa simba raMweya Mutsvene. Vamwe vose vakagamuchira Mweya Mutsvene usingakwanise kuita minana uye izvi zvakaenderera mberi kusvika nhasi. Nekudaro Ishe vakazadzisa zviporofita uye shoko rake rikachengetwa pazvose.

Pane chimwe chiitiko, Pauro anonyora kuvaRoma, “Asi kunoreveiko? Shoko riri pedo newe, mumuromo mako, nomumoyo mako; ndiro shoko rokutenda ratinoparidza; kuti, kana uchipupura nomuromo wako kuti Jesu ndiye Ishe, nokutenda mumoyo mako, kuti Mwari wakamumutsa kuvakafa, uchaponeswa; nokuti munhu unotenda nomoyo, ndokururamiswa; unopupura nomuromo, ndokuponeswa. Nokuti Rugwaro runoti: Aninani unotenda kwaari, haanganyadziswi, Nokuti muJudha nomuGiriki havasiyani; nokuti mumwe ndiye Ishe wavose, wakafuma kunavose vanodana kwaari; nokuti aninani unodana kuzita raShe, uchaponeswa. Zvino vachagodana seiko kunaiye, wavasina kutenda kwaari? Vachatenda seiko kunaiye, wavasina kunzwa? Vachanzwa seiko kana kusinomuparidzi? Vachaparidza seiko, kana vasingatumwi? Sezvazvakanyorwa, zvichinzi: Dzakanaka sei tsoka dzavanoparidza Evhangeri yorugare, namashoko omufaro ezvinhu zvakanaka? Asi vose havana kuterera mashoko omufaro. Nokuti Isaya unoti: Ishe, ndianiko wakatenda zvatakaparidza? Naizvozvo kutenda kunovuya nokunzwa, nokunzwa kunovuya neshoko raMwari” (VaRoma 10:8-17).

Mumagwaro nyatsoverenga uone kuti zvekare munyori anoratidza kuti anoti kudana kuzita raIshe munhu iyeye anenge aponeswa. Chii chiripo apa? Kubva pane zvataverenga tinoona kuti shoko raMwari rinofanira kuparidzwa, munhu anofanira kurinzwa, otenda kwariri, opupura Kristu uye kunyangwe zvazvo kutendeuka kusina kunyatsobuditswa kana kubhabhatidzwa asi zvisinei zvinofanira kuva chikamu chekuperidza shoko raMwari uye nekutenda kuna Ishe. Izvi zvinofambidzana nenzira dzose

dzekutendeuka dzakataurwa kunaMabasa nedzimwe ndima dzose dzine chekuita neru-poneso. Asi chimwe chinhu chekubata ndechichi kana munhu achinge aita zvinodiwa naMwari, arikudana kunaIshe kuti azadzise chivimbiso chekuti aponeswe kunyangwe zvakadaro Ishe haakundikane. Petro anoti, “Ishe haanonoki kuita sezvaakapikira, sezvinoreva vamwe vachiti: Hunonoka; asi unomoyo murefu kwatiri, nokuti haadi kuti vamwe varashike, asi kuti vose vasvike pakutendevuka” (2 Petro 3:9).

Wakambodana kuzita raIshe here kuti uponeswe? Hatisi kutaura zvekunyengerera parizvino. Tirikunyanya kutaura zvekuita zvinodiwa naIshe. Kana ukadana kwaari kubudikidza nekuteerera kwako kune zvaanoda, iye anopindura nekukuponesa okuwedzera mukereke yake. Hakuna imwe nzira yekuponeswa nayo.

Chidzidzo 25

Sei Muraramiro Wakanaka Usingakwanise Kuponesa

Kunyangwe ukazvifunga kana kusazvifunga, vanhu vazhinji vacharasika neku-ti varikuedza kuponeswa nekuda kwekuti vanoita zvakanaka. Izvi zvinotirangaridza murume wechidiki akauya kuna Jesu achitsvaka hupenyu husingaperi. Tinoverenga, “Tarira, mumwe munhu wakavuya kwaari, akati: Mudzidzisi wakanaka, ndingaita chinhu chakanaka chipi, kuti ndive novupenyu hwusingaperi? Akati kwaari: Unondiidzirei wakanaka? Hakuna wakanaka, asi mumwe woga, ndiye Mwari. Akati kwaari: Ipiko? Jesu akati: Usavuraya, usaita vupombwe, usaba, usapupura nhema; kudza baba vako namai vako, ude wokwako sezvaunozvida iwe. Jaya rikati kwaari: Izvozvo zvose ndakazvichengeta; kubva pavuduku bwangu ndichakashaiweiko? Jesu akati kwaari: Kana uchida kukwana, enda utengese zvose zvaunazvo, upe varombo, ugova nefuma kuden-ga; ugovuya unditevere. Asi jaya rakati richinzwa shoko iri, rikaenda rineshungu; nokuti rakanga rinefuma zhinji” (Mateo 19:16-22).

Nyaya iyi yakaitika munguva vanhu vachikuita zvinhu sekuita kwavaiita muT-estamente yekare. Nekumwe kutaura, mutemo wanga uchiri kuteedzerwa panguva iyi nekudaro Jesu akapindura murume uyu zvichienderana nezvinotaura mutemo. Tichinzwa Jesu achitsanangura anoti kana uchida kuva nehupenyu husingaperi ano-fanira kuchengeta mitemo achitaura mitemo ine gumi, iye akapindura achiti akaichengeta kubva pakukura kwake. Tikada kufunga nezvazvo, mukuchengeta murayiro iyoyo, aiva munhu waiva nehunhu airarama muraramiro wakanaka. Kana imwe nzira yekuz-vitsanangura aisava munhu wakaipa pazvose. Zvinogona kuita sekunge aiva munhu wakanaka zvekuti aikwanisa kuenda kudenga, asi aingoda kunzwa bvumo yaIshe. Asi panyaya iyi, zvanga zvisina kukwana, Jesu waigona kunzvera moyo wake nehupenyu hwake akaona kuti pane zvaigona kumutadzisa. Zvinoratidza kuti aiva murume wechi-

diki wakapfuma, nekudaro aivimba nehupfumi hwake. Naizvozvo Jesu akamuudza kuti anotengesa zvose zvaainazvo opa kuvarombo. Ipapo tinoona kutaura kunoratidza kubatikana. Zvaitaurwa zvichinzi pavakanzwa izvi, akaenda akasuwa, nekuti aive nehupfumi hwakawanda. Muraramiro wakanaka haugoni kubatira Ishe uriwoga.

Tine muenzaniso wakanaka panyaya iyi waKonerio nemhuri yake. Konerio aiva muHedheni. Aiva murume aiva nechinzvimbo chakakura mumauto, ndokuti, aiva mukuru wemauto. Zvinyorwa zvinotaurawo kuti ainge akadaro, “Munhu, wainamata nowaitya Mwari, iye neveimba yake yose, waipa vanhu zvipo zvizhinji, nokunyengerera kunaMwari misi yose” (Mabasa 10:2). Asi waiva murume wakarasika. Kubudikidza nekubata kwaIshe, Konerio nevose vemhuri yake naPetro nehama dzake vakaunzwa pamwechete. Apa Petro akavaparidzira uye Zvinyorwa zvinoti Mweya Mutsvene wakadururwa pavari kuti zviratidze kuti evhangeri raivawo remaHedheni sezvarai-va kumaJudha. Ipapo Petro anobvunza, “Kunomunhu here ungangadzivisa mvura, kuti ava, vakapiwa Mweya Mutsvene sesu, varege kubhabhatidzwa? Zvino akaraira kuti vabhabhatidzwe muzita raJesu Kristu. Ipapo vakakumbira kwaari, kuti ambogara mamwe mazuva” (Mabasa 10:47,48). Zvino ukatarisa mararamiro aiita Konerio, unoonona kuti chero munhu kunyangwe nhasi anogona kuva, munhu anotywa Mwari nemhuri yake yose, ari munhu anopa varombo uye anogara achinyengerera anogona kunzi munhu wakanaka. Asi Konerio aiva munhu wakarasika. Nekudaro zvainge zvakafanira kuti anzwe evhangeri, nokuritenda nekuita sezvarinotaura kuti aponeswe uye kuti awedzerwe mukereke yaIshe. Dai akaramba kuita sekudaro airamba akarasika zvisinei nezvakanaka zvose zvaaiita.

Ichokwadi kuti munhu anofanira kuva nemuraramiro wakanaka kuti aponeswe. Izvi zvinongoreva kuti munhu anongofanira kusiya kuita zvakaipa. Zvinongorevazve kuti munhu haugoni kuita mabasa enyama kana zvinhu zvenyika. Pauro anotaura kuMakristu epaKorinde, “Ko hamuzivi kuti vasakarama havangagari nhaka yovushe bwaMwari here? Musarashika; nokuti mhombwe, kana vanonamata zvifananidzo, kana vanofeva, kana vakapata, kana vanoita zvakaipa navarume, kana mbavha, kana vanoruchiva, kana vanosinwa doro, kana vatuki, kana makororo, havangagari nhaka yovushe bwaMwari” (1Vakorinde 6:9,10). Achitaura kuMakristu epaKorinde pamusoro pekuyanana kwavo nevasingatendi, “Ndakakunyorera nemwadhi yangu, kuti murege kufambidzana nemhombwe; handiti nemhobwe dzose dzenyika ino, kana vanoruchiva, kana makororo, kana vanonamata zvifananidzo, nokuti kana zvakadaro maifanira kubva panyika. Asi zvino ndinokunyorera, kuti murege kufambidzana nomunhu unoidzwa hama, kana achinamata zvifananidzo, kana mutuki, kana unosinwa doro, kana gororo; musadya nowakadai” (1 Vakorinde 5:9-11). Apa Pauro anotaura achiti hazvina kufanira kuti ararame hupenyu uhwu usingawadzane nevanhu venyika, asi kana tichitau-

ra zvehama isina kutendeka munaKristu, uyo arikurarama hupenyu husina huMwari, hatifanire kuwadzana nemunhu wakadaro.

Pauro anotaura kuhama dzepaGaratia achiti, “Zvino mabasa enyama anovonekwa, anoti: Vupombwe, netsvina, novutere, nokunamata zvfananidzo, novuroyi, noku-vengana, negakava, negodo, nokutsamwa, nokupesana, nokuparadzana, nedzidziso dzakatsauka, nokugodorana, nokuvuraya nokubatwa, nokutamba kwakaipa, nezvinhu zvakadai; izvo zvandinokuvudzai zvino, sezvandakambokuvudzai kare, kuti vanoita zvakadai havangadyi nhaka yovushe bwaMwari” (VaGaratia 5:19-21). Pauro mumagwaro aya arikuti munhu haakwanise kupinda muzviito zvezvivi achizopinda muHushe hwaMwari kana mukereke yaIshe. Kana muKristu akaita izvi zvouipi haagoni kufadza Mwari. Asi munhu haagoni kuponeswa oga nekuti haaite Mabasa akadai, asi kuti agova muKristu sezvinodiwa naMwari, anofanira kusiya zvakaipa zvose pamberi pake (1 Tesaronika 5:22).

Vamwe vanhu vanofunga zvisizvo kuti muKristu anobvumidzwa kusununguka pamuraramiro wake kupfuura vamwe vezvitendero zvimwe. Vanofunga kuti maKristu anogona kuputa, kunwa zvinodhaka, kuwanikwa varikuita zvakaipa, kutaura nendimi dzisiidzo, kupfeka zvisina hunhu nezvimwewo. Hongu, kune vanoziva zvinodzidziswa neBhaibheri uye kuti zvinorevei kuva muKristu vanoziva kuti handizvo. Ichokwadi kuti kune vanozviti maKristu asi vachiitwa izvi asi mukuita izvi havafadzi Mwari. Kana vasinga tendeuki vanosvika pakurasika. Kuti munhu aponeswe uye kuti anzi muKristu haakwanise badzi kutenda kunaMwari chete nekunaKristu samwanakomana waMwari asi anofanirawo kutendeuka kuzvivi zvake zvose kana kuzvisiya uye anofanira kubvuma kana kupupura Kristu kuti mwanakomana waMwari uye mukupedzisira wobhabhatidzwa kuti zvivi zvake zvisukwe. Munhu anofanira kuita izvi kuti Mwari amuponese uye kuti amuwedzere mukereke yake. SemuKristu anofanira kuva wakatendeka kusvika mukufa kana achiwana korona yehupenyu. Tinoverenga nezvazvo kakawanda mumagwaro (Mako 16:15,26; Mabasa 2:38; Mateo 10:32; Mabasa 2:47; Zvakazarurwa 2:10).

Nekudaro munhu anogona kuva nehunhu wakanaka otenda kuti akaponeswa nekuda kwemuraramiro wake wakanaka, asi kana ari mutadzi anofanira kuita zvinodiwa naMwari kana achida kuponeswa. Kunaka kwake kwoga hakugoni kumuponesa. Kuita Mabasa ako zvakarurama hazvigoni kuponeswa (VaEfeso 2:8,9; Tito 3:5). Panozendama munhu nemabasa ake akanaka kuti azviponese anofanira kutendeuka kuchivi ichocho. Pauro anotiudza kuti munhu wose wakatadza (VaRoma 3:23). Zvino tinoverenga kuti Ishe vakauya kutsvaga nekuponesa avo vakarasika (Ruka 19:10). Kwete Kristu haana kufa nekuda kwekuti munhu anga akaponeswa asi nouda kwekuti munhu wanga wakarasa uye aida kuponeswa. Pauro anoti Kristu wakafa nekuda kwezvivi zvedu (1 Vakorinde 15:1-4). Petro akati, “Nokuti naKristu wakatambudzika vo kamwe

chete pamusoro pezvivi, iye wakarurama nokuda kwavasakarurama, kuti atiise kuna Mwari; wakavurawa hake panyama, asi wakararamiswa nomweya” (1 Petro 3:18).

Shamwari dzangu makaponeswa here? Kana zvakadaro makaponeswa sei? Hausi iwe here mumwe weavo vanoda kuenda kudenga nekuda kwemuraramiro wavo wakanaka? Hausi here kuvimba nezvauri, muhupfumi hwenyika, mune vamwe vanhu, nemamwe maitiro evanhu kana mune zvimwe zvinhu zvenyika ino? Zvino urikuedza kuenda kudenga nezvauinazvo. Kana zvakaro unofanira kuziva kuti haukwanise kuita izvi. Hakuna munhu ungagona kuponeswaa kunze kwaKristu. Kana ukamuterera, worarama hupenyu hwakachena hune huMwari kusvika mukufa, haana kuvimbisisa kumuponesa chete asi kukupa musha kudenga. Izvi ndizvo zvirimaringe neBhaibheri neChikristu.

Munguva refu yapfuura, muporofita waMwari wakaisa zvinofanira kuitwa zvechokwadi uye ichokwadi kusvika nhasi. Akati, “Haiwa, Jehovha, ndinoziva kuti nzira yomunhu haizi yake amene; munhu, unofamba, haagoni kururamisa nhano dzake” (Jeremiah 10:23). Zvinotora kuzvininipisa kuti munhu azvibvume, asi munhu anochenjera akazvitevedzera.

Zvekare, zvisinei kuti uri ani, mhando yehupenyu yauri kurarama, kuti wakanaka here kana wakaipa, ndinoda kukukurudzira kuti uite zvinodiwa naMwari kuti ugoponeswa. Asi ungagona kuponeswa here (Mako 16:16) uye kuti Kristu vangakuwedzere here mukereke yavo (Mabasa 2:47).

Chidzidzo 26

Sei Tichiungana Pakunamata

Isu seMakristu nemasangano ekereke yaKristu, tinosangana nemusiwe wekutanga wevhiki tiine chinangwa chekunamata Mwari. Pane zvikonzero zvakawanda sei tichidaro.

Chekutanga, tinofanira kunzwisisa kuti kuna Mwari naBaba mumwechete ari Ishe namuponesi wedu. Ndiye musiki nemupi wemaropafadzo ose atinawo. Nekuda kwerudo irworwo uye nekutuma Mwanakomana wake kuti afe pamuchinjiko kufira zvivi zvenyika, nekuda kwetsitsi nenyasha dzake akaita kuti zviite kuti tiponeswe. Kuva vana vake, tinofanira kuva nechishuwo chekumuraramira, kumubatira uye nekumunamata sezvaanoda. Kristu Wakati, “Mwari ndiMweya; vanomunamata, vanofanira kumunamata mumweya nezvokwadi” (Johane 4:24). Mwari watinonamata haasi munhu, mhuka kana chimwewo chinhu. Haamiririrwi nezuva, mwedzi kana nyeredzi, rwizi, gomo kana chinhu chakagadzirwa nemunhu. Iye ndiMweya, musiki wezvinhu zvose, mupi nemuchengetedzi wehupenyu. Benzi roga ndiro rinogona kumuramba (Mapisarema

14:1).

Kunamata kwatinoita kunosanganisira, kuungana, kurumbidza nekukudza Mwari ari kumusoro kudenga. Kunamata kwedu kunoitwa muMweya. Ndokuti, tinozviita nemoyo unorevesa, tichizvinipisa pakuita kwedu.

Kunamata kwedu kunoitwa muzvokwadi. Zvinoreva kuti tinonamata Mwari pachokwadi kana maererano nezvakataurwa naMwari mushoko ravo. Mwari ndiye watinonamata uye tinoda kumufadza kwete kuzvifadza isu.

Zvinongoreva kuti hatinamate Mwari tichitevedzera dzidziso nemutemo yevanhu (Mateo 15:9). Mwari haafare kana tichimunata pasina (Mabasa 17:23) kana kuti tikashandisa kufunga kwedu kuti hazvina basa kuti tanamata nenzira ipi asi tichirevesa. Zvinova nemutsauko kuti tinonata sei kana kuti Mwari Havana kutaura pamusoro pezvazvo.

Maererano nedzidziso dzeBhaibheri, isu semaKristu tinofanirwa kuungana nemusi woga woga wevhiki kuzonamata. Tinemuenzaniso weizvi muna Mabasa 20:7. Tinoverenga, “Zvino nomusi wokutanga wevhiki, takavungana kuti timedure chingwa, Pauro akataurirana navo, achida kuenda mangwana; akaramba achiparidza shoko kusvikira pakati povusiku.” Mutemo weTestamente yekare, zuva reSabata ndoraiva zuva rekunamata, asi pakafa Kristu pamuchinjiko wakabviswa mutemo iwoyo akaisa mutemo wake (Vakorose 2:14). Mukubvisa mutemo, Sabata rakabviswawo kuva zuva rekunamata. Tinoverenga kuti Kristu wakamuka kubva muguva nezuva rekutanga revhiki (Mateo 28:1-6). Zvakadaro, vhangeri rakatanga kuparidzwa nemusi wekutanga wevhiki uye kereke ikatangawo nezuva rimwechete (Mabasa 2). Pakupedzisira Pauro anonyora ku maKristu epaKorinde kuti vanofanira kupa sekufunga kwavo nemusi wekutanga wevhiki. Asi mumwe anogona kuti hakuna kwazvinotaurwa kuti maKristu anofanira kuungana nemusi woga woga wekutanga kwevhiki. Mwari haanakuudza vanhu munguva yeTestamente yekare kuti vanofanira kuchengeta Sabata roga roga. Chokwadi ndechekuti, pane zuva rekutanga pavhiki roga roga uye kana zuva rekutanga revhiki riri zuva raIshe, zuva rekunamata, saka maKristu anofanira kuunga musi wekutanga wevhiki woga woga nechinangwa ichi.

Munzori wevaHebheru anotiudza kuti hatifaniri kurega kuungana kwedu. Munzwei achitaura, “Ngatichengete kwazvo kupupura kwetariro yedu, kuti irege kuzununguka; nokuti iye, wakapikira, wakatendeka; ngatirangarirane, timutsane moyo kuti tive norudo namabasa akanaka, tisarega kuvungana kwedu, sezvinoita vamwe, asi tirairane; zvikuru zvamunovona kuti zuva roswedera. Nokuti kana tichitadza nobwoni, kana tambogamuchira zivo yezvokwadi, hakuchinechibayiro pamusoro pezvivi, asi kungomirira tichitya kutongeswa nokutsamwa kunopfuta somoto, kuchapedza vevengi” (VaHebheru 10:23-27). Tarisa kuti ati hatifanire kurega kuungana kwedu. Arikumbonyanyotaura

nezvei? Kuungana kupi kwatisingafanirwe kurega kuita? Ataura akati vamwe vairega asi isu tisarega kuungana saivo. Asi ati tinofanira kukurudzirana kuti tisarega kuungana sezvo zuva roswedera. Abva anotaure kuti kana tikatadza neboni asi tuchiziva zvinodiwa naIshe, Mwari haagoni kutiponesa kana tikaramba tichitadza. Hazvina kukosha kuziva zvinodiwa naMwari bedzi asiwo tinofanira kuzviita zvinosanganisira kuungana kwedu mumakereke.

Zvino chii chatinofanira kuita kana tichinge tasangana nomusi wekutanga wevhiki kuzonamata Mwari. Kune zvinhu zvakati wandei zvanyorwa mumagwaro. Sezvatinoona kuna Mabasa 20:7, maKristu anoungana kuzomedura chingwa. MuApostora Paulo akanyora kumaKristu epaKorinte, “Nokuti ini ndakagamuchira kunaShe icho chandakakupai vo, kuti Ishe Jesu novusiku bwaakapandukirwa, wakatora chingwa; akati avonga, akachimedura, akati: torai mudye. Ichi ndiwo muviri wangu unomedurirwa imi; itai izvi muchindirangarira. Saizvozvo vo, vakati vapedza kurayira, akatora mukombe, akati: Mukombe uyu ndiyo sungano itsva muropa rangu; itai izvi, nguva dzose kana muchinwa, muchindirangarira. Nokuti nguva dzose, kana muchidya chingwa ichi, kana kunwa mukombe uyu, munoparidza rufu rwaShe, kusvikira achivuya. Naizvozvo mumwe nomumwe unodya chingwa ichi, kana kunwa mukombe waShe, nomutovo usina kufanira, uchava nemhosva yomuviri neropa raShe. Zvino munhu ngaazviidze, kuti adye chingwa ichi achidaro, nokunwa mukombe uyu. Nokuti unodya nokunwa, nomutovo usina kufanira unozvidyira nokuzvimwira kurobwa zvaasinganatsa nzwisisa muviri waShe” (1 Vakorinte 11:23-29). Ndinokumbira kuti unyatsoona kuti Paulo Wakati chingwa chaimedurwa kurangarira muviri waKristu uye mukombe waitorwa kurangarira ropa raKristu. Nekumwe kutaura Ishe vaida kuti vanhu vake varambe vachirangarira mugove wakapihwa kuti Ivo vaponeswe. Mukutora tafura yaShe Makristu anotarira pamuchinjiko. Mukuita izvozvo zvekare vanenge vachitarira nguva iyo Kristu anozouya. Nekudaro tafura yaShe yakakosha. Inguva zvino yekuti munhu azvitarise hupenyu hwake kuti awone paamire pamberi paIshe panyaya dzeMweya. Zvakanaka kuti maKristu ane mukana wekudzidzisa zvakanakosha maringe nezvaKristu kunyika.

Tevere, maKristu anoungana musu wekutanga woga woga wevhiki kuzonamata, uye kana vadaro vanofanirwa kupa kunaIshe kuti basa rake rienderere mberi. Paulo anoti, “Zvino, kana zviri zvipo zakavunganidzirwa vatsvene, se zvandakaraira kereke dzeGaratia, itai nemi vo seizvozvo. Nomusi wokutanga wevhiki, mumwe nomumwe wenyu ngaakamure zvimwe kumba kwake, avunganidze, paakawana napo, kuti zvipo zvirege kuvunganidzwa, kana ndichisvika” (1 Vakorinte 16:1,2). Kuna 2 Vakorinde 9:6,7 Paulo akanyora, “Zvino rangarirai chinhu ichi: Unodzwara zvishoma, unocheka vo zvishoma; unodzwara zvizhinji, uchacheka vo zvizhinji. Mumwe nomumwe ngaaita

sezvaakafunga pamoyo; arege kuita nokuchema, kana nokurovererwa; nokuti Mwari unoda munhu unopa nomufaro” Ndizvozvo kuti Kristu Wakati wakaropafadzwa uyo anopa pane anogamuchira (Mabasa 20:35). Pasi pomurairo weTestamente Yekare vanhu vaMwari vaisungirwa kubvisa chegumi, asi mutemo iwoyo hauchipo. Isu semaKristu tinofanirwa kupa sekuwana kwatinoita. Zvakambowanda sei? Zvinogona kudarika chegumi. Ndinoziva tine maropafadzo nezvivimbiso zvakawanda kupfuura avo vakarama Kristu asati auya.

Tinofanirwa kuungana nemusi wekutanga woga woga wevhiki kuzoimba nziyo dzekurumbidza kuna Mwari. Pauro akati kumaKristu epaEfeso, “mutaurirane pakati penyuru namapisarema, nenziyo, nezviimbo zvoMweya, muimbire, muridzire Ishe mumoyo yenyu” (VaEfeso 5:19). Kuna VaKorose 3:16,17 Pauro wakataura akati, “Shoko raKristu ngarigare mukati menyu riwande; nokuchenjera kwose mudzidzisane, nokurairana namapisarema, nenziyo, nezviimbo zvomweya, muimbire Mwari nenyasha mumoyo menyu; vuye zvose zvamunoita, kana zviri zveshoko kana basa, itai zvose nezita raShe Jesu, muchivonga Mwari Baba naye” Sezvatinoona mundima idzi nedzimwe ndima chisimbiso chiri pakuimba nziyo dzekurumbidza. Munyori wevaHebheru anoti tinofanira kurumbidza Ishe nezvibereko zve miromo yedu (VaHebheru 13:15). Sevanhu vaKristu hatifaniri kushandisa zviridzwa kana tichiimba. Zvakashatei kushandisa zviridzwa pakuimba? Zvambonakirei? Harigoni here kunamata Mwari tichiimba badzi? Unoziva kuti tinokwanisa. Nekudaro ngatiimbei sezvinotaurwa nemagwaro. Tikaita zvinopfuura izvi tirikukoka kutsamwa kwaMwari. Pamusoro pezvo hatizvifadzi isu asi kuti uyo watinonamata.

Chekupedzisira, semaKristu tinoungana nemusi wekutanga woga woga wevhiki kuzonamata tichitendera Ishe kuti vataure nesu kubudikidza neshoko rake uye nekutaura kwedu kunaMwari nemunyengerero. Tinokurudzirwa kudzidza kubva kuna (2 Timotio 2:15). Kritisu anotiraira kuti titsvage magwaro (Johane 3:39). MaKristu eku-tanga, “Vakatsungirira pakudzidzisa kwavaapostora, napakuyanana kwavo, napakumedura chingwa, napaminyengerero” (Mabasa 2:42). Tinganamata sei tisina zvidzidzo zveBhabheri nekunyengerera?

Unonamata Mwari here? Unozviita kakawanda here? Uri Mukristu here? Kana usiri zvoreva kuti hauna hukama hwakanaka naye, kuti umunamate zvinogamuchirika. Ndinokukurudzira kuti uve Mukristu. Kristu Wakati, “Unotenda, akabhabhatidzwa, uchaponeswa; asi usingatendi uchatongwa” (Mako 16:16). Ukaita saizvozvo Kristu anokuwedzera mukereke yake (Mabasa 2:47). Zvino unokwanisa kunamata.

Chidzidzo 27

Sei Tichiungana Nemusi Wekutanga Wevhiki?

Bhaibheri rinotidzidzisa kuti, semaKristu, Hama mukereke yaShe, tinonamata Mwari muMweya nemuzvokwadi (Johane 4:24). Zvoreva kuti tinofanira kumunamata nekunzwisisa uye nekurevesa kwose tichiita zvatinoita uye rinoita izvi maringe neshoko raMwari. Asi mubvunzo ndeyu: Tinozviita rinhi uye kangani patinozviita? Ungava musi weChishanu, kana Mugovera, Svondo, kana mamwe mazuva evhiki. Zvine basa here, chero tichisangana kuzonamata.

Tikaverenga muTestamente yekare tinoona kuti Mwari aida kuti vanhu vake, VaIsaeri kuti varangarire zuva reSabata variite dzvene. Uyu ndivo waive mumwe wemutemo inegumi (Exodhosi 20:8-11). Asi tikatarisa mazuva aIshe, tinodzidza kuti Kristu paakafa pamuchinjiko akabvisa nzira iyo mutemo wekare wekuchengeta zuva reSabata (Johane 1:17; VaKorose 2:14; VaHebheru 9:15-17). Naizvozvo pakabviswa mutemo wekare, mutemo mutsva ndiwo wakautsiva. Chinova chokwadi kuti zuva reSabata rakamira kutevedzerwa panguva iyoyo, Ishe vakaisa zuva itsva kuti vanhu vake vaungane vaine chinangwa chekunamata. Zuva iroro izuva rekutanga kwevhiki. Sezvazvaiva zuva reSabata raiva zuva reMugovera kana kuti zuva rechinomwe revhiki, asi zvino anotarisira kuti tiise Kristu kutanga pakunamata tevere zvimwe zvose.

Testamente Itsva ine zvizhinji zvekutaura pamusoro pemusi wekutanga wevhiki. Zvino tichatora nguva kutaura zvikonzero sei zuva iri rakakosha uye kuti sei tichiungana musi wekutanga wevhiki kuzonamata.

Chekutanga Kristu wakamutswa nemusi wekutanga wevhiki. Kana zuva reSabata richiri zuva dzvene revhiki, kana zuva iro vanhu vaMwari vanoungana kuzonamata, sei Kristu wakamutswa zuva rekutanga revhiki kana musi weSvondo. Hongu panogona kuita makakatanwa kuti chikonzero nei asina kumuka musi weSabata nekuti raiva zuva tsvene. Asi hwaiva hutsvene hwakadini kana Sabata rakanga richiri kuchengetwa, kuti Kristu azomuka nomusi uyu? Zvisinei, Kristu wakamuka nemusi wekutanga wevhiki kuti asimbise zuva iri sezvo raiva zuva ritsva rekunamata. Tikadzokera kunaMateo 28:1, tinoverenga, “Nokupera kwesabata kwoedza, nomusi wokutanga kwevhiki. Maria Magadarene nomumwe Maria vakavuya kuzovona bwiro.” Tikaenderera mberi tinoudzwa kuti Ishe vakamuka nezuva iri. Tinoverenga zvimwe chete kuna (Mako 16:1,2; Ruka 24:1,2 naJohane 20:1).

Chechipiri, mushure mekunge Kristu wamuka nemusi wekutanga wevhiki, akaoona zvakakodzera kuti asangane nevadzidzi vake pazviitiko zviviri, zvose zvainzi zvakaatika nemusi wekutanga wevhiki. Tinoverenga, “Zvino ava madeko pazuva iro rokutanga revhiki, mikova yapfigwa pavakanga vari pakavungana vadzidzi nokutya vaJudha,

Jesu akavuya, akamira pakati pavo, akati kwavari: Rugare kwamuri! Zvino wakati areva izvozvo, akavaratidza zvanza zvake norutivi rwake. Vadzidzi vakafara vachivona Ishe” (Johane 20:19,20). Tinoverenga zvekare, “Zvino mazuva masere akati apfuvura zve, vadzidzi vakanga varimo mukati, naTomasi anavo. Jesu akavuya, mikova yapfigwa, akamira pakati pavo, akati Rugare kwamuri! Ipapo akati kunaTomasi: Vuya pano nomunwe wako, uvone zvanza zvangu; vuya noruvoko rwako, uruise murutivi rwangu, usava usingatendi, asi unotenda. Tomasi akapindura, akati kwaari: Ishe wangu, naMwari wangu! Jesu akati kwaari: Tomasi watenda, nokuti wandivona? Vakaropafadzwa vanotenda, kunyange vasina-kuvona” (Johane 20:26-29). Zvino kana Jesu wakamuka kubva muguva nemusi wekutanga wevhiki, akazviratidza kune vadzidzi vake husiku ihwohwo uye akazozviratidzazve kuvadzidzi vake mazuva masere apfuura, hazvirevi here kuti akasangana navo nemusi wekutanga wevhiki? Hazvishamisi here kuti magwaro anosimbisa zvinhu izvi kuti zvakaitika nemusi wekutanga wevhiki, kana zuva rekutanga revhiki risina charakakoshera? Ndinoona sekuti pane hukoshi huripo pakuti Jesu wakamuka kubva muguva nezuva rekutanga revhiki uye akasangana nevadzidzi vake pazviitiko zviviri nemusi wekutanga wevhiki.

Chechitatu, Pentekoosti yaiwanzoitwa nemusi wekutanga wevhiki, mazuva makumi mashanu Pasika yaitwa. Zvoreva kuti, kubva kuna Mabasa 2, Ishe vakasarudza zuva iri kutumira Mweya Mutsvene pamaApostora, kuti vhangeri riparidzwe kekutanga, kuti vauudze varume nevakadzi kuti vangaite sei kuti vaponeswe uye kuti nezuva iri kereke ivepo. Zvino kana izvi zvisingape rusimbiso rwakasimba pazuva rekutanga revhiki, saka zvingava chii? Uye kuti zuva iri rakasarudzwa pane mamwe mazuva evhiki zvoreva kuti pane zvikonzero zvakakosha mariri. Kana zuva reSabata somuenzaniso, rakanga richiri kuchengetwa sei Ishe vasina kurisarudza asi vakasarudza zuva raitevera? Zuva rekutanga revhiki rakaiswa pachinzvimbo chezuva reSabata kuti rigova zuva rekunamata pasi pemutemo waKristu uye munguva yemaKristu.

Chechina, tine muenzaniso wemaKristu ekutanga vachisangana nemusi wekutanga wevhiki kuzonamata Mwari, “Zvino nomusi wokutanga wevhiki, takavungana kuti timedure chingwa, Pauro akataurirana navo, achida kuenda mangwana; akaramba achiparidza shoko kusvikira pakati povusiku” (Mabasa 20:7). Tikatarisa muzvinyorwa izvi tinoona kuti Pauro nevamwe vakasvika kuTroas vachibva kuFiripi nechikepe uye kuti vakagara mazuva manomwe kuti vakwanise kusangana nekereke nemusi wekutanga wevhiki. Kubudikidza nezvizvi tinogona kuona kuti zuva reSabata kana mamwe mazuva evhiki haana kukwanisika kuti maKristu aungane kuzonamata. Asi vakamirira kusvika musi wekutanga wevhiki kuti vazonamata nezuva Ishe ravakatara kuti vanhu vake vaungane kuti vanamate. Chii chakaitika nemusi uyu? Chimwe chinhu, vadzidzisi vakasangana vose. Sei vakasangana nemusi uyu? Zvinyorwa zvinotaura kuti vakasanga-

na kuti vamedure chingwa uye izvi zvine chiratidzo chekuti vakaungana kuti vatore tafura yaShe vachirangarira muviri neropa raKristu (1 VaKorinte 11:23-29). Zvoreva kuti nemienzaniso iri mumagwaro, tinodzidziswa kuti zuva rekutanga revhiki izuva maKristu anoungana kuti vamedure chingwa. Izuva ripi rekutanga kwevhiki? Zuva roga roga rekutanga kwevhiki. Tikadzokera kuTestamende yeKare apo zuva reSabata raiva zuva rekunamata, Mwari Havana kutaura kuti varangarire zuva reSabata roga roga, asi kuti vaifanira kurirangarira. Kuti ivo vakwanise kurirangarira vaifanira kurangarira ose kana zuva roga roga reSabata. Izvi zvimwe chete nezuva rekutanga revhiki tichitarisa kutorwa kwetafura yaShe. Vakanzwa kuparidzwa nezuva iri vakaungana. Zvinyorwa zvinoti Pauro akaparidza uye kuti akaenderera mberi achiparidza kusvika pakati pehusiku. Kunyangwe zvisina kutaurwa kuti vainyengetera kana kuimba asi vaiita sekudaro. Asi kana Pauro nemaKristu ezuva iroro vakasangana nemusi wekutanga wevhiki kuti vamedure chingwa nekunamata Mwari, zvoreva kuti kana tiri maKristu tinofanira kuita zvimwe chete izvozvo.

Chechishanu, tinoverenga Pauro achiudza maKristu enguva yake kuti vaunganidze pavakawana napo kana kupa nemusi wekutanga wevhiki. Tinoverenga, “Zvino, kana zviri zvipo zakavunganidzirwa vatsvene, sezvandakaraira kereke dzeGaratia, itai nemi vo seizvozvo. Nomusi wokutanga wevhiki, mumwe nomumwe wenyu ngaakamure zvimwe kumba kwake, avunganidze, paakawana napo, kuti zvipo zvirege kuvunganidzwa, kana ndichisvika” (1 VaKorinte 16:1,2). Tarisa kuti Pauro akaraira kereke dzose dzeGaratia nekereke dzose dzemuKorinte kuti vape kana kuunganidza pawakawana napo nemusi wekutanga wevhiki. Zvizhinji zvinogona kutaurwa pamusoro pekupa, zvingani zvaifanira kupihwa, uye chinangwa chekupa nezvimwe asi chinhu chimwe chete chatinofanira kutarisa kuti kupa kwaitwa nemusi wekutanga wevhiki. Unogona kuzvibvunza kuti sei zvaitwa nemusi wekutanga wevhiki kwete mamwe mazuva? Zviripachena kuti ndiro zuva ririmumagwaro MaKristu anoungana kuzonamata uye varipamwe chete kudaro ndiro raiva zuva rakanaka rekuti vape sekufunga kwavo. Izvi zvimwe chete kunyangwe nanhasi.

Tichitaura muchidimbu, zuva rekutanga revhiki harisi zuva dzvene, zuva rekurorora sezvaitwa zuva reSabata uye kuti harisi zuva reSabata asi kuti izuva rakakudzwa nekuda kwekumuka kwaIshe uye zuva rakasarudzwa kuti Mweya Mutsvene uuye kuti vhangeri riparidzwe kekutanga uye kuti kereke itangwe. Zvisiri zvoga badzi, asi izuva rakasarudzwa naIshe kuti vanhu vake vaungane kuzonamata. Nekudaro izuva ririmumagwaro rekunamata. Hatifaniri kuva nechipomerwa kutevedzera muenzaniso wakaitwa muTestamente Itsva kuungana nemusi wekutanga wevhiki nechinangwa chekunamata Mwari. Chipomerwa chinogona kuuya kana tikatadza kuungana nezuva iri. Munyori wevaHebheru anotiudza kuti tisarega kuungana kwedu nezuva iri (VaHebheru 10:25).

Zvakanakawo sei, kuti maKristu kuti rikudzwe nekuda kwemukana wekuunga nemusi wekutanga wevhiki, kuti tirumbidze Ishe wedu nekumunata zuva iro raakasaruza nekuda kwechinangwa ichocho.

Uri muKristu here? Unosangana nemamwe maKristu nechinangwa chekuti muzonamata Mwari here? Kana usingaite sekudaro, tinonyengetera kuti urambe uchidzidza shoko raMwari, uchatenda munaKristu, uchatendeuka kuzvivi zvako, wopupura Kristu kuti mwanakomana waMwari uye obhabhatidzwa kuti zvivi zvako zvisukwe. Ukaita saizvozvo Ushe vanokuponesa vokuwedzera mukereke yavo. Verenga Mabasa 2 uone kuti Havana kuita saizvozvo here. Tinonyengetera kuti uchaita sekudaro.

Chidzidzo 28

Sei Tichitora Tafura YaShe

Tafura yaShe inotirangaridza tafura yekugumisira, Jesu nevadzidzi vake vakaungana kuimba yekumusoro nezuva rePasika kuti vamedure. Pasika (Exodhosi 12) raiva unguno yayitwa rairangarirwa kuuraira kwaitwa matangwe nengirozi yaisasa ropa pamagonhi. Ungano iyi yainge yavakunopera, asi nekuda kwekuuya kweTestamente Itsva vanhu vaIshe vanenge vachitora tafura yaShe.

Zvinyorwa zvinoti, “Vakati vodya, Jesu akatora chingwa akachiropafadza, akachimedura ndokupa vadzidzi vake achiti kwavari, Torai mudye, ichi ndiwo muviri wangu. Akatora mukombe akavonga, akavapa achiti, inwai mose pauri. Nouti ichi iropa rangu resungano itsva, rakadururirwa vazhinji kuti vakanganwirwe zvivi. Asi ndinoti kwamuri, handichatongomwizve zvibereko zvomuzambiringa kusvikira zuva iro randichazonwa naro nemi zvava zvitsva muvusha bwaBaba vangu. Zvino vakati vaimba rwiyo vakabuda vakaenda kugomo reMiorivhi” (Mateo 26:26-30).

Kuna Marko tinoverenga kuti, “Zvino vakati vachidya, Jesu akatora chingwa, akachiropafadza, akachimedura, ndokuvapa, achiti: Torai, ichi ndiwo muviri wangu. Akatora mukombe, akavonga, akavapa, vakanwa vose pauri. Akati kwavari: Ichi iropa rangu nesungano itsva, rinodururirwa vazhinji. Zvirokwazvo, ndinoti kwamuri: Handichazonwi zve zvibereko zvomuzambiringa, kusvikira zuva iro randichazonwa naro, zvava zvitsva, muvusha bwaMwari. Zvino vakati vaimba rwiyo, vakabuda, vakaenda kugomo reMiorivhi” (Mako 14:22-26).

Pakupedzisira Ruka anonyora achiti, “Zvino nguva yakati yasvika, akagara pakudya navaapostora. Akati kwavari: Ndakanga ndichida zvikuru kudya paseka iyi nemi ndisati ndatambudzika. Nokuti ndinoti kwamuri: Handichazoidyi, kusvikira yaitika muvusha hwaMwari. Zvino akatora mukombe; akavonga, akati: Torai ichi, mugovane pakati penyuru. Nokuti ndinoti kwamuri: Kubva zvino handichatongomwi zve zvibereko

zvomuzambiringa, kusvikira vushe bwaMwari bwasvika. Akatora chingwa, akavonga, akamedura, akavapa, achiti: Ichi muviri wangu, unopiwemi; itai izvi, mugondirangarira” (Ruka 22:14-19).

Mundima dzitatu idzi dzataverenga dzinotaura zvetafura yaShe mune zvinhu zvakati wandei zvatinoda kutarisa. Chekutanga sezvambotaurwa, Jesu anoshandisa kaitirwo kePasika kuunza vadzidzi kuchidyo kana kuti ungoro yekurangarira iyo yaizoitwa iye kana achinge aenda. Akati chingwa chaizova muviri wake kana kuti chaizomirira muviri wake uye kuti chaifanira kuzotorwa mukumurangarira nekutambudzika kwake. Akati mukombe, muto wemuzambiringa, waiva ropa rake, zvichireva kuti, waimirira ropa rake uye kuti waitorwa mukurangarira ropa rake rakadeuka kuti zvivi zvevanhu zviiregererwe. Hongu, tinoziva chingwa chaizotaurwa nezvacho mundima iyi yemagwaro, kunyangwe pachakatorwa pachirariro chake kuti hachingava muviri wake chaiwo. Kunyangwe muto wemuzambiringa kuti iropa rake chairo. Asi kuti zvaimiririra kana kurangaridza avo vaizomira patafura yaShe yemuviri neropa rake. Zvinofanirwa kubuditswa kuti Pasika yaisanganisira chingwa chisina mbiriso nemuto wemuzambiringa. Kunyangwe Kristu nemaApostora vakadya Pasika uye kuti akashandisa chingwa nemukombe kutanga chirariro chake, kana tichitora tafura yaShe kunyangwe nanhasi tinoshandisa chingwa chisina mbiriso nemuto wemuzambiringa kurangarira muviri waShe nekurangarira ropa raShe. Chepiri Jesu akaudza vadzidzisi vake kuti haaizotora zve tafura kusvika achizizviitazve navo muUshwe hwaMwari. Zvaingoreva kuti Kristu waizopandukirwa, woroverwa uye ropa rake rodeurirwa zvivi zvenyika pamuchinjiko. Uye kuti aizovigwa, kwapera mazuva matatau nehusiku hutatu aizomuka kubva muguva ozviratidza kuvadzidzi vake nevamwe zvamazuva mashoma odzokera kuna Baba vake kudenga. Hushe hwaMwari kana kereke yaShe yaizotangwa muJerusaremu uye kubva imomo yaizotekeshera pasi rose. Ndinokumbira kuti uone kuti vachingobva kunoitanga tinoverenga, “Vakatsungirira pakudzidzisa kwavaapostora, napakuyanana kwavo, napakumedura chingwa, napaminyengerero” (Mabasa 2:42). Kumedurwa kwechingwa apa kunoratidza tafura yaShe. Asi Kristu akavimbisa kuzova navo paizouya Hushe hwaMwari kana kereke pavaizotora tafura yaShe. Zviripachena kuti haana kutaura kuti aizova navo panyama, asi aiva navo uye ane vanhu vake kunyangwe nanhasi paMweya. Akati panounga vaviri kana vatatu muzita rake uye anenge ainavo (Mateo 18:20). Uye akavimbisa kuva nesu nguva dzose kusvika mukufa (Mateo 28:20). Nekudaro kereke iripo uye sevanhu vaIshe tinotora tafura yaShe saka nekudaro iye anenge ainesu.

Zvino ngatiendei tose kuna 1 VaKorinte 11:23-29, uye tichaverenga mazwi amuPostora Pauro achiti, “Nokuti ini ndakagamuchira kunaShe icho chandakakupai vo, kuti Ishe Jesu novusiku bwaakapandukirwa, wakatora chingwa; akati avonga, akachimedura, akati: torai mudye. Ichi ndiwo muviri wangu unomedurirwa imi; itai izvi

muchindirangarira. Saizvozvo vo, vakati vapedza kurayira, akatora mukombe, akati: Mukombe uyu ndiyo sungano itsva muropa rangu; itai izvi, nguva dzose kana muchinwa, muchindirangarira. Nokuti nguva dzose, kana muchidya chingwa ichi, kana kunwa mukombe uyu, munoparidza rufu rwaShe, kusvikira achivuya. Naizvozvo mumwe nomumwe unodya chingwa ichi, kana kunwa mukombe waShe, nomutovo usina kufanira, uchava nemhosva yomuviri neropa raShe. Zvino munhu ngaazviidze, kuti adye chingwa ichi achidaro, nokunwa mukombe uyu. Nokuti unodya nokunwa, nomutovo usina kufanira unozvidyira nokuzvimwira kurobwa zvaasinganatsa nzwisisa muviri waShe.”

Tichienderera mberi pane zvinhu zvatinoda kunyatsotarisa zvakanaka. Kutanga Pauro anoti akapa kuMakristu epaKorinde ruzivo rwaakapihwa naShe maerera no netafura yaShe. Chepiri akati vaizatora chingwa vachirarangarira muviri waKristu nemukombe vachirarangarira ropa raShe, iro ro ropa rakadeuka kuunza Testamente Itsva kana mutemo mutsva waKristu. Chetatu zvakanzi pavakaramba vachitora chirariro yaive nzira yekunongedza kurufu rwaKristu kusvika achiuya. Asi kangave kangani? Kuna Mabasa 20:7, tine muenzaniso Pauro anosangana neMakristu kuTroas nechinangwa chekuti vamedure chingwa. Kangani musi wekutanga wevhiki waunosvika? Kamwechete pavhiki. Ndipo Makristu anofanira kuungana vachitora tafura yaShe. Zvimwe chete ichokwadi kuMakristu anhasi. Hatina mvumo yekusangana nemusi weChina, kamwe pamwedzi, kamwe pamwedzi mitatu yoga yoga kana mamwewo mazuva. Asi tinoudzwa kunzi Makristu ekutanga aisangana musi wekutanga wevhiki kuti vatore tafura yaShe uye nekuda kwekuti kune zuva rekutanga revhiki, ndipo pavanofanira kusangana kuzatora tafura yaShe nechinangwa chekurangarira Kristu. Zvimwe chete zvinofanira kutevedzerwa nhasi somuenzaniso.

Tichienderera mberi, chechina, mukutora tafura yaShe tinotarisa pamuchinjiko tichirangarira kuzvipira kwakaitwa naKristu nekuda kwekuti isu tiponeswe uye kuti tive netariro yehupenyu husingaperi. Kana tichimedura chingwa rinoti tinotenda kunaKristu uye tirikunongedza kunguva iyo Kristu anouyazve.

Chechishanu, kana tichitora tafura yaShe nemutowo usina kufanira, ndokuti kana tisina kutendeka pamberi paIshe kana kusarevesa pane zvatinenge tichiita tine mhosva yekudzimbira muviri waKristu uye neropa rake. Imwe nzira yekuzvitsanangura nayo, kutora tafura yaShe nemutowo usina kufanira zvinoreva kuti tiri kudya nekunwira kurohwa. Zvino hazvirevi kuti tinofanira kuva takanaka tisati tatora, asi zvinoreva kuti tinofanira kuva takatendeka kunaShe kana tafura yaShe ichireva chinhu kwatiri nekuna Ishe.

Pakupedzisira, chichitanhatu tinokurudzirwa kuti tizvinzvere tisati tatora tafura yaShe kuti tive nechokwadi kuti Hana dzedu nehupenyu hwedu zvakanaka here pamberi paIshe. Kana tikaziva kuti tiri kuita zvakanaka takatendeka pamberi paShe

tinofanira kutora. Kana tusingakwanise kuzvinzvera pamoyo yedu izvo Zvinotarisirwa naShe kuti tiite kuti tive vakatendeka kwaari saka tinofanira kutendeka kuzvivi zvedu tokumbira Ishe kuti vatiregerere tisati taenderera mberi pavhiki roga roga nevanhu vaShe.

Shamwari dzangu tafura yaShe yakakosha kumaKristu, avo vanova hama mukereke yaMwari. Inzira yekurangarira Kristu uye kuti tigare takatendeka kwaari. Hazvisi zvekuratidzira, kuti chidiye sechikafu kana kutorwa pasina chinangwa chekutorera. Inosimbisa Mukristu uye panguva imwe chete ichimupa mukana wekunongedza vawewe kunaShe.

Uri muKristu here? Chirariro chaShe chinorevei kwauri? Unomedura chingwa nevanhu vaShe zuva rekutanga roga roga revhiki here? Kana usiri Mukristu tinokukurudzira kuti uvewo mumwe wavo. Unogona kuzviita nekutenda kuna Kristu, kutendeka kuzvivi zvako, kupupura kutenda kwako kunaKristu uye nekubhabhatidzwa, kuvigwa mumvura kuti zvivi zvako zvisukwe (Mako 16:16, Mabasa 2:38). Kana ukaita izvi Ishe vanokuponesa vokuwedzera mukereke yavo (Mabasa 2:47). SeMukristu kana kuti sehana mukereke yaShe unogona kudyira chirariro chaShe zuva rekutanga roga roga revhiki mukurarama hupenyu hwechiKristu ndiko kupupura kutenda kwako kunaKristu uye kuparidza kutenda kwako kunaKristu kunyika.

Chidzidzo 29

Sei Tichiimba Nziyo Dzisina Zviridzwa Pakunamata Kwedu

Isu sesangano raKristu takasiyana nemamwe mapoka ezvitendero pakuti tinoimba pasina zviridzwa pakunamata kwedu. Tirikuedza kureva kuti hatisanganisi zviridzwa pakuimba kwedu. Ndinogona kumhanya kuti hakusi kuda kusiyana chete. Asi kuti tine kuimba chete pakunamata kwedu nekuda kwekuti ndizvo zvinodzidziswa neBhaibheri.

Kune mhando mbiri dzekuimba. Kuimba kwekutanga kuimba kwemazwi mamwe mukuimb kusina zviridzwa. Kuimba kwemazwi akaurunguka anobuda pakuimba kwedu, musanganiswa wemazwi evanhu, unobuditsa humwechete uye kuimba kwakanakisa munyika. Mhando iyi yekuimba yakabva muzvisikwa zvaMwari. Unobva pamweya uye unopihwa serumbidzo kuna Mwari, Musiki wedu. Wakazadzwa neMweya nehupenyu. Kuimba kwezviridzwa kwakabva muzviridzwa zvakagadzirwa nemunhu. Zviridzwa izvozvo hazvina hupenyu. Hazvina Mweya. Chikonzero chimwe chete zvichibuditsa maungira ndechekuti vano vanozviridza votamba kwazviri. Zvino mubvunzo ndeuno: Mwari vanoda here kuti zvisikwa zvavo zvimurumbidze kana munhu zvakagadzirwa nemunhu zvimurumbidze? Ndezvipi zvine chirevo kwaari? Munyori wevaHebheru anoti, “Naizvozvo ngatirambe tichibayira Mwari naye chibayiro choku-

murumbidza, ndicho chibereko chemiromo inopupura zita rake” (VaHebheru 13:15). Tarisa kuti akati tinofanira kurumbidza Ishe nezvibereko zvemiromo yedu. Imhando ipi yezvibereko zvemiromo yedu? Zvinogona kuva zvatinotaura, kana kuimba kwedu, minyengetero yedu, mazwi edu ekurumbidza. Kuna kunonongedzerwa neizvi? Kuna Mwari hakuna kumwe.

Tichienderera mberi nepfungwa yekurumbidza Mwari nezvibereko zvemiromo yedu, Pauro anoti, “mutaurirane pakati penyuru namapisarema, nenziyo, nezviimbo zvoMweya, muimbire, muridzire Ishe mumoyo yenyu; muchivonga Mwari, Baba, nguva dzose pamusoro pezvinhu zvose, muzita raShe wedu, Jesu Kristu” (VaEfeso 5:19,20). Tarisa kuti anotaura zvekutaura kana kuimbirana ndokuti kubudikidza nekushandisa nziyo dzakasiyana siyana. Anosimbisa kuti dzinofanira kuva dziri dzepamweya uye zvinobva mumagwaro. Pakupedzisira anoti, nziyo idzi dzinofanira kuimbwa uye kuti mitengeranwa unofanira kuitwa mumoyo kwete nekushandisa zviridzwa. Zvino kana Makristu akaimba nekuimba kusina kuridza, vanokwanisa here kunamata Mwari? Unogona kudaira kuti hongu. Asi kokuimba nezviridzwa? Zvakanaka kana magwaro achidzidzisa izvozvo, asi ndepapi pazvakadzidziswa mumagwaro? Kana zvisina kudzidziswa tinenge tichiita kuda kwaMwari here kana tichisanganisa zviridzwa pakuimba?

Pauro anoti zvekare, “Shoko raKristu ngarigare mukati menyuru riwande; nokuchenjera kwose mudzidzisane, nokurairana namapisarema, nenziyo, nezviimbo zvomweya, muimbire Mwari nenyasha mumoyo menyuru” (VaKorose 3:16). Zvino Pauro arikuti kudini apa? Arikusimbisa shoko raKristu, kudzidza nekurairana kubudikidza nenziyo dzepamweya nemagwaro, uye tichizviita kubudikidza nekuimba nziyo dzerumbidzo kunaShe. Ndiko kuva pachokwadi, waona here chimwe chinhu pane zvataurwa naPauro zvinosanganisira kuimba kwezviridzwa? Kana usina unenge usiri here kuwedzera kushoko raMwari kana ukaenderera mberi nekuwedzera zviridzwa senzira yekukurumbidza Mwari pakunamata.

Asi unogona kupokana nazvo kuti hazvina kuipa. Uye mumwe anogonazve kusaona chakaipa pazviri zvtogona kuenderera mberi. Asi pane nyaya ndepapa tinofanira kumira neshoko raMwari. Kana tisingaiti sekudaro sei tichinetseka nazvo?

Unogona kuuya nepfungwa dzekuti unozvifarira, ko tingati kudii nevane zvipo zvekuridza zviridzwa.? Mwari vanokudzwa here kana vakamurumbidza kubudikidza nekuimba nezviridzwa? Asi haisi nyaya yekuti chii chaunoda, asi inyaya yekuti chii chinodiwa naMwari. Kana munhu aine chipo chekuridza nekudaro haabvumidzwe kuridza mimhanzi yake mukereke achiti ari kurikuridzira kurumbidza Mwari, ko avo vawewe vose vane zvimwe zvipo zvatisingagoni kunzwisisa. Tingati here ngavauye nezvipo zvazvo kuti vazviite pakunamata kuti vazvipe kunaIshe? Ndovimba maona pfungwa irikuda kuedza kubuditswa apa.

Zvinonzi zvekare kana munhu aine mumhanzi yezvekuridza kumba kwake anogona zvekare kuishandisa pakunamata. Chokwadi ndechichi tine zvakawanda zvatinazvo mudzimba zvatisingakwanisi kutakura kuenda nazvo pakunamata. Ini nemhuri yangu tinofarira mimhanzi uye tinowanzoiterera pamaiwairesi kana kuiridza pamakaseti asi kana tave pakunamata tinombomira kuita izvozvo zvinofadza isu, totanga kuita zvinhu zvinofadza Mwari. Tinofarira zvekare kunwa zvinotonhorera kana tirikumba, asi tinozoonza kuti hazvina maturo kana tiri pakunamata.

Imwe pfungwa unopihwa mukuedza kutsigira kuimba vanhu vachiridza mukereke ndekwekuti Dhavidhi nevamwe vakazvidzidzisa muTestamente Yekare. Kunyangwe zviriizvo kana kwete chokwadi ndechekuti Testamente Yekare haichatevedzerwe semutemo, kubva zvakafa Kristu pamuchinjiko achiibvisa achiisa mutemo mutsva. Tinoverenga, “Nokuti murairo wakapiwa naMosesi, asi nyasha nezvokwadi zvakavuya naJesu Kristu” (Johane 1:17). Kristu wakati mutemo hawaizopfuuri kusvika wadziswa (Mateo 5:17,18), Kristu akazouzadzisa paakafa pamuchinjiko, ndiko kubviswa kwakaitwa mutemo wekare (Vakorose 2:14). Nekuda kwaizvozvo hatigoni kushandisa Mapisarema kana dzimwe ndima dzemuTestamente Yekare kutsigira kuimba tichiridza pakunamata kwedu nhasi. Zvinhu zvakawanda zvakaitwa munguva iyi isu zvatisina kuita uye zvatisingakwanisi kuita mumakore edu Aya.

Imwe pfungwa unopihwa mukuedza kutsigira mumhanzi yekuridza pakunamata ndeyekuti kuchava nekuridza kudenga. Vanototi kuchava nemimhanzi kudenga saka tinofanirawo kuvawo nemimhanzi pano pasi kana tichinamata. Apa varikureva nziyo dzekuridza. Asi tingazviverenga papi kuna Zvakazarurwa, kana kumwe kwese, kuti kuchava nezvigadzirwa zvemunhu, kureva zviridzwa zvinoshandiswa pakuimba. Kunyangwe kukava nekuridza kudenga, hazvirevi kuti Ishe vanotitendera kuridza pakunamata kwedu nhasi. Chimwe chokwadi ndechichi, kune zvizhinji zvirikudenga zvatisingakwanisi kuona kana kuva nazvo pano pasi. Zvinodiwa naMwari nhasi, kunyanya pakunamata uye nezvinozoguma zviriko kudenga, zvinhu zviviri zvakasiyana.

Vadzidzi vezveBhaibheri nevatungamiri vezvitendero mumakore apfuura vakabvumira kuti hakuna zvinoratidza kubva mumagwaro kana kubva kune zvimwewo zvingawanikwa ruzivo kuti Makristu ekutanga aishandisa zviridzwa pakunamata kwavo. Vazhinji vevatungamiri ava vakaona kuti hakuna munhu wekare kana nhasi anotenderwa kushandisa zviridzwa pakunamata kuna Mwari. Somuenzaniso, Makatoriki vakasvika pakupesana nemhaka yekuti zviridzwa zvingashandiswa here pakunamata kana kuti kwete. Boka rakatenderana nazvo rakazvitumidza Zita rekuti Roman Catholic nanhasi vanoridza. Rimwe boka rakazviramba rinodomwa kunzi Greek Orthodox Church, uye havaridziwo pakunamata kwavo. Nekufamba kwenguva, munguva yeKudzoreradza neNekupokana Nema fambiro ezvitendero, varume vakafanana naMartin Luther na-

John Wesley vakabuditsa pachena kuramba kwavo zviridzwa muhurongwa hwaMwari hwekunamata vakaisa pamberi zvinotaurwa neshoko ravo.

Tikadzokera kushoko raMwari, kune ndima dzakati wandei mumagwaro dzatinoda kuverenga. Tichatanga nezvakataurwa nezvaIshe nevadzidzi mushure mekunge charariro chaShe chaitwa. Tinoverenga, “Zvino vakati vaimba rwiyo vakabuda vakaenda kugomo reMiorivhi” (Mateo 26:30). Mushure mekunge Pauro naSairasi varohwa vakaiswa mutorongo makumbo avo akasungwa nengetani, zvose izvi zvakaikaitika nekuda kwekushandira Ishe, zvinonzi, “Zvino panenge pakati povusiku, Pauro naSairasi vakanga vachinyengetera nokuimbira Mwari nziyo; vakanga vakasungwa vakavaterera” (Mabasa 16:25). Pauro akanyora kumaKristu epaKorinde, “Nokuti kana ndichinyengetera norumwe rurimi, mweya wangu unonyengetera asi kufunga kwangu kunoshaiwa zvibereko. Zvino chinyiko? Ndichanyengetera nomweya wangu vuye ndichanyengetera nokufunga kwangu vo; ndichaimba nomweya wangu, vuye ndichaimba nokufunga kwangu vo” (1 VaKorinte 14:14,15). Jakobho akati, “Kunomumwe unotambudzika pakati penyuru here? Ngaanyengetere. Kunomumwe unofara here? Ngaaimbe mapisarema” (Jakobho 5:13). Mubhuku raZvakazarurwa mune zvakataurwa zvizhinji pamusoro pekuimba. Johane akanyora, “Vakaimba rwiyo rutsva, vachiti: Ndimi makafanira kuti mutore bhuku nokuzarura zvisimbiso zvayo; nokuti makabayiwa, mukatengera Mwari neropa renyu vanhu vanobva kumarudzi ose, nendimi dzose, navanhu vose, nendudzi dzose” (Zvakazarurwa 5:9). “Vakaimba rwiyo rwaMosesi, muranda waMwari, norwiyo rweGwaiiana, vachiti: Ishe, Mwari wamasimba ose, mabasa enyu akakura, anoshamisa; Mambo wamarudzi, nzira dzenyu dzakarurama, ndedzazvokwadi, Imwi Ishe wavatsvene” (Zvakazarurwa 15:3). Sezvambotaurwa kumashure, Zvakazarurwa inotiudza kuti Johane akanzwa sei kubva kudenga, “nenzwi randakanzwa ranga rakaita seravaridzi vorudimbwa vachiridza vudimbwa bwavo” (Zvakazarurwa 14:2). Asi ndinoda kuti uone kuti akanzwa mazwi emvura nenzwi rekutinhimira kukuru uye anotaure nezvezvikara zvina, “asi vava vanezvuru zvinezana namakumi mana navana, vakadzikinurwa vachibva panyika” (Zvakazarurwa 14:2,3). Mubhuku raZvakazarurwa rose Johane anoedza kutaura nemutauro wemanhamba achiedza kutsanangurwa zvaaiiona nekunzwa kudenga. Akazonzwa inzwi raibuditsa maungira emvura, maungira eminhimira, zvimwe zvaitinhimira sebhoso asi haana kureva kuti ndizvo chaizvo, zvinoshandiswa panyika sezviridzwa.

Nekudaro nhau yekuimba tichisanganisa zviridzwa pakunamata Mwari inhau yemvumo. Tingataure here panotaure Bhaibheri tonyarara parinonyarara kana kuti toenderera mberi nekuita zvatinoda kuita tisingatarisi kuti Mwari vanoti kudii? Bhaibheri rinotiudza kuti Kristu ane Simba kudenga nepanyika saka nekudaro akataura. Saka nekudaro tinofanira kumuremekedza iye neshoko rake torega kuita zvaaina ku-

taura. Saka nekudaro tinofanira kuimba tisingaridzi pakunamata kwedu. Kana tadarotine chokwadi kuti tinofadza Mwari.

Unonamata sei Mwari? Hazvina hazvo basa unoziva. Uri muKristu here? Kana usiri tinoda kuti uzova muKristu. Kristu anoti, “Unotenda, akabhabhatidzwa, uchaponeswa; asi usingatendi uchatongwa” (Mako 16:16). Uye tinoverenga kuti vakaponeswa vakawedzerwa mukereke (Mabasa 2:47). Semunhu wakaponeswa, semuKristu, uye sehama mukereke yaKristu unogona kunamata Mwari muMweya nemuzvokwadi (Johane 4:24).

Chidzidzo 30

Sei Tichitenda Kumunyengetero

Minyengetero chinangwa cheBhaibheri. Mukutsanangurwa, zvinoreva kutaura kana kukumbira kuna Mwari. MuApostora Pauro akati, “Musafunganya pamusoro pechinhu chimwe; asi pazvinhu zvose, mikumbiro yenyu ngaiziviswe Mwari nokunyengetera nokukumbira, pamwe chete nokuvonga” (Vafiripi 4:6).

Muhukama hwedu naMwari, ndibaba wedu, uye isu semaKristu tiri vana vake. Mwari haadi chinhu. Anogara nekusingaperi, ane masimba ose uye ndiye mupi wemaropafadzo ose. Jakobho anoti, “Zvipo zvose zvakanaka nezvipiwa zvose zvakanakwana zvinobva kumusoro, zvichiburuka kunaBaba vezviedza, uyo usina kupinduka kana mumvuri wokushanduka” (Jakobho 1:17). Sevana tinoda Mwari. Ndibaba wedu saka tinofanira kuenda kwaari pane zvose zvatinoda, kutsvaga kubatsirwa munguva yemiyedzo, uye kukumbira ruregerero kana tichinge tatadza.

Regai zvino titarise kune dzimwe ndima mumagwaro dzinotaura zvemunyengetero, pachikumbirwa kunaIshe uye nekuda kwake kunzwa nekupindura kwaanoita minyengetero yedu. Kristu wakati kuvadzidzi vake, “Chinhu chipi nechipi chamunokumbira muzita rangu, ndichachiita, kuti Baba vakudzwe muMwanakomana. Kana muchikumbira chinhu kwandiri muzita rangu, ndichachiita” (Johane 14:13,14). Zvekare anoti, “Kana muchigara mandiri, namashoko angu achigara mamuri, muchakumbira zvamunoda, muchazviitirwa. Baba vangu vanokudzwa naizvozvi, kuti mubereke zvi-bereko zvakanakwana; vuye muchava vadzidzi vangu” (Johane 15:7,8). Anotizve, “Imi hamuna kundisanangura, asi ini ndakakusanangurai imi, ndikakuisai kuti muende mubereke zvi-bereko, vuye kuti zvi-bereko zenyu zvigare; kuti chinhu chipi nechipi chamunenge muchikumbira kunaBaba muzita rangu, vakupei icho” (Johane 15:16).

Achipa mharidzo mugomo, Jesu vakati, “Kumbirai muchapiwa. Tsvakai muchawana. Gogodzai muchazarurirwa. Nokuti mumwe nomumwe unokumbira unopiwa, unotsvaka unowana, unogogodza unozarurirwa” (Mateo 7:7,8). MuApostora Johane

akanyora mashoko aya: “Ndiko kusatya, kwatinako kwaari, kuti kana tichikumbira chinhu nokuda kwake, unotinzwa; zvino kana tichiziva kuti unotinzwa pazvose zvatinokumbira, tinoziva kuti tapiwa mikumbiro yatakakumbira kwaari” (1 Johane 5:14,15).

Pane magwaro ose atanzwa tinogona kuona kuti Ishe vanopindura minyengetero yedu, zvisinei nekuti wakumbira chii uye zvisina basa kuti wakumbira zvakadii. Asi tikanyatsotarisa magwaro tinoona kuti pane zvimwe zvinhu zvinowanikwa mukunyengerera minyengetero unogamuchirika uyo Ishe anonzwa nekupindura.

Chekutanga, magwaro anodzodziswa kuti munhu anofanira kuva muKristu kana kuti mwana waMwari kuti minyengetero yake ipindurwe. Tinoverenga Johane 9:31 kuti Mwari haanzwi minyengetero yevatadzi. Sei Mwari asinganzwi mutadzi? Nekuda kwechivi-chivi chinouya pakati paMwari nemunhu arikuedza kunyengetera kwaari. Muporofita akataura munguva yekare, “Tarirai, ruoko rwaJehovha haruna kupfupiswa, kuti rukoniwe kuponesa, nzeve yake haina kuremerwa, kuti ikoniwe kunzwa; asi zvakai-pa zvenyu zvakakuparadzanisai naMwari wenyu, zvivi zvenyu zvakakuvanzirai chiso chake, kuti arege kunzwa” (Isaya 59:1,2). Zvekare mutadzi angasvika sei kuna Mwari, iye asiri mwana waMwari uye Mwari vasiri baba vake? Kana mutadzi akanyengerera kunaMwari uye achitarisira kuti Mwari vamunzwe nekumupindura minyengetero yake, zvino zvakanakirei kuva Mukristu pane kuva mutadzi? Zvinosiyana nezvinofungwa nevamwe, pane musiyano wakakura wekusava Mukristu nekuva kuMakristu, kana tichitaura zvekunyengerera kuna Mwari uye tiine chisimbiso chekuti Mwari vanotinzwa nekupindura minyengetero yedu.

Chepiri, shoko raMwari tinodzidzisa kuti mwana waMwari anofanirwa kuramba akarurama uye akatendeka kuna Ishe kana achida kuti minyengetero yake inzwikwe. Petro akanyora kuMakristu enguva yake, “Nokuti meso aShe ari pamusoro pavakarurama, Nenzeve dzake pakukumbira kwavo. Asi chiso chaShe chiri pamusoro pavanoita zvakaipa” (1 Petro 3:12). Kana Mukristu akatadza kana kubva pamberi paMwari anofanira kutendeuka, opupura kutadza kwake uye onyengetera kuna Ishe kuti vamuregerere. Jakobho akati, “Naizvozvo revururanai zvivi zvenyu munyengetererane kuti muporeswe. Kukumbira kwomunhu wakarurama kune simba guru pakubata kwako” (Jakobho 5:16). Mushure mekunge Simoni muwuki ateerera Ishe akava mwana waMwari, zvinyorwa zvinotiudza kuti paakaona Petro naJohane vachiisa maoko avo pamusoro pemuSamaria aiva Makristu, kuti ave nesimba raMweya Mutsvene, akapedza kutenda chipo chaMwari nokuda kwedarama. Zvino tarisa zvakaitika, “Zvino Petro akati kwaari: Sirvheri yako ngaiparadzwe pamwechete newe, nokuti wakafunga kutenga chipo chaMwari nemari. Hauna mugove, kana chikamu, pachinhu ichi, nokuti moyo wako hauna kururama pamberi paMwari. Naizvozvo tendevuka pakuipa kwako, ukumbire kunaShe, kuti zvimwe ukanganwirwe murangariro womwoyo wako. Nokuti ndinovo-

na kuti wapinda munduru inovava, napakusungwa kusakarurama. Simoni akapindura, akati: Mundikumbirire zvikuru imi kunaShe, kuti ndirege kuwirwa nechimwe chaizvozvo zvamareva” (Mabasa 8:20-24). Simoni haana here kutendeuka, akakumbira ru-regerero, munofunga here kuti nechinguva chipfupi ainonyengetera kuna Mwari ivo vakamugamuchira? Kwete.

Tarisa kuti mundima dzinoratidza kuti vadzidzi vose chavaifanirwa kuita kuti minyengetero yavo ipindurwe vaingofanira kukumbira, unoona kuti kunyangwe mundima idzo vasati vavimbiswa Ishe vaivimbisa vachitarisa kuti zvavaida kuti zviitwe zvaitwa here. Somuenzaniso muna Johane Kristu wakati, “Kana muchikumbira chinhu kwandiri muzita rangu, ndichachiita.” Asi mundima inotevera, Johane 14:15, Kristu wakati, “Kana muchindida, chengetai mirairo yangu.” Zvino nyatsopafunga kuti Ishe angapa mwana waMwari chero chaakumbira baba, kana asingadi Ishe zvekusaita mirairo yake? Muna Johane 15:7 akati, “Kana muchigara mandiri, namashoko angu achigara mamuri, muchakumbira zvamunoda, muchazviitirwa.” Kana munhu akagara munaIshe, uye shoko raMwari rogara maari, angava munhu akaita sei? Anova mwana waMwari wakatendeka. Asi kana munhu akasagara muna Ishe uye shoko rake harigari maari, Ishe vangaiite sekukumbira kwake here? Kwete.

Johane 15:16, Kristu wakati, “.....kuti chinhu chipi nechipi chamunenge muchikumbira kunaBaba muzita rangu, vakupei icho.” Asi mukutanga kwendima anoti akavasarudza akaita kuti vaunze zvibereko. Aitaura kumaApostora apa, asi pafunge kuti Ishe kupa zvikumbeiro ko vakatadza kuunza zvibereko? Uyezve Kristu wakavimbisa kuti kana munhu akakumbira, anopuhwa (Mateo 7:7,8). Kristu anoenderera mberi achiti, “Munhu ndoupiko kwamuri? Kana mwanakomana wake akakumbira chingwa, ungamupa ibwe? Kana akakumbira hove ungamupa nyoka? Zvino kana imi makaipa muchiziva kupa vana venyu zvakanaka, Baba venyu vari kudenga vachapfuvurisa seiko kupa zvinhu zvakanaka ivo vanokumbira kwaari!” (Mateo 7:9-11). Kristu arikutaurwa nevadzidzi, avo varimuwirirano yaBaba neMwana, uye vana vakatendeka, kana zvi-chibva muzvakanyorwa. Paunodzidza magwaro, unoona kuti maropafadzo aIshe haasi eavo badzi vanoda kuita kuda kwake uye vanoramba vakatendeka kwaari. Angaropafadze sei avo vasingamuterei nevanomupandukira?

Mukupedzisa munaJohane 5:14,15 Johane anozvibuditsa pachena kuti Baba vachanzwa uye nekupindura minyengetero yedu kana achikumbirwa mukufa kwake. Baba vanoda vana vavo haavapi zvinhu zvinovakuvadza kana kuvauraya. Asi pane imwe nzira Mwari vanopa vana vavo zvavanokumbira. Zvimwe chete ichokwadi kana kuna baba vedu. Rinogona kufunga kuti chimwe chinhu tinonyanyochida, asi Baba vedu vakachenjera vano zviona. Asi tine chokwadi chekuti Baba vanoda vana vavo zvakanaka zvinodiwa nevana vavo uye tinobva tarangarira zvinotaurwa naPauro achiti zvinhu

zvose zvinoshanda pakutinakira isu kana tichida Ishe pachokwadi (VaRoma 8:28).

SemaKristu rakaropafadzwa kuva naBaba vatinokwanisa kudzokera kwavari. Kristu anoti vanhu vanofanira kunyengetera nguva dzose (Ruka 8:1). Pauro akati tinofanira kuramba tichanyengetera (1 Tesaronika 5:17). Tinoudzwa kuti Makristu eku-tanga vakatsungirira pakudzidzisa kwemaApostora nepaminyengetero (Mabasa 2:42). Zvekare Jakobho anoti kana pane anotambudzika ngaanyengetere (Jakobho 5:13). Anoti zvekare minyengetero wewakarurama kune simba guru pakubata kwako (Jakobho 5:16). Kunyangwe Ishe vasina kutivimbisa kupindura minyengetero yedu yevarwere neminana, minyengetero inoita zvakasiyana. Tinonyengetera kuti Ishe vachaita sezvinoda mitemo yagara iriko, pamishonga, madhokotera nevakoti pakurapa varwere. Tinogona kushoora kuita kwaMwari pakushandura zvinhu. Tinogona kufunga kuti nzira badzi yaangagona kuratidza Simba rake kuita minana. Asi haisi iyo nyaya. Kutenda kwedu kuripi? Kunze kwaizvozvo Jesu Wakati kana varwere vachida varapi ngatirege kuidza Mwari (Mateo 9:12, Mateo 4:7)

Kana minyengetero yedu ichinzwikwa naBaba, tinofanira kunyengetera muzita raKristu anova murevereri, muturikiri uye muPurisita mukuru (1 Johane 2:1, 1Timotio 2:5, VaHebheru 3:1).

Unotenda kumunyengetero here? Unokwanisa kunyengetera uine chokwadi chekuti Baba vachakunzwa vogokupa zvaunokumbira? Kana usiri Mukristu haugoni kunyengetera sezvinodiwa naBaba. Unogona kuzvigadzirisa nekutenda kuna Jesu Kristu, kutendeuka kuzvivi zvako, kupupura kutenda kwako munaKristu uye nekubhabhatidzwa kuti zvivi zvako zvisukwe (VaHebheru 11:6; Johane 14:1; Mateo 10:32; Mabasa 2:38). Wangoita izvozvo Ishe vanokuponesa vokuwedzera mukereke yavo (Mabasa 2:47). Sehama muimba yaShe uye ukaramba wakatendeka semwana waShe une chivimbiso chekuti Ishe vachanzwa minyengetero yako vakaipindura.

Chidzidzo 31

Sei Kune Nzira Imwe Chete Yekuenda Kudenga

Munyika yezvitendero tinowanzonzwa zvinotaurwa sekuti “Kune nzira dzakawanda dzekuenda kudenda,” Tirikufamba nenzira dzakasiyana asi tichiedza kusvika munzvimbo imwechete,” nezvimwewo. Zvinoita sezvakanaka, kunyanya kana usingamiri kufunga nezvazvo, asi zvirikunze kwedzidziso dzeBhaibheri.

Bhaibheri rinotiudza nezvedenga, nezvose zvakanaka zvariinazvo uye kuti rakagadzirirwa sei vanhu vake vari panyika kuti vazouya kwariri. Kristu vakati, “Moyo yenyu irege kumanikidzwa; tendai kunaMwari, mutende vo kwandiri. Mumba maBaba vangu munenzvimbo zhinji dzokugara; dai kusaiva kudaro, ndingadai ndaikuvudzai;

nokuti ndinoenda kundokugadzirirai pokugara. Kana ndaenda kundokugadzirirai pokugara, ndinozovuya zve, ndikugamuchirei kwandiri; kuti apo pandiri, nemi mugovapo vo” (Johane 14:1-3). Naizvozvo vose vanotenda kuna Jesu uye navose vanotenda nedenga raakagadzira, vanozoda kuenda kwariri. Asi mubvunzo ndeuyu kuti tinotenda sei ikoko? Kune nzira imwechete inoenda here kana kuti kune dzakawanda?

Jesu Wakati zvekare, “Jesu akati kwaari: Ndini nzira, nezvokwadi, novupenyu; hapana munhu unovuya kuna Baba, asi nokwandiri” (Johane 14:6). Tarira uone kuti Jesu ndiye nzira, yekuenda kuna Baba uye munhu anogona kuenda badzi kuna Baba kubudikidza naKristu. Saka kana kune nzira dzakawanda dzekuenda kudenda saka Kristu haangavi nziya iye amene.

Jesu anozviona semufudzi wakanaka, Makristu semakwai uye kereke seimba inogara makwai. Zvino chinzwai zvinotaurwa na Jesu pamusoro pemukova, “Ndini mukova; kana munhu apinda neni, uchaponeswa, uchapinda, uchabuda, uchawana mafuro” (Johane 10:9). Anozotizve, “Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri: Usingapindi nomukova mudanga ramakwai, asi unokwira nokumwe, imbavha negororo” (Johane 10:1). Nekumwe kutaura Jesu arikuti ndiye nzira kudanga remakwai, nzira imwechete mukereke uye nekudenga. Anotsanangurazve kuti kana munhu akasapinda nemukova, unoedza kupinda neimwe nzira anoonekwa sembava. Asi chii chinzoitika kumbavha nemakororo? MuApostora Paulo anoti havakwanisi kupinda muHushe hwaMwari kana mukereke kana Kudenga kunze kwekuti vatendeuka kuzvivi zvavo vakaita zvinodiwa naMwari. Hongu, munhu anoda kuenda kudenga neimwe isina kupihwa naIshe, munhu iyeye anokandwa mugehena.

Chimwe chiitiko, Jesu akataura kuchita chevanhu vakanga vakamupoterredza, “Pindai nesuvo rakamanikana nokuti suvo rakafara nzira yakapamhamha inoenda kukuparadzwa. Vanopinda naro vazhinji. Nokuti suvo rakamanikana nenzira nhete inoenda kuvupenyu, vanoiwana vashoma” (Mateo 7:13,14). Tarisa uone kuti Jesu anoudza munhu nevamwe vose kuti vapinde nesuvo rakamanikana. Suvo rakamanikana rinomiririra Kristu, nzira kupinda mukereke uye nzirazve inofambwa nayo kuenda kudenga. Anoenderera mberi achiti avo vanopinda nesuvo rakamanikana vanoona vari munzira inoenda kudenga. Apa tinoona pane suwo rimwe, nzira imwechete uye nzira iyoyo inosvitsa kudenga. Ndiani angava munzira iyoyo? Avo vanotenda kuna Kristu, avo vakaterera Ishe, vakaponeswa, Makristu, Hama mukereke yaKristu, avo vari vaMwari, vakarurama uye vatsvene uye avo vakatendeka kuna Kristu. Zvino Kristu anotaura zverimwe divi. Anotaura zveavo vanopinda nesuvo yakapamhamha uye vanoramba nenzira yakafara inosvitsa murufu. Ndiani angada kuita izvozvo? Vazhinji, vari venyika uye vasiri vaMwari. Avo vanoramba kuremekedza Simba raMwari uye vanofunga kuti vanogona kuzviita pachavo. Avo varimunzira yakafara ndivo varimumasangano

akagadzirwa nevanhu, anopfeka mazita evanhu, vanonamata sezvavanoda nezvimwe-wo. Kune avo vakanyengerwa uye vanonyengerawo vamwe. Mukristu asina kutendeka anowanikwa zvekare muboka iri. Asi nzira iyi inosvitsa kupi? Inosvitsa mukuparadzwa kusingaperi. Hongu, vazhinji vavo vanenge vakavimbika uye vanorevesa. Vanenge vachida chitendero zvakanyanya. Asi vanorasika nekuti vanenge vari munzira yakafara.

Shamwari yangu, panogona kuva nenzira dzakawanda dzinosvitsa kuguta guru, asi kana mumwe and chibvumirano newe kuti unofanira kuramba nenzira imwechete, saka chii chinzoitika kana ukashandisa imwe nzira? Ndinotyia kuti unenge wava mudambudziko. Zvakafananawo, Kristu ane Simba nemvumo yose pasi nekudenga (Mateo 28:18). Tikaremekedza simba iroro, totevedzera zvakataurwa naIshe kuti tiite, tinoona kuti zvinoshanda zvakafanana. Tinofanira kushandisa nzira iyo Ishe vakatsanangura.

Dambudziko redu kana tichitaura zvenzira inoenda kudenga nderekuti tinoda kuiisa pachiyero chekufunga kwemunhu. Tinofunga kuti kana kuine nzira dzakawanda kuenda kuguta zvakafananawo kana tichitaura zvemweya. Asi kuna Ishe nenzira yake kune imwechete. Zvinogona kuita sekunge kune dzimwe nzira, sekunge kana uchishandisa zvinotendwa nevanhu, kereke dzevanhu nezvimwewo, asi hadzisi nzira dzinoenda kudenga. Hakuna anogona kuenda kudenga nenzira nemapoka anogadzirwa nevanhu. Zvatinofanira kuita kuti tizvione kuverenga Bhaibheri. Kristu wakati, Asi vanon-dinamata pasina, vachidzidzisa dzidziso iri mirairo yavanhu” (Mateo 15:9). Zvekare anoti, “Havazi vose vanoti kwandiri Ishe, Ishe vachapinda muvushwe hwokudenga. Asi unoita kuda kwaBaba vangu vari kudenga. Vazhinji vachati kwandiri nezuva iro, Ishe, Ishe hatina kuporofita muzita renyu here? Nokudzinga mweya yakaipa muzita renyu here? Nokuita mabasa esimba mazhinji muzita renyu here? Zvino ndichavavudza pachena handina kutongokuzivai, ibvai kwandiri imi vaiti vokusarurama” (Mateo 7:21-23). Kune zvizhinji zvinotaurwa mumagwaro zvakafanana nezvizvi. Zvino tingafunga here kuti tinogona kusaterera Mwari, kuita zvinhu sekuda kwedu, kupinda mukereke dzakagadzirwa nevanhu, kupfeka mazita akagadzirwa nevanhu, kunamata sezvataka-zvisarudzira, tofamba nenzira dzatakazvisarudzira asi tichingoenda kudenga? Asi tikafunga saizvozvo tinorasika. Tarisai Sauro. Aiva murume aida chitendero. Aiva nechido nechitendero chake. Aiva nemufungiro wakanaka kunyangwe aitambudza kereke yaIshe. Asi akazviona kuti aitadza. Izvi akazviita badzi mushure mekunge atendeuka kuzvivi zvake akateerera Ishe kuti aponeswe (Mabasa 9 ne 22). Asiko Konerio nemhuri yake? Vaiva vanhu vakanaka. Vaipa vanotambudziko uye vachinyengetera kuna Mwari vekudenga nguva dzose. Asi mushure mekunzwa Petro achiparidza vakasimbiswa kuti vabhabhatidzwe kuti zvimwe vaponeswe (Mabasa 10). Mune muenzaniso yakawanda mumagwaro inokurudzira kuti kune nzira asi imwechete inoenda kudenga.

Shamwari yangu funga nezvazvo. Bhaibheri tinodzidzisa kuti kuna Mwari asi

mumwechete, Ishe mumwechete, Mweya Mutsvene mumwechete, muviri kana kereke imwechete, kutenda kumwe, rubhabhatidzo rumwe netariro imwe (VaEfeso 4:1-6). Bhaibheri tinodzidzisa kune vhangeri asi rimwe chete kana nzira imwechete yeruponeso. Vose vanotarisirwa kuti vamunzwe (Mateo 17:5), kutenda maari (Johane 8:24), kutendeuka kuzvivi zvavo (Ruka 13:3), kupupura Kristu soMwanakomana waMwari (Mateo 10:32) uye kuti vabhabhatidzwe kuti zvivi zviiregererwe (Mako 16:16, Mabasa 2:38). Kristu akati vhangeri rimwe chete tinofanirwa kuparidzwa pasi rose kana kuzvisikwa zvose munyika (Mako 16:15,16). Ishe vanowedzera vose vakaponeswa mukereke imwechete iyoyo, kereke yake, yaakavaka iye, iyo yaakafira, iyo yaakatenga neropa rake, iyo yaanova musoro uye iyo yaanozodzokera kwairi nerimwe remazuva (Mabasa 2:47, Mateo 16:16, VaEfeso 5, Mabasa 20:28). Bhaibheri tinodzidzisa kuti Mwari vanoda vose kuti vamunamate muMweya nemuzvokwadi (Johane 4:24). Naizvozvo vose vanofanira kusangana nemusi wekutanga woga woga wevhiki kuzotora chirariro chaIshe, kudzidza shoko raMwari, kunyengetera, kupa sezvavakafunga, nekuimba nziyo dzekurumbidza kuna Mwari (Mabasa 20:7; 2 Timotio 2:15; Mabasa 2:45; VaEfeso 5:19). Mwari anoda vanhu vake kuti vazviite muzita raKristu (VaKorose 3:17), zvoreva kuti vose vanopfeka Zita raKristu (Mabasa 11:26) uye vose vanofanira kurarama hupenyu hwakatendeka hweChikristu (Zvakazarurwa 2:10).

Kune Bhaibheri rimwe chete ririkuti tose tiverenge, kuritenda nekuriita. Ririko asi denga rimwe chete rekuenda, kana tikaterera Ishe toramba takatendeka kwaari, uye ririko asi gehena rimwe chete revatadzi nevasina kutendeka (Mateo 25:46).

Zvino kana zvose zvinotaurwa zviri chokwadi munogona kuverenga nekudzidza magwaro moga mozvionera, kungava nenzira dzakawanda dzinoenda kudenga sei? Hongu kune nzira inoenda kudenga, asi kune nzira imwechete badzi, uye inzira yaIshe chete. Tinenge tachenjera tikagamuchira nzira iyoyo toita Mwari zvaanoda kuti tiite kuti tigofamba munzira inoendesa kudenga. Hatigoni kuenda neimwe nzira. Murume wakachenjera Wakati, “Munhu anoona nzira achiti yakarurama; Asi kuguma kwayo inzira dzorufu.” (Zvirevo 14:12).

Urikufamba munzira ipi? Yakafara here kana yakamanikana? Nzira inoendesa kurufu here kana nzira inoendesa kudenga? Haugoni kufamba munzira dzose panguva imwechete. Kristu wakati hakuna munhu anogona kushandira anavatenzi vaviri (Mateo 6:24). Akati tinogona kuva naye kana kusava naye (Mateo 12:30). Zvasarira kune mumwe nemumwe kuti asarudze nzira yaanoda kufamba nayo. Tinokumbirisa kuti musarudze Kristu uye nenzira inoenda kudenga.

Chidzidzo 32

Sei Tichitenda Huwepo Hwasatan

Kunogona kuva neavo vanonetseka kuti munhu anogona kutenda Satani kunyanzira munguva yatiri. Vanofunga kuti panguva vanhu yavanoenda munzvimbo inonzi irikure kumusoro, munhu akaita saSatani anonzi haararami. Kutiva vafunge saizvozvo, vanenge vachizvinyengera.

Hongu Satani ariko. Anorarama. Ari pachokwadi pazvinhu zvake saMwari NaKristu. Anorarama pasi rose. Mabasa ake anoonekwa kwese. Simba rake rinoonekwa pamunhu wese. Kwete izvozvo badzi, asi Bhaibheri rinodzidzisa kuti arimunyika. Haasi munhu asi Mweya, Mweya wakaipa. Anotosiyana nezvinoitwa naMwari naKristu. Ndiye anokonzera zvose zvakaipa nezvinonyangadza. Anonzi Dhiaborosi, wakaipa, baba vevarevi venhema uye mwari wenyika ino. Anomiririra rima, chivi nekubatikana. Anokonzera rufu uye achiunza kuparadzwa kusingaperi. Tinofanira kumuziva nekuti muvengi wedu. Tikamuziva nekumunzwisisa kushanda kwake, tinokwanisawo kugadzirira kuzosangana naye. Kana tisina ruzivo irworwo nekugadzirira kwakakwana, anogona kutinyengera, kutikurira nekutiparadza.

Regai tiende kushoko raMwari zvino, toverenga dzimwe ndima dziri mumagwaro dzinotaura nezvake nemabasa ake. Mukutsanangura mufananidzo wemashawi aive mumunda, Jesu wakati mashawi vana vowakaipa, “Munda inyika, mbeu yakanaka ndivo vanakomana vovushe. Mashawi ndivo vanakomana vowakaipa” (Mateo 13:38,39). Petro akanyora kumaKristu anhasi, “Svinurai, murinde; nokuti muvengi wenyu Dhiabhorosi, unofamba-famba seshumba inorira, ichitsvaka waingaparadza” (1 Petro 5:8). Pauro anotaura zvaSatani somuedzi. Anoti, “Saka ini vo, zvandakanga ndisichagoni kutsunga, ndakamutuma kuti ndizive kutenda kwenyu, ndichiti zvimwe muidzi wakakuidzai, izvo zvatakabata zvikava pasina” (1 VaTesaronika 3:5). Rimwe sekete rezvitendero rakapomera Ishe mhosva yekubudisa Dhiabhorosi nesimba raBeelzebub. Tinoverenga, “Zvino vakaisa kwaari munhu waiva nomweya wakaipa, rai va bofu nembeveve; akamuporesa, naizvozvo bofu nembeveve yakataura nokuvonavo. Vanhu vazhinji vose vakashamiswa vakati, ko uyu haazi mwanakomana waDhavhidhi here? Zvino vaFarisi vakati vachizvinzwa, vakati; munhu uyu haabudisi mweya yakaipa, asi naBheerizebhuri muchinda womweya yakaipa. Zvino Jesu achiziva kufunga kwavo akati kwavari, vushe bwumwe nobwumwe bwunozvipesanisa bwunoparadzwa. Neguta kana imba inozvipesanisa haingamiri. NaSatani kana achibudisa Satani unozvipesanisa. Vushe hwake hwuchamira seiko? Neni, kana ndichibudisa mweya yakaipa naBheerizebhuri, ko vanakomana venyu vanoibudisa nani. Saka ivo vachava vatongi venyu. Asi kana ndichibudisa mweya yakaipa noMweya waMwari, ipapo vushe hwaMwari

bwasvika kwamuri. Munhu ungapinda seiko paimba younesimba akatora nhumbi dzake kana asati ambosunga iye unesimba? Ipapo uchaparadza imba yake. Usineni, unopesana neni nousingavunganidzi neni unoparadza. Aninani unotaura shoko rakaipa kuMwanakomana womunhu uchakanganwirwa” (Mateo 12:22-30). MuApostora Johane akanyora, “Ndakunyorera, madzibaba, nokuti munoziva iye wakanga aripo kubva pakutanga. Ndakunyorera, majaya, nokuti munesimba, neshoko raMwari rinogara mamuri, makakunda wakaipa” (1 Johane 2:14). John anoenderera mberi achiti, “Nokuti ndiro shoko ramakanzwa kubva pakutanga, kuti tidane; tisingaiti saKaini, wakanga ari wowakaipa, akavuraya munununa wake. Wakamuvurayireiko? Nokuti mabasa ake akanga akaipa, asi omunun’una wake akanga akarurama” (1 Johane 3:11,12). Anotizve, “Tinoziva kuti mumwe nomumwe wakaberekwa naMwari haaiti zvivi; asi wakaberekwa naMwari unochengetwa naye, wakaipa haangamubati. Tinoziva kuti tiri vaMwari, nenyika yose ivete munaiye wakaipa” (1 Johane 5:18,19). Tevere Johane anonyora kubhuku raZvakazarurwa, “Zvino shato huru yakakandirwa pasi, iyo nyoka yekare, inonzi Dhiyabhorosi, naSatani, munyengeri wenyika yose; yakakandirwa panyika, navatumwa vayo vakakandirwa pasi pamwe chete nayo” (Zvakazarurwa 12:9). Achienderera mberi nekutsanangura zvakazoitika kuna Dhiyabhorosi Johane akati, “Zvino ndakavona mutumwa achiburuka kudenga, anekiyi, yegomba rakadzika-dzika, neketani huru muruvoko rwake. Akabata shato, nyoka yakare, ndiye Dhiabhorosi naSatani, akamusunga makore anegumi ramazana, akamukandira mugomba rakadzika-dzika, akamupfigiramo, akaisa chisimbiso pamusoro pake kuti arege kuzonyengera marudzi kusvikira makore anegumi ramazana apera; shure kwaizvozvo unofanira kusunungurwa chinguva chiduku” (Zvakazarurwa 20:1-3). Kristu wakataura pamusoro pevamwe venguva yake, “Imi muri vababa venyu Dhiabhorosi munoda kuita kuda kwakaipa, kwababa venyu iye wakanga ari muvurai kubva pakutanga, haamiri muzvokwadi, nokuti maari hamuna zvokwadi. Kana achireva nhema, unoreva zvake nokuti ndiye wenhema vuye baba vadzo. Asi ini, ndinoreva zvokwadi, hamunditendi” (Johane 8:44,45). Jesu wakati kuvadzidzi vake, “Handichazotauri zvizhinji nemi, nokuti muchinda wenyika unovuya; asi haanechinhu kwandiri” (Johane 14:30). Pauro akanyora kumaKristu epaKorinde, “Zvino kana Evhangeri yedu yakafukidzwa, yakafukidzwa kuna vanorashika; kuna vasingatendi vakapofumadzirwa ndangariro namwari wenyika ino, kuti varege kuvhenekerwa nechiedza cheEvhangeri yokubwinya kwaKristu, uri mufananidzo waMwari” (2 Vako- rinde 4:3,4).

Asi Satani wakambobvepi? Munofona kubvunza. Kubva Mwari wasika zvinhu zvose, (Genesis 1:1), zvino Mwari wakamusika nevamwe vose vanomutevera. Magwaro anoti akazvisimudzira oga, akapandukira musiki wake akava muvengi waMwari. Tinoverenga kuna 2 Petro 2:4, “Nokuti kana Mwari asina kurega vatumwa vakatadza, asi

wakavakandira muTartaro nokuvaisa kumakomba erima, kuti vachengeterwe kutongwa” anoenderera mberi achipa mienzaniso yevamwe vaasina kusiya, chiripo ndeche-kuti kana tikapesana naMwari nezvaanoda kuti tiite tinofanira kuona matambudziko anoenderana nezvatakaita. Kuna Judha tinoverenga, “Navatumwa, vasinakuchengeta vukuru bwavo, asi vakasiya pavaifanira kugara, wakavachengeta muzvisungo zvisingaperi pasi perima guru kusvikira pakutongwa kwezuva guru” (Judha 6). Nezuva rekutongwa Kristu ahati kuvanhu vakaipa, “Zvino uhati kuna vari kuruboswe, ibvai kwandiri imi makatukwa, muende kumoto usingaperi, wakagadzirirwa Diaborosi navatumwa vake” (Mateo 25:41).

Tikadzokera kumavambo, tinoudzwa kuti mushure mekunge Mwari wasika Adhamu naEvha akavaisa mubindu reEdheni kuti vadye mimwe michero yose yomunda kusiya kwemuti wokuziva zvakanaka nezvakaipa. Vakatsanangurirwa pachena kuti vakadya michero uyu zvirokwazvo vaifa. Zvino regai tiverenge, “Zvino nyoka yakanga ina mano kupfuura mhuka dzose dzesango dzakanga dzaitwa naJehovha Mwari. Ikati kumukadzi, Nhai, ndizvo here kuti Mwari akati, ‘Regai kudya miti yose yomunda?’ Mukadzi akati kunyoka, Tingadya hedu michero yemiti pamunda, asi kana iri michero yomuti uri pakati pomunda, Mwari akati, ‘Regai kuudya, kana kuubata, kuti murege kufa.’ Nyoka ikati kumukadzi, Hamungafi zviro kwazvo, nokuti Mwari anoziva kuti nomusi wamunoudya nawo, meso enyu achasvinudzwa, mukava saMwari, muchiziva zvakanaka nezvakaipa. Zvino mukadzi akati achiona kuti muti wakanaka kudyiwa, uye kuti unofadza meso, uye kuti muti unodikanwa kungwadza munhu, akatora muchero yawo, akadya, akapawo murume wake, akadya naiyewo. Ipapo meso avo, ivo vaviri, akasvinudzwa, vakaziva kuti havana kusimira; vakasonanidza mashizha omuonde, vakazvitira nguvo. Vakanzwa inzwi raJehovha Mwari achifamba mumunda kwotonhorera madekwana, munhu nomukadzi wake ndokundohwanda pamberi paJehovha Mwari pakati pemitu yomunda. Jehovha Mwari akadana munhu, akati kwaari, Uripiko? Iye akati, Ndakanzwa inzwi renyu mumunda, ndikatya, nokuti ndakanga ndisina kusimira, ndikahwanda. Iye akati, Ndianiko akakuudza kuti hauna kusimira? Wakadya kanhi muti wandakakuraira kuti urege kuudya? Munhu akati, Mukadzi wamakandipa kuti ave neni, ndiye wakandipa zvomuti ndikadya. Jehovha Mwari akati kumukadzi, Chiiko icho chawakaita? Mukadzi akati, Nyoka yakandinyengera, ndikadya” (Genesisi 3:1-13). Zviripachena kuti numusi uyu Mukadzi nemurume vakafa pamweya, asi Mwari wakan-dotuka murume, Mukadzi nenyoka nezvimwe zvisikwa zvose. Kuna Mateo 4 muedzi, Satani pachezvake, akauya kuna Kristu akamuedza katatu zvakasiyana achiedza kuti amupfugamire. Asi pose paaidaro Kristu waimupindura kuti ndizvo zvinotaura Ishe. Mukupedzisira Dhiyabhorosi akakundwa.

Kukundwa kwakaitwa Satani naKristu kumuka kwaakaita kubva muguva, kwete

kuti vsnhu vatende kuti mwanakomana waMwari, asi kuti zvive nyore kuti munhu aponeswe uye kuti vose vaizomuka kuvakafa vaone chokwadi. Vose vanoterera Kristu nekuramba vakatendeka kuna Ishe vane chivimbiso chekuti vachaponeswa, kuti vachabatsirwa kukunda miedzo uye kumagumo ovatora kuenda navo kudenga.

Shamwari yangu usatendere Satani, Dhiyabhorosi wekare kuti atungamire hu-penyu hhwako. Usamutendera kuuya kwauri nezvinhu zvinobatika zvenyika ino, kuchi-va kwenyama, kuchiva kwameso uye kuzvikudza kwenyika ino kukukanganisa. Usamu-tendera kushandisa zvitendero zvenhema uye nedzidziso dzevanhu kukunyengera uye nekukurasisa. Kristu anokumbira zvikuru kuti tisatevere Satani kuenda kurufu. Bhaib-heri, shoko raMwari rakatura kunaka kwechokwadi iye nenzira yekuenda kuhupenyu husingaperi, asi rinoyambirazve nezvekuuya kwaSatani uye nenzira dzekunyengera dz-inosvitsa kurufu.

Iva wakayambirwa nezvaSatani. Usanyengerwa naye. Verenga udzidze shoko raMwari. Dzidza pamusoro paIshe nenzira dzake, asi uve neruzivo rweshoko raM-wari nekuziva muvengi wako Satani. Tenda munaMwari Baba uye Jesu Kristu, mwa-nakomana waMwari mupenyu. Kana pasina kutenda hazvigoni kufadza Mwari (Va-Hebheru 11:6). Kristu wakati kana tikatenda kunaBaba tinofanirazve kutenda kwaari (Johane 14:1-3). Anoda kuti tibve kuna Satani, kuchivi nezvose zvakaipa kuti titevere Kristu. Tinoudzwa kuti Mwari anoda vanhu vose kuti vatendeuke (Mabasa 17:30) uye Kristu anoti tikaramba kutendeuka tichaparadzwa (Ruka 13:3). Tevere tinonzi tipupure Kristu semwanakomana waMwari (Mateo 10:32) nechivimbiso chaIshe kuti tikamu-pupura pamberi pevanhu iye uchatipupurirawo pamberi paBaba vake vari kudenga. Pakupedzisira tinoudzwa kuti tibhabhatidzwe kana kuvigwa mumvura kuti zvivi zvi-regererwe. Kristu wakati kana tikatenda tikabhabhatidzwa achatiponesa (Mako 16:16). Petro anoti kana tikatendeuka nekubhabhatidzwa ticharegererwa zvivi (Mabasa 2:38). Zvino kana tikaita sokudaro, Ishe vakavimbika kutiponesa wotiwedzera mukereke yake (Mabasa 2:47) kuti tive zvisikwa zvitsva munaKristu (2 Vakorinde 5:17). Nekudaro hati-zori vaSatani, asi vaKristu, tichizivikanwa seMaKristu (1 Petro 4:16) uye tova vaka-tendeka kuna Ishe kusvika murufu, kuti tive nemusha kudenga (Zvakazarurwa 2:10; Zvakazarurwa 22:14).

Chidzidzo 33

Sei Tichitenda Kune Denga

Kana ndichitaura zvedenga handisi kutaura zvedenga ratinoona nameso edu, makore kana kunze. Handisi kutaura zvenzvimbo irikudenga. Dzimwe izvi tinozviti denga, asi denga randinofunga nezvaro ndiro rinogara Mwari. Inzvimbo yakanaka,

musha wevakarurama, uko Mweya yaMwari ichagara nekusingaperi. Denga rinotsangurwa neshoko raMwari seJerusarema idzva.

Magwaro anotaura zviripachena nezvedenga. Kristu anotaura kune avo vaitambudzwa nekuda kwekururama, “Farai mufarisise kwazvo nokuti mubairo wenyu mukuru kudenga. Nokuti vakatambudza saizvozvo vaporofita vakakutangirai.” (Mateo 5:12). Jesu akadzidzisa vadzidzi kunyengetera, “Akati kwavari: Kana muchinyengetera, muti: Baba, vedu vari kudenga zita renyu ngariitwe dzvene; vushe bwenyu ngabwuvuye; kuda kwenyu ngakuitwe panyika sezvakunoitwa kudenga” (Ruka 11:2). Akavaraira, “Asi muzvivunganidzire fuma kudenga pasine zvipfunho nengura zvinopedza, pasina mbavha dzinopaza dzichiba. Nokuti panefuma yako, nomoyo wako uchavapovo” (Mateo 6:20,21). Kristu akataura kumaApostora mushure mekunge vapupura kuti ndiye mwanakomana waMwari, “Ndichakupa kiyi dzovushe hwokudenga. Chinhu chipi nechipi chauchasunga panyika chichasungwa kudenga nechinhu chipi nechipi chauchasunungura panyika chichasunungurwa kudenga” (Mateo 16:19). Achitaura kune makumi manomwe vakanga vatumwa kuzoparidza, “Tarirai, ndakakupai simba rokutsika pamusoro pesimba renyoka nezvinyavada, napamusoro pesimba rose romuvengi; hakune chinhu chingatongokukuvadza. Asi, musafara bedzi nechinhu ichi, kuti mweya inozviisa pasi penyuru; asi mufare kuti mazita enyu akanyorwa kudenga” (Ruka 10:19,20).

Tichienderera mberi tinoudzwa kuti kune mufaro kudenga kana mutadzi achinge atendeuka (Ruka 15:7). Zvinotaurwa kunzi Kristu wakaburuka kubva kudenga (Johane 3:13). Jesu akataura zvaBaba achipa vadzidzi chingwa chakabva kudenga (Johane 6:32). Pauro akataura kumaKristu epaKorinde, “Nokuti tinoziva kuti kana imba yedu yenyika, tabhernakeri yedu, ichiputswa, tinechakavakwa chinobva kunaMwari, imba isina kuvakwa namavoko, isingaperi, iri kudenga” (2 Vakorinde 5:1). Zvekare Pauro anotaura kumaKristu eGaratia, “Asi kunyange isu, kana mutumwa unobva kudenga, akakuparidzirai imwe Evhangeri, inopesana neyatinokuparidzirai isu, ngaave wakatumwa” (VaGaratia 1:8). Rimwe zuva Pauro anosimbisa Hama dzepaTesaronika, Ishe vachaburuka kubva kudenga kuzotsiva avo vasingazive Mwari uye vasingatereri vhangeri (2 Tesaronika 1:7-9). Petro akati, “Mwari, Baba vaShe wedu, Jesu Kristu, ngaatendwe, wakati-bereka zve nengoni dzake huru, kuti tive netariro mhenyu, inovuya nokumuka kwaJesu Kristu kuvakafa, kuti tive nenhaka isingavori, isinakupambana, isingasvavi yamakachengeterwa kudenga” (1 Petro 1:3,4). Johane akati, “Zvino ndakavona denga idzva nenyika itsva, nokuti denga rokutanga nenyika yokutanga zvakanga zvapfuvura; negungwa rakanga risisipo. Ini Johane ndikavona guta dzvene, Jerusarema idzva, richiburuka kudenga richibva kunaMwari, rakagadzirwa somwenga wakashongedzerwa murume wake” (Zvakazarurwa 21:1,2). Tinogona kuenderera mberi nendima dzakawanda dzirimum-

agwaro dzinotaura zvedenga, inomirirwa naMwari uye musha wemweya yevanhu.

Ndiani achaenda kudenga? Jesu akaudza vanhu venguva yake, “Akati, zvirok-wazvo ndinoti kwamuri kana musingashanduki mukava savana vaduku hamungaton-gopindi muvushe hwokudenga” (Mateo 18:3). Zvoveva kuti vacheche nevana vaduku ndeavo vasati vasvika zera rekuzvidairira saka nekudaro havagoni kutongeswa pane zvavanenge vaita nekuti havazivi zvakanaka nezvakaipa, vanoenda kudenga kana vafa. Hushe hwaMwari kana kereke ichaponeswa kudenga. Pauro akati, “Zvino kana ichi chinovora chafuka kusavora; nechichi chinofa chafuka kusafa, ipapo shoko rakanyorwa richaitika, rinoti: Rufu rwakamedzwa mukukunda” (1 Vakorinte 15:54). Tinoverenga zvekare kuna VaEfeso 5:23, kuti Kristu ndiye muponesi wemuviri kana kereke (Va-Korose 1:18; Mabasa 20:28). Zvinofanirwa kubuditswa kuti Ishe vanoiona se, “kuti azviisire pamberi pake kereke, inobwinya, isinegwapa, kana kuwonyana, kana chinhu chakadai; asi ive tsvene, isinemhosva” (VaEfeso 5:27). Tinoverenga kuna Mateo 13:41 kuti Ishe achatuma vatumwa kuzounganidza kubva mukereke zvose zvinokanganisa uye zvichakandirwa mumoto kuti zviparadzwe. Asi kana kereke ichizoendeswa kuden-ga zvoveva kuti tinofanira kuva tirimukereke kuti tizoponeswa nekusingaperi. Magwaro anoti avo vakatendeka kana avo vanoita mirairo yaMwari vachaenda kudenga. Kristu anoti, “Uve wakatendeka kusvikira parufu, ndigokupa korona yovupenyu” (Zvakazarur-wa 2:10). Jakobho akati, “Wakaropafadzwa munhu uyo unotsungirira pakuidzwa; no-kuti kana atendwa, uchapiwa korona yovupenyu yakapikirwa avo vanomuda” (Jakob-ho 1:12). Johane akanyora, “Vakaropafadzwa vanoita mirairo yake, kuti vave nesimba rokuvuya kumuti wovupenyu, vapinde napamasuvo eguta” (Zvakazarurwa 22:14).

Pane nguva imwechete zvinofanira kubuda kuti vamwe havaendi kudenga. Ava vanosanganisira Satani nengirozi dzake (Mateo 25:41) nevakaipa (1 Vakorinde 6:9,10; VaGaratia 5:19-21). Kuna Zvakazarurwa 21:8 tinoverenga, “Asi kana vari vanotya, navasingatendi navanyangadzi, navavurayi, nemhombwe, navaroyi, navanonamata zv-ifananidzo, navose vanoreva nhema, vachava nemugove wavo mudziva rinopfuta no-moto nesurferi; ndirwo rufu rwechipiri.” Rangarira zvekare kuti vanyengeri havaendi kudenga (Mateo 24:51). Pakupedzira navose vakanyengerwa nevarimuzvitendero zvi-sizvo vacharasika (2 Timotio 3:13; VaRoma 16:17,18).

Ndiani arikudenga? Mwari variko. Denga pachezvaro rinotsanangurwa richinzi inzvimbo yaMwari mupenyu (VaHebheru 12:22). Jesu Kristu ariko (Mabasa 2:32,33). Ngirozi dzaMwari dziriko (2 Tesaronika 1:7-9).

Asi denga ringambova rakaita sei? Johane akanyora izvi pamusoro pedenga, “Zvi-no ndakavona denga idzva nenyika itsva, nokuti denga rokutanga nenyika yokutanga zvakanga zvapfuvura; negungwa rakanga risisipo. Ini Johane ndikavona guta dzvene, Jerusarema idzva, richiburuka kudenga richibva kunaMwari, rakagadzirwa somwenga

wakashongedzerwa murume wake. Ndikanzwa inzwi richibva kudenga, richiti: Tarirai, tabernakeri yaMwari iri pakati pavanhu, iye uchagara navo ivo vachava vanhu vake; Mwari amene uchava navo, ave Mwari wavo. Uchapisika misodzi yose pameso avo; rufu haruchavipo, kana kuchema, kana kurira, kana kutambudzika hazvingavipo; nokuti zvokatanga zvapfuvura. Wakanga agere pachigaro chovushe akati: Tarirai, ndinovandudza zvole akati kwandiri nyora: nokuti mashoko awa angatendwa, ndaazvokwadi. Akati kwandiri: Zvaitwa. Ndini Arfa neOmega, kutanga nokuguma. Ini ndichapa unenyota zvinobva patsime remvura yovupenyu asigatengi. Unokunda uchagara nhaka yezvinhu izvi: ndichava Mwari wake, iye uchava mwanakomana wangu” (Zvakazarurwa 21:1-7). Tichienderera mberi nekuverenga Johane akanyora, “Zvino wakandiratidza rwizi rwakachena rwemvura yovupenyu, yakapenya sekristaro, inobuda pachigaro chovushe chaMwari necheGwaiana, pakati penzira yaro. Kumativi maviri orwizi kwakanga kunomuti wovupenyu, unobereka zvizbereko zvamarudzi anegumi namaviri, uchiita zvizbereko zvawo mwedzi mumwe nomumwe; namashizha omuti aiva mushonga wokuporesa ndudzi. Hakuchavi nechingu chakatukwa; chigaro chovushe chaMwari necheGwaiana chichava mukati maro; varanda vake vachamushumira, vachavona chiso chake; vuye zita rake richava pahuma dzavo. Vusiku habwuchazovipo; havatsviki chiedza chomwenje kana chiedza chezuva; nokuti Ishe Mwari uchavavhenekera; vachabata vushe nokusingaperi-peri. Zvino akati kwandiri: Mashoko awa angatendwa, ndaazvokwadi; Ishe, Mwari wemweya yavaporofita, wakatuma mutumwa wake kuti aratidze varanda vake zvinhu zvoda kuitwa. Tarirai, ndokurumidza kuvuya; unochengeta mashoko okuporofita kwebhuku iyi wakaropafadzwa” (Zvakazarurwa 22:1-7).

Hongu, tikaverenga bhuku rese raZvakazarurwa, akafemerwa Johane anoti denga richava nenzira dzegoridhe, nheyo dzose dzerusvingo rweguta dzichava nematombo anokosha nezvimwewo. Johane anotanga bhuku raZvakazarurwa nemashoko aya: “Zvakazarurwa zvaJesu Kristu, zvaakapiwa naMwari, kuti aratidze varanda vake zvinhu izvo zvinofanira kukurumidza kuitwa; akazvituma nomutumwa wake, ndokuzivisa muranda wake Johane; wakapupurira shoko raMwari, nezvokupupura kwaJesu Kristu, achireva zvole zvaakavona. Wakaropafadzwa uyo unorava, navanonzwa mashoko okuporofita, uku vachichengeta zvakanorwa imomo, nokuti nguva yava pedo” (Zvakazarurwa 1:1-3). Naizvozvo, Johane semunhu akagona kuona zvinhu zvisati zvakanboonekwa nemunhu. Kunyora zvole denga nekukudza kwose akazviisa mumashoko kuti vanhu vanzwisise. Akatsanangura zvizhinji, vaakaona achishandisa manhamba achienzanisa nezvinhu zviripano pasi segoridhe nematombo anokosha. Zvakanga zvakanakisa nekuti zvaisatsanangurika. Mushure mekuverenga kuti denga rakaita muna Zvakazarurwa, kana munhu akafadzwa akanzwa kuda kuendako, rangarira kuti zvizhinji zvacho hazvina kutaurwa.

Mumwe akati denga inzvimbo yakagadzirirwa vakagadzirira. Inzvimbo Mwari navanhu cake yavachara nekusingaperi. Munhu haazofi kana akasiya hupenyu hwe-pano pasi. Anofa panyama asi Mweya wake unorarama nekusingaperi. Avo vakaterera Ishe uye vakanga vakatendeka kwaari, nerimwe zuva vachatorwa kuenda kudenga uko kwavasingazofi. Zvose izvi hazvikwanisi kunzwisika kana tichida kunyatsonzwisisa. Naizvozvo tinozvigamuchira nekutenda, tonhanhavira kusvika panguva iyo pazvichaitika pachokwadi. Tinokuvimba kwose kuti Mwari havatirasise, asi achatipa nekupfuurisa zvose zvataishuwira kana kurota.

Haudi here kuenda kudenga? Haudi here kugara naMwari nerimwe muzuva iri? Zvinotyisa zvakadii kana hupenyuhwa hwainge hawakadai pano pasi. Pane marwadzo nekutambudzika kwakawanda pano pasi. Asi tikatarisa kunze kwehupenyu huno kunyika irinani, nekudaro tinogona tinogona kusanogadzirira tiri muhupenyu hwuno.

Kana usiri muKristu wakarasika uye hauna tariro mushure meguva. Ndi-chinyengetera kuti uzvifunge kuti ugotora matanho ekuzvigadzirisa. Unoponeswa wova netariro yekuenda kudenga nerimwe zuva kana ukatenda kuna Jesu, kutendeuka kuzvivi zvako, kupupura kutenda kwako muna Kristu uye wobhabhatidzwa kuti uponeswe (Mako 16:16). Kana ukaita izvi, Ishe havangokuponese chete asi anokuwedzera mukereke yake (Mabasa 2:47). Tichanyengetera kuti ugoita saizvozvo uchiine nguva nemukana.

Chidzidzo 34

Sei Tichitenda Kuti Kune Gehena

Nokuti tinotenda kuti kune gehena, pamwe pachopomerwa mhosva yekuparidza moto vegehena nesarufa. Zvainzi tinofarira kuudza vanhu kuti vachakandwa mugomba remoto semutongo vezvivi zvavo. Ichokwadi tinotenda kuti kune gehena iro Bhaibheri rinotaura pamusoro paro, uye kuti vakaipa vachakandirwamo rimwe remazuva, asi hatidi kuti vanhu vaende kunzvimbo inotyisa zvakadaro. Zvakare hatina mufaro mukuona vanhu mukuzvikudza vachienda nzira dzavo vakananga kunoraswa mugomba iri.

Zvichida takafanira kutora nguva yedu tichidzidzisama mukubudisa pachena kuti chii chinombonzi gehena, tisati taenderera mberi nezvimwe zvidzidzo. Dzimwenguva unokwanisa kuva iwe usirikunyatsonzwisisa kuti tirikumbotaura nezvei. Munedzimwe nguva muZvinyorwa inzwi rekuti gehena rinoshandiswa richireva rufu. Semuenzaniso muna Mateo 16:18, apo Kritsu aitaura pamusoro pekufa kwake, asi kuti kunyangwe rufu rwake rwaisamukonesa kuvaka kereke yake, zvinyorwa zviripo zvinoti, “Kunyangwe masuvo eHedhesi haangaikundi,” kana kuti masuwo erufu haangaikundi. Gehena

rinotsanangurwa senzvimbo yekutambudzwa, rwizi rwemoto, nesarufa, mutongo hwepenyu husingaperi, uko vakaipe vachandogara nokusingaperi zvohupenyu hwese usingagume. Ichava imba ineugaro usingaperi kumweya yakarasika.

Asi sei munhu achizoenda kunzvimbo inotyisa zvakadai, kana kuti sei Mwari verudo achizotumira vamwe kugehena? Mubvunzo uyu unoreva kuti takafanirwa kutsanangura zvinoenda mberi kuti chii chinombonzi gehena. Gehena mukugadzirwa kwaro kubva mukutanga rakagadzirirwa satani nengirozi dzake. Achitaura pamusoro pevata-dzi, Kritsu akataura kuti, nezuva rekutongwa mutongi ahati kwaari, “Zvino uhati kuna vari kuruboswe, ibvai kwandiri imi makatukwa, muende kumoto usingaperi, wakagadzirirwa Diaborosi navatumwa vake. Nokuti ndakanga ndine nzara, mukasandipa chokudya, ndakanga ndine nyota mukasandipa chokumwa” (Mateo 25:41). Diaborosi anomirira chivi, nevasingadi Mwari, nekuita zvakaipa. Anova anopikisana nezvinhu zvakana zvozvokwadi. Anova mhandu yaMwari, uye ane ngirozi dzinomutsigira. Nokudaro gehena rakagadzirirwa ivo. Panguva imwechete zvinotaridza kuti gehena harina kugadzirirwa mweya yevanhu. Kunyangwe munhu ari mutadzi, Mwari akagadzirira nzira kumunhu kuti akwanise kunzvingeswa gehena. Izvi zvinoitika bedzi kana munhu achinge aramba Mwari, neruponeso rwaanopa kubudikidza neMwanakomana vake Jesu Kristu, munhu akadaro akarasika uye akatarirwa gehena. Asi kunyangwe zvakadaro, haisi nyaya yaMwari yekumutumira ikoko. Munhu anozvitumira pachezvake, nokudaro, haana munhu vaakafanirwa kupa mhosva, asi akazvipa pachezvake. Gehena rinotsanangurwa senzvimbo iri pasi apo denga rinotaurwa kuve kumusoro kudenga. Bhaibheri harina kunyatsobudisa paipo ipo panenzvimbo idzi, asi kuti inzvimbo dzakagadzirirwa avo vachatongwa.

Sezvagara zvatsanangurwa, gehena inzvimbo yekurangwa kusingaperi. Kritsu akapa chenjedzo kune avo vaishevedza mykoma vavo kuti Racca, kana kuti chinhu chisina maturo, kuti vari panjodzi yemoto (Mateo 5:22). Mukutaura kutumira ngirozi dzake kundounganidza zvinhu zvose zvinotsamwisa, Kritsu anoti kwavari, “Vachavakandira muvira romoto. Ipapo pachava nokuchema nokugeda-geda kwameno” (Mateo 13:42). Johane akanyora, “Ipapo rufu neHadhesi zvakakandirwa mudziva romoto. Ndirwo rufu rwechipiri, ndiro dziva romoto. Zvino kana munhu akawanikwa asina kunyorwa mubhuku yovupenyu, wakakandirwa mudziva romoto” (Zvakazarurwa 20:15,15). Anotaura zvakare kuti, “18 Rusvingo rwaro rwakanga rwakavakwa nejaspisi, vuye guta rakanga riri rendarama, yakaisonaka, yakavonekera kwazvo” (Zvakazarurwa 21:18). Zvinofanirwa zvakaradidzwa kuti kune kufa kwepanyama, uye kufa kwechipiri kwaari kutaura nezvako pandima yataverenga anoratidza kufa kwekupesananiswa naMwari. Kunova kukandirwa mugehena, nzvimbo yemutongo usingaperi, zvinoreva kuti munhu anenge abviswa kunaMwari, hakuchina tarisiro kune munhu uyu.

Apo Johane Mubhabhatidzi aitsanangura Kritisu nebase rake, akati, “Ini ndi-nokubhabhatidzai nemvura mutendevuke, asi unovuya shure kwangu unesimba kup-fuvureni, uyo wandisakafanira kutakura shangu dzake, Iye uchakubhabhatidzai noM-weya Mutsvene nomoto. Rusero rwake ruri muruvoko rwake, uchanatsa buriro rake kwazvo. Uchavunganidzira zviyo mudura. Asi hundi uchaipisa mumoto usingadzimwi. (Mateo 3:11,12). Apa panotaridzwa kuti Kritisu aive nesimba rekubhabhatidza neM-weya Mutsvene, uye izvi zvinova nehukama nechivimbiso chake kune vaApostora, kuti achazotumira Munyaradzi, kana Mweya Mutsvene, zvakare tinonzwa nezvekub-habhatidzwa kwavo, neMweya Mutsvene (Johane 16:13; Mabasa 2). Asi Kritisu zvakare ainge ane simba rekubhabhatidza nemoto. Izvi zvinoratidza kukandwa kuchaita vakai-pa murwizi rwemoto. Zvakare anozvitsanangura mukutaura kuti vanochenesa uriri vake nekuunganidza gorosi, kana kuti vakarurama vanounganidzwa mudura, asi hundi kana kuti vasakarurama, vanopiswa nomoto usingadzime.

Mukutaura pamusoro pevakaipa, tinoverenga, “naiye uchanwa vo waini yokutsam-wa kwaMwari, yakadirwa isina kuvhenganiswa mumukombe wehasha dzake; uchat-ambudzwa mumoto nesurferi pamberi pavatumwa vatsvene, napamberi peGwaiana. Vutsi bwokutambudzika kwavo bwunokwira nokusingaperi-peri; havanezororo masika-ti novusiku, ivo vanonamata chikara nomufananidzo wacho nounogamuchira chiratid-zo chezita racho” (Zvakazarurwa 14:10-11). Jesu akati, “Musatya vanovuraya muviri asi vasingagoni kuvuraya mweya, zvikuru mutye uyo unogona kuvuraya zvose mweya nomuviri muGehena (Mateo 10:28). Zvakare, akati, “Imi nyoka; imi vana venyoka! Muchatiza seiko kutonga kweGehena?” (Mateo 23:33). Jesu anemuenzaniso vaanopa pamusoro pechitendero chemaFarisi nevanyengeri munguva iyo akararama panyika.

Munyorori vechiHeberu anoti, “Munhu, wakaramba murairo waMosesi, unofa as-inganzwirwi tsitsi, kana panezvapupu zviviri kana zvitatu; hamufungi here kuti mun-hu, wakatsika Mwanakomana waMwari pasi petsoka dzake, uye akati ropa resungano raakaitwa mutsvene naro harinamaturu zvaro, uye akazvidza Mweya wenyasha, kuti iye haanganzi wakafanirwa nokurobwa kunopfuvura uku kwazvo here?” (VaHeberu 10:28,29). Pauro akati, “Naizvozvo makatungamirira vose vanotenda muMakedhonia neAkaya. Nokuti shoko raShe, rakabva kwamuri, rakanzwika, kusati kuri kuMaked-honia neAkaya bedzi, asi kutenda kwenyu kunaMwari kwakasvika kwose; naizvozvo hatifaniri kutaura chinhu. Nokuti ivo vamene vanoparidza kupinda kwedu kwamuri, kuti kwakanga kwakadini; vuye, kuti makatendevukira kunaMwari, muchibva pazvifa-nanidzo, kuti mubaire Mwari mupenyu wazvokwadi” (2 VaTesaronika 1:7-9). Muku-taura nevatadzi nevakarurama, Kritisu akati, “Ava vachaenda kukurobwa; asi vakarura-ma kuvupenyu bwusingaperi” (Mateo 25:46). Zvakare akati, “Asi vanakomana vovushe vachabudiswa kurima rokunze, apo pachava nokuchema nokugeda-geda kwameno”

(Mateo 8:12). Pauro akanyora, “Nokuti mubairo wezvivi ndirwo rufu; asi chipo chokun-gopiwa chaMwari ndibwo vupenyu bwusingaperi munaKristu Jesu, Ishe wedu” (VaRo-ma 6:23). Johane akataura, “Zvino Dhiabhorosi, wakavanyengera, akakandwa mudzi-va romoto nesurferi, panechikara nomuporofita wenhema, kuti varwadzwe masikati novusiku no kusingaperi-peri” (Zvakazarurwa 20:10).

Kritsu anotaura nyaya yemupfumi nemurombo, chinova chiitiko chinotitaridza kuti tikwanise kunzwisisa musiyano pakati pedenga negehena. Tinoverenga, “Mum-we mufumi wakanga aripo, waipfeka nguvo tsvuku nemicheka yakanaka, nokufarira zvakaisvonaka misi yose. Zvino mumwe murombo, wainzi Razaro, wakanga anama-ronda mazhinji, akaiswa pasuvo rake, achida kuzvigutisa nezvaiwa patafura romufumi; kunyange nembwa dzaivuya dzichinanzwa maronda ake. Zvino murombo wakati afa, vatumwa vakamuisa pachifuva chaAbhurahamu. Mufumi akafa vo, akavigwa. Zvino ari muHadhesi, ari pakurwadziwa, akatarira kumusoro, akavona Abhurahamu ari kure, naRazaro, ari pachifuva chake. Akadanidzira, akati: Baba Abhurahamu, ndinzwirei ngoni; tumai Razaro, kuti anyike muromo womunwe wake mumvura, atonhodze ru-rimi rwangu, nokuti ndinorwadziwa nomurazvo uyu womoto. Abhurahamu akati: Mwana, funga kuti wakapiwa zvakanaka zvako pavupenyu bwako; naRazaro, saizvoz-vo wakapiwa zvakaipa; asi zvino iye unonyaradzwa pano, iwe unorwadziwa. Vuye paz-vinhu izvi zvose, mukaha mukuru wakaiswa pakati pedu nemi, kuti vovuno vanoda kuenda mhiri kwamuri, vakoniwe, novo’ko varege kuyambukira kwatiri. Ipapo akati: Ndinokumbira kwamuri Baba, kuti mumutumire kumba kwababa vangu; nokuti ndina vanun’una vashanu; kuti andonatso-vapupurira, kuti varege kuvuya vo panzvimbo ino yokurwadziwa. Abhurahamu akati: Mosesi navaporofita vanavo, ngavavanzwe ivo. Iye akati: Kwete, Baba Abhurahamu, asi kana mumwe akabva kuvakafa, akaenda kwa-vari, vangatendevuka. Akati kwaari: Kana vasinganzwi Mosesi navaporofita, havanga-tendiswi, kunyange mumwe akamuka kuvakafa” (Ruka 16:19-31). Gehena zvirokwazvo ririko, uye takafanirwa kuchenjerera nokuchenjerera kwose kuti tisaende ikoko.

Kune vamwe vanozama kutaura kuti apo mweya unokandirwa mugehena, un-osvika mukuparadzwa ipapo ipapo, uye ndiko kunenge kuri kugoma kwavo. Sekuona kwataita, nokudaro, kana munhu akaenda kugehena anenge arimukutongwa muku-rangwa kusingaperei-peri. Nokumwe kutaura, gehena rinogara sekugara kuchangoita denga.Zvose zvinorarama nokusingaperi.

Zvino ngatichipudise mhedziso kubva muzvinyorwa zvataverenga. Diaboro-si nengirozi dzake vachange vari kugehena. Vakaipa, vasingade Mwari, Vanyengeri, neavo vakanyengerwa kubva muzvitendero, neavo vakasvika mukuzvipinza mumaba-sa enyama, vasina kutendeka, nevamwe vanoita zvakasarurama vane chikamu chavo kugehena.

Shamwari yangu, vakanyeverwa, vakaudzwa nezveruponeso urwo runounzwa naKritsu, nekuitwa kwose kwebasa rekuita kuti tisaenda kugehena nekutigadzirira kuenda kudenga. Asi Ishe haakumanikidze kumuteerera. Sarudzo ndeyako. Munamoto vedu ndevekusi ukwanise kugashira ruponeso urwo Kritsu anopa, Pauro akati, “Tarirai, zvino inguva yakafanira; tarirai, zvino ndiro zuva rokuponeswa” (2 Vakorinte 6:2). Kritsu anotikoka kuuya kwaari kuti tikwanise kuvana ruponeso (Mateo 11:28-30). Munyori vechiHeberu, anotikurudzira kuti tisarasa kuponeswa kwedu (VaHeberu 2:3).

Vakaponeswa here? Vakagadzirira here kuenda kudenga? Kana usina, vakarasika uye gehena rakakumirira, shamwari yangu, teerera Ishe nguva ichipo. Tenda maari, tendeuka kubva kuzvivi zvako, pupura Kritsu kuva Mwanakomana vaMwari, uye uve vakabhabhatidzwa mukusukwa zvivi zvako. Kana uchida Kritsu anokuponesa nekukuvadzera kukereke yake (Marko 16:16; Mabasa 2:38,47). Unenge vave kukwanisa kuraramira Ishe, nekugara vakatendeka kwaari, uye denga rigove musha vako nerimwe remazuva. Mune chose chaunoita, ndapota ngachivi chisingakuendese kugehena.

Chidzidzo 35

Sei Tichitenda Muzuva Rekutongwa

Bhaibheri rinodzidzisa pachena kuti kune zuva rekutongwa. Kureva kuti tichasvika mukunotongwa mune zvose zvatinotaura nokuita muhupenyu. Vanhu vazhinji havade kunzwa kuti vachange vachizozvimirira kune mumwe nokuda kwekuita kwavo. Havade kundozvimirira vachizvipindurira kumapurisa kana vachinge vaita zvakaipa. Kana kuve vanozvimirira kuhurumende nokuda kwemitero yavo. Asi ndivo mararamiro ehupenyu, hazvirambike. Avo vanoshanda vanofanirwa kupa mhinduro kune akavapinza basa; kune avo vanoenda kuchikuro vanofanirwa kundosangana nezuva rekundonyora mazama; kune avo vari mumauto vanondomhangara kune mukuru vavo, zvichienderera mberi, tose mumabasa edu nemumararamire edu. Hakuna imwe nzira yatingakwanise kubuda muzvinhu izvi; kunze kwekunge tirisu vakuru, tinehupfumi, kana kuti tisisarame tafa. Asi kunyangwe vakuru venyika, vapfumi, varombo, vapenyu nevakafa nerimwe remazuva vachaenda pachigaro chaMwari chekutongwa maringe nezvavakabata.

Munyori vechiHeberu anoti, “Vuye vanhu zvavakatemerwa kuti vafe kamwe chete, kutongeswa kugotevera” (VaHeberu 9:27). Asi ndiani anenge ariko? Pauro anotiudza. Inzwa manzwi aya: “Nokuti isu tose tinofanira kuratidzwa pamberi pechigaro chokutonga chaKristu; kuti mumwe nomumwe apiwe zvaakaita nomuviri, sezvaakaita, kana zvakanaka kana zvakaipa” (2 Vakorinte 5:10). Hakusi kungonotongwa bedzi kuriko, asi kuti tose tichange tiriko, uye vose vakafanirwa kundomira pamberi pemuton-

gi vakarurama, Jesu Kritsu, uye vose vachandotongwa maringe nekuita kwavo, kungave kwakanaka kana kwakaipa.

Pauro anonyorera kuMakritsu epaRoma, “Nokuti hakunomumwe wedu unozviraramira iye oga, hakuna unozvifira iye oga. Nokuti kana tichirarama tinoraramira Ishe; kana tichifa, tinofira Ishe; zvino kana tichirarama, kana tichifa tiri vaShe. Nokuti Kristu wakafira izvezvi, akamukira vo izvezvi akararama kuti ave Ishe wavapenyu navakafa. Zvino iwe, unopireiko hama yako mhosva? Kana newe vo, unozvidzireiko hama yako? Nokuti isu tose tichamira pachigaro chokutonga chaKristu. Nokuti kwakanyorwa, kuchinzi: Novupenyu bwangu ndizvo zvinoreva Ishe ibvi rimwe nerimwe richandifugamira, Rurimi rumwe norumwe ruchakudza Mwari. Naizvozvo mumwe nomumwe we du uchazvidavirira kunaMwari” (VaRoma 14:7-15).

Mukutaura nevanhu vekuAthensi, Pauro anoti, “Naizvozvo Mwari wakarega hake kurangarira nguva dzokusaziva; asi zvino unoraira vanhu vose kwose-kwose kuti vaten-devuke. Nokuti wakatarira zuva, raachatonga nyika naro nokururama, nomurume waakagadza; akasimbisa shoko iro kunavose, pakumumutsa kuvakafa” (Mabasa 17:30,31).

Urikufanirwa kuziva kuti Mwari akatarira zuva, iro uchatonga naro nyika mukururama. Kureva kuti Mwari achatonga vose, uye kuti kutongwa uku kunenge kuri pachokwadi. haisi kuzoitwa mukuita kwehuori, panenge pasina kusarura, kana kuratidza kuita chizivano chepahukama. Hatizivi nguva kana zuva iri, asi Mwari anoziva. Zvimwechete nezuva richadzoka Ishe. Kritsu akatiudza pamusoro pezuva iri kuti kunyangwe nengirozi chaidzo hadzitorizivevo, kunze kwaBaba voga vari Kudenga, zvino munhu angazozivawo sei? Zvirokwazvo munhu haazivi kuti Kritsu achadzokazve zvarini uye kana kuziva zuva rekutongwa. Zvakare takaudzwa kuti Mwari achatonga nyika kubudikidza nemurume vaakazodza, uye akaraira izvi kuti zvichaitika kuvanhu vose mukumumutsa kwaakaita kubva mukufa, uye zvirokwazvo anova Mwanakomana vake Jesu Kritsu. Takaudzwa kuti apo Pauro ainge akamira pamberi paFereksi, akamuparidzira. Fereksi naDrucilla vairarama muhupombwe, uye zvinyorwa zvinoti, “Zvino wakati achitaura zvokururama, nokuzvidzora, nokutonga kunovuya, Feriksi akatya zvikuru, akapindura, akati: Enda hako zvino; kana ndikazova nenguva yakanaka, ndichakudana” (Mabasa 24:25). Mukuziva mararamiro aiiitwa naFereksi, Pauro akave nehushingi vekumurangaridza mutongo vaaizosangana navo, apo zuva rekutongwa raizvosvika raaizofanirwa kuzozvipindurira kunaMawari nokuda kwekuita kwake. Ndosaka Feriksi akadedera. Zvakamutyisa. Zvinotaurwa kuti, haana kuda kungwarira, akaraira Pauro kuti aende hake nekumuvimbisa kuti aizomudana, kana achinge azovana mukana. Asi sekuziviswa kwatakazoita, haana kuzombobvira amudana nokudaro akasvika mukufa ari muchimiro ichi. Zvinova zvinonzwisa tsitsi!

Mukutaura nevanhu vezvitendero munguva yaakauya panyika Jesu akati, “Imi

zvibereko zvenyoka mungagona seiko kutaura zvinhu zvakanaka, zvamuri vakaipa? Nokuti muromo unotaura zvizere pamoyo. Munhu wakanaka unobudisa zvinhu zvakanaka pafuma yake yomoyo. Nomunhu wakaipa unobudisa zvinhu zvakaipa pafuma yake yakaipa. Ndinoti kwamuri, shoko rimwe nerimwe risina maturo, rakarebwa navanhu, vachazvidavirira pamusoro paro nezuva rokutonga. Nokuti namashoko ako ucharuramiswa, vuye namashoko ako ucharashiwa” (Mateo 12:34-37). Zvoveva kuti munhu haafanirwe kungova akachengera bedzi mune zvaanoita, asi kunge aine mufungo vakanaka mune zvaanofunga nekutaura. Zvose izvi zvikaiswa pamwechete zvinoratidza chimiro chemunhu. Asi pamusoro peizvo munhu unoita kana kutaura anofanirwa kuziva kuti achazondo zvimirira rimwe ramazuva. Mukuziva kuti ndozvazviri zvinofanirwa kuita kuti munhu ave pachokwadi, nekumuita kuti afunge kaviri asati ataura kana kuita.

Mupostora Pauro akataura kuti zuva richasvika iro Mwari achatonga kunyanzwe zvakananzika zvemunhu kubudikidza na Jesu Kritsu (VaRoma 2:16). Munyori veHeberu anotirangaridza kuti, “Nokuti shoko raMwari ibenyu, rinesimba, rinopinza kukunda munondo unocheka kumativi maviri, rinobaya kusvikira panoparadzana moyo nomweya, namafundo nomongo; rinotonga mifungo nendangariro dzomoyo. Hakune chisikwa chisingavonekwi naye, asi zvinhu zvose zvakafukurwa nokuzarurwa pameso aiye watinofanira kuzvidavirira kwaari” (VaHeberu 4:12,13). Pauro akati, “Zvino chinhu chiduku-duku kwandiri, kuti nditongwe nemi, kana nokutonga kwomunhu; handizvitongi ini ndimene. Nokuti handizivi mhosva yandinayo; asi handiruramiswi naizvozvo; asi unonditonga ndiye’She. Saka regai kutonga chinhu nguva isati yasvika, kusvikira Ishe avuya, iye uchabudisa pachena zvinhu zvakananzika zverima, nokuratidza mifungo yomoyo; apo munhu mumwe nomumwe ucharumbidzwa naMwari” (1 Vakorinte 4:3-5). Zvakare Pauro anoti, “Ndinokupupurira kwazvo naizvozvo pamberi paMwari, naShe Jesu Kristu, iye uchatonga vapenyu navakafa pakuvonekwa kwake novushe bwake” (2 Timoti 4:1). Pauro anoenderera mberi kutaura pamusoro pake, “kubva zvino ndakachengeterwa, korona yokururama, yandichapiwa naShe, Mutongi wakarurama, nezuva irero; ndisini ndoga, asi navose vanoda kuvonekwa kwake” (2 Timoti 4:8). Cherechedza kuti, Pauro unotaura kuti Ishe ndiye mutongi akarurama, uye mumwe chete anova mupi vekorona yekururama muzuva irero, kureva zuva rekutongwa. Uye anotaura kuti, haasi ega aizosvika mukupihwa mubairo uyu, asi nevamwe vose vanomuda vanoita kuda kwake kana kunge akagadzirira kuuya kwake.

Munyori veHeberu unotaura Mwari kuva mutongi vevose (VaHeberu 12:23), uye zvakare muna VaHeberu 13:4, anotaura kuti, “Wanano ngaikudzwe navose, nenhovo ngairege kuva nemhosva; nokuti Mwari uchatongesa mhombwe navanofeva.” Muna Mateo 25 tinomzwa Kritsu achiti, “Uchaisa makwai kurudyi rwake, mbudzi kuruboshwe. Zvino Ishe uchati kuna vari kurudyi vuyai imi makaropfadzwa naBaba, mugare nhaka

yovushe hwakagadzirirwemwi kubva pakuvamba kwenyika. Nokuti ndakanga ndinenzara mukandipa chokudya, ndakanga ndine nyota mukandipa chokumwa, ndakanga ndiri mweni mukandigamuchira” (Mateo 25:33-35). Pano Ishe vanoratidza kutongwa kuchizoitika rimwe remazuva. Zvichange zvakamira sekudai mukuuya kwake, nyika dzose nevanhu vose vachaunganidzwa pamberi pake. Munguva iyoyo achapatsanura vakanaka kuvabvisa munevakaipa, sezvinoitwa nemufudzi achibvisa makwai anenge ari kurudyi rwake anomirira Makritsu akarurama, inova kereke. Makwayi anenge ari kuruposhwe rwake anomirira, vaiti vezvakaipa, vanyengeri nevakanyengerwa, Makritsu asina kutendeka. Mushure mekunge kutongwa kwadarika zvinyorwa zvinoti vakaipa, “Ava vachaenda kukurobwa; asi vakarurama kuvupenyu bwusingaperi” (Mateo 25:46).

Zvino mukupedzesa zvose izvo, chiziva izvo taona:

1. Kutonga kwaMwari kuchauya nerimwe ramazuva, asi kuchaitika mushure mekufa, kana kuti mukudzoka kwaIshe.
2. Tose tichange tiripo nezuva rikuru iri. Rangarira vanhu vose vakarurama panopanika nevole varikururama vachange varipo muzuva iri. Hakuna munhu angakwanisa kuritiza kana kuzvivanza zuva iri. Hakuna achasvika pakusatongwa. Izvi zvichasanganisira vakuru navaduku, vakanaka nevakaipa, varombo nevapfumi, mambo nevaranda.
3. Mwari achatonga kubudikidza neMwanakomana vake Jesu Kritsu.
4. Kuchange kuri kutonga kusina kurerekerera kune rimwe rutivi, nokuti munhu vose achatongwa nemabasa nokuda kwemabasa ake, angave akanaka kana kuipa.
5. Kutaura kwose, nemashoko edu ose, kubata kwedu kwose, nezvakavanzika zvose zvachaitwa kana kurongwa zvichasvika mukutongwa zuva huru iri.
6. Kutonga uku kuchange kuri kwemagumo. Hakuna mukana vechipiri uchapihwa. Kutonga uku kutonga kwakarurama.
7. Muziva iri vakarurama vachapihwa hupenyu uneraramo isingaperi, uye vakaipa vachatongwa kumutongo udina mgumo muGehena raDhiabhurosi.

Vakagadzirira here kusangana naMwari muzuva rekutongwa? Rangarira kuti Kritsu akati, “Unondiramba, asingagamuchiri mashoko angu, unomumwe, unomutonga; shoko randakareva ndiro richamutonga nezuva rokupedzisira” (Johane 12:48). Kritsu zvakare akati, “Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri: Nguva inovuya, nazvino yatovapo, nayo vakafa vachanzwa inzwi roMwanakomana waMwari; vanonzwa vacharurama. Nokuti baba sezvavanovupenyu mavari, saizvozvo vo vakapa Mwanakomana, kuti ave novupenyu maari. Vakamupa simba rokutonga, zvaari Mwanakomana womunhu. Musashamiswa naizvozvo; nokuti nguva inovuya, nayo vose vari mumabwiro vachanzwa inzwi rake, vachabuda; avo vakaita zvakanaka, kukumuka kwovupenyu avo vakaita zvakaipa, kukumuka kwokurashiwa. Handigoni kuita chinhu ndoga; ndinotonga sezvandinonzwa; kutonga kwangu kwakarurama, nokuti handitsva-

ki kuda kwangu, asi kuda kwaBaba vakandituma” (Johane 5:25-30).

Shamwari yangu, unokwanisa kugadzirira zuva guru iri rekutongwa kubudikidza nokutenda muna Kritsh Jesu, nekutendeuka kubva muzvivi zvako, nekupupura kutenda kwako kuna Kritsu, nekubhabhatidzwa mumvura mukukanganirwa zvivi zvako. Mukuita kudaro, Ishe vanokuponesa nekukuvedzera mukereke yavo. Zvino seMukritsu, kana ukashandira Ishe nekuve vakatendeka kwaari mukusvika mukufa, apo uchamira pamberi pechigaro chake rimwe ramazuva, unokwanisa kumunzwa Iye achikuti, “Makorokoto, muranda vangu vakarurama nokutendeka. Pinda mumufaro vaIshe vako.” Hazvina kunaka here izvi? Funga nezvazvo, usvike mukugadzirira apo uchine nguva memukana. Tinonamata kuti uite sokudaro.

Chidzidzo 36

Sei Chikritsu Chakasiyana

Chikritsu chinovonekwa munyika dzose dzakapoteredza. Vatendi vanotenda munaKritsu vanosvika mamiriyoni nemamiriyoni. Apo vanotenda machiri pavanenge vachifamba neshoko kuvanhu huvandu hwacho hunoramba uchikura.

Chikritsu chinovimba nokutenda kuna Kritsu-kwete kune mumwe munhu, mumwe munhu anoitwa mutsvene, kana kune muporofita, asi kuMwanakomana vaMwari, uyo akafira zvivi zvenyika ino, uye umwechete akamuka kubva muguva kuzorarama nokusingaperi. Petro nevaApostora vaipupura Kritsu seMwanakomana vaMwari (Mateo 16:16-18). Kunyangwe Mwari ari Kudenga vakabvuma kuti Kritsu Mwanakomana Vake (Mateo 17:5).

Chikritsu ndicho bedzi chitendero chiri munyika nhasi uno chinemutungamiri mupenyu. Vatungamiri vezvimwe zvitendero vose vakapera kufa, havana kuzomukazve. Kritsu aitura kuti aizomuka mushure mekunge mekufa kwake, uye akamuka sokureva kwake (John 11:25; Mateo 28:1-6). Haana kuchengeta chivimbiso chake here, kana asina angave munyepi nemunyengeri. Haana kumuka here. Chikritsu hachigadzirwe asi chinorarama, uye kereke inorarama, uye tarisiro yerumutso inorarama, zvose zvinorarama nokuti Kritsu anorarama.

Chikritsu chitendero chinemukurumbira. Chakagadzira nyika kuti iwe nechimiro chakanaka kudarika zvimwe zvitendero, kana kumwe kutenda. Karenda yepasi rose yakatorera hurongwa hwekutaaurwa kwemazuva mukubva muhupenyu hwaKritsu. Mitemo yenyika inosimbiswa mukuteedzera mukudzidzisa kwaitwa naKritsu tsika nemagariro. Nyika zhinji dzinotorera Svondo kuva vhiki, kuita uku zvakare ndekweChikritsu, mupfungwa yekuti Kritsu akamuka kubva muguva nezuva rekutanga kwevhiki, uye kuti Ishe vakaraira vanhu vake kuti vaungane nomusi vekutanga kwevhiki

kuzomurangarira, nekunamata Mwari (Mateo 28:1-6; Mabasa 20:7).

Makritsu anoziiikanwa nokutsigira kuitwa kwehunhu vakanaka kuvanhu. Chinodzidzisa vanhu kuti vagare vakatendeka, vabhadhara zvikwereti, nekuremekedzana. Chinomirira hunhu vakachena, unokuridzira nekusimbisa kugadzirwa kwehukama mumhuri nekukudzana. Kuchengetedza vanano mukuva memukadzi mumwechete nemurume mumwechete, uye kuva nekutendeka pakati pevanona mukusvikira murufu. Chinoona Mwari semutungamiri vezvinhu zvose, murume ari mutungamiri vemukadzi vake, vaine mabasa ekuita, ekukudza vana vavo mukuita kune huMwari pamwechete.

Chikritsu chitendero, uye kuti chitendero zvinoreva basa rinoitirwa Mwari neku-nevamwe vanhu mukati mekurarama. Sekutaura kwaJakobho paanoti, “Kunamata, kwakarurama, kusine mhosva pamberi paMwari wedu naBaba, ndiko kufambira nherera nechirikadzi pakutambudzika kwavo, nokuzvichengeta, kuti arege kusvibiswa nen-yika” (Jakobho 1:27). Kushanyira nherera nechirikadzi zvirikutaurwa pano hazvingoreve kungovafambira bedzi. Asi zvinoreva kutarisira, kuvabatsira nekuvapa zvinhu zvavangade zvakaita sezvipfeko nezvekudya nepekugara. Zvoreva kuti Makritsu ane basa rekuita sezvo vachifanirwa kuona kuti vakakodzera kubatsirwa vabatsirwa here. Pauro anoti, “Takuriranai mitoro yenyu, mugozadzisa murairo waKristu saizvozvo” (VaGaratia 6:2).

Avo vanomirira Chikritsu vanotenda muna Mwari kuti ndiye Musiki vezvinhu zvose (Genesisi 1:1), nekutenda kuti Kritsu Mwanakomana vaMwari, akatumirwa pa-nyika ino kuti ararame pakati pevanhu nekuzofa rufu rwepamuchinjiko, kufira zvivi zvenyika ino. Kristu akati, “Naizvozvo ndakati kwamuri; Muchafira muzvivi zvenyu, nokuti kana musinganditendi, kuti ndini iye, muchafira muzvivi zvenyu” (Johane 8:24). Makritsu anekutenda kuti Mweya Mutsvene vakafuridzira vamwe vanhu kwemakore ane mazana nemazana akadarika kuti vanyore pasi inzwi raMwari, nokudaro Zvin-yorwa zvose zvakapihwa mukufuridzirwa naMwari, nokudaro ishoko raMwari (2 Petro 1:21; 2 Timoti 3:16,17; Mateo 24:35). Tinotenda kuti Kritsu akavaka kereke yake, uye imwechete, kuti vose vanenge vaponeswa vavedzerwe mairi (Mateo 16:18; VaEf-eso 4:4-6; Mabasa 2:47). Tinotenda mukufa, kuvigwa nekumuka kwaKristu uye kuti mashoko akanaka aya akafanirwa kuparidzwa pasi rose. Kritsu akati “Akati kwavari: Endai munyika yose muparidzire zvisikwa zvose Evhangeri. Unotenda, akabhabhatid-zwa, uchaponeswa; asi usingatendi uchatongwa” (Marko 16:15-16). Tinotenda kuti avo vakateera Mwari vakaponeswa, vakadana kuti Makritsu, vakanamata Mwari nomusi vekutanga vevhiki, mazuva ose vakarara muraramiri unofadza Kritsu (Mateo 7:21; 1 Petro 4:16; Johane 4:24; Mabasa 20:7; Ruka 9:23).

Chikritsu chinokurudzira kubatana kwevatendi vanotenda muna Kritsu (1 Va-korinte 1:10), uye vose vamwe munaKristu. Pauro akanyora, “Nokuti imi mose muri

vana vaMwari nokutenda munaKristu Jesu; nokuti vose pakati penyu, vakabhabhatidzwa munaKristu, makafuka Kristu. Hakuchina muJudha kana muGiriki, hakuchina wakasungwa kana wakasununguka, hakuchina munhurume kana munhukadzi; nokuti imi mose muri vamwe munaKristu Jesu. Zvino kana muri vaKristu, muri vana vaAbhuraamu, vadyi venhaka sezvamakapikirwa” (VaGaratia 3:26-28).

Munhu haakwanise kuzvarwa panyama mumhuri yaMwari. Chikritsu hachikuri nokuda kwekuzvarwa kwevanhu panyama asi nekuzvarwa kwepamweya (Johane 3:3-5). Nokumwe kutaura Mwari akatumira vateveri vake kuti vadzidzise vanhu pamusoro pake, kutaurirana navo, nekuvakurudzira kuti vanofanirwa kutenda muna Kritsu, kumuterera, kuitira kuti Kritsu akwanise kuvaponesa, nekuvaita vana vake. Pauro anotirangaridza kuti kutenda kunouya nokudzwa, shoko raMwari (VaRoma 10:17), uye munyori vechiHeberu anoti pasina kutenda hazvibviri kufadza Mwari (VaHeberu 11:6). Zvakare munyori vechiHeberu anoti pamusoro paKritsu, nevamwe avo vanova vanhu vake, “kunyange aiva Mwanakomana, wakadzidza kuterera nezvaakatambudzika; akati akwaniswa, akazova muvambi wokuponeswa kusingaperi kunavose vanomuterera” (VaHeberu 5:8,9). Zvoveva kuti kana vacheche havakwanise kuva Makritsu kana nekuva nengo dzekereke. Vanofanirwa kukura mukuziva chakanaka mukubva munechakaipa, kunzwa mudzidziso dzaKritsu, uye nekuzvisarudzira pachezvavo kuti vangateerera Kritsu here.

Chikritsu chinodzidzisa kuti vose vakafanirwa kumutsva, uye kuti kuchave nekutongwa kunavose, uye munhu vese achava nohupenyu husingapere kungave kugehena kana kudenga. Kritsu vakati, “Musashamiswa naizvozvo; nokuti nguva inovuya, nayo vose vari mumabwirowo vachanzwa inzwi rake, vachabuda; avo vakaita zvakanaka, kukumuka kwovupenyu avo vakaita zvakaipa, kukumuka kwokurashiwa” (Johane 5:28,29). Zvakare tinoverenga kuti, “Vuye vanhu zvavakatemerwa kuti vafe kamwe chete, kutongeswa kugotevera” (VaHeberu 9:27). Ndizvo Pauro anoti, “Nokuti isu tose tinofanira kuratidzwa pamberi pechigaro chokutonga chaKristu; kuti mumwe nomumwe apiwe zvaakaita nomuviri, sezvaakaita, kana zvakanaka kana zvakaipa” (2 Vakorinte 5:10). Mushure mekunge kutongwa kwaitika, vakaipa unosvika mukuiswa kumutongo usingaperi vakaomarara asi vakarurama vachapihwa hupenyu husingaperi usina matambudziko (Mateo 25:46).

Kune zvakare zvinhu izvo Chikritsu chinovika pakupikisa, chinopikisa Satan, nyika nemabasa enyama (1 Johane 2:15-17; vaGaratia 5:19:21). Chinomira zvakanyanya mukupikisa hondo, kana chioko muhomwe, kuputa, makasa, kushandiswa kwemishonga kuitwa zvinodhaka, kubviswa kwenhumbu, kuitwa kwechingochani, nezvimwe zvinhu zvakarerekera ikoko. Chinoramba kuitwa kwezvakaipa, zvakaaita sehupombwe, nekuitwa kwose kwezvitenzero zvenhema, uye vanhu vanosvikudza pakati pavo kuz-

viita vamwari pamberi pevanhu. Chikritsi, hachirambidze nhengo dzacho kusadya nyama, “vachidzivisa vanhu kuwanana, nokuraira kuti zvimwe zvokudya zviregwe, zvakasikwa naMwari, kuti zvigamuchirwe nokuvonga navanotenda, vanoziva zvokwadi. Nokuti zvose zvakasikwa naMwari zvakakanaka, hakunechinhu chingafanira kurashwa, kana chichigamuchirwa nokuvonga; nokuti chinoitwa chitsvene neshoko raMwari nokunyengerera” (1 Timoti 4:3-5).

Sevateveri, vanotevera Kritisu, tinopikisa kuitwa kwose kweChikritisu kusina kutaurwa mushoko raMwari. Nokumwe kutaura, zvizhinji izvo nyika inoona kunge Chikritisu hachisi Chikritisu, asi kuti ndechenhema. Nokuda kwekuita uku Chikritisu chinovika pakupihwa zita rakaipa. Tinonzwa pamusoro peMakritisu anorwisana, Makritisu aita sokudai, uye Mukritisu aita kudai, zvose izvi zvinenge zvakashata nekuipa. Zvakare izvi hazvimirire Chikritisu chechokwadi. Chikritisu chinotaurwa muBhaibheri, neavo vano-chiita, vanoziikanwa bedzi nezvakanaka izvo zvavanoita, izvo zvinoita kuti nyika iwe nyika yakanaka inoraramika murunyararo nekuva nehugaro vakanaka. Shoko raMwari, rinodzidzisa mukupikisa Chikritisu chekugadzirwa nevanhu nemasangano emasekete.

Hatitendi muzvitendero zvenyika, kana masekete evanhu vanozviti vanotevera Kritisu, asi tinotenda mune kusununguka kwezvitendero. Mwari pachezvake haana kutendera zvitendero zvenhema zvenyika, asi akasiira kune munhu vese vese kuzvisarudzira kuti anoda kumushumira here kana kumupikisa. Hakuna munhu anekodzero yekumanikidza kutenda kwake kune vamwe. Munhu haakwanise kuva akasununguka kusvikira ave nerusununguko rwekuita zvaanoda nemweya vake. Rusununguko rakakwana rinouya kubudikidza neshoko raMwari (Johane 8:32) sezvo richizivisa munhu kuna Mwari uye kuti anosvika pakusunungurwa sei pazvivi zvake.

Ndechipi Chitendero chaunotedzera? Sei uchichiteedzera? Vakazvarwa machiri panyama here? Kana kuti vakachigamuchira nokuda kwekudzidziswa, ukasvika pakutenda kuti chinomirira nzira yezvokwadhi here?

Chitendero chaunoteera chine chirevo here? Chinofambidzana nenyika sezvairi here kana kuti chinokudzoserera kumashure kuti urarame muraramiro vekare? Chinoda zvinhu zvinnechimiro here kana kuti chinokutungamira mukuita zvinhu zvisina musoro nekukuita kuti uratidzike kuva munhu akapata?

Chikritisu hachina chinhu chachinotywa, kana vanhu vachingori nemukana vekuverenga, kudzidza, nekuva vanozvisarudzira. Tinotenda kuti Chikritisu chinonzwisika uye chinemusoro. Ngatitarisei kune avo vanotenda muna Kritisu neavo vasingatendi, uone kuti chitendero chinoita sei kwavari. Zvirokwazvo unoona kuti Chikritisu, apo chinoitwa, chinovika pakushandura vanhu munezvakanaka, nekuvatungamira muhupenyu hwakanaka hwepanyama nepamweya. Vanhu zvakare vanofara nokuti vane

zvizhinji zvekuraramira, uye vane zvole zvakanaka zvekutarisira kwazviri.

Kana usiri mutendi unotenda munaKritsu, Zvino ndinokukurudzira kuti ufunge nezveChikritsu. Verenga nezvacho muchikamu cheTestamente Itsva MuBhaibheri. Ndinotenda kuti kana ukaverenga, unonzwa kuda kuva Mukritsu. Nokumwe kutaura unokwanisa kuva mumwe veMakritsu kana ukatenda munaMwari naKritsu seMwanakomana vaMwari, kubudikidza nokutendeuka zvivi zvako, nekupupura Kritsu nemur-omo vako kuti Mwanakomana vaMwari, uye nekusvika mukubhabhatidzwa mukukan-ganirwa zvivi zvako (VaHeberu 11:6; Johane 14:1-3; Mabasa 17:30; VaRoma 10:10; Mabasa 2:38). Apo unoita sokudaro, Ishe vanokuponesa nekukuvedzera mukereke yake, nokudaro unoitwa Mukritsu nenhengo Muchikritsu (Mabasa 2:47; 1 Petro 4:16). Hazvisi nyore here izvi? Zvirinyore hazvina kumbooma. Ndapota rega kutatarika noku-da kwechinhu ichi.